Padmasukaca

Sariné Basa Jawa

Cap-capan kapindho

P.N. Balai Pustaka

1967

--- 0 ---

Sarine Basa Djawa

Kanggo Siswa Sêkolah Guru lan Sêkolah Lanjutan liyane

Kadhapuk dening S. Padmosoekotjo

Cap-capan kapindho P.N. Balai Pustaka

--- 1 ---

Sarine Basa Jawa

Isi Bab Dasanama, Jenenge Godhong, Kembang, Woh, Anak Kewan, Sandhangan Wayang, Bebasan, Saloka, Sanepa, Pepindhan, Candra, Isbat, Pralambang, Parikan Lan Liya-Liyane

Kanggo Siswa Sekolah Guru lan Sekolah Lanjutan Liyane

Dening S. PADMOSOEKOTJO.

GEGARANING PANGRIPTA:

A. Bausastra Jawi yayasipun: 1. W.J.S. PURWADARMINTA, 2. T. ROORDA, 3. J.F.C. GERICKE, 4. P.A. JANSZ.

B. Buku Pathi-basa yasanipun: KI PADMASOESASTRA.

C. Kasusastran lan Kalawarti warni-warni.

Cap-capan kapindho.

Pènget.

1. Titi tinutup Srinata, tutug wêktu amèngêti, ing Sarine Basa Jawa, Jum'at Kliwon madya ratri, rolas Mulud Dal warsi "Rêsi Ngèsthi Slira Ratu", Oktober nuju tanggal, wolulikur yèn Masehi, Sinangkalan "Tata Gati Trus Manunggal".

2. Tan supe pangripta minta, pra nupiksa mugi-mugi, kasdu-sudi paring ceda, kritik ingkang mikantuki, tutur wigati yêkti, dumunung asung pitulung, sakèh kritik panyeda, dyan pêdhês yèn murakabi, mring pangripta tinampi lêga-lêgawa.

P.N. BALAI PUSTAKA 1967. DJAKARTA

--- 2 ---

...

--- 3 ---

Isinipun

BAB ... KACA

Purwaka ... 5 | Katranganing cêkakan ... 6 | I. Dewa ... 7 - 10 | II. Nyawa ... 10 - 11 | III. Pêndhita, cantrik ... 11 - 14 | IV. Ratu ... 14 - 16 | V. Narapraja ... 16 - 20 | VI. Prajurit ... 20 - 25 | VII. Danawa ... 25 - 27 | VIII. Wong ... 27 - 29 | IX. Bocah, lanang, wadon, jaka, rara lsp ... 29 - 32 | X. Aluraning sadulur ... 33 - 36 | XI. Kriya, pangupajiwa ... 36 - 40 | XII. Awak ... 40 - 42 | XIII. Endhas ... 42 - 44 | XIV. Rai, bathuk ... 44 - 46 | XV. Kuping ... 46 - 47 | XVI. Mata ... 47 - 52 | XVII. Irung ... 52 - 54 | XVIII. Cangkêm, lambe ... 54 - 56 | XIX. Untu, ilat ... 56 - 58 | XX. Gulu ... 58 - 59 | XXI. Gêmbung lan perangane ... 59 - 61 | XXII. Tangan ... 61 - 66 | XXIII. Sikil ... 66 - 73 / XXIV. Kulit, daging ... 73 - 74 | XXV. Rambut, wulu, lar ... 74 - 78 | XXVI. Balung, gêtih, sungsum ... 78 - 79 | XXVII. Utêk, ati ... 79 - 84 | XXVIII. Jêroan ... 84 - 85 | XXIX. Idu, luh, umbêl, kringêt, uyuh, tinja ... 85 - 86 | XXX. Swara, têmbung ... 86 - 91 | XXXI. Pangan, bumbu, pakarêman ... 91 - 95 | XXXII. Sandhangan ... 96 - 100

--- 4 ---

XXXIII. Omah, wadhah ... 100 - 104 | XXXIV. Praboting omah-omah ... 104 - 107 | XXXV. Piranti warna-warna ... 107 - 111 | XXXVI. Gêgaman, aji-aji ... 111 - 117 | XXXVII. Gamêlan, tontonan ... 117 - 120 | XXXVIII. Kewan ... 121 - 136 | XXXIX. Têtuwuhan ... 136 - 142 | XL. Wit lan perangane ... 142 - 148 | XLI. Bumi, pêlikan, gunung, alas ... 148 - 155 | XLII. Langit lan isine ... 155 - 158 | XLIII. Gêni ... 158 - 160 | XLIV. Warna ... 160 - 162 | XLV. Banyu ... 162 - 166 | XLVI. Angin, keblat, mata angin ... 166 - 167 | XLVII. Wêktu ... 168 - 173 | XLVIII. Wilangan ... 173 - 175 | XLIX. Lêlêmbut, lêlara, tamba ... 175 - 177 | L. Ilang, mati, bangke ... 177 - 180 | Dhaptar têmbung lan kacane ... 181 - 186

--- 5 ---

Purwaka

Para nupiksa ingkang minulya.

Anggèn kula ngripta "SARINE BASA JAWA" punika amargi ngèngêti sangêting kirangipun buku-buku gêgaran sinau basa Jawi ing jaman samangke, ngantos kêrêp kêpirêng angluhipun para mudha Jawi ingkang sami kapengin ngudi basanipun piyambak. Suwantên angluh bab

rêkaosipun pados gêgaraning marsudi basa Jawi punika kêpirêng wontên ing pundi-pundi, ugi wontên ing tanah Jawi-Têngah.

Dhêdhapukaning isinipun "SARINE BASA JAWA" punika kadamêl salaras kaliyan cak-cakanipun piwulang basa Jawi wontên ing pawiyatan, inggih punika katata kanthi gêgolongan. Golongan ingkang gêgayutan kaliyan têmbung dewa lan dasanamanipun, nyawa lan dasanamanipun, pêndhita lan dasanamanipun, makatên ing salajêngipun ngantos 50 golongan. Miturut pangalamanipun pangripta ing salêbêtipun sawindu mulang basa Jawi ing pawiyatan Guru, tatanan makatên punika sagêd nggampilakên sinaunipun para siswa.

Pangajêng-ajêngipun pangripta, mugi-mugi buku "SARINE BASA JAWA" punika sagêda tumut njalari tanginipun basa Jawi ingkang sampun sawatawis taun ngalami kamunduran, amargi sawêg kirang kopèn.

Sadaya panyaruwe lan panyeda (kritik), kakintuna (langsung) dhatêng pangripta.

Pangripta, S. Padmosoekotjo.

Purworêjo, Jemuwah Kliwon 12 Mulud, taun Dal 1887. Utawi 28 Oktober 1955.

--- 6 ---

Katranganing Cekakan

Bb = Babad (Sêjarah). / Pd = Padhalangan. / Bld = Blenderan. / Pl = Pralambang. / Br = Basa rinêngga. / Pp = Pêpindhan. / Bs = Bêbasan. / Pr = Parikan. / Et = Entar. / Pt = Pacalathon. / Ki = Krama-inggil. / Skl = Sangkalan. / Kr = Kerata. / Slk = Saloka. / Ks = Kasar. / Sn = Sanepa. / Kss = Kasusastran. / Cd = Candra. / Kw = Kawi. / Ck = Cangkriman. / Isp = lan sapunggalane. / Ws = Wangsalan. / Pb = Paribasan. / Wc = Wancahan. / Mr = Mriksanana.

--- 7 ---

I. DEWA

Dasanama: 1. Allah = Hyang Manon, H. Widi, H. Murbèng Jagad, H. Among Tuwuh, H. Suksma, H. Suksma Kawêkas, H. Maha Adil, H. M. Suci, H. M. Wikan, H. M. Agung, H. M. Kuwasa, H. M. Nasa. 2. Dewa = Apsara, Dewata, Jawata, Amara, Bathara, Hyang Sura, Widadara. 3. Dèwi = widadari, apsari, bathari, dewati, surawadu, surarêtna, waranggana. 4. Suralaya = (sura = dewa + laya = panggonan), kahyangan, kadewan, kadewatan.

Asmane dewa: Adam pêputra Sis, Sis pêputra Anwas lan Anwar. Anwas nurunake para nabi. Anwar pêputra Nurrasa. Nurrasa pêputra Wênang. Wênang pêputra Tunggal. Tunggal pêputra: 1. Wijamantri (Togog), 2. Ismaya (Sêmar), 3. Manikmaya (Bathara Guru), 4. Damastuti, 5. Dewanjali, 6. Lodra.

Ismaya (Semar, Badranaya) pêputra: Patuk, Têmboro, Surya, Kuwera, Magyêkti, Candra, Yamadipati, Kamajaya.

Manikmaya (Bathara Guru, Hyang Girinata, Trinetra, Caturbuja, Pramèsthi Guru, Tuguwisesa, Jagad Pratingkah, Jagadkarana, Siwahbuja, Kalawisesa, Kalawisaya, Nilakantha) peputra 10. Yaiku: miyos saka garwa Dèwi Uma (Umayi) nênêm: 1 Sambo, 2 Brama, 3 Indra, 4 Bayu, 5 Wisnu, 6 Kala. Miyos saka garwa Dèwi Umaranti têlu: Sakra, Mahadewa, Asmara. Miyos saka Dèwi Anjani siji: Anoman (Sênggana).

Widadari, kayata: Kawa garwane Adam. Nurrini-Anwar, Rawati-Nurrasa. Saoti-Wênang, Rêkathawati lan Drêmani-Tunggal, Uma (Umayi) lan Umaranti-Bathara Guru. Kanastri-Ismaya, Astuti-Sambo, Saci, Sarasyati lan Rarasati-Brama, Wiyati-Indra, Sumi-Bayu, Srisêkar, Pratiwi lan Pujayanti-Wisnu, Durga-Kala, Drêmi-Drêma, Ratih-Kamajaya, Mumpuni-Yamadipati, Widayat-Cakraningrat lsp.

Têtunggule widadari ana 7, yaiku: Supraba, Wilutama, Warsiki, Surendra, Gagarmayang, Irim-irim, Tunjungbiru. Widadari 7 iku kadadeyan saka cahya gumêbyar aran Mulat sing tiba ing Kaendran.

Kahyangan: 1 Jonggringslaka-Bathara Guru. 2 Ekacakra-Surya. 3 Argadumilah-Yamadipati. 4 Cakrakêmbang-Kamajaya. 5 Suwelagringging-Sambo. 6 Duksinagêni (Hargadahana)-Brama. 7 Tejamaya-Ismaya. 8 Panglawung-Bayu. 9 Utarasagara-Wisnu. 10 Setragandamayit-Gurga. 11 Têlênging samudra-Baruna. 12 Saptapratala-Antaboga. 13 Selamangumpêng- [Selama...]

--- 8 ---

[...ngumpêng-] Kala. 14 Imaimamaya - Darmajaka. 15 Ondarandirbawana - Wênang. 16 Sidiudaludal - Narada. 17 Alangalangkumitir - Tunggal. 18 Mayarêtna - Asmara. 19 Tinjomaya - Indra.

Kraton Suralaya: Ratune Bathara Guru, patihe Narada, senapati Brama, gandhèk sakêmbaran Patuk lan Têmboro.

Barang-barang Suralaya: 1 Bale Marcukundha, palênggahane Bathara Guru yèn miyos siniwaka. Marcu = gêni, puncak. Mrêcon = mrêcu + an = (bisane mblêdhos) mawa gêni. Kundha = wadhah, anglo padupan. 2 Selamatangkêp, lawang Suralaya, jinaga Cingkarabala lan Balaupata. 3 Dorandara, prajurit dewa. 4 Rêpat kêpanasan, ajang pêrang ing Suralaya. 5 Jamurdipa, gunung ing Suralaya, kawahe diarani

Candradimuka, lahare kawah diarani Endhut Blêgêdaba. 6 Paparjawarna mawa wit Kalpataru sakêmbaran yaiku Dewandaru lan Dijayandaru, pêpindane ing Marcapada kaya alun-alun mawa wit wringin-kurung sakêmbaran. Wit ing Paparjawarna iku tau disuwun ngampil Pandhawa, dianggo kêmbar-mayang nalika Janaka-Sumbadra binayangkare. Wringin-kurung ing Yogyakarta (alun-alun lor) uga diarani Dewandaru lan Wijayandaru. 7 Jaran sêmbrani Ocêsrawas, gajah Erawata. Lêmbu Nandini, gamêlan Lokananta.

Nitis (manjing). Dewa ana sing sok nitis (manjing) marang titah, kayata: 1 Bathara Wisnu nitis marang: Arjunasasrabau ing Maèspati, Ramawijaya ing Pancawati, Krêsna ing Dwarawati, Jayabaya ing Kêdhiri, Anglingdarma ing Malawapati, Panjiputra ing Jênggala lsp. 2 Bathara Cakraningrat, yèn nitis kasêbut Wahyu Cakraningrat, yaiku Wahyu kang njalari bisa jumênêng Ratu. 3 Dèwi Widayat, yèn nitis kasêbut Wahyu Widayat; putri sing kêtitisan Wahyu Widayat mêsthi dadi jatukramane priya sing kêtitisan Wahyu Cakraningrat lan banjur nurunake Ratu (kayata Dèwi Utari kagarwa Abumanyu nurunake Parikêsit Ratu Astina). 4 Bathara Drêma, ing lakon wayang:Samba dijêjuwing”. Bathara Drêma manjing marang Samba. Dewi Drêmi manjing marang Dewi Agnyanawati garwane Bomantara Ratu ing Trajutrisna; jalaran saka iku Samba nandhang gandrung marang Agnyanawati, wasana Samba seda dijêjuwing dening Prabu Bomantara.

Bathara. 1 Alingga bathara Pb = asalira dewa, dadi dewa. 2 Asoca bathara Pb = waskitha, sidik.3 Jagad dewa-bathara Pd = kalêbu têmbung sabawa, diucapake samangsa sumurup utawa krungu lêlakon (kadadeyan) anèh kang ora nyênêngake.

--- 9 ---

4 Nata binathara Pt = ratu kang kinurmatan kaya dewa. 5 Ngudang siyunge Bathara Kala Bs = nantang sudukan (nganggo kêris). Manut dêdongèngan, siyunge Bathara Kala dicabut dening Bathara Guru lan disabdakake dadi kêris Kalanadhah, têgêse: sing dianggo nadhah (mangsa, mangan) Bathara Kala; kêris Kalanadhah iku pamburine diparingake marang Janaka.

Dewa. 1 Baladewa Pd = Wasi Jaladara, Kakrasana, Ratu Mandura. 2 Baladewa ilang gapite Bs = ilang panguwasane, kasêktène lsp. 3 Basudewa Pd = Ratu Mandura kang pêputra Kakrasana, Nayarana, Sumbadra, Kangsa (Satêmêne Kangsa putrane Prabu Gorawangsa Ratu Guwabarong kang mimba warna Basudewa lan sapatêmon karo Dèwi Maherah, garwane Basudewa). 4 Dewabrata Pd = putrane Sêntanu kang miyos saka Dèwi Gangga. 5 Dewakasimpar Pd = lakon wayang nyritakake dhaupe Sêmar karo Dèwi Kanastrèn putrane Prabu Sasrasudarma Ratu Pulorajapêthi. 6 Puntadewa Pd = Yudhisthira, Ratu Amrêta. 7 Pandhudewanata Pd = Ratu Astina kang pêputra Pandhawa. 8 Nakula Sadewa Pd = sumênde lan warujune Pandhawa. 9 Isih kinêkêr

ing dewa Pb = isih sinimpên ing dewa, durung ana titah sing ngrêti. 10. Kêndhit mimang kadang dewa Bs = kalis ing bêbaya. 11 Raja-pati dewa-nata Pl = pralambange Majapait, sing jumênêng Ratu kuwasa bangêt, sasat dewa tumurun. Raja-pati = ratuning ratu. Pati = ratu.

Jawata. 1 Jawata ing Marcapada Ws = pêndhita. 2 Jawata pindha Arjuna Ws = Kamajaya. 3 Winongwong Jawata Pb = têgêse lugu: diêmong dewa, tinurutan dening dewa sasêdyane, maksude: klakon sabarang kang dikarêpake.

Hyang. 1 Sêmbahyang = sêmbah + hyang (dewa) = nyêmbah dewa (Gusti Allah). Danyang Durna Pd = Dhang + hyang = dhanyang, Sang Hyang) pêndhita ing Sukalima, nalika timur asma Kumbayana. 3 Sang Hyang Dewa Amral Pd = asmane Puntadewa nalika tiwikrama nuli munggah mênyang Suralaya nêdya têtulung kadange 4 kang siniksa dewa sarana dicêmplungake kawah Candradimuka. 4 Kadya hyanghyanging bawana = Pt kaya dewaning jagad, maksude: kang punjul dhewe ing sajagad, kang bagus dhewe lsp. 5 Priyangan = para + hyang + an = panggonane para hyang, papane para dewa. Manut dongèng, para hyang wis tau rêraton ana ing Jawa-Kulon, nagarane aran Mêndhangkamulan, kratone dumunung ing gunung Pangrango (Gêdhe), sing jumênêng Ratu Bathara Guru, patihe Narada, nayakane

--- 10 ---

uga para dewa, sinangkalan: Dadi dhêdhuwurane janma = tahun 104.

Sura. Empu Sura = putrane Empu Supa. 2 Sasi Sura = Muharam. 3 Suramrata jajamrata[1] = sêsumbare wong mênang pêrang. 4 Untung Surapati = putrane angkat kaptin Mur, dadi bupati Pasuruhan asma Wiranagara.

Wasu. Wasu wolu sing manjing guwagarbane dèwi Gangga garwane Prabu Sêntanu: 1 Dara, 2 Druwa, 3 Candrama (Soma), 4 Anila (Swasana), 5 Anala (Hutasana), 6 Aha, 7 Pratyasa, 8 Dyahu (Dewabrata).

II. NYAWA

Dasanama: 1 Nyawa = atma, atmaka, jiwa, badan-alus, yatma, yatmaka, yitma, yitmaka, suksma, satmaka. 2 Suwarga = sunyaruri, nirwana (lan kang atêgês kadewan, kayata: ariloka, aribawana, surabawana lsp.). 3 Naraka = jahanam.

Atma. 1 Atmaja Kw = atma (jiwa) + ja (lair) = jiwa sing lair (dadi anak). 2 Suryatmaja Pd = Surya + atmaja = putrane Surya, kapundhut putra-angkat Prabu Radeya ing Pêthapralaya, pamburine jumênêng Adipati ing Awangga. 3 Narpatmaja Kw = narpa (ratu) + atmaja = putraning ratu.

Jiwa. 1 Cacah-jiwa = kèhe wong sing padha manggon. 2 Pêlêm-jiwa = pêlêm gadhung, pêlêm gurih, pêlêm sing mêntahe ora kêcut, matênge lêgi agurih. 3 Pangupajiwa = pangupaboga, panguripan, carane golèk pangan. 4 Anglong jiwa Br = katon saya kuru apucêt, marga sêdhihkingkin. 5 Asrah jiwa Br = masrahake pati-uripe, nêdya dikapakake sumarah. 6 Karon-jiwa Br = karon-sih, karon-lulut, karon-asmara, pulang-rêsmi, pulang-lulut, pulang-sari, pulang-asmara, sarêsmi, salulut, sacumbana. 7 Nimas daktrêsnani Br = (têmbung pamiluta) kêkasihku, kang dak trêsnani bangêt, gantilaning nyawaku. 8 Nganyut jiwa Br = nglalu antaka, nganyut tuwuh, mugut tuwuh, nglalu pati, ngêndhat. 9 Talang jiwa Br = talang pati, ngêtohake pati dianggo bêbantên utawa tawur. 10. Padu Jiwa dikanthongi Pb = pintêr banget ngikal basa sing dianggo prakaran (padu), prasasat wis nganthongi carane padu si Jiwa. (Dèk jaman biyèn ana wong aran Jiwa sing baud bangêt ngikal basa, nganti manawa prakaran, sanadyan luput, toging êndon bisa mênang). 11 Manuk jiwa-jiwa = manuk dewata.

--- 11 ---

Nraka. 1 Nraka-jahanam = nraka sing ora kapenak dhewe. 2 Dadi intiping nraka Pt = ana ing dhasaring nraka. 3 Bomanarakasura Pd = Ratu ing Trajutrisna, pamburine diganti Suteja (putrane Krêsna kang miyos saka Dèwi Bomapati. 4 Wong wadon iku swarga nunut nraka katut Pb = bêgja-cilakane wong wadon iku mung gumantung marang sing lanang (bojone).

Nyawa. 1 Nyawa saringan Pt = wong (bocah) wis tau lara bangêt, wasana bisa waras; utawa: ana ing sajroning bêbaya pati (dikêpung mungsuh lsp) wasana bisa ngoncati. 2 Toh nyawa Pt = toh pati. 3 Nyawamu apa barangmu? = têmbunge wong nêdya njaluk kanthi pamêksa (begal), maksude: yèn barangmu ora olèh dakjaluk, kowe mêsthi dakpatèni. Pangeran Sambêrnyawa = R.M. Said (Mangkunagara I).

Suksma. 1 Prabu Suksmandhadhari Pd = Ratu ing Giripura malihane Sumbadra, patihe Kandhimurti lan Surèngraras (malihane Srikandhi lan Rarasati). 2 Dèwi Sumbadra panuksmane dèwi Sri Pd = Sumbadra titise Dèwi Sri. 3 Ngraga-suksma Pt = ngoncatake jiwa saka badan-wadag. 4 Sinuksmèng wardaya Br = digagas lan dilêbokake ing ati (nalika maca).

Suwarga. 1 Swarga ginawe ayu Br = têka bêcik têmên. 2 Wis nyuwarga Pt = wis mati. 3 Swargi Ranggawarsitan Ki = jênate. 4 Swargane wong duwe anak lanang Pt = bêjane utawa kapenake. 5 Swargabandhang Pd = arane nagara, sing jumênêng Ratu suksmane Dasamuka. Ing Lakon Swargabandhang, suksmane Indrajid nigas janggane Janaka.

III. PÊNDHITA, CANTRIK.

Dasanama: 1 Pêndhita = ajar, dwija, dwijawara, wiku, rêsi, muni, mahamuni, maharêsi, maharsi, yogi, yogiswara, yati, suyati, mahayati, mahayêkti, wipra. 2 Cantrik = manguyu, jêjanggan, cèkèl, puthut, uluguntung, Abêt-abêt (wadon). 3 Pratapan = asrama (pratapan ngiras pamulangan), padhepokan. 4 Pamêjangan = pawiyatan, pacrabakan, pamulangan. 5 Sanggarpamujan = (sanggar = langgar = panggonan), sanggar pamêlêngan, sanggar pamidikan, sanggar palanggatan. 6 Tapa = brata, tapa-brata, tarak-brata, mati-raga, mahas ing asêpi (têmbung "tarak" satêmêne têgês: sêsirik). Arane pratapan: 1 Pucangan Bb = pratapane Dewi Kilisuci (Dewi Sanggramawijaya) putrane Erlangga. 2 Wukir Danaraja Bb = Nimas Ratu Kalinyamat, putrane Sultan

--- 12 ---

Trênggana sing kagarwa Pangeran Hadiri Bupati ing Kalinyamat (Jêpara). 3 Wukir Rêtawu - Abiyasa. 4 Wukir Indrakila (ing guwa Witaraga) - Ciptaning (Janaka). 5 Argabêlah (Giripura) - Bagaspati. 6 Gandamadana - Kapi Jêmbawan. 7 Sunyapringga - Subali. 8 Argasunya - Wasi Jaladara. 9 Jasarata-Kanwa (eyange Irawan). 10 Grastina - Rêsi Gotama (ing wukir Sukendra). 11 Kêndhalisada-Anoman (Kapiwara, Mayangkara). 12 Glagahwangi-Sidawaspada (eyange Priyêmbada). 13 Andongsumawi-Sidikwacana (eyange Prêgiwa-Prêgiwati). 14 Guwawara-Partana (eyange Wijanarka). 15 Kêmbangsore-Drêwala (malihane Petruk). 16 Gohkarna-Wibisana (sawise sèlèh kaprabon marang ingkang putra Prabu Bisawarna). Watak Pêndhita: Sabar, maklum, momot, mêngku. Pêpindhaning panggalihe: jêmbar lir samodra. Momot-mêngku lir pratala.

Yèn muja-samadi: Sêdhakêp asuku tunggal, nutupi babahan bawa-sêsanga. Ana rupa ora dinulu, ana ganda ora ingambu, ana swara ora rinungu (kabèh pancadriyane ora makarti).

Ajar. 1 Ajar Subrata = pêndhita marasêpuhe Prabu Anom Jayaamijaya, utawa besane Jayabaya, pamburine disedani dening Jayabaya, sabab ngaturi sugata (nyugata) warna pitu isi pasêmon. 2 Ajar Dewantara = R. > Suwardi Suryaningrat.

Barata. 1 Baratayuda Pd = pêrange darah Barata, yaiku Pandhawa karo Kurawa. Kèhe wadya sing pêrang 18 aksohini (Pandhawa 7 aksohini, Korawa 11 aksohini), ajange pêrang ing Têgalkurusetra sapinggire tlaga-gêtih Samantakapancaka. 2 Asthabrata Pd = piwulange Ramawijaya marang Prabu Wibisana ing salêbare pêrang Alêngka, maksude: supaya Alêngka bisa tata-têntrêm, Prabu Wibisana carane ngasta paprentahan didhawuhi migunakake tindake dewa wolu, yaiku: Indra, Yamadipati, Surya, Candra, Bayu, Kuwera, Baruna lan Brama. 3 dèwi Bratajaya = dèwi Sumbadra. 4 Mahabarata Pd = arane buku kang nyritakake darah Barata (Pandhawa) nganti têkan muksane, isine 18 parwa (mulane uga diarani Asthadasaparwa; parwa = perangan, bab), yaiku: 1 Adiparwa, 2 Sabaparwa, 3 Aranyakaparwa, 4 Wirathaparwa, 5 Udyogaparwa, 6

Bismaparwa, 7 Dronaparwa, 8 Karnaparwa, 9 Salyaparwa, 10 Gadaparwa, 11 Sauptikaparwa, 12 Stripralayaparwa, 13 Santikaparwa, 14 Aswamedhaparwa, 15 Asramawasanaparwa, 16 Mosalaparwa, 17 Prastanikaparwa, 18 Swargarohanaparma.

--- 13 ---

Yati. Adijati Kalawisaya Pl = Pralambange jaman Dêmak, jamane para Wali, sing jumênêng Ratu Radèn Patah uga asipat Wali. Adiyati = pêndhita linuwih, ngibarate para Wali Kalawisaya = Bathara Guru, ngibarate Radèn Patah (Sultan Dêmak).

Yoga. Yoga-brata Kw = muja-sêmèdi, ngêningake cipta. 2 Kang ayoga Br = bapa. 3 Yoga angangga yogi Pb = darbe ambêk kaya Guru, yaiku tumuwa. 4 Kapasang yoga Br = kêbênêran.

Pêndhita. 1 Pêndhitaning antêlu Bs + pêndhitaning antiga, pêndhitaning êndhog (jaba butih[2] jêro kuning) = laire katon suci, batine ora suci. 2 Sabda pêndhita-ratu, Bs = ngêndika mung sapisan tanpa dibalèni lan ditêtêpi.

Puja. 1 Manungku puja samadi Br = mêlêngake puja-samadi, ngêningake cipta (Tungku Kw = pêlêng, èsthi, Manungku = mêlêng). 2 Anak pujan Br = anane (dadine) sarana dipuja, kayata bungkuse Wrêkudara dipuja dening Bagawan Sêmpani dadi Jayadrata. 3 Pêpujan Br = sêsêmbahan, kang diaji-aji bangêt (dewa); uga atêgês kang ditrêsnani bangêt (kêkasih). 4 Pujabrata Kw = pujakrama = pangaji-aji, panêmbah.

Saptarga. Têdhaking Saptarga Kw = (sapta = sêpta = sênêng + arga = gunung) turune wong sênêng dhêdhepok ing gunung, turune pêndhita.1) [3]

Tapa. 1 Nggêntur tapa = mêmpêng olèhe nglakoni tapa. 2 Tapa mbanyuwara = tapa nyirik banyu. 3 Pati gêni = nyirik gêni, sarana ana ing sênthong bae tanpa mangan tanpa ngombe. 4 Ngrowod = mung mangan krowodan (ora mangan sêga). 5 Mutih = mung mangan sêga thok. 6 Tapa ngalong = tapa gumandhul ing wit, kaya ta tapane Subali ana ing wukir Sunyapringga. 7 Tapa ngidang = tapa dêdunung ing alas mung mangan gêgodhongan, kayata tapane Sugriwa ana ing alas Sunyapringga. 8.Tapa nyanthuka = tapa kaya canthuka utawa kodhok, kayata tapane dèwi Anjani ndhêpèpès ing dhampènge tlaga Madirga. 9 Tapa wuda sinjang rambut = awake sakojur tanpa kêtutupan panganggo, rambute dirembyakake kanggo nutupi murate, kayata tapane Nimas Ratu Kalinyamat ana ing wukir Danaraja. 10 Tapa ngluwat = tapa ana ing jugangan (kluwat).

Cantrik. 1 Nyantrik = ngabdi marang pêndhita (kanthi maksud golèk

--- 14 ---

kapintêran). 2 Cantrik Janaloka = cantrik sing ngoyak-oyak Dèwi Prêgiwa-Prêgiwati saka pratapan Andongsumawi. Cèkèl. Pidak padarakan cèkèl longaning bale Br = wong asor.

IV. RATU.

Dasanama: 1 Ratu = pramèswara, aji, datu, katong, raja, nata, sri pamasa, pamase, naradipa, naranata, naradipati, narapati, narèswara, narpati, narendra (nalendra), buminata, bumipati, prabu, narpa. 2 Pramèswari = nareswari, narpadayita (narpadayinta), natadèwi, mahisi, biniaji, sori. 3 Kraton = kadhaton,dhatulaya (dhatu = ratu + laya = panggonan), pura, puri, puraya, kadhatwan, prasada.

Aji. 1 Aji jaran guyang = aji dianggo nggunani (ngarah) wanita. 2 Aji panglimunan = aji sing marakake bisa ngilang. 3 Aji jaya-kawijayan = aji sing njalari bisa mênang. 4 Aji wringin-sungsang = aji sing njalari ora pasah gêgaman. 5 Aji sirêp begananda = aji sing dianggo nyirêpi wong supaya turu kêpati. 6 Diaji-aji = dipundhi-pundhi. 7 Ajisaka Bb = putrane Empu Anggajati utawa Prabu Iwaksa Ratu ing nagara Surati. 8 Samiaji Pd = panyêbute Krêsna marang Puntadewa, maksude: sanadyan Puntadewa Ratu cilik lan Krêsna nata binathara, panganggêpe Krêsna marang Puntadewa kaya marang sapadha-padhane (sasami-sami aji). 9 Aji godhong jati aking Pb = tanpa aji babarpisan. 10 Sasi Aji = sasi Bêsar. 11 Bêlah aji Pb = kelangan barang ana ing titipan tampa lêliru saparoning rêga.

Katong. 1 Jayakatong Bb = Ratu Kêdhiri sing mbêdhah Singasari ing jamane Prabu Kartanêgara. 2 Lisah Jayèngkatong Pd = lênga agême ratu yèn diwêdhakake ing mripat njalari bisa sumurup lêlêmbut. 3 Dewakatong Pd = asmane Pandhudewanata sawise aslira dewa (wis seda).

Narpa. 1 Narpa-wandawa Kw = santananing ratu. 2 Narpendah Kw = narpa + endah = ratu kang sulistya ing warna, kayata Ratu Ayu Majapait. 3 Kunarpa Kw = bangke. 4 Narpadayinta = narpawadu, garwane ratu, pramèswari. 5 Narpasunu, narpasiwi, narpatmaja, narpaputra.

Nata. 1 Srinata Kss = têmbang Sinom. 2 Kalingga nata Pb = prakara kang wis kêlêtan jumênênge ratu (anane prakara iku ing jamane ratu sing dhisik).

Panji. 1 Panji Angrèni Kss = arane buku yasan Pangeran Adimanggala, nyritakake dhaupe Panji Putra karo Dèwi Angrèni lsp. 2 Panji Putra Bb = Panji Asmarabangun. Panji Inukartapati, [Inu...]

--- 15 ---

[...kartapati,] Pangeran Putra Jênggala kang nggarwa Dèwi Sêkartaji (Candrakirana, Kèn Limaran, putri Daha), lan Dèwi Angrèni. 3 Panji klanthung Pt = wong angguran (werkloos), gawene mung klonthang-klanthung. 4 Clana panji-panji = clana sing ing dhêngkule mawa bênik. 5 Panji loro sêmune Pajang-Mataram Pl = pralambange ing tanah Jawa (Kajawan) ana ratu loro, S. Pakubuwana III ing Solo lan Sultan Hamêngkubuwana I ing Yogyakarta (P. Mangkubumi).

Pangeran. 1 Pangeran = Gusti Allah; sêsêbutaning putara ratu lan sêntana kang diangkat putra (Pa + ang + hèr + an = papan sing pantês dianggo manggon, kang dijaluki pangayoman. Hèr = ênggon). 2 Pangeran Putra = pangeran, putraning ratu. 3 Pangeran sêntana = pangeran sêntananing ratu (diangkat didadèkake pangeran, diangkat putra). 4. Pangeran Angabèhi = sêsêbutane putra ratu sing sêpuh dhewe miyos saka garwa ampeyan. 5 Pangeran-pati = pangeran adipati anom = pangeran calon jumênêng ratu.

Prabu. 1 Prabu-anom = pangeran-pati. 2 K.G.P. Adipati Arya Prabu Prangwadana = asmane K.G.P. Mangkunagara ing sadurunge yuswa 40 taun; yèn ing Yogyakarta K.G.P. Adipati Arya Prabu Suryadilaga (K.G.P. Pakualam). 3 Mrabu = kaya prabu (ratu), maksude: pantês bangêt, gagah lan ngêngrêng. 4 Sèlèh kaprabon = lèrèh saka olèhe jumênêng ratu.

Raja. 1 Raja-kaya = satêmêne atêgês: rajaning barang, saiki atêgês: kêbo, sapi, jaran. Wong akaya = wong sing darbe barang, saiki atêgês: wong sugih. 2 Raja-brana = rajaning brana (barang, bandha), yaiku barang-barang sing akèh pangajine. 3 Raja-pèni = rajaning pèni (kaendahan), yaiku barang-barang kang awarna pèni (endah), kayata: sêsotya, mas lsp. 4 Raja-darbe = barang-barang kang dinarbe. 5 Raja-kaputran = sandhangan lan rêrênggane pangantèn lanang. 6 Raja-kaputrèn = sandhangan lan rêrênggane pangantèn wadon. 7 Raja-tatu = tatu kang mbêbayani marga kêrêngan, tiba lsp. 9 Raja-putra = putrane ratu, kosok-baline: raja-putri. 10 Raja-tadi = raja-pèni. 11 Raja-singa = lêlara bangsane bêngang. 12 Raja-wrêdi - jasad awarna biru dianggo dhasare êmbanan intên lsp. 13 Rajamala Pd = putrane Palasara kang miyos saka Dèwi Watari (sadulure Rajamala asma Rêkathawati kagarwa Maswapati Ratu Wiratha), Rajapatni = pramèswari. 15 Ngreka raja Pb = prakaran ngaku darbe saksi ratu utawa bangsa luhur. 16 Sinduraja =

--- 16 ---

Jayadrata, Tirtanata. 17 Nagaraja = sing pêputra Dèwi Pratiwi, Bomanarakasura lan Pratiwanggana. 18 Antarêja = putrane Wrêkudara miyos saka Dèwi Nagagini.

Ratu. 1 Ratuning kusuma Br = têtunggule putri. (Kusuma = kêmbang, Putri dipêpindhakake kêmbang). 2 Ratu Ayu Kêncanawungu Bb = Ratu Putri ing Majapait (Dèwi Subasiti). 3 Kangjêng Ratu Agêng = sêsêbutane pramèswari kang wis randha. 4 Kangjêng Ratu = sêsêbutane

pramèswari. 5 Ratu Alit (Ratu Anggèr) = sêsêbutane putrine ratu kang sêpuh dhewe (pambayun) lan sing wis krama. 6 Rinatu-ratu = diaji-aji bangêt. 7 Mbondhan tanpa ratu Bs = tumindak sasênênge dhewe, ora mraduli anane anggêr-anggêr lsp. 8 Pararaton Bb = buku kang nyritakake Kèn Arok lan para Ratu Majapait. 9 Nimas Ratu Kalinyamat Bb = putri sing tapa wuda sinjang rambut, yaiku putrane Sultan Trênggana sing kagarwa Pangeran Hadiri Bupati iki Kalinyamat (Jêpara).

Sunan. Sunan = saka têmbung: suhun + an = suhunan (têgêse: sing disuhun-suhun, sing dipundhi-pundhi), diwancah sarana mbuwang perangan têngah dadi: Su(hu)nan, iku sêsêbutane ratu (Solo) lan para wali 9, yaiku: 1 Sunan Ampèl asale saka Campa, asmane sing satêmêne Radèn Rachmat. 2 Sunan Bonang (Makdum Ibrahim) putrane Sunan Ampèl, dêdalêm ing Bonang (Tuban). 3 Sunan Drajad (Masih Munat) putrane Sunan Ampèl, dêdalêm ing Drajad (Sêdayu). 4 Sunan Kalijaga iku Wali Jawa, dêdalêm ing Kadilangu (Bintara), nalika timur asma R. M. Said, putrane Tumênggung Wilatikta (Jêpara). 5 Sunan Kudus. 6 Sunan Gunungjati (Fatahillah), nurunake para Ratu Cirêbon. 7 Sunan Giri (Radèn Paku) sing ngêdêgake mêsjid ing Grêsik. 8 Maulana Mahgribi utawa Malik Ibrahim asal saka Pèrsi, dêdalêm ing Loron (6 km saka Grêsik). 9 Sèch Siti Jênar.

V. NARAPRAJA

Kang kalêbu narapraja (jaman biyèn): 1 Patih = nindyamantri, mantrimuka, mantringayun, mantriwrêdha, warangkapraja, yèn jaman saiki = Pêrdana Mêntêri. 2 Nayaka = Mêntêri. 3 Panêkar = punggawa kang minangka sêsêkar (rêrênggan) = Mêntêri Nêgara. 4 Bupati = bu, atêgês: sipat, kaanan; pati atêgês: ratu = narapraja kang asipat kaya ratu. 5 Kliwon = kalih + ewu + an = kalihewuan = kalihewon, mingsêd pakêcapane dadi: kliwon, saiki kira-kira padha karo wadana. 6 Panewu = camat. 7 Rangga = camat. 8 Purohita = guru ing kraton ngiras dadi pujangga. Ing jaman saiki "purohita" atêgês: suwita (ngèngèr kanthi maksud ngangsu

--- 17 ---

kapintêran). 9 Jaksa = panggêdhening pangadilan. 10 Pêngulu = panggêdhening agama. 11 Dêmang = lêlurahe bêkêl lan uga lêlurahe kapulisèn. 12 Panatus = lurah dewa (ana manèh kang aran: panèkêt, panglawe). 13 Jagawèsthi = pulisi (Wèsthi atêgês: bêbaya). 14 Jagabaya = pulisi-desa. 15 Jagakarsa = upas (pêsuruh). 16 Jaga-bela = algojo, singanagara, tukang nindakake ukum kisas. 17 Gandhèk (cacahe mêsthi loro) = tukang nglantarake dhawuhe ratu (utawa nawala dalêm). Lsp.

Catur manggala, atêgês: panggêdhe cacahe papat, yaiku: 1 Patih, 2 Purohita (Guru), 3 Jaksa, 4 Pêngulu.

Dêmang. 1 Demang ngiras tangkilan Bs = tamu ngiras dadi paladèn. 2 Ndêmang = (ing dolanan pèi) olèh biji utawa wilangan 400 utawa luwih. 3 Ndêmang salira = olèh wilangan 400 kurang sathithik, nanging luwih saka 390. Yèn 39l = ndêmang slira siji, 392 = ndêmang slira loro; sabanjure têkan ndêmang slira sanga.

Jaksa. Jaksa pring sadhapur Pb = pangadilan sing pangarsane dalasan para wargane kabèh isih nunggal sadulur.

Empu (atêgês: tuan). Empu Sendhok ± ratu ing Jawa - Wetan (929 - 947) kang pamburine diganti Darmawangsa (Têguh). Empu ahli gawe gêgaman saka wêsi-aji: 1, Empu Gandring (jaman Singasari) gawe kêris kanggo Kèn Arok; sing tumêka ing seda disuduk nganggo kêris iku: Empu Gandring, Tunggul Amêtung, Kêbo Ijo, Kèn Arok, Anusapati. 2. Empu Supadriya - Kêris Condhongcampur, pusaka Majapait. 3 Empu Supa (putrane Supadriya) - Kêris Sangkêlat (pusaka kratos tanah Jawa) lan kêris Crubuk (agême Sunan Kalijaga). 4 Empu Sura (putrane Supa) - Kêris Pasopati (klêbu pusaka kraton tanah Jawa). 5. Empu Jigja (putrane Supagati) - Kêris Jigja. 6. Empu Singkir (Madura) - Kêris Singkir. 7 Empu Pitrang (asmane Supa sajrone ana ing Blambanagan) - Kêris Tilamupih. 8. Supa Nom (Ki Nom) - Kêris Nagasasra, pusaka kraton Majapait.

Empu (Pujangga) Pangripta buku: 1 Empu Kanwa - Arjunawiwaha. 2 Triguna - Krêsnayana. 3 Empu Manoguna- [Mano...]

--- 18 ---

[...guna-] Sumanasantaka. 4 Empu Darmaja - Smaradahana. 5 Empu Sêdhah - Baratayuda. 6 Empu Panuluh - Hariwangsa lan Gathutkacasraya. 7 Empu Tan Akung - Wrêttasancaya lan Lubdaka. 8 Empu Prapanca - Nagarakrêtagama. 9 Empu Tan Tular - Arjunawijaya.

Gandhèk. 1 Tanpa cêcala gandhèk sakêmbaran Pd = (ing sadurunge rawuh) tanpa utusan gandhèk sakêmbaran sing didhawuhi ngabari (paring nawala). 2 Basa gandhèk (basa nggandhèk) Bb = basa sing kedaling pakêcapan kaya gunême gandhèk, yaiku wanda sing mawa a kudu diucapake jêjêg, ing jaman saiki diarani: basa bandhèk. Dadi têmbung “gandhèk” mingsêd pakêcapane malih “bandhèk”. Kang dhisik dhewe nganggo basa mangkono iku gandhèk ing kraton Pajang, saka dhawuhe Sultan Hadiwijaya (Jaka Tingkir).

Guru. Guru-alêman = wong kang kapengin dialêm. 2 Guru-bakal Br = barang-barang sing durung awujud dandanan, saupama arupa mas, mas sing isih awujud blindhèn utawa prongkalan. 3 Guru-dadi Br = barang-barang sing wis awujud dandanan, saupama arupa mas wis awujud gêlang, ali-ali lsp. 4 Guru-laki = wong lanang dadi guruning somah. 5 Guru-lagu = dhong-dhinging swara ing wêkasane gatra têmbang Macapat. 6 Guru-wilangan = cacahing wandane têmbang Macapat ing sabên sagatra-gatrane. 7 Aja guru-guru nêpsu = aja kêsusu. 8 Guru-dina

= ala-bêcike dina. 9 Purwakanthi guru-swara = purwakanthi kang nunggal swara, kayata: kudu jujur, yèn kowe kêpengin luhur. 10 Purwakanthi guru sastra = purwakanthi sing nunggal sastra (aksara), kayata: wanita sugih wawasan wasis asung wêwarah. 11 Saka-guru = sakaning omah sing dumunung ing têngah cacahe papat, kosok-baline: saka pananggap. 12 Guru, kêna digugu lan ditiru Kr = Guru kudu pantês dadi têpa tuladhaning liyan. 13 Diguroni = dijaluki warah. 14 Maguru = nggêguru, golèk kawruh (ngèlmu). 15 Guru-sajati = Guru kawruh kabatinan (kang tuduh dalan mamrih sampurnaning pati. Kayata tumrap Wrêkudara, sing dadi gurune sajati Dewa Ruci). 16 Guru Gaib = panuntun Gaib, tumrap Theosofie sinêbut meester, papane mêjang sinêbut Pasênêtan Suci (de witte Loge). 17 Têmbung “Guru” ing kawruh sêngkalan (atêgês: wêwaton) ana warna wolu, yaiku:

a). Guru-sastra, wêwaton sastra. Yèn sastrane padha, sanajan têgêse beda, watak-wilangane dianggêp padha, kayata: nabi atêgês wudêl, karo nabi sing atêgês panuntuning [panun...]

--- 19 ---

[...tuning] agama, watak-wilangane padha, yaiku padha-dene awatak 1.

b). Guru-wanda, wêwaton wanda. Yèn nduwèni wanda padha, dianggêp padha watak-wilangane, kayata: tri karo putri, padha-dene awatak 3.

c). Guru-dasanama, wêwaton dasanama. Yèn têgêse padha utawa mèh padha, dianggêp padha watak-wilangane, kayata: pratiwi karo bantala, padha-dene awatak l.

d). Guru-sarana, wewaton sarana (piranti). Piranti karo gunane, dianggêp padha watake, kayata: panah karo pêrang, padha-dene awatak 5. (Gunane panah iku kanggo pêrang).

e). Guru-warga, wêwaton golongan. Yèn nunggal golongan, dianggêp padha watake, kayata: cêcak karo mênyawak, padha-dene awatak 8 (golongan kewan rumangkang, reptiel).

f). Guru-karya, wêwaton karya (pakarti). Barang karo pakartine (pakaryane), dianggêp padha watake, kayata: tangan karo nyêmbah, padha-dene awatak 2 (nyêmbah iku pakartine tangan).

g). Guru-darwa, wêwaton darwa (sipat, kaanan). Barang karo sêsipatane dianggêp padha watake, kayata: panas karo gêni, padha-dene awatak 3 (panas iku darwane gêni).

h). Guru-jarwa, wêwaton jarwa (surasa). Têmbung karo surasane, dianggêp padha watake, kayata gègèr karo obah, padha-dene awatak 6. Sing njalari anane gègèr iku marga wong-wong padha obah pating

bilulung. Sanadyan ana apa bae, yèn wong-wong padha mênêng bae, ora bakal gègèr.

Pangulu. Nglungguhi klasa pêngulu Bs = dadi bojone ipe-lanang kaprênah tuwa ing sapatine mbakyune.

Pujangga = ahli basa lan ahli ngripta sing asêsêbutan Empu (Mr. kaca 17): 1 Sunan Bonang - Suluk Wujil. 2 Sunan Panggung - Suluk Malangsumirang. 3 Pangeran Karanggayam - Nitisruti. 4 Sultan Agung - Nitipraja. 5 Kartamursadhah - Manikmaya. 6 R. Ng. Yasadipura I (nalika timur asma Bagus Banjir) - Cêbolèk, Babad Pakêpung, Babad Gyanti, Tajusalatin, Johar Manik, Wulang Sewaka lsp. 7 Yasadipura II (Tumênggung Sastranagara) - Arjunasasra, Darmasunya, Sasanasunu, Wicara Kêras. 8 Sunan Pakubuwana IV - Wulang rèh. 9 R. Ng. Sindusastra - Arjunasasra -

--- 20 ---

bahu. 10 R. Ng. Ranggawarsita (nalika timur asma Bagus Burham) - Jayèngbaya, Hidayatjati, Pustakarajapurwa, Pari sawuli, Cakrawarti, Aji Pamasa, Witaradya, Kalatidha, Paramayoga, Cêmporèt lsp. 11 Pangeran Kusumadilaga - Jagal Bilawa, Sêmar jantur, Kartawiyoga. 12 K. Mangkunagara IV - Wedhatama, Tripama, Salokatama, Wirawiyata lsp. 13 R. T. Tandhanagara - Papeling, Baruklinthing. 14 M. Ng. Mangunwijaya - Asmaralaya, Lambangpraja, Trilaksita. 15 Padmasusastra (Wirapustaka) - Tatacara, Pathibasa, Paramabasa, Warnabasa, Urabsari, Durcaraharja.

Rangga. 1 Ranggawarsita Bb = asmane Pujangga-Jawa kang wêkasan (1870). Ing sasedane Ranggawarsita saprene, durung ana Pujangga-Jawa manèh. 2 Ranggalawe Bb = asmane Adipati ing Tuban (kaprênah pamane Prabu Kênya Majapait) kang seda prang-tandhing karo Menakjingga (kêtaman gada wêsi-kuning). 3 Ngrangga = ndêmang kaping pindho urut-urutan (ing dolanan pèi).

Tumênggung. 1 Pujangga Radèn Tumênggung Sastranêgara Bb = R. Ng. Yasadipura II, 2 Ora gombak ora kuncung ambêke kaya tumênggung Bb = ora nduwèni kaluwihan apa-apa, nanging ambêg gumêdhe, ladak. 3 Babah Tumênggung = sêsêbutane Tionghwa sing aran Han Tik Ko, yaiku sing nuku kutha Prabalingga saka panguwasane pamrentah Walanda taun 1811 - 1813.

VI. PRAJURIT.

Dasamana:[4] 1 Bala = wadya, koswa, tantra, wadya-bala, bala-koswa, bala-tantra, wrahatbala, prajurit, sena. 2 Senapati = bathamantri, senapatya, pramugari, bretyapati, narawara, panglima, hulubalang, gêdhigmanggala, manggalaning prang, gêgêdhuging prang. 3 Pêrang = pupuh, yuda, jurit rana, rok, bandawala, rok-bandawala, laga,

bandayuda, pancakara, judhi. 4 Paprangan = adilaga, payudan, pabaratan, ranangga, rananggana, palagan. 5 Mênang = jaya, unggul, sasab, mimpang. 6 Kalah = Kawon, kasoran, kêlindhih, kêtitih, kêplayu, kèngser, kapracondhang, kajodhi. 7 Mungsuh = ripu, parangmuka.

Atêgês mlayu ngoncati mungsuhe (marga wêdi): ngucira, mêtu saka ing blabar kawat, tinggal glanggang colong playu. Watake prajurit; 1 Wêdi wirang wani mati. 2 Tinimbang mati mringkus, luwih bêcik mati mbrêgagah (Tinimbang [(Timimban...]

--- 21 ---

[...g] nungkul, ora wurung dipatèni utawa tumêka ing pati marga disiya-siya, luwih bêcik mati marga lumawan ing prang).

Candrane panganggone: 1 Sing nganggo putih kumpul padha putih kaya kuntul nêba (kuntul sarawa). 2 Sing nganggo abang kumpul padha abang kaya wukir kawlagar (Kawlagar = kobar). 3 Sing nganggo kuning kumpul padha kuning kaya podhang rêraton. 4 Sing nganggo irêng kumpul padha irêng kaya gagak rêraton.

Candraning lakune: 1 Untabing wadya-bala kaya sela-brakiti = candraning akèhe utawa dawaning baris, sêlur prasasat tanpa pêdhot, ndlidir bae. 2 Untabing wadya-bala pindha wrêdu-angga sasra = candraning lakune kang tansah barêng panjangkahe, yèn disawang kaya kumêlaping lintah sèwu bêbarêngan. Wrêdu = ulêr. Wrêdu-angga = lintah.

Candraning paprangan: 1 Swarane gong-bèri, tambur, kalasangka, têmpuk lan gathiking watang sarta pangêmprèting dipangga-mêta, miwah pambêngingèhing turangga kaya mbêlah-mbêlahna bumi (kaya njugrug-njugrugna langit). 2 Polahe wadya-bala kaya gabah dèn intêri, tandange kaya banthèng kêtaton. 3 Kèhing pêpati kaya babadan pacing (mratelakake kèhe bêbathang pating glimpang). 4 Kèhing pêpati kaya sulung alêbu gêni (mratelakake sabên ana prajurit sing maju ing pêrang mêsthi tumêka ing pati, utawa: maju-maju mati). 5 Ing paprangan prasasat banjir gêtih asarah bangke.

Panantange prajurit: 1 Ayo padha ngadu wulêding kulit, atosing balung = ngadu tyasa, ngadu kasêktèn. 2 Ayo padha gandhèng kunca = gandhèng pojoking dodot supaya aja nganti ana sing bisa mlayu salah siji. 3 Ayo padha ngadu siyunge Bathara Kala = sudukan (nganggo kêris). 4 Ayo padha lancaran warastra = panah-pinanah.

Sêsumbar: 1 Njêrokna jagang, ndhuwurna kapurancang, ora wurung nagaramu dakgawe karang-abang. Jagang = jugangan kang ngubêngi bètèng. Kapurancang = kayu utawa pring lancip-lancip dipasang ing sadhuwure tembok bètèng pating crongat. (Tangan ngapurancang = kaya kapurancang, yaiku drijine tlusup-tlusupan). 2 Apa ora kulak warta

adol prungon yèn ... (isine titik-titik iku jênênge wong sing sêsumbar) tau-tate ngrupak jajahaning mungsuh, ngêlar laladaning rowang, mbêdhah praja mboyong putri. 3 Apa kang ana ing kowe, tibakna daktamèngi dhadha. 4 Kêriga sacindhil abang, cawêta sawadone. 5 Aja gênti mara,

--- 22 ---

barênga mara, daktandhingi padha ijèn, ora-orane daktinggal mlayu. 6 Majua sayuta ngarsa, sakêthi wuri. 7 Ampyakên kaya wong njala, krubutên kaya mênjangan mati. 8 Papak mangsa padhaa (sanadyan padha mêksa isih ana kacèke). 9 Yèn ora ilang dakkêdhèpake, dak-untal malang mangsa ngambaha ing cêthak (Yèn ora enggal lunga utawa sumingkir marga dalane arêp dak-ênggo liwat, mêsthi dak untal malang kanthi gampang). 10 Ngungsia têkan lak-lakaning naga, mangsa wurunga karasa ing tanganku (Mêsthi klakon dakpilara). 11 Kêkêjêra kaya manuk branjangan, kopat-kapita kaya ula tapak-angin, daksaut daksabêtake prabatang sirna kuwandamu. 12 Tumêngaa ing akasa, tumungkula ing pratiwi = sambata marang bapa-biyungmu (arêp diprajaya, Akasa, ngibarat: bapa. Pratiwi, ngibarat: biyung).

Prajurit sêkti. 1 Punjul ing apapak = luwih tinimbang sapadha-padha. 2 Bisa manjing ajur-ajèr, mancala putra mancala putri = bisa molah-malih warna. 3 Tan pasah tapak-paluning pandhe, sisaning gurenda = sakabèhe gêgaman wêsi ora bisa nêdhasi (ora mêmpan ing awake). 4 Tinatah mêndat jinara mèntèr = ditatah ora pasah, diêbur ora bisa kêtaton. 5 Sagêd dados agal sakêlangkung agêng (tiwikrama), lêmbut botên kasat-mripat (sagêd ngical).

Tandange prajurit: 1 Kaya banthèng kêtaton (Kadi andaka tawan kanin) = tandang kang mêmêdèni bangêt. 2 Kaya sikatan nyambêr walang = rikate yèn mrawasa mungsuh. 3 Kaya jangkrik mambu kili = tandang sing waringutên bangêt. 4 Endha mangiwa endha manêngên pindha prênjak tinaji = kaya prênjak dilêpasi pasêr utawa panah, rikating endhane yèn nêdya pinrawasa dening mungsuh. 5 Cukat kadya kilat, kêsit kadya thathit = tandang kang sarwa kêbat-cukat-trêngginas-trampil.

Pangamuke prajurit: 1 Ngamuk punggung = ngamuk kaya pangamuke wong bodho, nekad tanpa petung (Punggung = bodho). 2 Ngamuk punggung sura tan taha nirbaya nirwikara = ngamuk kanthi nekad bangêt ora ana barang sing diwêdèni. 3 Nêmpuh byat manrang parangmuka = nêmpuh karthi[5] sêrêng marang mungsuh. 4 Nêmpuh byat tarwrin ing pringga = nrajang kanthi sêrêng ora wêruh ing bêbaya. 5 Mrawasa-pinrawasa = silih-ungkih, gênti unggul gênti kêlindhih. 6 Manjing jagang, ngrangsang bètèng, ngganthol kapurancang = nêdya ngrabasa mungsuh kang ana ing sajroning bètèng.

--- 23 ---

Atêgês kalah: 1 Ngucira ing yuda = ora sêmbada, mlayu ngoncati mungsuhe. 2 Oncat saka blabar-kawat = mlayu (Blabar-kawat = glanggang mawa watês kênthêng kawat). 3 Tinggal glanggang acolong playu = mlayu saka glanggang kanthi nglimpèkake (marga wêdi utawa ora wani karo mungsuhe. . Glanggang = papan adu-adu utawa ngadu tyasa).

Atêgês nungkul: 1 Nguncupakên asta = nyêmbah. 2 Asrah bongkokan = sarèhne wis rumangsa kalah, gêgamane dibongkoki (bêdhil, panah lsp) dipasrahake marang mungsuhe. 3 Asrah jiwa-raga = masrahake pati-urip, nêdya diuripi apa dipatèni, manut bae. 4 Kumurêb ing abahan = mangkurêb ing ganjêling gulu, nêdya ditigas gulune ya manut (Abahan = ganjêl gulu kang arêp ditigas). 5 Manglung jangga = gulune diulungake, yèn arêp ditigas ya manut. 6 Kajongjang sumangga asta, katuwêk sumangga jaja, katigas sumangga jangga = arêp dikêthok tangane, dicublês dhadhane apa ditigas gulune, manut bae.

Bala. 1 Durbala Kw = Dur (ala) + bala (kêkuwatan) = kêtaman ing kêkuwatan ala, rusak. 2 Bala-pêcah = barang-barang sing gampang pêcah (piring, cangkir lsp). 3 Balasrèwu Pd = candhabirawa, aji-ajine Prabu Salya saka Bagaspati (mara-sêpuhe), dayane bisa nêkakae setan akèh. 4 Ratu bandha-bandhu sugih bala Pd = ratu sugih bandha, sugih sadulur lan darbe wadya-bala akèh. 5 Dadya-bala bacingah Pd = wadya-bala campuran (manungsa karo rasêksa, manusa karo wanara, utawa manusa karo rasêksa lan wanara). 6 Kesisan-bala = kêntèkan bala.

Baris. Gelaring baris: 1 Baris pêndhêm = pacak-baris dhêdhêmitan. 2 Baris êmprit nêba = wadya akèh nêmpuh bêbarêngan. 3 Garudha nglayang = panatane wadya ana sing pinêtha cucuk, swiwi kiwa-têngên, buntut lan anggane garudha. 4 Wulan tumanggal = gêlaring baris awangun satêngah buwêngan (ora têmu-gêlang). 5 Hardacandra = (rêmbulan purnama) awangun buwêngan gêdhe. 6 Cakrabyuha = panatane wadya padha karo hardacandra.7 Supit-urang = panatane wadya ana sing pinêtha supiting urang kiwa-têngên, buntut lan anggane. 8 Brajasutiksnalungid = (panah landhêp) panatane wadya ing papan rupak supaya bisa ulah maju-mundur. 9 Ngêpung wakul mbaya mangap = panatane wadya awangun bundêr ngêpung mungsuh, lan ana sing ngrabasa mungsuh pinêtha angaping baya. 10 Jaladri pasang (samodra rob) = panatane wadya ana sing pinêtha pulo, alun lan prau. 11

--- 24 ---

Gilingan rata = panatane wadya ana sing pinêtha angganing rata, rodha kiwa-têngên lan buming kreta kiwa-têngên. 12 Dirada mêta = panatane wadya ana sing pinêtha tlale, gadhing lan anggane gajah kang lagi mêta.

Yuda. 1 Yuda kanaka Ws = pêrang kuku, kukur-kukur, sasmitane têmbang Pangkur. 2 Mangsah yuda Kw = magut jurit, magut pupuh, maju pêrang. 3 Sarayuda = arane gêndhing, lumrahe dibawani nganggo

Dhandhanggula Turulare. 4 Yudayana = putrane Parikêsit kang gumanti kaprabon ing Astina (yèn manut Mahabarata putrane Parikêsit asma Janamijaya).

Mungsuh. Ngingu satru nglêlêmu mungsuh Pb = mbêciki marang mungsuh.

Pêrang. 1 Pêrang lèrès = pêrang nglimpe ulah mundur. 2 Pêrang popor = pêrang rukêt nganggo popor (marga wis kêntèkan obat-mimis. Popor = garan bêdhil). 3 Pêrang sabil - pêrang nglabuhi agama. 4 Pêrang takêr marus = takêr ludira = pêrang nganti ngêtokake gêtih akèh. 5 Pêrang tandhing = pêrang ijèn (siji mungsuh siji). 6 Pêrang ngarêp = pêrang adu-arêp ora limpe-linimpe, kosok-baline pêrang lèrès. 7 Pêrang simpangan = pêrang gagal = pêrang ing wayah sore durung ana pêpati (Wadya-bala saka nagara loro pêthukan ana ing dalan, rêbutan dalan dadi pêrang, wasana padha sêsimpangan). 8 Pêrang kêmbang = pêrang bakda jêjêr pêndhita (gara-gara), satriya karo danawa, wis ana pêpati (danawane mati); diarani pêrang kêmbang, sabab minangka kêkêmbange utawa pêpucuke pêrang ing sabanjure utawa candhake. 9 Pêrang tanggung = pêrange wadya têngahan (tanggung), dhuwur-dhuwure sing maju pêrang lagi patih, ratune panggawe ala durung ngêtoni jurit. 10 Pêrang brubuh = pêrang amuk-amukan akèh pêpati, ratuning panggawe ala uga mati utawa têluk. 11 Mêrangi hawa-napsu = nyandhêt (nyêgah) kêkarêpan ala. 12 Mêrang lêngên Pb = ngungasake kêkêndêlan (sarana mêrang lêngêne dhewe). 13 Mêrangi tatal Bs = mindho-gawèni (ora mbabar-pisani).

Prajurit. 1 Prajurit rucah = prajurit arahan, prajurit asor. 2 Prajurit jajar = prajurit sing asor dhewe. 3 Prajurit jagakarya = prajurit sing kuwajibane babagan ubarampene pêrang. 4 Prajurit tamtama = prajurit pilihan. 5 Prajurit bayangkara = prajurit sing rumêksa ratu (Indonesia: pengawal). 6 Prajurit jajèngsêkar = prajurit jêjaranan. 6 Tapane prajurit ana ing gunung wêsi (gunung gêni) Kss = kuwajibane prajurit iku abot toh nyawa, luwih abot tinimbang tapane pêndhita sing mung dhêdhepok

--- 25 ---

ing gunung lumrah, dudu gunung wêsi, dudu gunung gêni (Buku Sruti, Wirawiyata). Prajurit sinêlir = prajurit pilihan, prajurit kinasih.

Pupuh. 1 Têmbang sapupuh Kss = têmbang sawarna nganti sawatara pada. 2 Dèn pupuh Kw = digêbug. 3 Panusuling magut pupuh Ws = bêbantu (prajurit kang sumusul pêrang).

Rok. Rok-bandawala-pati Kw = pêrang-tandhing nganti mati salah siji.

Satru. 1 Satru bêbuyutan Pt = satru turun-tumurun. 2 Satru ati = satru batin, satru sing ora katara. 3 Nglêlêmu satru Pb = mbêciki mungsuh. 4 Satru manêngah Pb = sabarang prakara sing mawa mêmungsuhan. 5

Satru munggwing cangklakan Pb mungsuh sing kêcêdhak (kanca sapagawean, sadulur).

Tandhing. 1 Nyêngka tandhing Pb = nandhingi mungsuh sing luwih kuwat bangêt. 2 Pilih tandhing Pt = arang sing kuwat nandhingi yudane, sing kuwat nandhingi kudu wong pilihan. 3 Tanpa tandhing Pt = ora ana sing ngêmbari, ora ana sing madhani. 4 Milang-miling golèk tandhing Pt = golèk kêmbaran. 5 Etung-soalan bab têtandhingan Pt = etung-soalan bab pêpadhan-pamurwat. 6 Wudhu tandhing Pt = ora ana tandhinge, ora ana sing kuwat (wani) nandhingi.

Têlik. 1 Ditêlik = diwaspadakake sapari-polahe. 2 Têlik sandi Kw = Têlik sandi-upaya = têlik kang ndingkik mungsuh. 3 Têlik mangendrajaya Kw = têlik sing namakake krenah utawa kajuligan murih cilakaning mungsuh.

Wadya. Kesisan wadya Kw = kêntekan wadya (marga wadya-balane wis padha mati utawa mlayu). Wadya bacingah = bala campuran (manungsa karo rasêksa).

VII. DANAWA

Dasanama: Danawa = rasêksa (wadon rasêksi), yaksa (wadon: yaksi), diyu, wil, danuja, ditya, kalana, kala, asura, buta. Kaanane danawa: 1 Angga pindha prabata (Prabata = gunung). 2 Tutuk lir wiwaraning guwa (Wiwara = lawang). 3 Grana pindha canthiking baita (Canthik = cucuking prau ngarêp-buri). 4 Netra lir baskara kêmbar. 5 Godhèg-wok simbar-jaja wulu-wawar (Wok = wulu ing sangisor janggut. Simbar-jaja = bris. Wulu-wawar = wulu sing dawa-dawa). 6 Alise sumingkal (Singkal = perangane waluku kang tinancêban kêjèn). 7 Idêpe angisi (Kisi = kalêbu

--- 26 ---

praboting tênun dianggo ngikal bênang, gêdhene sadriji, dawane watara 20 cm). 8 Simbar-jaja kadya walingi (Walingi = sukêt kang tuwuh ing rawa, dhuwure nganti 2 m, gêdhene watara sadriji).

Panganggone. (lan pirantine): asumping pring sadhapur, asabuk ula-lanang, akalung ula-wêlang, asogok untu pêdhang, acuthik kuping klewang (Kabèh sarwa mêmêdèni).

Swarane: Antop-sêgu pindha gludhug sèwu, petak lir gêlap ngampar.

Yèn nêpsu: Lir sinabit talingane, jaja-bang mawinga-winga, sinabêta mêrang sagèdhèng "bêl" mubal dahana. Netra andik angatirah, imba têpung, idêp mangada-ada, waja gathik, kumêlut padoning lathi. Saking bangête nggêgêt waja, kecoh murus[6] ariyak ludira. (Sinabit = siniwal, sinuwèk, jaja-bang = dhadha mangangah abang, Mawinga-winga = kaya kêmbang sêpatu, kêmbang wora-waribang, bunga-raja, Mêrang

sagèdhèng = gagang pari 2 pocong. Ngatirah = kaya godhong katirah, yaiku abang. Imba têpung = alise tikêl. Mangada-ada = ngadêg, njêgrêg. Marus = ludira, gêtih).

Buta. 1 Buta pracore Pd = buta asor, buta urakan. 2 Buta kala-wadya Pd = buta sing kaananing awake anèh, cacad, ora lumrah. 3 Buta ijo = buta sing mawa pulas ijo pralambange aluamah (doyan mangan-turu). 4 Buta terong Pd = wangune irunge kaya terong. 5 Buta cakil Pd = untune nyakil (nyongat mêtu). 6 Katbuta lan Kotbuta Pd = pêpatihe Menakjingga Adipati Blambangan. Têmbung “katbuta, kotbuta” têgêse: nêpsu bangêt. 7 Dasa buta mati Tjd = candrane wong minum 10 sloki. 8 Buta Locaya Kss = sing ngratoni lêlêmbut ing Kêdhiri sakulone kali Brantas, pamanggone ing guwa Selabale dumunung ing gunung Klothok (Yèn sing ngratoni lêlêmbut ing sawetane Brantas Tunggulwulung, pamanggone ing gunung Kêlud).

Danawa. 1 Rota danawa Kw = buta galak. 2 Danawa (dênawa) = lumrah dikerata, ngêdên - hawa (hawa-nêpsu ala).

Diyu. Ndiyu wrêksa Bs = wani marang pamarentah, pangadilan utawa panggêdhe.

Ditya. 1 Dityakumba lan Aswanikumba Pd = putrane Kumbakarna, 2 Raditya Kw = srêngenge.

Yaksa. 1 Yaksadewa Pd = Bathara Kala jumênêng Ratu ana ing nagara Selatama lan nyedani Anoman sarana gada malihane Bathara Brama (Lakon Mayangkara, Mayangkara iku Anoman). 2 Kreta apangirid turanggayaksa Pd = kreta Jatisura,

--- 27 ---

yaiku kretane Ramawijaya kang ing salêbare pêrang Alêngka sinimpên Wibisana. lan pamburine banjur sinimpen dening putrane Wibisana kang asma Prabu Bisawarna (Ratu ing Singgêla).

Rasêksa, Sastra-jendra ayuningrat pangruwating rasêksa-diyu Pd = (piwulang) ngèlmu utawa kawruh linuwih sing bisa mêmayu-ayuning jagad. Ing padhalangan sing kocap mbabar Sastrajendra ayuningrat pangruwating rasêksa-diyu yaiku Rêsi Wisrawa marang Dèwi Sukèsi.

VIII. WONG

Dasanama: Wong = jana, janma, jalma, manus, manusa, manusya, manuswa, tiyang, nara. Têmbung "wong" bisa dirimbag dadi: mong, momong, winong, winong-wong, kawong, pawongan lsp.

Among. 1 Among dagang = laku dagang dêdagangan. 2 Among kisma = ulah lêmah, among tani, têtanèn. 3 Among hyun Kw = among raras,

among raras karasikan, among lulut, among rêsmi, sih-sinihan. 4 Among praja = nyêkêl paprèntahan. 5 Among slira = among raga, ngapenakake awak, sakapenake murih awake ora rêkasa. 6 Among tuwuh = kang rumêksa urip, yaiku Gusti Allah. 7 Kaki among nini among = lêlêmbut lanang-wadon sing rumêksa jabang-bayi.

Jana. 1 Ja (lair) + na (sing) = sing lair, dadi manungsa. 2 Durjana Kw = dur (ala) + jana = wong ala (maling lsp). 3 Janaloka Kw = jana + loka (jagad, alam) = jagade manusa, alame wong, yaiku Marcapada, alam-donya (Uga arane cantrik sing ngoyak-oyak Prêgiwa lan Prêgiwati). 4 Kajanapriya Kw = (têgêse lugu: dilanangake) misuwur, kasusra, kontap, kongas, komuk, kajuwara, kondhang, kaonang-onang, kawêntar, kalok, kaloka. 5 Disujanani = disanggarunggèni, kurang dipracaya tindak-tanduke. 6 Sarjana = wong kang wis putus ing kawruh. 7 Sujana = wong kang luhur kabatinane.

Janma. 1 Janma mati murka Pb = cilaka marga saka murkane. 2 Bisa tatajanma = bisa gunêman kaya manusa. 3 Giri-lusi janma tan kêna ingina Pb = salagine cacing sing ora bisa nggrêmêt mêksa têkan ing pucaking gunung; apa manèh manungsa, saya ora kêna diina; mulane aja sok ngina marang sapadha-padha. 4 Janma mara mati, sato mara mati Br = papan sing angkêr bangêt, manusa utawa kewan sing ngambah mêsthi tumêka ing pati. 5 Manjanma Kw = nitis dadi manusa. 6 Sirêp janma Pt = wêktu bêngi wis sêpi wong,

--- 28 ---

watara jam 11. 7 Pilih janma kang udani Br = arang wong kang mangêrti (sumurup). 8 Wis njalma Pt = wis njilma, wis njanma, wis kaya wong, maksude wis ora galak, ora jarah.

Koja. 1 Akal koja Pb = akal kanggo ngapusi sing alus bangêt. 2 Mênthung koja kêna sêmbagine Pb = rumasane ngapusi, satêmêne kapusan, marga sanadyan olèh sêmbagi, sêmbagi iku larang bangêt rêgane. (Mênthung ngibarat: ngapusi. Rumangsane iku rêgane larang bangêt).

Landa. Landa godhong, macan ompong, bêdhil kosong Pt = unèn-unèn kang kêrêp kêprungu ing jaman panjajahan, maksude: wong Jawa ora kêna ambêk-wani; sanadyan marang Landa-godhong pisan (dudu Landa totok), marang macan sing tanpa untu lan marang bêdhil sing tanpa isi ya kudu wêdi (Apa manèh marang Landa totok).

Mong/momong. 1 Kêparênga ingkang putra kula mong Pt = ingkang putra kula suwun dadosa semah kula. 2 Trimaa sing nglakoni mangsa trimaa sing momong Pt = sanadyan wong sing disiya-siya trima, Gusti Allah mêsthi ora marêngake lan bakal malêsake. Wong sing sêsêmbranan, manawa krungu ukara mangkono iku adhakane sok nyambungi: "Sing momong manèh oraa trima, hla wong sing nglakoni bae trima". 3 Drêman golèk momongan Pb = wis akèh tanggungane

ndadak nindakake apa-apa sing njalari wuwuh akèhe tanggungan (Drêman = wong wadon sing sugih anak). 4 Lêgan golèk momongan Pb = wis kapenak ndadak nindakake apa-apa sing njalari rêkasane. 5 Momongmurka = patihe Prabu Niwatakawaca ratu ing Imaimantaka.

Nara. 1 Narapraja Kw = punggawa nagara, priyayi. 2 Naragiyota Kw = punggawa prau (Indonesia: anak kapal). 3 Narayana Pd = Krêsna. 4 Narasoma Pd = Salya.[7]

Cina. 1 Kaya Cina craki Bs = cêthil bangêt, petung bangêt. 2 Enggon cina didoli dom Bs = wong pintêr diumuki. 3 Klêbon cina gundhulan Bs = kapusan. (Jaman biyèn kabèh Cina mêsthi kuciran; yèn ana Cina gundhulan, mêsthi Cina ala).

Wong. 1 Wong kumpra Pt = wong asor. 2 Wong branggah Pt

--- 29 ---

= wong tani sing darbe rajakaya. 3 Wong urakan Pt = wong asor, sudra. 4 Wong mutihan Pt = wong sing mungkul marang agama. 5 Wong abangan Pt = wong sing ora nglakoni sarengating agama. 6 Disarang wong Pt = ora disênêngi wong. 7 Wis kawong Pt = wis akèh wong sing ngrêti utawa têpung. 8 Mada kawongan Pb = nacad, ing batin sajatine isih sênêng. 9 Lawas-lawas kawongan godhong Bs = wong ngabdi iku lawas-lawas mêsthi ora kanggo. (Kawongan godhong = kadunungan sêsipatan kaya godhong, manawa wis ora ana gunane banjur dibuwang). 10 Pawong mitra Pt = mitra sing kalêbu rakêt, mitra kulita. 11 Pawongan Pt = abdi wadon ing kraton bangsane para nyai. 12 Wong mati ora kêsasaban bumi Bs = wong sêngsara bangêt uripe, pêpindhane kaya wong sing wis mati, nanging durung dikubur. 13 Ora diwongake Pt = dianggêp dudu wong, disapèlekake bangêt. 14 Kasèp-lalu wong mêtêng sêsuwêngan Bs = barêng wis mêtêng sêsuwêngan, aran kasèp). 14 Aluwung kalah wang tinimbang kalah wong Pt = aluwung kapitunan nanging prawira, tinimbang olèh kauntungan nanging nistha. 15 Ora wêruh marang wong tuwa Pt = lali marang wong tuwa (ora gêlêm mikir bab uripe, wêgah têtulung lsp). 16 Winongwong jawata Bs = têgêse lugu: diêmong dening dewa, maksude: klakon sabarang kang sinêdya. 17 Ana wong ngoyak macan, dèn wadhahi bumbung = Mr macan.

IX. BOCAH, LANANG, WADON, JAKA, RARA Lsp

Dasanama: 1 Bocah = larya, rarya, lare, rare, walaka. 2 Lanang = priya, jalu, jalêr, kakung. 3 Wadon = stri, èstri, wadu (Wadu + an = wadon), wanita, dyah, juwita, dayita (dayinta), rini, rèni, gini, putri, lumrah dipêpindhakake: kusuma (kêmbang) utawa rêtna (sêsotya). 4 Prawan = rara, kênya, dhara, dhere (tumrap pitik). 5 Atêgês lanang-wadon (diarani têmbung yogyaswara): dewa-dewi, gana-gini, sarêksa-rasêksi, apsara-apsari, parameswara-parameswari lsp.

Bocah sukrêta (lumrah diruwat sarana ditanggapake wayang lakon Amurwa-Kala): 1 Julung kêmbang = lair barêng lan plêthèking surya. 2 Julung sungsang = lair wêktu surya mèh surup. 4 Julung caplok = lair barêng lan suruping surya. 5 Tawang-gantungan = kêmbar utawa dhampit, nanging kang laire lêt dina. 6 Kêmbar = loro lair barêng lanang kabèh utawa wadon kabèh. 7 Dhampit = loro

--- 30 ---

lair barêng lanang-wadon. 8 Sumala = cacad wiwit lair mula. 9 Bungkus = lair isih kêbuntêl kêndhangan. 10 Jêmpina = lair durung mangsane (lagi 8 sasi utawa kurang ana ing guwa-garba). 11 Margana = lair ana ing dalan. 12 Wahana = lair ing papan rame. 13 Cêmani = pakulitan irêng mulus. 17 Wungle = bule. 18 Salewah = perangane awak kiwa-têngên ora padha (warnane). 19 Gondhang-kasih = kêmbar sing beda pakulitane (upama: siji bule, sijine cêmani). 20 Wuyungan = lair ing mangsa gègèr (ana pêrang, gunung njêblug lsp). 21 Jadah = ora karuwan bapakne, utawa: laire bocah iku wong tuwane durung ijab.

Bocah. 1 Bocah wingi sore Pb = wong (wis diwasa) dipepindhakake isih bocah, marga isih nom, durung darbe pangalaman. 2 Dhudha bocah Pb = jêjaka sing ditinggal mati pacangane. 3 Ora mambu bocah = ora mèmper bocah.

Dhudha. 1 Dhudha kêmbang Pt = dhudha sing durung darbe anak. 2 Dhudha bocah Pb = jêjaka sing ditinggal mati pacangane. 3 sugih anak. 4 Dhudha kalung = dhudha sing darbe anak wadon wis gêdhe. 5 Dhudha calak = wong lanang sing purik. 6 Dhudha bantat = arane lêmud sing manawa nyakot njalari jenthol. 7 Dhudha ngasag = arane pêri. 8 Cangkir dhudhan = cangkir tanpa lambaran (lambarane wis pêcah utawa ilang). 9 Dhudha kasmaran = arane lagu têmbang Pangkur (lumrahe laras slendro).

Jaka. 1 Jaka jêbug = jaka sing wis tuwa. 2 Jaka-tuwa = arane manuk bangsane bèthèt. 3 Jaka kulama-kala = bocah lanang sing mèh ngancik diwasa (umur 16 taun). 4 Jaka-bèlèk = arane lintang (asorot abang). 5 Jaka-rara bojo kawitan (nalika têmune lanange isih jaka lan wadone isih rara utawa prawan). 6 Jaka Lodhang = arane buku karangan Ranggawarsitan, isine: Jaka-Lodhang (awujud wanara) mêdhar jangkane jaman marang Panji Putra. 7 Jaka Sangkala = pêparape Ajisaka (putrane Empu Anggajali utawa Prabu Iwaksa ing nagara Surati tlatah Indu). 8 Jaka Tingkir = Banyakwidhe. Hadiwijaya, Mas Karèbèt, ratu Pajang. 9 Prabu Jakapitana Pd = Prabu Suyudana ing Astina. 10 Jaka Tarub (Kidang Têlangkas) Bb = Putrane angkat Ki Agêng Tarub kang krama widadari asma Nawangwulan, pêputra Nawangsih.

Kênya. 1 Prabu Kênya Bb = Ratu Ayu Kêncanawungu ing Majapait [Maja...]

--- 31 ---

[...pait] (Dèwi Subasiti) kagarwa Damarwulan. 2 Kênya-puri Kw = papane para kênya (ing kraton). 3 Gunung kêndhêng sêmune kênya musoni Pl = pralambange S. Pakubuwana I, jumênênge Sunan wis sêpuh, nanging isi sok manggalih prakara sing rèmèh. 4 Kênya-Kêdhiri Kss = arane têmbang Gêdhe. 5 Wèni-kênya = arane lagu têmbang Sinom. 6 Kênya-wadu Pd = arane punggawane yaksendra awujud rasêksi manganggo lanang (Lumrahe sinêbut: Emban Kênyawadu).

Lanang. 1 Lanang kêmangi Pb = wong lanang sing jirih. 2 Mêtua, nyata lanang!Pt = yèn nyata kêndêl, ayo tandhing karo aku. 7 Kaya lanang-lananga dhewe Pt = kaya mung awake dhewe sing duwe kêkêndêlan. 4 Bawang lanang Pt = bawang sing tanpa siyungan. 5 Wong lanang padha lèk sanga Pt = padha dene wong lanang sing olèhe ana ing guwa-garba 9 sasi. 6 Sada lanang Pt = sada sing mawa kasiyat (lumrahe dianggo sabêt). 7 Lêlanange jagad Pt = wong sing kêndêl dhewe sajagad. 8 Sadulur pancêr lanang Pt = sadulur saka bapa.

Lare. 1 Kapi-lare Pt = wong kang awatak kaya bocah (mbocahi). 2 Lareangon = arane ula cilik awarna abang lan irêng. 3 Turu-lare Kss = arane lagu têmbang Dhandhanggula (lumrahe mawa laras pelog pathêt 6).

Prawan. 1 Prawan sunthi Pt = prawan kêncur. bocah wadon sing mèh ndungkap diwasa (prawan cilik, watara umur 13 taun). Prawan = nêdhênge mbabar prawa = praba = sorot). 2 Prawan gêndhor Pt = prawan kawak, prawan sing wis lungse, wis tuwa.

Priya. 1 Kulik priya Ws = Tuhu. 2 Priyambada Pd = putrane Janaka sing nggarwa Mustakawèni = kondhang, misuwur. 4 Utamane priya ndarbènana: curiga, wisma, turangga, wanita, kukila = Mr. curiga.

Randha. 1 Randha lanjar Pt = randha sing durung darbe anak. 2 Randha tanggung Pt = randha isih rada nom. 3 Randha kisi Pt = randha caluk, randha kuwat, randha sing darbe anak lanang wis gêdhe. 4 Randhakuning Pt = arane sawah sing sangar. 5 Lèpèk randhan Pt = lèpèk sing wis tanpa cangkir (cangkire wis pêcah utawa ilang). 6 Randha Widada Pd = asmane Srikandhi nalika namur laku ngupaya Janaka, nalika samana Janaka lagi mratapa ana ing Giripura asma Bagawan Endrajatikusuma. 7 Mbok randha Dhadhapan Kss = randha sing ora kawruhan jênênge, yaiku randha sing dingèngèri Dèwi Sêkartaji utawa Kèn Limaran (Candrakirana) ing sadurunge kagarwa Panji Putra. 8 Randha-kêmul Pt = arane panganan. 9 Randha samaya Pt = arane bakal klambi saka tênunan.

--- 32 ---

Rara. 1 Rarabentrok Kss = arane têmbang Gêdhe sing lumrahe dianggo mbawani gêndhing Montro. 2 Rara gêdhang Pt - prawan sing mêtêng. 3 Rara Mêndut Bb = putri boyongan saka Pathi sing nêdya digarwa Tumênggung Wiraguna ora gêlêm, malah banjur gandhèng karo Pranacitra. Rara Mêndut iku putrane Kyai Janala ing kutha Pathi, nganti saprene kampung sing biyèn diênggoni Kyai Janala diarani kampung Janalan. 4 Nyai Rara Kidul Bb = widadari Nawangwulan sawise oncat saka Jaka Tarub kondur mênyang Kawidodarèn ora ditampa dening para widadari (marga dianggêp wis ora suci), banjur tumurun mênyang donya manèh dêdunung ana ing samodra Kidul ngratoni lêlêmbut. 5 Dèwi Rara Irêng Pd = Sumbadra, Dèwi Bratajaya. 6 Palara-lara Pt = parara-rara = para nyai sing isih nom (ing kraton), utawa: sêlir sing durung diningkah. 7 Lung gadhung sêmune rara nglikasi Pl = pralambange Sunan Mangkurat putrane S. Pakubuwana I, bagus rupane, cacade rada thukmis. 8 Rara ngangsu randha loro anututi pijêr atukar Pl = pralambange jaman P. Mangkubumi lan R. M. Said madêg suraning panggalih sing wusanane P.Mangkubumi jumênêng Sultan Hamêngkubuwana I lan R. M. Said jumênêng P. Mangkunagara I.

Wadon. 1 Wong wadon abau laweyan Pt = wanita sing darbe cacad dhêkik ing poking baune, yèn omah-omah, sing lanang ora dawa umure. 2 Wong wadon cowèk gopèl Pb = wong wadon iku mung kari sakarêpe wong lanang; pêpindhane cowèk sing gopèl, isih dianggo kêna, dibuwang iya kêna. 3 Wong wadon iku swarga nunut nraka katut Pb = bêgjacilakane wong wadon iku gumantung marang sing lanang (bojone). 4 diwadonake Pt = dianggêp wong wadon, maksude: wong lanang sing dianggêp ora nduwèni kêkêndêlan. 5 Ora mambu wong wadon Pt = wong wadon sing tindak-tanduke lsp ora mèmpêr wong wadon. 6 Wong wadon iku paribasane "karubyuk kabotan pinjung". Pt = wong wadon iku ora bisa cancingan.

Wala. 1Walagita Kss = arane têmbang (gêndhing) laras pelog, geronge lumrahe ganggo[8] unèn-unèn: kêmbang adas lsp. 2 Pancawala Pd = putrane Puntadewa. Manut buku Mahabarata, Pancawala putrane dèwi Drupati awujud bocah lima: 1 Pratiwindya patutan karo Yudhisthira. 2 Sutasoma patutan karo Bima. 3 Srutakirti patutan karo Arjuna, 4 Satanika karo Nakula, 5 Srutasena karo Sadewa. 3 Sabuk-wala Pt = bêbêdan, jarite sing saparo dianggo kêndhit. 4 Suwala Kw = bangga, ora miturut, nglawan.

--- 33 ---

X. ALURANING SADULUR.

Dasanama: 1 Sadulur = kadang, kadeyan, sanak (sa + anak), warga, wangsa, wandawa, sêntana. 2 Anak = wêka, suta, siwi, sunu, tanaya, putra, atmaja, yoga, bani. 3 Bapa = sudarma, yayah, rama, bapak. 4 Biyung = biyang, êmbok, wibi, rena, umi, ibu. 5 Turun = trah, têdhak, thuras, wijil, rêmbês. 6 Atêgês anak utawa turun: Pandhawa = turun

Pandhu. Kurawa = turun Kuru. Yadawa = turun Yadu. Ragawa = turun (putrane) dèwi Ragu, yaiku Ramawijaya.

Arane turun: 1 Turun udhèt = turune wong asor. 2 Turune wong ahli laku = turune wong kulina tirakat. 3 Pidak padarakan cèkèl longaning bale = turun sudra. 4 Trahing witaradya = turune wong linuwih. 5 Turasing satriya = turune satriya (prajurit). Têdhaking amara tapa = turune pandhita. 7 Wijiling andanawarih = rêmbêsing madu = turune bangsa luhur. Turun wolu: anak, bapa (biyung), êmbah (putu), buyut, canggah, wareng, udhêg-udhêg, gantungsiwur, grêpak-senthe (gropak-senthe).

Uruting anak: 1 Pambarêp (pambayun). 2 Panênggah, panggulu. 3 Pandhadha; yèn anake kabèh mung lima, pandhadha iku uga diarani: pênêngah pamadya, pamade. 4 Sumêndhi utawa sumêndhe (kakang wuragil). 5 Wuragil (waruju).

Anak miturut cacahe: 1 Ontang-anting = anak lanang 1. 2 Unting-unting = anak wadon 1. 3 Ugêr-ugêr lawang = anak lanang 2. 4 Kêmbang sapasang = anak wadon 2. 5 Gêdhana-gêdhini = anak 2 lanang-wadon. 6 Sêndhang kaapit pancuran = anak 3 panêngahe wadon. 7 Pancuran kaapit sêndhang = anak 3, panêngahe lanang. 8 Sarimpi = anak 4 wadon kabèh. 9 Saramba = anak 4 lanang kabèh. 10 Pandhawa (Pandhawa pancala-putra) = anak 5 lanang kabèh. 12 Padangan = anak 5 wadone 1 (uga diarani: Pandhawa madhangake). 13 Pipilan = anak 5 lanange 1 (uga diarani Pandhawa ipil-ipil). 14 Pandhawa nyandhangi = anak 6 wuragile wadon. 15 Pathok = anak akèh panêngahe lanang. 16 Gendhong = anak akèh panêngahe wadon. 17 Sumarak = anak akèh lanange mung 1 utawa wadone mung 1.

Arane sadulur: 1 Adhi-ipe = bojone adhi. 2 Kakang-ipe = bojone mbakyu. 3 Mbakyu-ipe = bojone kakang. 4 Pripean = padha dene ngalap. 5 Paman = adhine lanang bapa utawa biyung. 6 Bibi = adhine wadon bapa utawa biyung. 7 Uwa = kakange utawa mbakyune bapa utawa biyung. 8 Nak-sanak = nak-dulur = tunggal êmbah. 9 Misan = tunggal buyut. 10

--- 34 ---

Mindho = tunggal canggah. 11 Ming têlu = tunggal warèng. Lan sabanjure.

Anak: 1 Anak angkat = anak pèk-pèkan, yèn wiwit cilik diarani anak pupon. 2 Anak-mas = bocah Jawa sing dipèk anak bangsa Eropah (Walanda). 3 Anak pujan = anak sing anane sarana dipuja, kayata: Garèng iku anake pujan Sêmar. 4 Anak anung anindhita Br = anak sing linuwih tanpa cacad. 5 Anak-putu = turun. 6 Atine sagunung anakan = mongkog bangêt. 7 Sagara anakan = sagaran, banyune lubèran saka sagara. 8 Anakane dhuwit = rèntê, uyahan. 9 Anak-anakan timun Bs = ngêpèk anaking liyan, barêng wis gêdhe dialap bojo. 10 Anak molah bapa kêpradah Pb = wong nêmu rêribêd marga saka luputing tindake anake.

11 Abot anak karo têlak Pb = luwih mrêlokake kaprêluaning anake tinimbang karo kaprêluaning awake dhewe. Iku wong-tuwa sing utama, dene sing asor: abot têlak karo anak. 12 Sêmut irêng anak-anak sapi Pl = pralambange Dèwi Sapudhi putri saka Wandhan, pakulitane irêng manis, kagarwa Brawijaya-wêkasan, pêputra Lêmbupêtêng. 13 Jumambak manak, jumêbêng mêtêng = wanita sing kêrêp bangêt manak.

Bapa: 1 Bapa kêsulah anak kêpolah Bs = anak wajib tanggung-jawab prakarane bapakne sing wis mati (Nyauri utange lsp). Takon bapa Pt = bocah wiwit lair durung tau sumurup bapakne, barêng wis gêdhe nakokake (Takone lumrahe marang biyunge utawa êmbahne). 3 Bapa-babune desa Pt = sing mêngku lan nguwasani desa. 4 Adam-Kawa iku bapa-babune wong sadonya Pt = Adam-Kawa iku sing nurunake wong sadonya. 5 Bapa-paman Pt = pak-cilik, adhine lanang bapa utawa biyung. 6 Anak molah bapa kêpradah = Mr anak.

Buyut. 1 Buyutên = tangane, sikile lsp. obah nrêthêk marga wis tuwa bangêt. 2 Kabuyutan Kw = papane para pêndhita, sanggar pamujan. 3 Satru bêbuyutan Pt = satru turun-tumurun.

Kadang. 1 Kadang-katut Pt = dadine kadang karo wong liya, marga ana sadulur sing dialap bojo dening wong liya mau. 2 Kadang konang Bs = sing diaku mung sadulure sing sugih, sing dadi priyayi, sing nduwèni kaluwihan. 3 Kêndhit mimang kadang dewa Bs = kalis ing bêbaya. 4 Olèh kadang ing tingal Pt = olèh wanita sing dadi panujuning ati. 5 Akadang saksi Pb = marahi marang saksi carane matur marang pangadilan, supaya wong sing marahi iku olèhe prakaran bisaa mênang. 6 Kadang-kadeyan Kw = sanak-sadulur, kadang warga.

Kakang. 1 Kakang-adhi Pt = sadulur tumruntun; entar: ora akèh kacèke, mèh padha gêdhene. 2 Kakang kawah adhi ari-ari Pr =

--- 35 ---

tinimbang laire bayi, kawah luwih dhisik, ari-ari luwih kari. 3 Kakang-mbok Pd = mbakyu.

Kaki. 1 Kumaki Pt = darbe ambêg kaya wong kaki-kaki, maksude: kaya wong wis sugih pangalaman, kumintêr. 2 Pancakaki Pt = wong sing dadi pinituwaning desa. 3 Kaki Prabu Gathutkaca Pd = têmbung "kaki" panyêbut marang priya kaprênah nom kang kinasih. 4 Nganti kakèn-kakèn ninèn-ninèn Pt = lêstari têkan tuwa (olèhe jêjodhoan). 5 Wis kaki-kaki = wis tuwa bangêt (tumrap priya).

Naya (tanaya). 1 Naya = Winayang, mangsa Kanêm. 2 Badranaya Pd = Nayantaka, Sêmar. 3 Nayagenggong = putrane Sabdapalon.

Nini. 1 Nini-nini kêmul kandhi Tyk = kacang. 2 Kumini = kuma + nini, diwancah sarana mbuwang perangan têngah: kum(an)ini = ambêke kaya

wis nini-nini, kaya wis sugih pangalaman, kumintêr. 3 Nini Dèwi Pd = têmbung "nini" panyêbut marang wanita kaprênah nom kang kinasih. 4 Nini Thowok = nini Towong = dolanan (tontonan) sing digawe wuwu lan siwur pinêtha wong-wongan (kêsurupan lêlêmbut). 5 Nini paès Bs = ndandani barang sing wis rusak bangêt.

Putra. 1 Bisa mancala putra mancala putri Br = bisa molah-malih warna dadi apa-apa. 2 Lir panjangputra dhawah ing sela Pp = kumêpyuring panone priya lan wanita kang gathuk ing pandulu lan padha dene kasinungan rasa sih-trêsna. 3 Pangeran Panji Putra Bb = Pangeran-putra ing Jênggala (Panji Asmarabangun, Inukêrtapati) sing nggarwa Sêkartaji (Candrakirana). 4 Prabu Banaputra Pd = Ratu Ayodya sing pêputra Dèwi Sukasalya utawa Dèwi Ragu, dadi kaprênah eyange Ramawijaya. (Sasedane Banaputra sing jumênêng Ratu Ayodya Dasarata). 5 Rêsi Kanekaputra Pd = Narada, pêpatih ing Suralaya, kahyangane ing Sidiudalulad.[9] Manut buku Purwakandha, Narada kakange Bathara Guru, sabab hyang Tunggal pêputra 4: Puguh (Togog), Punggung (Sêmar), Manan (Narada), Btr. Guru. 6 Darmaputra Pd = Puntadewa.

Sadulur. 1 Sadulur asu Pt = sadulur tunggal biyung. 2 Sadulur sarilak Pt = sadulur palihan = sadulur tunggal suson, kayata: Abiyasa karo Dewabrata (padha dene disêsêpi Dèwi Durgandini). 3 Sadulur kringkêl Pt = tunggal guwa-garba, bisa uga tunggal bapa barang. 4 Sadulur tunggal wêlad Pt = tunggal bapa-biyung (Jaman biyèn pangêthoke ari-ari nganggo wêlad. Tunggal wêlad = wêlad sing dianggo ngêthok ari-arine nunggal). 5 Sadulur sinarawèdi Br = sadulur sing rakêt bangêt; apiking

--- 36 ---

srawunge pêpindhane kaya sêsotya sing wis disarawèdi (digosok).

Sanak (sa + anak). 1 Sanak kêtêmu dalan Pt = mitra kulita. 2 Ora sanak wong, sanake mung dhuwit bae Pt = bangêt petunge marang dhuwit, nganti ora ngèlingi sadulur utawa mitra. 3 Angrong prasanakan Bs = ndhêmêni bojone sadulur utawa mitra. 4 Tuna satak bathi sanak Pt = tuna sathithik ora dadi apa, sok ugêr bisa wuwuh kuwanuhan. 5 Dudu sanak dudu kadang, yèn mati mèlu kelangan Pt = wong liya, nanging yèn nganti nêmu ora kapenak mêsthi dibelani. 6 Bacin-bacin iwak, ala-ala sanak Bs = sanadyan ala, isih sanak, yèn ana apa-apane mêsthi ora tega.

Suta. 1 Suta, Naya, Dhadhap, Waru, Gati, Niti Pt = nyêbutake wong-wong sing ora kawruhan jênênge. 2 Sutawijaya Bb = Panêmbahan Senapati, Mas Ngabèhi Loring Pasar, Ratu Mataram I. 3 Suta manut ing bapa Tyd = candrane mangsa Katêlu, gadhung, wi lan gêmbili wis wiwit katon mrambat (ing pagêr lsp).

Tunggal. 1 Tunggal rasa Pt = tunggal kawruh kabatinan. 2 Tunggal kokoh Pb = tunggal pagawean, olèhe mangupajiwa tunggal sapanggonan. 3 Sang Hyang Tunggal Pd = kahyangane ing

Alangalangkumitir, dewa sing pêputra: Wijamantri, Ismaya, Manikmaya (miyos saka garwa Dèwi Rêkathawati) lan Darmastuti, Dewanjali. Lodra (miyos saka Dèwi Drêmani).[10] 4 Sêdhakêp asuku tunggal = carane muja-samadi, yaiku tangane sêdhakêp sikile manunggal. Tunggal Guru = padha dene nampa piwulang saka sawijining Guru, kayata Prabu Jayabaya karo Ajar Subrata, gurune asma Maulana Ali Samsyu Zain.

XI. KRIYA, PANGUPAJIWA

Dasanama: 1 Gawe = kirtya, karti, kardi, karya, yasa. 2 Nyambut-gawe = makirtya, makarti, makardi, makarya, nambutkarya (yèn atêgês golèk pangan = ngupaboga, ngupajiwa). Arane kriya (tukang, pangupajiwa): 1 Para = ngêdolake mas-intên. 2 Blantik = bakul rajakaya (jaran). 3 Molang = bakul kêbo. 4 Kundhi = gawe barang saka lêmah. 5 Mranggi = gawe wrangka. 6 Pandhe = gawe gêgaman saka wêsi. 7 Empu = gawe gêgaman saka wêsi-aji. 8 Sayang = gawe barang saka têmbaga. 9 Jlagra = tukang natah watu. 10 Undhagi = gawe barang saka kayu (Tukangkayu). 11 Dhalang = nyritakake wayang. 12 Kusir = nglakokake dhokar. 13 Supir = nglakokake motor. 14 Masinis = nglakokake mêsin (sêpur). 15 Gamêl = ngrumat jaran. 16 Pakathik = nuntun jaran. 17 Panêgar = ngajari jaran. 18. Srati = ngopèni gajah. 19 Niyaga [Ni...]

--- 37 ---

[...yaga] = nabuh gamêlan. 20 Mrêbot = nabuh bêdhug. 21 Kêmasan = barang saka mas (slaka lsp). 22 Koki = olah-olah. 23 Juru madhaharan = olah-olah ing dalême bangsa luhur. 24 Grêji = ndondomi. 25 Calak = nêtaki. 26 Pangobèng = buruh mbathik. 27 Singanagara = lêgojo, tukang nindakake ukum kisas (ukum pati). 28 Tuwa-buru = abdining ratu kang pakaryane mbêburu. 29 Grêma = tukang mbêburu (dudu abdining ratu). 30 Tuwa-rawa = abdining ratu juru miyasa iwak. 31 Inya = tukang nusoni. 32 Emban = tukang momong. 33 Gêmblak = gawe barang kuningan. 34 Banjarwaru = wong sing nglamarake (mawi opah). 35 Congkok = lantaran bêbesanan (tanpa opah). 36 Jomblang = nglantarake bêbedhangan. 37 Lurah-têkèk = jomblang, lêlurahe palanyahan. 38 Gandhèk = nglantarake dhawuhe ratu (nawala-dalêm). 39 Blandhong = tukang nêgor kayu (punggawa desa). 40 Kere = pêpriman, ngêmis. 41 Maling = tukang nyolong. 42 Lonthe = lèndhi, tlêmbuk (bisa kagok Banyumas). 43 Bakul = dodolan. 44 Sudagar = sambiwara, sambewara, bakul gêdhe; yèn Sudagar bangsa Indhu jênênge koja. 45 Juragan = dagang gêdhe bangêt. 50 Wali = mêncarake agama Islam. 51 Badal = wêwakil ing babagan agama. 52 Pangon = tukang angon. 53 Padang = tukang adang. 54 Wuruk = nglakokake pedhati (grobag, kreta). 55 Kerata = mbêburu (grêma).

Wong ala: 1 Maling = nyolong wayah bêngi. 2 Kècu, koyok, kampak = maling akèh wayah bêngi kanthi pamêksa. 3 Culêng = kècu sing lêbune kaya maling, gêlêm mêmatèni. 4 Garong = wayah awan utawa bêngi, wong akèh, sarana pamêksa. 5 Begal = wong siji utawa loro ngadhang

dalan lan njaluk kanthi pamêksa. 6 Nyêbrot = ngrêbut gawan utawa panganggo banjur mlayu. 7 Nyêlêr = nglimpe njupuk barang sing diadhêp dening sing duwe banjur lunga. 8 Mblurut = nyolong barang sajabaning omah ing wayah awan (ing memean lsp). 9 Mbarak = nyolong rajakaya ing kandhang wayah bêngi. 10 Mbradhat = nyolong rajakaya wayah awan ing pangonan. 11 Kutil = nyêlêr barange liyan kang digembol utawa digawa ing papan rame. 12 Ngubut-ubut = nyolong ing omahe wong wayah esuk. 13 Nayap = nyolong ing omahe wong wayah awan. 14 Njelag = ngapusi ana ing dalan. 15 Milah = ndudut kêris si diênggo (saka buri). 16 Mbêdhog = nyêkêl kewan iwèn sing lagi saba (pitik lsp). 17 Bajag = begal ing sagara.

--- 38 ---

Dagang. 1 Dagang tuna andum bathi Bs = gawe kabêcikan sarana lantaran wong liya. 2 Pêdhèt ndagangi Pt = wiwit bisa mlaku. 3 Pagaweane didagang Pt = disêsuwe, supaya akèh wêtuning opahe.

Dhalang. 1 Dhalang opah-opah Bs = wis rêkasa tanpa pituwas, malah tombok. 2 Ana sing ndhalangi Pt = sing ngêthuk-éthukake rêmbug murih dadine. 3 Lungguh ngêdhangkrang kaya dhalang Bp = lungguhe katon angkuh. 4 Kaya dhalang kurang sajèn Pp = wong carita utawa gunêman sing sajak katon kurang grêgêt-saut, sêmu kêmba. 5 Dhalang ora kurang lakon Pb = wong iku lumrahe ana-ana bae akale. 6 Dhalang krubuhan panggung Bs = wong sing sanalika kandhêg gunême, marga kuwêlèh. 7 Dhalang Kandhabuwana Pd = Wisnu nêdya mbatalake mêmangsane Kala sing wis diparêngake dening Bathara Guru lan dèwi Uma, tumurun ing Marcapada dadi dhalang aran Kandhabuwana kanthi pangêndèr Nyi Saruni (malihane Brama) lan panjake aran Ki Panjakdhalangklungkung (malihane Narada), caritane wayang aran lakon Amurwa-Kala.

Durjana. 1 Durjana mati raga Pb = durjana sing atekad pati. 2 Durjana murang karsa Bs = panggêde kang murang saka parentahe. utawa pangadilan sing murang saka pangadilane. (Dur = ala. Jana = wong).

Dhustha. 1 Anirna dhustha Pb = têtulung wong ala murih aja nganti kêcêkêl pulisi. Kukila kang among dhustha Ws = kulik, bênce, tuhu. 3 Dhinustha Kw = dicolong.

Êmban. 1 Bayi diêmban ujung = diêmban sikile nggêjojor lan rapêt dadi siji. 2 Bocah umur 9 sasi diêmban pèkèh = diêmban sikile ngêtapêl. 3 Jumênênge ratu diêmbani ingkang paman = panguwasane diwakili ingkang paman (marga kurang umur). 4 Pindha sêsotya coplok saking êmbanan Pd = pêpindhane putri kang oncat (lolos) saka kraton. (Sêsotya ngibarat: putri: êmbanan = blêngkêring ali-ali sing ditrapi sêsotya, ngibarat kraton). 5 Ngêmban dhawuh Bs = nglantarake dhawuh. 6 Êmban cindhe êmban siladan Bs = ora adil pangrêngkuhe, pilih-sih. 7 Sotya murca saking êmbanan Cd = candrane mangsa Kasa, akèh gêgodhongan sing padha rontog (wit brindhil).

Êmpu. Asmane êmpu: 1 Supadriya. 3 Supa-nom: putrane Jaka Supa. 4 Supagati. 5 Jigja: putrane Supagati. 6 Singkir asal saka Madura. 7 Sarap ing Blambangan. 8 Pitrang: asmane Jaka Supa nalika ana ing Blambangan. 9 Bêkêljati. (Mr. kaca 17).

Gêntho. Gêntho tlengsor Pb = wong ala ngulandara (nyolong ana ing paran).

--- 39 ---

Kere. 1 Kere munggah ing bale Bs = wong asor didadèkake priyayi. 2 Kere nêmoni malêm Pp = kere mênangi Mulud = mêmangan kanthi dhokoh bangêt lan tinggal tata.

Koja. sudagar bangsa Indhu). Mênthung koja kêna sêmbagine = rumangsane ngapusi, satêmêne kapusan.

Lèndhi. Lèndhi mahas Pb = lonthe sing marèni panglonthene.

Maling. 1 Maling arêp Bs = nyênyilih apa-apa ora dibalèkake, malah banjur dinarbe. Utawa: ngilangake barang silihan ora gêlêm ngllironi. 2 Maling atma Pb = maling sing ngarah pati. 3 Maling nêbu sauyun Pb = sabrayat (sasadulur, tunggal saomah) dadi wong ala kabèh. 4 Maling raras Pb = maling rêtna, maling dèndhèng = nyidra asmara. 5 Maling kêbunan Bs = wong têka ing plataraning liyan (wayah esuk) prêlu nindakake pangapus marang wong sing duwe plataran. (Kêbunan = kêna ing êbun, marga ora ana sajrone wangon, mung ana ing plataran bae). 6 Maling timpuh Pb = ndandani barange liyan kanthi opah, ngêlong barang sing didandani (Kayata: kêmasan sing awatak slingkuh, gêlêm ngêlongi êmase barang sing didandani). 7 Maling sandi Pb = nêdya nandukake panggawe ala, nanging carane ora ngatarani. 8 Maling sakuthu Pb = maling sing wis sarêmbug karo tanggane wong sing nêdya dimalingi. 9 Maling sadu Pb = wong ala sing tindak-tanduke katon kaya bêcik. 10 Sajuligane maling lawas-lawas mêsthi pinidana Pt = wong ala lawas-lawas mêsthi konangan tindake ala. 11 Maling totos Pb = gêgêdhuge maling, benggole gêntho. Tolos = jêjênggul, lêlurah). 12 Maling samun Pb = wong nêmu barang ora rêpot marang pamarentah. 13 Maling aguna Pb = wong ala sing pintêr bangêt nandukake pialane.

Saksi. 1 Saksi rumêmbe Pb = saksi susulan. 2 Saksi ngiwak-iwak Pb = saksi sing mung awêwaton krungu swara (swaraning padu, tantang-tinantang lsp), ora ngrêti dhadhakane lan kadadeane. 3 Saksi pondhongan Pb = saksi sakuthah = saksi gawewan (sadulur utawa mitra). 4 Saksi kulina darma Pb = saksi sing paturane marang pangadilan adhêdhasar kabêcikan utawa katêmênan. 5 Saksi maha ciri Pb = saksi sing ora pinracaya dening pangadilan, marga wis misuwur wong ala watake. 6 Saksi aji Pb = saksi bangsa luhur (wong gêdhe). 7 Saksi ngandha gêrah Pb = saksi akèh paturane ngayawara marang pangadilan (Gêrah Kw = gludhug). 8 Durkara saksi Pb = saksi sulaya

padha saksi. 9 Saeka saksi Pb = sagolong pikir karo sing padha saksi. 9 Saeka saksi Pb = sagolong pikir karo saksi gawean. 10 Akadang saksi Pb = wong prakaran

--- 40 ---

sing muruki saksi carane matur marang pangadilan. 11 Akutha saksi Pb = sumendhe marang paturane saksi. 12 Karoban saksi Pb = wis akèh wong sing mêruhi panggawene ala (ora bakal bisa mungkir manèh). 13 Saksi dana Pb = saksi wong sugih. 14 Saksi wanto Pb = saksi Guru. (Wanto = wantya). 15 Ina saksi Pb = prakara kang kurang kuwat saksine, kayata: mung asaksi siji, asaksi wong sing kurang jêjêg èngêtan lsp.

Tani. 1 Tani bêntil Pt = wong tani sing mungkul bangêt, tani bangêt. 2 Patani = patanèn = sênthong têngah, ora dianggo kamar-turu, mung pangantèn sing mêntas têmu lumrahe diturokake ing patani (patanèn, kobongan, pabongan).

XII. AWAK

Dasanama: 1 Awak = angga, badan, lingga, dhiri, dheha, sarira, salira, raga, tubuh, wanda.

Pawakan: 1 Lêncir = dhuwur, nanging ora kaduk. 2 ndlondèng = dhuwur kêpara kuru. 3 Cebol = kaduk cêndhèk, luwih bangêt tinimbang pèndhèk. 4 Cebol kêpalang = yèn ngadêg êndhèk, yèn lungguh katon dhuwur. 5 Kakkong = sikile cêndhak, gêmbunge dawa. 6 Kongêl = sikile dawa, gêmbunge cêndhak. 7 Pidêksa = dêdêg sêdhêngan tumrap priya. 8 Srêntêg = dêdêg sêdhêngan tumrap wanita. 9 Sadhepah = kêpara êndhèk, dhadhane jêmbar. 10 Ngringin sungsang = awake perangan dhuwur cilik (kaya wit wringin diwalik).

Pawakan wayang. Pawakane siji-sijine wayang diarani "wanda", wayang siji terkadhang mawa wanda luwih saka sawarna, kayata Baladewa. Baladewa sing dianggo jêjêran wayah sore (gêndhing pathêt 6), wayah bêngi gêndhing pathêt 9) lan prak-esuk (gêndhing pathêt Manyura) apadene Baladewa sing dianggo ing carita pêrang paa "wanda wayang" saw. Ing ngisor iki tuladha "wanda wayang" sawatara:

1 Baladewa - sêmbada, kagèt, gègèr, paripêksa. 2 Krêsna - gêndrèh, rondhon, mawur. 3 Janaka - mangu, pangasih, kinanthi, pangawe. 4 Puntadewa - panuksma, malatsih, puthut. 5 Wrêkudara - lintang, gurnat, mimis. 6 Setyaki - akik, wisuna. 7 Karna - bedru, lonthang. 8 Dasamuka - bugis, bêlis. Ratu buta (kajaba Dasamuka) - barong, macan. 10 Bathara Guru - arca, karna. 11 Suyudana - jangkung. 12 Sêmar - brêbês, dhunuk, ginuk. 13 Garèng - Wregul, kancil.

--- 41 ---

14 Pètruk - jêglong, moblong. 15 Bagong - gilut, gêmbor. 16 Bathari Durga - gêdruk, gidrah. 17 Sembadra - rangkung. lentreng. 18 Srikandhi - patrêm, golèng.

Angga. 1 Angga pindha prabata Pp = awake kaya gunung, gêdhe bangêt. 2 Kari anggana Kw = kari ijèn (maune ana kancane). 3 Wrêdhu-angga Kw = lintah. Wrêdu = ulêr). 4 Dipa-angga = dipangga Kw = mawa awak gêdhe, yaiku gajah. 5 Anggana-raras Kw = wanita ayu. 6 Yoga angangga yogi = darbe-pambêkan kaya Guru. têmuwa.

Awak. 1 Awak pèndhèk budi ciblèk Bs = wong sor tur budine uga asor. 2 Awak-awak Pt = ora adus wuwung (ora digrujug têkan ing sirah), adus mung ing gêmbung bae. 3 Minangka awak-awaking panggêdhe Pt = wêwakile panggêdhe. 4 Lara ati, ora lara awak Pt = sêrik, ora lara (awake). 5 Sumêngka pangawak braja Br = sowan bangsa luhur tanpa ditimbali: utawa: sowan ratu tanpa nganggo lantaran.

Badan. 1 Badan-alus = jiwa, suksma. 2 Badan-wadhag = awak kang kasatmata, raga. (Ing jaman biyèn têmbung "raga" atêgês: nafsu, nanging ing jaman saiki ditêgêsi: awak). 3 Bêbadan = pakumpulan.

Dhiri. 1 Dhiri pribadi Kw = awake dhewe. 2 Mandhiri Kw = madhêg[11] dhewe, ora kawêngku ing liyan. Watak dhiri = angkuh, ora sumanak.

Lingga. 1 Alingga bathara Br = asalira dewa, dadi dewa (sawise mati). 2 Kalingga nata Bp = prakara sing wis kêlêtan jumênênge ratu liya. 3 Dahat kalingga murda Br = dipundhi-pundhi bangêt, dièstokake bangêt (dhawuhe, pangandikane lsp). 4 Kalingga warsa Br = têmbung sing dadi awak-awake têmbung andhahan. 6 Lingga-andhahan = andhahan sing kêna dianggêp lingga, lumrahe kêna dianggo bêbarênagan karo têmbung "pating". 7 Kriya-lingga = têmbung kriya sing awujud lingga, kayata: adus, dandan, dolan lsp).

Raga. 1 Anor raga Br = andhap-asor. 2 Nglugas raga Br = namur laku sarana manganggo prasaja (supaya wong-wong ora padha ngrêti). 3 Ngrêraga Br = ngadi raga, ngadi salira, ngadi busana, mêmacak awak. 4 Raga karana Br = nêngsêmake, agawe tuwuhe sih-trêsna. 5 Ora raga Br = tanpa maujud. 6 Among raga Br = among salira, ngapenakake awak, ora ngaya-aya. 7 Wiraga Br = solah bawa sing nêngsêmake (digawe-gawe). 8 Mêsu cipta mati raga Br = prihatin, tirakat,

--- 42 ---

ulah tapa. 9 Manting raga Br = kosok-baline: among salira utawa among raga. 10 Ngraga suksma Br = ngoncatake suksma saka ing badan wadhag. 11 Mêndhêm raga Br = mêndhêm kula, namur murih ora katon yèn bangsa luhur. 12 Bagawan Mintaraga = bagawan sing mratapa ing guwa Witaraga (dumunung ing wukir Indrakila) yaiku Ciptaning (Janaka). 13 Imbal lir mandaraga Pp = gilir-gumanti (swarane) kaya unining

gamêlan Mandaraga = gamêlan, asale saka têmbung Sangsêkêrta: mardangga, atêgês: kêndhang.

Salira. 1 Salirane = kang salira, kowe. 2 Salira dana Pb = sarwa rila marang barang-darbèke. 3 Têbah jaja tanya salira Br = ngusap dhadha karo ngunandika: "Gèk luputku bae apa?" 4 Mbêlah salira Pt. = olèh biji utawa wilangan ing dolanan pèi 340 luwih; yèn luwihe 1 aran mbêlah salira, yèn luwihe 2 aran mbêlah salira, mangkono satêruse têkan mbêlah salira 9. 5 Kawuk ora wêruh marang salirane = wong asor dadi luhur, lali yèn biyèn asale saka wong asor.

Cebol. Cebol nggayuh lintang Bs = wong sèkèng darbe panggayuh gêdhe. 2 Cebol pêlikan Bs = wong sing pangupajiwane dianggêp asor, sanajan ora kêna diarani nistha. (Melik iku dianggêp pagawean sing asor). 3 Cebol kêpalang = cebol tur kakkong.

XIII. ÊNDHAS

Dasanama: Endhas = pathak, thothok, sirah, mastaka, mustaka, murda, kêpala, ulu, kumba, utamangga.

Pakartine êndhas: Gèdhèg, mèlèng,[12] manthuk, gela-gelo, ndhingkluk, ndhêngangak, pacak-gulu lsp.

Wangune êndhas: 1 Anggandhèn = kaya gandhèn. 2 Maesan = perangan ing buri rata (ora njêndhol). 3 Thokthing = sirah sing cilik bangêt, saka camboran wantahan thothok + kathing.

Endhas. 1 Endhas gundhul dikêpêti Bs = wis kapenak saya luwih dikapenakake. 2 Endhas digawe sikil, sikil digawe êndhas Pb = kanthi rêkasa bangêt. 3 Gêdhe êndhase Et = kumlungkung. 4 Kêgêdhèn êndhas kurang utêg Pb = kêgêdhèn panjangka kurang kapintêran. 5 Diulungake êndhase digondhèli buntute Bs = ing lair rila, ing batin isih owêl, toging êndon ora diwènèhake. 6 Embuh, ora wêruh êndhas trasi Pb = bênêr-luput ora praduli, sadulur kudu dibelani. (Ing padhalangan sing sok dicaritakake mangkono Radèn Wrêkudara). 7 Tawon êndhas = tawon sing omahe gumandhul lan gêdhene nganti saêndhas wong. 8 Endhasing banjir Et = ilining banjir kang katon ing ngarêp dhewe awujud sangkrah utawa anggrah-anggrah.

--- 43 ---

Gèdhèg. Si gèdhèk lan si anthuk Bs = wong loro sing wis padha kêkêthikan.

Githok. Ora ngilo githoke Pt. = ora ngèlingi (ora sumurup) marang kasèkènganing awake dhewe.

Gundhul. Panase kaya mêcah-mêcahna gundhul Pp = panas sing bantêr agawe ngêlu, rasane sirah nganti kaya mêngkap-mêngkap arêp pêcah. 2 Endhas gundhul dikêpêti = Mr êndhas. 3 Klêbon Cina gundhulan = kêtêkan wong ala banjur kapusan.

Kêpala. 1 Kêpala desa = panggêdhene desa, lurah desa. 2 Dikêpalani = dipanggêdhèni. 3 Netra kêpala Kw = mripat lumrah, mripat kang katon iki, kosok-baline: netra pramana (Netra pramana bisa sumurup, sanadyan netra lumrah iki mêrêm). 4 Gègèr kêpala Bs = ratu gugat-ginugat karo sêntana.

Kumba. 1 Kumbakarna Pd = asmane senapati ing Alêngka, adhine Prabu Dasamuka. 2 Diêdu kumba Bs = diêdu sirah padha sirah, kayata Maesasura lan Lêmbusura (Ratu lan patih ing Guwakiskêndha) seda barêng marga diêdu kumba dening Subali. 3 Kumbayana Pd = asmane Durna nalika isih timur. 4 Dityakumba lan Aswanikumba = putrane Kumbakarna.

Mèngèng. Nadyan awrat botên badhe satriya mèngèng dhatêng kuwajibanipun Br = satriya têmtu nêtêpi dhateng kuwajibanipun, sanadyan awrat kados punapa.

Murda. 1 Aksara murda = aksara maha-prana, aksara gêdhe. 2 Ngêndhat tali murda Br = ngalu pati sarana nggantung. 3 Praja kabali murda Bs = Ratu nggugat marang kawula (rakyat). 4 Tinigas murdanya Kw = dikêthok sirahe (gulune). 5 Yèn bangga rampungana, cangkingên murdane Br = yèn ora manut patènana, sirahe gawanên mrene (katura marang ingsun). 6 Murdaningrat ing jagad pramuditaya Br = kêpalaning jagad kabèh, ratu ing sajagat-rat.

Mustaka. 1 Kapêtak ing mustaka Br = dipêndhêm ing sirah, maksude: dipundhi-pundhi bangêt. 2 Wastra tumrap mustaka Ws = ikêt. 3 Mustakawèni Pd = putri adhine Prabu Bumiloka ing Imaimantaka (kagarwa Priyêmbadra[13] putrane Janaka).

Pathak. 1 Dipathak = dibalang sirahe nganggo barang atos. 2 Kêpathak kêlacak Bs = ora bisa ngungkiri kaluputane, marga wis kêbuktèn. Jaman biyèn ana kêbo ilang, lacake têkan pomahane wong: omahe wong iku digledhah, tinêmu ana pathake kêbo sing ilang; wong sing duwe omah kêpêksa ngakoni manawa dhèwèke sing nyolong kêbo iku.

Sirah. 1 Cacah sirah Pr. = mung dietung cacahe utawa kèhe bae, tanpa ngelingi gêdhe-cilike lan ala-bêcike. 2 Trisirah Pd = putrane Dasamuka. 3 Pajêg pasirah Pt = pajêg kang diwajibake [diwa...]

--- 44 ---

[...jibake] marang kabèh wong. 4 Pangkat pasirah = bangsane kêpala desa, lurah desa.

Sundhul. 1 Kêmbang sundhul-langit Pt. = kêmbang kênanga. 2 Disundhul puyuh = diumbulake dhuwur (tumrap yun-yunan). 3 Kêsundhulên Pt. = durung disapih biyunge wis mêtêng. 4 Ora bisa nyundhul kapintêrane Suta Pt. = ora bisa madhani.

Thothok. 1 Dithothok = ditamani thothoke nganggo gêgêring athik-athikan driji. 2 Ora thothok-jawil Bs = ora wêwarta marang wong sing pantês dijaluki rêmbug. 3 Aluwung cilik thothok bêthik, tinimbang gêdhe êndhas rese[14] Pt. = aluwung barang cilik sing pangaji tinimbang gêdhe kurang pangaji.

Tungkul. 1 Ditungkulake Et = ditinggal lunga sarana dilimpèkake, ditilapake. 2 Aja kêtungkul mangan enak turu kapenak Pt. = nduwènana prihatin. 3 Nungkul Kw = têluk marang mungsuh. 4 Mungkul olèhe sinau Pt. = tumêmên, ora slèwèngan. 5 Tungkul = Ws Jênu tawa.

Ulu. 1 Ulu ati = pulung ati, lêgokaning dhadha kaprênah pênêr karo dununge ati. 2 Mantri ulu-ulu = mantri irigasi. 3 Ulubalang = senapati. 4 Karangulu Kw = karang (panggonan) + ulu (sirah) = panggonane sirah, yaiku bantal. 5 Ngarangulu Pt. = ngalap bojo mbakyu-ipe, marga kakangne mati. 6 Ana ing ulon-ulon, tumrap paturon utawa kuburan; kosok-baline: ana ing dagan (kaprênah sisih ngisor, ing papan dunungе sikil). 7 Pangulu = panggêdhene agama. 8 Têkèk mati ulone Bs = nêmu cilaka marga saka gunême dhewe. 9 Uluguntung = cantrik, cèkèl, manguyu, jêjanggan. 10 Kolu (ka + ulu) = kêlêg, bisa klêbu.

Utamangga. Pinocok utamangganira Kw = dikêthok sirahe.

XIV. RAI, BATHUK.

Dasanama: 1 Rai = pasuryan, praupan, muka, wadana. 2 Pipi = pangarasan. 3 Janggut = kêtêkan, sadhêgan. 4 Rupa = (potongane rai) citra, warna, dhapur (kasar). 5 Bathuk = palarapan, têgêse: papan larap, yaiku rêrênggan bathuk awujud blèbèkan mas. Bathuk dikramakake inggil palarapan, sabab jaman biyèn para luhur padha mawa rêrênggan larap.

Bathuk. 1 Bathuk nonong = cunong, manyul. 2 Bathuk banyak = kaduk nonong. 3 Bathuk lêngar = kaduk amba. 4 Bathuk nyela cêndhani Cd = kaya sela cêndhani (marmêr), yaiku alus sumorot. 5 Bathuk ngungkal gêrang Cd = kiwa-têngên kaya mawa sogokan. [so...]

--- 45 ---

[...gokan.] 6 Thukmis Pt. = priya kang awatak: manawa sumurup wanita sing bathuke klimis (ayu) banjur tuwuh sênênge. 7 Sadumuk bathuk sanyari bumi Bs = prakaran bab wanita lan palêmahan lumrah nganti ditohi pati.

Dhapur. 1 Ala dhapure Ks = ala rupane. 2 Ora dhapur = ora mèmpêr. 3 Dhapur jigja ganda wulung = kêris sing ganjane karo wilahane seje warnane. 4 Kêris dhapur naga-lumaksana = kêris mawa luk. 5 Kêris dhapur naga-tapa = kêris tanpa luk (lêncêng). 6 Jaksa pring sadhapur = pangadilan kang pangarsa lan wargane kabèh nunggal sasadulur.

Janggut. 1 Janggut nggolèng = nyanthuk, uwange gêdhe. 2 Kanggo obah-obah janggut Pt. = dipangan nalikane kêpengin mêmangan, tinimbang ora ana sing dipangan. 3 Suku jaja têkên janggut Br = kanthi rêkasa bangêt.

Muka. 1 Dasamuka Pd = Rawana, putrane Rêsi Wisrawa kang pambayun miyos saka garwa Dèwi Sukèsi. (Putrane Dèwi Sukèsi papat: Dasamuka, Kumbakarna, Sarpakanaka, Wibisana). 2 Mantrimuka = patih. 3 Rêksamuka arane gunung papane Ramawijaya kêtêmu karo Anoman kang sapisanan. 4 Gohmuka Pd = utusane Prabu Danaraja Ratu Lokapala kang dipatèni dening Dasamuka. (Nalika Anoman diobong ana ing Alêngka, awake kêpanjingan sukmane Gohmuka). 5 Yaksamuka Pd = utusane Dasamuka sing didhawuhi ngupaya mustaka pêndhita 1000 arêp dianggo nêkani pêpanggile Dèwi Citralangêni putri ing Tunjungpura. 6 Wahmuka-Arimuka Pd = arane ditya loro sing dipatèni Sêmar, nalika Sêmar arêp dhaup karo dèwi Kanastrèn (putrane Prabu Sasrasudarma ing Pulorajapêthi). Uga arane ditya loro sing kadadean saka banyu kawah lan ari-arine putri kêmbartêlu (Amba, Ambika lan Ambalika). 7 Muka kadya konjêm bantala Br = raine kaya mèpèd ing lêmah (saking tumungkule). 8 Parangmuka Kw = mungsuh.

Pipi. 1 Pipi ndurèn sajuring Cd = kaya durèn sajuring, yaiku pipi sing lancap. 2 Pipine wis kêmpong-perot Pt. = kuliting pipine lêlêmpitan, marga wis tuwa bangêt.

Rai. 1 Rai gêdhèg Bs = rai teki, rai dhingklik, rai trumpah, ora idhêp isin. 2 Napuk rai Bs = gawe wirang ana ing pasamuwan. 3 Enya dhadha êndi rai Pt. = ayo padha adu-arêp (aja mung muna-muni ana ing buri). 4 Wêdi rai wani silit Pb = wanine mung muna-muni ana ing buri, yèn adu-arêp ora wani.

Rupa. 1 Luwih rupa kurang candra Br = isih luwih endah rupane wong sing dicandra tinimbang karo olèhe nyandra. 2 Salah

--- 46 ---

rupa Pt. = malah dadi wêwujudan sing anèh lan mêmêdèni, kayata malih danawa gêdhe bangêt (tiwikrama). 3 Rupane kiwa Et = ora bagus, ora ayu. 4 Sanadyan ala tanpa rupa, wong tuwa kudu diajèni Pt. = sanadyan rupane ala tur sèkèng, wong-tuwa wajib diajèni. 5 Rupane kaya jambe sinigar Pt. = rupane padha jèblês (kayata: Subali karo Sugriwa, Anoman karo putrane kang aran Trigangga).6 Yèn ana rupa dudu rupa, aja kurang wêweka Pt. = yèn ana barang anèh nyalawadi, di ngati-ati. 7 Rupakenca

lan Kencakarupa Pd = Putrane Palasara kang miyos saka Dèwi Kêkayi (putrane Prabu Kekaya ing nagara Kencakapura). 8 Nir tan rupa kadulu Skl = sêngkalan wêkasane buku Jangka yasan Ranggawarsitan sing diucapake dening Jakalodhang (atêgês taun 2100).

Citra. = rupa, tulis. 1 Wicitra = linuwih rupane (bagus, ayu). 2 Cinitra = ditulis, digambar. 3 Juru citra = panitra, jurutulis. 4 Citragada lan Citrawirya = putrane Sêntanu miyos saka Dèwi Durgandini.

Wadana. 1 Pada-wadana Pt. = coraking rai, rupane. 2 Pangkat wadana - kliwon, panggêdhene dhistrik. 3 Prang Wadana = asmane P. Mangkunagara sadurunge yuswa 40 taun.

Wang. 1Wang malang = wang sing sêmu njêbèbèh (kalêbu ala). 2 Sanggawang = nyagak wang nganggo èpèk-èpèk. 3 Wang nyangkal putung Cd = wang sing wêkasane sajak awangun mojok, nanging ramping ngrêsêpake. 4 Kêmba wang = mêmangan utawa gunêman mung tinimbang nganggur.

XV. KUPING.

Dasanama: Kuping = talingan, karna, karni. Rêrênggan kuping: suwêng, anting-anting, sumping, cêplik.

Wangune sumping (wayang): 1 Pudhak sinumpêt (pudhak satêgal) = agême Wrêkudara. 2 Surèngpati = agême para ratu (Krêsna, Suyudana lsp). 3 Wadêran = agême satriya lan bambangan (Janaka lsp). 4 Kêmbangkluwih = agême para satriya sing apolatan sêmu mbranyak (Samba lsp). 5 Gajah-ngoling = agême putri (Dèwi Ratih, Tara, Sukèsi lsp). 6 Pring sadhapur = sumpinge danawa pracore (buta rucah).

Karna. 1 Karna binandhung Pb = têgêse lagu: kuping dirangkêp, maksude: krungu kabar ora saka êtuke, krungune marga dikandhani dening liyan. 2 Kalpika pasrèn karna Ws = ali-ali rêrêngganing kuping, yaiku anting-anting. 3 Adipati Karna Pd = putrane Bathara Surya miyos saka Dèwi Kunthi. 4 Gohkarna Pd = pratapane Wibisana sawise sèlèh kaprabon.

1. jayamrata.
2. putih.
3. § 1) Dene prapatan Saptarêngga, bênêre Sata-srêngga, têgêse: pagunungan apuncak satus (Mahabarata Bismaparwakaca22).
4. Dasanama.
5. kanthi.
6. marus.
7. § Narasoma = nara (wong) + soma (rêmbulan) = wong sing rupane kaya rêmbulan, bagus bangêt.
8. nganggo.
9. Sidi udal-udal.

10. Brêmani.
11. madêg.
12. mènglèng.
13. Priyêmbada.
14. rase.

--- 47 ---

Kuping. 1 Ngoroki kuping Pb = ngandhani. 2 Kuping budhêg dikoroki Pb = wong sing ora krungu lan pancène ora prêlu krungu mêksa dikandhani. 3 Sipat kuping Pt. = lumayu rikat bangêt. Jamur kuping = jamur kang wangun lan kaanane kaya kupinge manusa, lumrahe tuwuhe ana ing prabatang (watang, wit). 5 Kandêl kupinge Pb = ora idhêp isin (sanadyan krungu têmbung sing pantês agawe isine mêksa ora isin). 6 Ngabangake kupung Pb = agawe muring.

Rungu. 1 Krungu têmbang rawat-rawat Br = têgêse lugu: krungu unine barang ditabuh mung lamat-lamat, ora cêtha, maksude: krungu kabar sing durung ngrêti nyata lan orane. 2 Kêmbang sengon, nom-nom suda prungon Pr = kanggo ngunèni wong (nom) sing kurang têngèn pangrungune. 3 Kulak warta adol prungon Pb = têtakon pawarta lan ngandhakake pawarta kang wis rinungu. 4 Anon rungu Br = ngrêrungokake pawarta.

Talingan. 1 Lir sinabit talingane Pp = kaya siniwal kupinge, marga krungu têmbung utawa pawarta sing agawe muring bangêt.

XVI. MATA

Dasanama: 1 Mata = aksi, èksi, mripat, netra, soca, caksu, caksuh, tingal. 2 Wêruh = anon, uning, uninga, udani, wrin, wikan, upiksa, upaksi. 3 Ndêlêng = ndulu, miyat, nupiksa, mriksa. 4. Katon = kasatmripat, kasatmata, kèksi, kengis, kawistara, kawuryan, kawangwang, ketok.

Pakartine mata: wêruh, nonton, sumurup, ndêlêng, nyipati (kapinujon wêruh), dhêngêr (wêruh lan ngrêti), tumon (wêruh sadhela), anon, ngrungu (wêruh lan krungu), ngujiwat (nolèh sakêplasan mawa ulat manis kanthi sasmita kêdhèp), nglirik, mlerok (marga ewa), mlêruk (nuduhake ulat ala), mandêng, nginjên, ngintip (ndêlêng saka pandhêlikan), manthêlêng, macicil, mandêlik, mlirik, nyawang, ngulat-ulatake, ngingêtake, ngliling.

Darwane mripat: awas, blêrêng, cadhok, blolokên, buwananên (kabuwanan), lamur, mamak, pice, wuta, rèbès, rèmbès.

Bêdhahane mripat: 1 Blalak-blalak = ora kaduk amba lan katon rêsik. 2 Mbalut = sêdhêngan ambane sêmu njait lan luruh rada kocak. 3 Lindri =

sêdhêngan ambane lan luwês. 4 Liyêp = lèking mripat rada ciyut, nanging luwês. 5 Talup = tlapukane sing sisih dhuwur tumindhih tlapukan sing ngisor (kaya mripate wanita Cina). 6 Suthup = pucuke mripat kêpara mangisor, alise dhuwur ngarêp. 7 Ciyut = mripat ciyut mawa tlapukan

--- 48 ---

kandêl. 8 Mlolo = amba arang kêdhèp. 9 Kriyip-kriyip = ciyut kêrêp kêdhèp. 10 Pêndul = amba sêmu mandhukul.

Bêdhahane mripat wayang: 1 Têlêngan - Wrêkudara lsp. 2 Plêlêngan - Bathara Kala lsp. 3 Kêdhondhongan - Kartamarta lsp. 4 Kêdhêlèn - Sêcaki lsp. 5 Liyêpan - Janaka alsp. 6 Kriyipan - Sêmar lsp. 7 Kêlipan - Cakil lsp.

Anguk. 1 Anguk-anguk kubur Pt = wis mèh mati. 2 Dianguk-anguki = diadhang, arêp wêruh wis têka apa durung.

Blolok. 1 Blolokên = ora sumurup marga blêrêng. 2 Kêtonjok blolok Bs = nyatur wong, ora ngrêti manawa wong sing dicatur ana ing panggonan kono.

Gênah. Wis gênah wis tanah Pt = wis cêtha manawa turune wong bêcik; wis ngrêti têmênan.

Katara. Ala katara, bêcik kêtitik Pb = ala, sanadyan diumpêtake ya mêsthi bakal katon, bêcik ora dipamèr-pamèrake ya bakal diwêruhi wong akèh.

Katon/ton. 1 Katon cêpaka sawakul Pb = disênêngi dening wong akèh. 2 Mandhêg padhang, alingan saya katon Bs = nêdya ngungkiri panggawe ala kang wis ditindakake, nanging carane ngatarani, malah njalari saya katon cêtha lupute. 3 Ora katon dhadhane Pt. = ora wani adu-arêp. 4 Anjar katon Br = tigas kawuryan = lagi sumurup sapisan, durung têpung. 5 Ngatonake siyunge Bs = nuduhake panguwasane utawa kuwanène. 6 Salah-ton Pt = kliru pandulune. 7 Nontoni Pt. = têka ing omahe wong prêlu ndêlêng wanita sing nêdya dialap bojo. 8 Aja katon mata Pt = aku aluwung ora wêruh.

Kasatmripat. Sagêt dados agal saklangkung agêng. lêmbat botên kasatmripat Br = sagêd tiwikrama (dados danawa agêng sangêt) lan sagêd ngical.

Kêdhèp. 1 Kêdhèp têsmak Pb = nyawang suwe tanpa kêdhèp. 2 Kaya ilang dikêdhèpake Br = nyawang tanpa kédhèp, sabab manawa kêdhèp kuwatir yèn sing disawang ilang (lunga) ing sajrone wong sing nyawang iku kêdhèp. 5 Sakêdhèp netra Br = sapandurat, sapungu, sadhela bangêt. 6 Yèn ora ilang dakkêdhèpake, dak untal malang mangsa ngambaha ing cêthak Pd = yèn kowe ora enggal lunga (sumingkir) ...

Lamur. Nggutuk api lamur Bs = maeka marang liyan nganti nêmu cilaka, nanging banjur api-api orang[1] ngrêti lan takon sababe wong liya mau nêmu cilaka.

--- 49 ---

Lèk. 1 Lèk-lèkan = ora turu ing wayah bêngi (wong akèh). 2 Cagak-lèk Pt = srana supaya bisa bêtah mêlèk. 3 Wong lanang padha lèk sanga Pt = padha dene wong lanang lumrah, sing olèhe ana ing guwa-garba 9 sasi. 4 Rupane rada mêlèk Pt. = rada ayu (bagus). 5 Pitulikur wimbaning lèk Kw = wêtuning rêmbulan kang kaping 27, maksude: tanggal 27 (sasi Jawa). 6 Micakake mata mêlèk Pt = ngira ora wêruh marang wong kang satêmêne wêruh (ngrêti). 7 Yèn arêp rabi, lèkna mripatmu sing amba; yèn wis rabi, rêmna mripatmu Pt = yèn arêp ngalap bojo, di wêweka pamilihmu wanita; yèn wis darbe bojo aja melik marang wanita liya.

Liling. Kaliling sajroning ati Br = tansah katon, gumantung tuntunging ati.Liring. 1 Mbalang liring Br = pasang liring, nglirik sakêplasan kanthi ulat manis. 2 Dipindêr ing liring Br = tansah sinawang-sawang. 3 Ujungan liring Pt = lirik-lirikan, adu ulat. 4 Kêtaman ing sambang liring Pt. = nandhang lara asmara, marga kêtaman liriking wong kanthi ulat manis. Longok. Barêng dipracaya banjur longok Pt = kurang wêweka, gêlêm candhak-cêkêl lsp. Mata. 1 Mata-itik = bolongan ing klambi dianggo ngancingake bênik. 2 Mata dêruk = bolongan ing klambi dianggo ngêtrapake bênik. 3 Mata-iwak = cuplak (korèng) sing ngurêng. 4 Mata-dhuwitên Pt = petung bangêt marang dhuwit, tanpa ngelingi rasa sosial lsp. 5 Mata yuyu Pp = mata sing tansah êmbik-êmbik kaya arêp ngangis; utawa atêgês: cingèng, gampang nangise. 6 Mata-lele = putih kaya matane gêmak (sêmining têmbako). 7 Mata loro Pt = mangro tingal, ngalap dho, ora mung ngantêpi sawarna (Dho = ro). 8 Mata-mataning mungsuh = mungsuh sing nginjên kaanane wadya-bala lan gêlaring barise. 9 Mata-pitaning asrama Br = matapitayaning asrama = wong sing tinanggênah ngawat-awati asrama. 10 Mata walangên Pt = mêlèk, nanging ora wêruh (kabuwanan,buwananên). 11 Kaca-mata = têsmak, kaca-tingal. 12 Kranjang mata era = kranjang sing nam-namane arang. 13 Mata kranjang Pt = yèn sumurup apa-apa tuwuh sênênge. 14 Endhog mata-sapi = êndhog dicêplok. 15 Matane nganti ndlolèr Pt = ngingêtake nganti suwe tanpa kêdhèp. 16 Panèn mata pailan gulu Bs = wêruh panganan warna-warna, nanging ora melu ngrasakake, sêbab ora diwènèhi. 17 Mata-mata kapèn kaya kowe kulup Prêmadi Br = (pandêlêngku ora cêtha, kaya dene kaling-kalingan) apa kowe Prêmadi, ta? (Kapèn = ka + ape + an. Ape = aling-aling, rana. Kapèn = kaling-kalingan). 18 Nyolok mata Pt = tumindak

Liring. 1 Mbalang liring Br = pasang liring, nglirik sakêplasan kanthi ulat manis. 2 Dipindêr ing liring Br = tansah sinawang-sawang. 3 Ujungan liring Pt = lirik-lirikan, adu ulat. 4 Kêtaman ing sambang liring Pt. = nandhang lara asmara, marga kêtaman liriking wong kanthi ulat manis.

Longok. Barêng dipracaya banjur longok Pt = kurang wêweka, gêlêm candhak-cêkêl lsp.

Mata. 1 Mata-itik = bolongan ing klambi dianggo ngancingake bênik. 2 Mata dêruk = bolongan ing klambi dianggo ngêtrapake bênik. 3 Mata-iwak = cuplak (korèng) sing ngurêng. 4 Mata-dhuwitên Pt = petung bangêt marang dhuwit, tanpa ngelingi rasa sosial lsp. 5 Mata yuyu Pp = mata sing tansah êmbik-êmbik kaya arêp ngangis; utawa atêgês: cingèng, gampang nangise. 6 Mata-lele = putih kaya matane gêmak (sêmining têmbako). 7 Mata loro Pt = mangro tingal, ngalap dho, ora mung ngantêpi sawarna (Dho = ro). 8 Mata-mataning mungsuh = mungsuh sing nginjên kaanane wadya-bala lan gêlaring barise. 9 Mata-pitaning asrama Br = matapitayaning asrama = wong sing tinanggênah ngawat-awati asrama. 10 Mata walangên Pt = mêlèk, nanging ora wêruh (kabuwanan,buwananên). 11 Kaca-mata = têsmak, kaca-tingal. 12 Kranjang mata era = kranjang sing nam-namane arang. 13 Mata kranjang Pt = yèn sumurup apa-apa tuwuh sênênge. 14 Endhog mata-sapi = êndhog dicêplok. 15 Matane nganti ndlolèr Pt = ngingêtake nganti suwe tanpa kêdhèp. 16 Panèn mata pailan gulu Bs = wêruh panganan warna-warna, nanging ora melu ngrasakake, sêbab ora diwènèhi. 17 Mata-mata kapèn kaya kowe kulup Prêmadi Br = (pandêlêngku ora cêtha, kaya dene kaling-kalingan) apa kowe Prêmadi, ta? (Kapèn = ka + ape + an. Ape = aling-aling, rana. Kapèn = kaling-kalingan). 18 Nyolok mata Pt = tumindak [tumin...]

--- 50 ---

[...dak] kurang prayoga ana ing sangarêpe wong liya. 19 Maniking mata Br = kang ditrêsnani bangêt. 20 Ngrabèkake mata Pt = priya nyawang marang wanita (utawa kosokbaline). 21 Pête samata = saêlas, sablindhi. 22 Nglimbang mata = ngrêsiki mripat sarana mêlèk sajroning banyu rêsik dicampuri uyah sathithik. 23 Kasatmata Kw = katon. 24 Prabu Satmata Pd = Bathara Wisnu nalika jumênêng Ratuning nagara Gilingwêsi. 25 Natmata ing brangta Br = agawe lêganing sêngsêm. 26 Wis rada kêmata Pt = wis patut didêlêng. 27 Mataram Kss = saka têmbung Latin "matri" atêgês: ibu, yaikuYogyakarta, Ngèksiganda. (Mataram, karimbag guru-wanda dadi: matarum; mata, karimbag guru-dasanama dadi ngèksi. Rum (arum) iku araning ganda, utawa: sing arum iku ganda. 28 Mata-mata kapèn = mripat kurang cêtha pandulune, dene kaling-kalingan. Kapèn = ka+ape+an. Ape = aling-aling.

Mripat. 1 Mripat mblalak kocak Cd = mblalak sêmu kêdhêr nêngsêmake. 2 Mripat ndamar kanginan Cd = kaya damar kanginan kêdhêr lèp-lèp, maksude: mripat sing mblalak kocak. 3 Kasat mripat = katon. 4 Sagêd dados agal saklangkung agêng, lêmbat botên kasatmripat = sagêd tiwikrama, lan sagêd ngical.

Mumuk. 1 Mamak-mumuk Pt = wis ora cêtha pandulune. 2 Budhug-mumuk Pt = doyan mangan-turu.

Netra. 1 Netra lir baskara kêmbar Br = kaya srêngenge loro, amba bangêt. 2 Trinetra Pd = Bathara Guru; jêjuluk Trinetra: anetra têlu, sing siji yaiku netra pramana. 3 Netrane kadya mong Br - mripate kaya mripat macan, amba bangêt. (Mong = sardula, macan). 4 Sakêdhèp netra = sapandurat, sapangu, sakêdhap sangêt.

Padhang. 1 Padhang ulate Et = padhang langite, katon bingar, katon sênêng. 2 Padhang rêmbulan = wayah wêngi kang mawa padhanging rêmbulan. 3 Wêruh padhang-hawa Br = lair saka ing guwa-garba.

Pandêng. 1 Pandêngan karo srêngenge Bs = mêmungsuhan karo wong sing nduwèni panguwasa. 2 Gadhah pandêngan lare èstri = sawangan sing didhèdhèki bakal dilamar. 3 Kuda ngrap ing pandêngan = kuda titihan ratu dipraboti kanggo sawangan (tontonan) ing sacedhake pagêlaran.

Pêtêng. 1 Wêngi pêtêngan = wêngi ora ana rêmbulan, kosok baline: padhang rêmbulan. 2 Pêtêng lêlimêngan Br = pêtêng ndumuk irung, pêtêng ndhêdhêt. 3 Lêmbupêtêng Bb = putrane ratu kang siningidake, miyos kakung saka garwa pangrêmbe (sêlir),

--- 51 ---

kayata: putrane Brawijaya-wêkasan kang miyos saka Dèwi Sapudhi putri ing Wandhan uga karan Lêmbupêtêng.

Rêm. 1 Rêm-rêm ayam Pt = layap-layap mèh turu, nanging isih krungu. 2 Mêrêm-mêlik Pt. = antarane mêrêm karo mêlèk, mèh turu. 3 Aku ora mêrêm Et = aku gêlêm mèlu mikir uripmu, aku gêlêm têtulung marang kowe.

Soca. 1 Asoca bathara Br = waskitha bangêt, wêruh sadurunge winarah. 2 Têbu tuwuh socane Bs = rêmbug wis dadi banjur ana sing nyetani. 3 Kaya kinjêng tanpa soca Pp = blasuran, mak-makan lan narab-natab tindake.

Tênga. 1 Tumênga sêpa, tumungkul sêpi Br = ora ana sing dijagakake. 2 Kêna tinênga-tênga Br = kêna dijaluki tulung samangsa prêlu (kêslêpêk ing butuh). 3 Atimu têngakna, nuli tungkulna Br = uripmu tandhingên karo wong sadhuwurmu lan sangisormu, supaya atimu aja tansah lunja-lunja. 4 Tumêngaa ing akasa, tumungkula ing pratiwi Br = sambata marang bapa-biyungmu, marga kowe arêp dakpatèni. Akasa ngibarat: bapa, pratiwi ngibarat: biyung.

Tingal. 1 Malik tingal Bs = nyelaki kayakinane, uga atêgês: mari sêtya olèhe suwita, mbalik ngiloni mungsuh. 2 Olèh kadang ing tingal Br = olèh wanita sing agawe panujuning ati. 3 Têrus ing tingale Br = waskitha, sidik, wêruh sadurunge winarah. Mbuwang tingal Br = mlerok amarga

ewa. 5 Mbalang tingal Br = mbalang liring, nandukake ulat sagêbyaran karo mèsêm minangka sasmita tandhaning sih-trêsna.

Tolèh. Mandhêg-tumolèh Pt = mandhêg-mangu, gojag-gajêg, kuwatir mbokmanawa ana bêbaya.

Ulat. 1 Ulat bêning lêri Sn. = suntrut, ora katon bingar. 2 Angon ulat ngumbar tangan Pb = maspadakake ulate wong ditangguh limpène nêdya dikutil barange. 3 Ana daulate ora ana bêgjane = ana ungup-ungupe bakal olèh kabêgjan, nanging kabêgjan iku ora sida tumêka. (Daulat = ungup-unguping kabêgjan). 4 Daulat bêcik Pt = bakal olèh kabêgjan. 5 Kurang ulat Pt = kurang wêweka. 6 Ulat madhêp ati karêp Pt = atine wis kêpengin, tur dhasar wis lawas pangarêp-arêpe. 7 Pasang ulat Pt = ngatonake ulate supaya dingrêtèni manawa ora sênêng. 8 Ajèr ulate Et = katon bingar (sênêng). 9 Diulati ala Pt = diplêruki. 10 Mulat tenge Kw = kapitontonên amarga kangên. 11 Diulat-ulatake Pt = diwaspadakake sapari-polahe. 12 Cahya Mulat Pd = cahya sing tiba ing kaendran banjur pêcah dadi widadari 7, yaiku: Supraba, Gagarmayang, Wilutama, Irimirim, Warsiki, Surendra, Tunjungbiru. 13 Mulat salira = nintingi dhiri pribadi supaya wêruh marang pribadine

--- 52 ---

sing njalari bisa wêruh marang Pangerane. l4 Arane polatan: Tajêm (satêmêne agêtês landhêp = antêng sajak mikir. Rêgu = arang cêlathu sêmu angkuh. Sumèh = yèn gunêman kaworan èsêm. Jatmika = antêng ing lair têrus batine. Njêlalat x tajêm. Sirung = polatane katon pêtêng. Njênggurêng x sumèh. Jinêm = antêng jatmika. Njabrut = mrêngut sêmu mêcucu. Klicutan = ulate wong kuwirangan.

Ungak. 1 Ungak-ungak pagêr arang Bs = injên-injên nêdya njupuk baranging liyan. Utawa:njajagi kapintêran utawa kasugihaning liyan. 2 Wis ungak-ungak kubur = wis mèh mati.

Upaksi. 1 Niru upaksi Pb = ora wêruh dhewe, ngrêtine marga dikandhani liyan. 2 Krêti minangka upaksi Pb = pakarti minangka dadi tandha-yêkti.

Wêruh. 1 Wêruh cos walang-tatune Pb = wêruh tibane gêgaman sing njalari anane raja-tatu utawa raja-pati. 2 Wêruh cipta durung ana Br = waskitha, wêruh sadurunge winarah. 3 Ora wêruh alip bengkong Pb = wuta-sastra Arab; yèn wuta-sastra Jawa ditêmbungake: ora wêroh pa pincang. 4 Ora wêruh marang wong-tuwa Pt = ora mikir uripe wong-tuwa, wêgah têtulung. 5 Weruh ing grubyug ora wêruh ing rêmbug Pt = melu ombyake wong akèh, nanging ora ngrêti maksude. 6 Ora wêruh tata-krama Pt = diksura, kurang ajar.

Wuta. 1 Wuta-sastra = ora bisa maca lan nulis. 2 Wuta tanpa krama Pb = kelangan apa-apa ing wayah bêngi ora rêpot marang sing kawogan. 3 Mutatuli Pt. = ora mraduli apa-apa (nekad).

XVII IRUNG

Dasanama: 1 Irung = grana, nasika, parsana. 2 Ambêkan = napas, niswasa, uswa, uswasa.

Darwane irung: Mbangir = sêdhêngan gêdhene, pucuke sêmu lancip. 2 Nyunthi = cilik awangun apik. 3 Tèsèk = pèsèk, pucuke têmpak. 4 nyêprok = pucuke gêdhe. 5 Dhêmpok = gêdhe nanging pèsèk. 6 Nyêngar = sajak njêgrag. 6 Rungih = cilik mbangir. 7 Ngudhup mlathi = kaya kudhup mlathi = sêdhêngan gêdhene, luwês wangune lan mbangir.

Ambêkan. 1 Unjal ambêkan = nyêdhot napas. 2 Ngêngkên ambêkan = ora ambêkan sawatara suwene.

Ambu. 1 Ambunên sikutmu, mambu apa Pt. = elinga marang cacadmu dhewe. 2 Mambu ati Pt = wanita krasa yèn diêsir dening priya utawa kosokbaline. 3 Ora mambu bocah Pt = ora mèmpêr bocah (solah-tingkahe, kasênêngane lsp.). 4 Ora

--- 53 ---

mambu wong lanang Pt = ora mèmpêr wong lanang; utawa: wanita sing durung kêgêpok wong lanang. 5 Ora mambu wong wadon Pt = wanita sing ora mèmpêr wanita; utawa priya sing durung tau gêgêpokan karo wanita. 6 Ora mambu wong Jawa Pt = ora mèmpêr manawa wong Jawa (sabab ora ngrêti babar-pisan marang kabudayan Jawa). 7 Ora mambu sêga-jangan Pb = ora mambu enthong-irus = wong liya, dudu sadulur. 8 Momor sambu Pb = têlik sing momor mungsuh lan melu salaku-jantrane. 9 Mambu kulit-daging Pt = isih kaprênah sadulur. 10 Mambu dhêm Pt = wis ora angêt (rada kasèp nganti adhêm).

Amis. 1 Dewi Rara Amis Pd = Dewi Durgandini, uga pêparab Gandawati, Sayojanagandi, Sêtyawati, garwane Palasara, sadulure Prabu Durgandana ing Wiratha. 2 Yèn ana amis-bacine Pb = manawa nuju nêmoni ora kapenak.

Aras. 1 Aras kêmbang Pt = gampang tampa sihing panggêdhe. 2 Ngaras pada Br = nyêmbah. 3 Pangarasan Ki = pipi.

Arum. 1 Arum-manis = arane panganan. 2 Jênênge arum Et = misuwur bêcik. 3 Ngêndika arum Et = ngêndika alon amanis. 4 Sintên sinambut ing rum Br = sapa jênêngmu. 5 Sang Abimanyu rum-arum Br = kêkasih Sang Abimanyu, asma Sang Abimanyu. 6 Jinêm-rum Kw = jinêm-mrik, jinêm-sêkar, jinêm-sari, jinêmwangi, paturon apik (angganda wangi, sinêbaran kêmbang). 7 Sang arum = sang putri.

Bacin. 1 Lênga bacin = lênga saka ampasing parudan krambil sing diwayokake nuli diêpe banjur digiling. 2 Idu bacin = idu ing wayah esuk

bakda tangi turu. 3 Bacin-bacin iwak = ala-ala sanak, manawa ana sangsarane iya ora têgêl.

Jingus. Kapok-kawus dijingus wong ora urus Pt = wong wadon palanyahan digarap priya ugal-ugalan tur ora diwèhèni dhuwit.

Ganda. 1 Gandane arum jamban Sn. = bangêr bangêt, bacin bangêt lsp. 2 Gandamana Pd = putrane Gandabayu ratu ing Cêmpala, utawa: ipene Prabu Drupada ing Cêmpala. 3 Manaduganda Kw = manadukara, mangayubagya, jumurung. 4 Ngèksiganda Kss = Mataram Yogyakarta. 5 Nuwilaganda Bs = nyanak-nyanak marang wong gêdhe. 6 Durniti ganda rasa Bs = olèh ganjaran saka tindake kang nistha, kayata: ngaturake (madulake) alaning liyan marang panggêdhe banjur diparingi ganjaran. 7 Ganda kentir sêmune liman pêpeka Pl = pralambange Sri Pamêkas ing Pajajaran (Prabu Silihwangi) dilabuh dening Siyungwanara, amarga saka kurang wêweka. 8 Gandawati = rara Amis.

--- 54 ---

Grana. Grana rungih pindha kêncana pinatar Cd = mbangir kaya mas digosok nganggo patar.

Irung. 1 Anggêr irung Pt = kabèh wong. Dawa irunge Pt = kisinan, kêcelik. 3 Ora gêmbung ora irung Pt. = mlarat bangêt lan ora nduwèni kaluwihan apa-apa. 4 Aksara irung = na nya, ma, nga.[2]

Napas. 1 Mêgêng napas Pt = ngêngkên ambêkan. 2 Jaran napas = jaran ulês klawu sulak kuning. 3 Napase sêsêk = angèl ambêkane.

Uswa. Banjutên uswa kawula Br = (Dhuh dewa) aku bêcik patènana bae.

Wangi. 1 Banyuwangi Bb = arane panggonan (kutha) nalika Brawijaya-wêkasan mbukak bumbung kang isi banyu, banyune ngganda wangi; kosok-baline Bangêrwarih (Probolingga) = arane panggonan nalika Brawijaya-wêkasan mbukak bumbung kang kapindhone, banyune ngganda bangêr (Buku Darmagandhul). 2 Julungwangi = arane wuku sing kasanga. 3 Silihwangi Bb = asmane Ratu Pajajaran. 4 Wêwangi Br = pêparab, jêjuluk, têngran, sêsilih, asma. 5 Glagahwangi = Dêmak, Bintara.

XVIII. CANGKÊM, LAMBE

Dasanama: 1 Cangkêm = lesan, tutuk, nana, waktra, cocot (kasar). 2 Lambe = lathi, bibir, kalpija. 3 Aksara lambe: ma, wa, ba, pa[3]

Pakartine cangkêm: angop, antop, sêgu, mingkêm, mangap, nylongop, ndongong, njomblong lsp.

Pakartine Lambe: 1 Mèsêm = obahe lambe ajêg mingkêm, yèn obahe sathithik diarani mèsêm-pêndhêm. 2 Mèncêp = mènjêp, lambe ngisor nêkuk sasisih pratandha ewa. 3 Ngêprèti = ngobahake lambe nganti ana swara "prèt" pratandha ora ngandêl. 4 Nyawêti = ngawêt, lambe ngisor nêkuk lan mepet[4] untu (mripate manthêlêng). 5 Mlêcu = lambe ngisor-dhuwur dicucuthake (pratandha gêla sêmu muring).

Wangune lambe: 1 Dhamis = ngisor-dhuwur sêdhêngan lan gathuk trêp. 2 Gugut = lambe dhuwur cupêt (janggute rada kaduk dawa). 3 Nggandhul = lambe ngisor luwih sathithik. 4 Dongos = lambe dhuwur numpang lambe ngisor. 5 Ndomble =

--- 55 ---

lambe ngisor kandêl lan nggandhul, gusine katon. 6 Nyoro = lambe rada mucut. 7 Kokop = pojoke lambe ana tilase pathèk. 8 Nyigar-jambe = sêdhêngan gêdhene lan ngisor-dhuwur padha kandêl-tipise. 9 Nggula satêmlik = tipis adhamis.

Angop. Digêtak angop Bs = didhawuhi nindakake pakaryan (dening panggêdhe) kanthi dadakan.

Antop. 1 Ora antop ora sêgu Pb = ora nywara apa-apa. 2 Antop-sêgu pindha gludhug sèwu Pp = sêru bangêt (danawa).

Esêm. 1 Esême pait madu Cd = manis bangêt. 2 Akèh sing ngèsêmi Pt = sing nggêguyu (ewa). 3 Mèsêm pêndhêm = mèsêm sathithik bangêt.

Gondhang. 1 Keyong gondhang = keyong gêdhe. 2 Keyong gondhang jarak sungute Pl = Jaka Tingkir, asale saka ing papan sing akèh umbule (banyune) yaiku ing Pêngging, bisa jumênêng Ratu (ing Pajang). 3 Gondhang-gandhung - padayantra, pit. 4 Gondhang-kasih = anak loro seje pakulitane, kayata: sing siji bule, sijine cêmani (Kakrasana karo Narayana).[5] 5 Pitik gondhang = mawa ulês kuning sêmu klawu. 6 Dibuwang ing kali gondhang Bld - dipangan. 7 Logondhang = arane lagu Sinom.

Guyu. 1 Digêguyu ing wong Pt = diewani ing wong. 2 Nungsung guyu Br = mêthukake karo sêmu mèsêm. 3 Geguyon parikêna Pb = darbe pangarah panêmbunge kanthi sêmbranan, sajak api ora, sajatine têmênan (Sêmbrana parikêna). 4 Gêguyon dadi tangisan Pt. = ing sakawit mung guyon bae, suwe-suwe dadi kêrêngan. 5 Ngguyu tuwa Bld = nangis.

Lambe. 1 Lambe-dang Pp = kaya lambening dandang, yaiku rada ndowèr. 2 Lambe satumang kari samêrang Bs = wis kêrêp mituturi, sing dipituturi mêksa ora manut-miturut, ora marèni. 3 Lambe-gangsa = congore rajakaya kang pating cringih (kêbo, sapi). 4 Lambe-gajah = perangane wilahan kêris sandhing kêmbang-kacang. 5 Dadi kêmbang

lambe Pt = tansah digunêm. 6 Kanggo abang-abang lambe P. = mung dianggo ulas-ulas, ora têmênan. 7 Enthèng lambene Et = tipis lambene = sênêng nyatur liyan. 8 Wis kêcêkêl lambe-atine Pt = wis bisa mêruhi ma, wa, ba, pa.[6]

Lathi. 1 Dados sêkar-lathi Pt = dados ginêm. 2 Lathi manggis karêngat Cd = abang, kaya abange manggis dibênthèt. (Rêngat = bênthèt, tumrap ati atêgês: sêrik). 3 Waja gathik kumêdut padoning [pa...]

--- 56 ---

[...doning] lathi Cd = untune gathik, padone lambe kêdut-kêdut (marga nêpsu bangêt).

Cangkêm. 1 Cangkêm gatêl arang mingkêm Pt = sênêng nyatur alaning liyan. 2 Cangkêm karut Pt = nggragas, apa-apa doyan. 3 Cangkêm rusak, godhong jati krasa opak Pt = sanadyan barang sing pancène ora pantês dipangan mêksa dipangan. 4 Cangkêm palung Pt = drêmba bangêt. (Palung = arane iwak sagara). 5 cangkêm kêmalan Pt = cangkêm sing kaya kadunungan mêmala (cacad), yaiku kakehan omong, bêngak-bêngok lsp. 6 Cangkêm cucud dadi cacad Pt. = kêrêp ngucapake têmbung sing ora prayoga dadi cedha. 7 Kakehan cangkêm Pt. = kakehan gunêm, tansah gumrêmêng. 8 Cangkême urab-uraban Pt = sênêng ngunèn-unèni nganggo têmbung saru. 9 Cangkêm lucu Et = ora kêna dipracaya gunême. 10 Udhu cangkêm Pt = mung melu mangan thok, tanpa urun wragad. 11 Tuwas wis dadi cangkêm jêbul tanpa guna Pt. = tuwas wis dirêmbug gayêng jêbul ora apa-apa, tanpa paedah. 12 Jarite suwèk nyangkêm kodhok Pt = awangun maju-têlu.

Cêthak. 1 Pait nyêthak Pt = pait bangêt, prasasat krasa (lèngkèt) ing cêthak. 2 Dak-untal malang mangsa ngambaha ing cêthak Br = dak untal malang akanthi gampang. 3 Aksara cêthak = aksara Jawa: ca, ja, ya, nya.[7]

Cocot. Pêrang potlot, pêrang cocot, pêrang otot Ks = padu rêgêjêgan nganggo layang, padu adu-arêp, gêlut (ngadu karosan, pêrang têmênan).

XIX. UNTU, ILAT

Dasanama: 1 Untu = dênta, danta, waja. 2 Siyung = jatha, saradala, jêthis. 3 Ilat = lidhah, jihwa. 4 Ompong = gutuk, guguh, dhaur. 5 Pangur = pasah, kêthik.

Dhaut. Lênggahan dhautan Ki = lênggahan (jagong) bayèn mbênêri wêktu puputan (slamêtan).

Dênta: 1 Kartil dênta Kw = ambèn pasarean sing digawe untu gajah (gadhing). 2 Nggêndhewa dênta Cd = candrane tangan kang pakulitane kuning-gadhing. 3 Payudarane muyuh dênta Cd = susune nyêngkir-

gadhing. 4 Dêntawilukrama Pd = putrane Wibisana kang jumênêng Ratu ing Singgêla jêjuluk Prabu Bisawarna. 5 Dênta-wyanjana Ks = satêmêne atêgês aksara untu, nanging banjur mingsêd atêgês: carakan, yaiku urut-urutane aksara Jawa wiwit saka ha têkan nga kèhe ana 20.

--- 57 ---

Jatha. 1 Jathasura Pd = punggawa ing Guwakiskêndha, ratune asma Maesasura, patihe Lêmbusura. 2 Trijatha Pd = putrane Wibisana, kagarwa Kapi Jêmbawan ing Gandamadana pêputra Dèwi Jêmbawati.3 Parijatha Kss = arane lagu têmbang Sinom, lumrahe mawa laras slendro.

Grêgêt. 1 Grêgêt-saut Pt = tandang-grayang. 2 Grêgêt-grêgêt suruh Pt = nêpsu, nanging ora kêwêtu.

Guguh. Macan guguh Bs = wong gêdhe, sanadyan wis ilang panguwasane mêksa isih katon mêdèni. 8 Lunyu ilate = gunême mencla-mencle.

Ilat. 1 Dodol-ilat Ks = dhêmên omong goroh ngayawara. 2 Ilat-baya = arane wit bangsane cocor-bèbèk. 3 Midak ilat Pt = kurang ajar, ora ngajèni. 4 Mati ilate Et = ora bisa ngrasakake panganan. 5 Mogel ilate Pb = kêrêp mêmangan kang sarwa mirasa. 6 Dawa ilate Pb = sênêng golèk pangalêmbana mêmadulake alaning liyan. 7 Aksara ilat = aksara Jawa: ra, la, dha, nga.[8] 8 Lunyu ilate = gunême mencla-mencle.

Kêthik. Gawene mung kêthik kênaka Pt. = mukti bangêt, ora tau nyambut gawe abot.

Lidhah. 1 Lidhah gangsa = ilate raja-kaya kang pating cringih. 2 Lidhah sinambung Bs = karna binandhung = pawarta kang timbal-tumimbal.

Pangur. Gêdhe-dhuwur ora pangur Pb = wis diwasa durung ngrêti tata-krama.

Siyung. 1 Siyungwanara Bb = putrane Ratu Pajajaran kang nyedani Sang Prabu Sri Pamêkas. 2 Ngatonake siyunge Pt = nuduhake panguwasane (kêkêndêlane). 3 Siyunglaut = Adipati Blambangan sing dhawuh ndhusta kêris Ki Sangkêlat. 4 Jêruk sasiyung = saajar.

Waja. 1 Kêthik waja Ki = pasah, pangur. 2 Saking bangête nggêgêt waja, kêcoh marus ariyak ludira Cd = untune gathik bangêt nganti mêtu gêtihe, idu lan riyake mawa gêtih. 3 Waja mêngês-mêngês manglar kombang Cd = untune irêng nglaring kombang (marga sisig).

Untu. 1 Nggêtêm untu Pt = nggêgêt untu, pratandha muring utawa nêpsu. 2 Untu gêlap = unton-unton dalan sêpur (Indonesia: jalan kereta api bergerigi). 3 Jagung sauntu = jagung saêlas. 4 Nguntu walang Pp =

kaya untu walang, rênggêt-rênggêt. 5 Nggantung untu Pt = wis kêpengin bangêt mêmangan. 6 Kêrot tanpa

--- 58 ---

untu Bs = darbe panjangka ora duwe srana (wragad). 7 Aksara untu = aksara Jawa: na, ta, sa, da.[9]

XX. GULU

Dasanama: Gulu = jangga, tênggak, lèhèr, lungaya (lungayan).

Jangga. 1 Wilahan jangga = wilahan gulu, tumrap gamêlan slendro sadhuwure wilahan Barang, yèn gamêlan pelog sadhuwure wilahan panunggul utawa wilahan bêm. 2 Tiba jangga = (tumrap dolanan pei) tiba nomêr loro. 3 Manglung jangga Br = têgêse lugu, ngulungake gulu, maksude: nungkul, têluk. 4 Katigas sumangga jangga Br = sanadyan arêp dipatèni sarana ditigas gulune, manut.

Gulu. 1 Gulu-ancak = gulune kewan-iwen ing perangan ngisor. 2 Gulu-banyak = gagange kêmbang gêdhang; bisa atêgês: gulu sing kaduk dawa. 3 Gulu janjang = gulu dawa nanging luwês. 4 Gulu nglunging gadhung Cd = gulu janjang sêmu mayuk mangarêp. 5 Gulu ngulan-ulan Cd = janjang. 6 Gulu kokok = kêncêng lan ngotot katon sêntosa. 7 Gulu gondhokên = gêdhe mawa lêlara, mblêndhuk lan êmpuk. 8 Anak pangulu = adhi pambarêp, kosok-baline: sumêndhi = kakang wuragil. 9 Gulune dirangkul gapyuk = dirangkul rêrikatan marga bangête sih-trêsna. 10 Pacak gulu = nglenggokake gulu (nalika njogêd). Gulu mênjing = kala mênjing, pungkasan gurung kang njêndhol. 12 Panèn mata pailan gulu Pb = sumurup pêpanganan warna-warna sing sarwa enak mirasa, nanging ora mèlu mangan (ora diwènèhi). 13 Dilakoni nêkak gulu Pt. = dilakoni nalèni gulu, direwangi kurang mangan (dhuwite dianggo ngragati panjangkane).

Kisas. Diukum kisas = diukum pati, lumrahe sarana ditigas gulune (dening singanagara).

Lênggak. 1 Lênggak-lênggak = tansah tumungkul atolah-tolèh. 2 Nglênggak = ndhangak karo nolèh. 3 Kalênggak = gulune lara marga nglênggak.

Lungayan. Rinangkul lungayanira Kw = dirangkul gulune.

Tênggak. 1 Ditênggak = diombe karo nglênggak, wadhahe utawa cucuking wadhahe ora kêgêpok ing lambe. 2 Panênggak = panggulu, anak nomêr loro. 3 Nênggak waspa Kw = ngêmbêng luh, rawat waspa.

--- 59 ---

Tigas. 1 Gulune ditigas pancing Pp = dikêthok mayat sapisan têrus tugêl. 2 Jarit sing tigas = anyar. 3 Tigas kawuryan Br = anyar katon, durung tau sumurup, durung têpung. 4 Tigas gagang Pt. = bakda diênèni têrus diêdol (tumrap pari). 5 Katigas sumangga jangga, kajonjang sumangga asta, katuwêk sumangga jaja = manawi badhe katigas gulu kula, kakêthok tangan kula utawi kacublês dhadha kula, sumangga.

XXI. GÊMBUNG LAN PERANGANE

Perangane gêmbung: andhêman, bokong, dhadha, gêgêr, pundhak, wangkong, wêtêng lsp.

Andhêman. Ngandhêmi kaluputan Br = ngakoni kanthi dhadhag (Andhêman = lêgokaning dhadha pênêr lan dununge ati, jantung).

Bokong. 1 Bokong tepos = ora mblêndhuk, lèpès, sabab kurang daging. 2 Bokong nyênthing = kêpara cilik rada nyonkat.[10] 3 Bokong bundêr = wangune ngèmpêri tampah utawa tèbok. 4 Bokong manjangilang = awangun kaya panjang-ilang (iki wangun sing apik dhewe). 5 Kandêl bokonge Et = sugih. 6 Kongêl = sikile dawa, gêmbunge cêndhak. 7 Kakkong = sikile cêndhak, gêmbunge dawa; dadi kosok-baline: kongêl. 8 Nyangga bokong Pt = wanita sing mèlu sêtiyar murih slamête sing lanang olèhe cêkêl-gawe.

Dhadha. 1 Dhadha-mênthok = dhadhane sato-kewan. 2 Dhadha manuk = dhadha sing mungal, kosok-baline: dhadha mringkus. 3 Ngilani dhadha Pb = ngina marang liyan. 4 Pandhadha = adhi panggulu; manawa anak lima, pandhadha uga kasêbut panêngah. 5 Aku sing ndhadhani prakara iku Pt = aku sing kudu tanggung-jawab yèn ana apa-apane. 6 Surasane layangmu wis dakdhadha Br = aku wis ngrêti surasane layangmu. 7 Enya dhadha êndi rai Br = ayo padha adu-arêp. 8 Apa kang ana ing kowe, tibakna daktadhahane dhadhaku (tamakna ing dhadhaku). 9 Sanadyan ngantos dumugi pêcahing dhadha wutahing ludira, kawula sêndika nglampahi Br = sanadyan ngantos dumugi ing pêjah pisan, sagah nindakakên. 10 Wilahan dhadha = wilahan gamêlan ing sadhuwure wilahan gulu. 11 Ora katon dhadhane = ora wani adu-arêp.

--- 60 ---

Dhodhok. 1 Dhokkur = ndhodhok + mungkur. 2 Dhodhok acung-acung Pb = ora nglakoni panggawe ala dhewe, nanging tuduh-tuduh omah sing prayoga dimalingi.

Jaja. 1 Jajabang mawinga-winga Cd = dhadhane mangangah abang kaya abange kêmbang worawaribang (Indonesia: bunga-raja). 2 Katuwêk sumangga jaja Br = nêdya dipatèni sarana dicublês dhadhane, manut (Maksude: asrah jiwa-raga). 3 Simbar jaja wulu-wawar Cd = dhadhane mawa wulu dawa-dawa. 4 Jajarumat Pb = ngrêrungokake pawarta lan nularake pawarta kang wis rinungu. 5 Suku jaja têkên janggut Br =

kanthi rêkasa bangêt. 6 Têbah jaja tanya slira Br = ngusap dhadha karo ngunandika: "Gèk luputku wae apa?"

Gêgêr. 1 Gêgêr bucu = sêmu mandhukul. 2 Linggih nggêgêr Pt. = ora mingsêd-mingsêd. 3 Adu gêgêr Pt = ungkur-ungkuran lan gêgêre gathuk (lumrahe lungguh). 4 Dalane nggêgêr sapi Pp = têngah dhuwur ing pinggir êndhèk (mlêngkung). 5 Pinggirane klasa nggêgêr wêlut Pp = nglingir. 6 Golèkana gêgêre punglu Ib = mratelakake gawat lan angêle ngèlmu gaib. (Punglu = mimis).

Gembol. Darbe gembolan Et = duwe kaluwihan sing durung tau dituduhake marang liyan. 2 Sing digembol mrojol, sing dikandhut mrucut Pb = apa sing wis dinarbe ilang. 3 Digembol ora mrojol, dibuwang ora kumrosak Pt = pêpindhane kawruh utawa ngèlmu, diênggo ya kêna, ora diênggo ya kêna.

Gêmbung. Ora gêmbung ora irung Pb = mlarat lan ora nduwèni kaluwihan apa-apa.

Kandhut. 1 Ala kandhutane Et = ala watake. 2 Ngandhut 4 sasi = nggarbini, nggantung sari, mêtêng. 3 Ngandhut watu Pb = ngincim-incim marang liyan. 4 Ngandhut godhong randhu Pb = mencla-mencle gunême.

Kurêb. 1 Kumurêb ing abahan Br = masrahake pati-uripe. (Abahan = ganjêling gulu kang arêp ditigas). 2 Salumahe bumi sakurêbing langit Pt = sadonya kabèh, sajagad-rat. 3 Nglumahake ngurêbake Pb = bêbesanan kaping pindho, dhisike urun wadon banjur urun lanang. 4 Mbathok mangkurêb Pp = mlêngkung tumrap lumahing dalan, têngah dhuwur ing pinggir êndhèk. 5 Godhong mangkurêb lumahna, sing mlumah kurêbna Pt = golèkana sing titi. (Ukara iku lumrahe dingêndikakake dening ratu sing dhawuh ngupaya putri kang lolos saka kadhaton).

--- 61 ---

Lumah. Lumah tangan Pt = ora melu cawe-cawe.

Lungguh. 1 Ora kobêr lungguh Pt = ora kobêr ngaso, têrus nyambut gawe bae. 2 Gêdhe kalungguhane Et = gêdhe pangkate. 3 Nglungguhi klasa gumêlar Pb = kari nêmu kapenake, kabèh wis sarwa sumadiya. 4 Nglungguhi klasa pêngulu Pt = dialap bojo dening ipe kaprênah tuwa ing sapatine mbakyune.

Monthok. 1 Susune monthok = gêdhe mêntêr-mêntêr. 3 Malik monthok Pb = malih kayakinane, ora têtêp panêmune. 3 Monthok atine Pt = mongkog, mantêp bangêt.

Pundhak. 1 Pundhak brojol = pundhak awangun ndhêngklèh, mayat mangisor. 2 Pundhak nraju mas Cd = rata, padha kiwa-têngêne. 3 Njunjung pundhak Pt = nglairake ora ngrêtine marang bab sing

ditakokake. 4 Nglangkahi pundhak Bs = matur marang dhêdhuwuran tanpa lantaran lêlurahe.

Pusêr. 1 Pusêrbumi Pd = nagarane Wong Agung Menak (Amir Ambyah, Jayènrana).[11] 2 Pupak-pusêr Pt = coplok pusêre, pothèl pusêre. 3 Dina pupak-pusêr Pt. = dina kang kalima saka laire.

Silit. Silit-kodhok = pungkasane balung ula-ula. 2 Wêdi rai wani silit Pb = ora wani adu-arêp (wanine mung grundêlan ana ing buri bae).

Wangkong. 1 Miyak wangkong Pb = mbiyak wangkong = ngandhakake wadining liyan. 2 Nggêpok wangkong Pb = gunêman nganti ngrêmbug utawa nyrèmpèt cacade wong sing dijak gunêman.

Wêtêng. 1 Wêtêng dhedhuk Pt = wêtêng gêdhe ludhuk, wêtêng gêdhe akeh tadhahe pangan. (Dhedhuk = gêdhe ludhuk). 2 Gêndhewane ngadhal mêtêng Pp = kaya kadhal mêtêng, yaiku ing têngah gêdhe, kiwa-têngên mêrit. 3 Kasèp-lalu wong mêtêng sêsuwêngan Bs = kasèp bangêt (pêpindhane wanita, nalika isih prawan ora suwêngan, olèhe suwêngan barêng wis mêtêng). 4 Ngêbuk wong mêtêng Bs = ambêk-siya bangêt, sawênang-wênang bangêt.

Wudêl. Ora duwe wudêl Pt. = ora duwe nalar.

XXII. TANGAN

Dasanama: Tangan = asta, buja, bujaka, lungayan. Darwane tangan: 1 Ceko (cekoh) = bengkong lan ora kêna dilêncêngake. 2 Kwaga = cêndhak sêmu bengkong, nanging kêna ditêkuk [ditê...]

--- 62 ---

[...kuk] lan dilêncêngake. 3 Nggêndhewa pinênthang Cd = sikute nêkuk mlêbu. Pakartining tangan: nyêkêl, ngusap, kêplok, têbah, nyêmbah, ngêmpit, ndhodhog, mbapang, acung-acung, nyèrèd, ngêmpit, nabok, nyangga lsp. Drijining tangan: jêmpol, panuduh, panunggul, driji-manis, jênthik.

Asta. 1 Atawing asta Br = njêbèbèhake tangan ing sadhuwur mripat supaya ora silo pandulune. 2 Nikêl asta Br = nguncupakên asta = nyêmbah. 3 Kajonjang sumangga asta Br = manawi badhe dipun-kêthok tangan kula, sumangga; maksude pasrah pati-urip. 4 Tapak asta Ki = tandha tangan; uga atêgês: lorodan, turahan pangan. 5 Asta candhala Bs = cêngkiling, sênêng milara, ènthèngan tangan. 6 Diasta Ki = dicêkêl, utawa digitik. 7 Kajongjang sumangga asta, katigas sumangga jangga, katuwêk sumangga jaja = manawi badhe kakêthok tangan kula, katigas gulu kula utawi kacublês dhadha kula, sumangga.

Acung. Dodok acung-acung = nuduhake papan sing arêp dimalingi. (Dodok = saèmpêr têlik kongkonane pulisi utawa durjana).

Awe. 1 Sêdhakêp ngawe-awe Bs = katone mênêng, satêmêne sing ajak-ajak tumindak ala. Utawa: wis marèni padatane ala, satêmêne isih kapengin nindakake manèh. 2 Mulane jênêng para adoh ingsun awe, cêdhak ingsun rakêtake Br = mulane kowe ingsun timbali. 3 Sadêdêg sapangawe Pt. = sadhuwuring awak punjul sadawaning tangan diacungake.

Banda. 1 Gawene mung mbanda tangan Pt = ora gêlêm nyambutgawe. 2 Mbanda kalani Pt = nglawan, tur panglawane ora gampang dikalahake. 3 Rok-bandawala-pati Kw = pêrang tandhing nganti ana sing mati salah siji. 4 Lawanan banda Bs = mêmungsuhan karo wong sing apês. 5 Nagabanda Kss = arane têmbang Gêdhe.

Bapang. 1 Suwêng bapang (bapangan) = suwêng awangun njêbèbèh. 2 Layangan bapangan = layangan sing kaya mawa swiwi. 3 Ana bapang sumimpang Bs = nyingkiri prakara kang bisa gawe kurang prayoga (nyilakani).

Bau. 1 Bau-dhêndha Kw = têgêse lugu: alêngên gada, maksude: kuwasa bangêt. 2 Ratu nyakrawati bau-dhêndha Kw = ratu kang prasasat ngêrèh jagad (kuwasa bangêt). 3 Bau-laweyan = wong wadon sing darbe cacad dhêkik ing poking baune. 4.

--- 63 ---

Dana bau Pt = udhu bau, têtulung angkat-junjung tanpa ngalap opah. 4 Pagawean bau-suku = pagawean angkat-junjung. 6 Prasasat ilang baune têngên Pt = prasasat ilang kêkuwatane, marga wong sing dadi andêl-andêle wis ora ana. 7 Yèn kowe bisa nyêmpal bauku kiwa-têngên, kêna Sumbadra dadi garwamu (Sêsumbare Baladewa) = manawa kowe bisa ngalahake aku, kêna Sumbadra koboyong. 8 Saking jêjêging panggalihe Wrêkudara, sanadyan baune dhewe manawa salah iya disêmpal Pd = sanadyan sadulure dhewe manawa luput iya pinidana. 9 Enthèngan bau Pt = sênêng têtulung rumagang ing gawe. 10 Bandha bau Pt. = mung pawitan bau, tanpa kapintêran. 11 Bau-dhanyang = kayu sing tumamcêp ing saka lan nyangga blandar utawa pangêrêd. 12 Bau-sastra = buku kang ngêmot têgêse têmbung-têmbung. 13. Sawah sabau = ¼ jung = ¼ karya = ½ kikil = 2 lupit = 4 iring = 8 idu = l6 kêcrit = 500 ubin = kira-kira 7000 m2. l4 Sing mbau-rêksa = sing manggon lan nguwasani. 15 Bau kapine Bs = ora padha pangrêngkuhe marang siji lan sijine. (Pine = beda. Kapine = dibeda, digawe kacèk). 16 Dirgabau Pd = danawa mawa bau dawa sing ditatas tangane dening Ramawijaya nalika ngupaya Sinta, danawa malih warna dewa lan dhawuh marang Ramawijaya supaya mratapa ana ing wukir Rêksamuka. 17 Arjunasasrabau Pd = Ratu ing Maèspati (titising Wisnu). 18 Baurêksa = ratune baya aran Jalumampang.

Driji. 1 Adriji gunting (Gathutkaca) Pd = mawa driji sêntosa bangêt. 2 Ngêmut driji Pt = ora kêpanduman apa-apa. 3 Gêgêlang munggwing dariji Ws = ali-ali.

Jêmpol. 1 Gambarane jêmpol Pt = apik bangêt. 2 Kalêbu wong jêmpolan Pt = kagolong wong pêng-pêngan. 3 Olèhe njênthik arêp dijêmpol Pt = barang olèhe njaluk arêp dijaluk.

Junjung. 1 Njunjung ngêntêbake Pb = ngalêmbana, nanging ngêmu surasa ngrèmèhakle. 2 Dijunjung ing aluhur Br = sinêngkakake ing aluhur = diunggahake pangkate. 3 Pêrang junjungan Pd = pêrang tanpa gêgaman (sing kuwat njunjung mungsuhe, iku sing mênang).

Gayuh. 1 Nggayuh-nggayuh luput Pb = kang dijangka ora klakon. 2 Nggayuh tawang Pb = wong sèkèng darbe panjangka gêdhe

--- 64 ---

sing mokal kalêksanane. 3 Gêgayuhan luhur Pt = idham-idhaman utama.

Gêgêm. 1 Nggêgêm dhuwit. 2 Nggêgêm watu Pb = ngincim-incim nêdya namakake piwalês, nanging sinamun. 3 Nggêgêm tangan Pt = kêsèd, wêgah rumagang ing gawe.

Kanaka. 1 Kêthik kanaka Pt = ora tau nyambut gawe, kapenak uripe. 2 Sarpakanaka Pd = rasêksi putrane rêsi Wisrawa miyos saka Dèwi Sukèsi. 3 Yudakanaka Ws = pêrang buku,[12] maksude kukur-kukur, sasmitane têmbang Pangkur. 4 Kalpa sru sêmune kanaka putung Pl = pralambange Sunan Mangkurat Têgalarum kang misuwur siya, nganti akèh andêl-andêling nagara kang tumêka ing tiwas marga pinidana. Kalpa sru, ngibarat: ora sugih pangapura; kanaka puthung, ngibarat: andêl-andêl kang padha dipatrapi paukuman nganti tumêka ing tiwas.

Kêmpit. 1 Ngêmpit Pt = ngêdolake baranging liyan tampa opah utawa bêbathèn. 2 Ngêmpit-ngindhit Pt = nyambut gawe kanthi repot, luwih saka sawarna. 3 Dikêmpit kaya wade, dijuju kaya manuk Bs = diopèni bêcik lan diwêlêg ing pangan.

Kêplok. 1 Panêmune kêplok Et = cocog. 2 Kêplok bokong Pt = nyuraki wong kasangsaran. 3 Kêplok ora tombok Pb = melu sênêng-sênêng, nanging ora melu kelangan wragad. 4 Kêplokana saka kadohan Pd = tontonên lan surakana saka ing kadohan (pêrange, olèhe ngadu tyasa).

Kojong. Sajimpit sakojong Pb = ora adil pangêdume, ana sing tampa sathithik, ana sing akèh.

Kuku. 1 Kuku pancanaka Pd = kukune darah Bayu. Dewa, manusa wanara sing kasinungan daya bisa mangrèh bayu (angin) padha mawa kuku pancanaka (Bathara Bayu, Wrêkudara, Anoman). 2 Sakuku irêng Pp

= cilik bangêt; yèn ditrapake ing katrêsnan, katrêsnan sing ora êntèk-êntèk, widada; pêpindhane kuku irêng, dikêthok sore, esuk wis thukul manèh. 3 Angêt kemuku Pt = mangêt-mangêt.

Lêngên. 1 Gêdhèn-gêdhènan lêngên Pt = ungkul-ungkulan karosan, ngadu karosan. 2 Mêrang lêngên Pb = ngungasake kuwanèn lan kadigdayan sarana mêrang lêngêne dhewe, ngêmu surasa nantang.

Pikul. 1 Sapikul sagendhongan Pb = dundum waris miturut wêwaton: pandumane wong lanang tikêl lorone pandumane wong wadon. 2 Mikul dhuwur mêndhêm jêro Bs = agawe kuncarane wong-tuwa (bapa-biyung). 3 Ali-ali gunung sapikul = ali-ali amripat têlu. [têlu...]

--- 65 ---

[....]

Putung. 1 Sumbare kaya bisa mutung wêsi bligèn Pt = sumbare mêmêdèni (Gligèn = gilig + an = giligan, gligan, mingsêd dadi: gligèn). 2 Sing malang-malang putung, sing rawe-rawe rantas Br = kabèh sing ngegol-egoli sêdyane, kêna disirnakake. 3 Putung kasawatna, rêmuk kasawurna Pd = prasêtyane punggawa marang ratu, lumrahe punggawa kang nêdya nindakake ayahaning ratu mapag yudaning mungsuh; maksude: manawa nganti kalah karo mungsuh pratandha ora pantês tampa kapracayan, suka-rila diêjura pisan dening Sang Prabu.

Sangga. 1 Disangga pangane Pt = diwènèhi pangan. 2 Atine sangga-runggi Pt = sujana, ora pati pracaya. 3 Ora kêna disangga miring Pt = ora kêna digêgampang. 4 Abot sanggane Pt = ora gampang. 5 Sinangga krama Pt. = dienaki ing rêmbug supaya sênêng. 6 Arang kang kuwawa nangga[13] yudane Br = arang-arang sing kuwat nandhingi, langka sing kuwat nglawan pêrang. 7 Sangga wang = wange disangga ing èpèk-èpèk. 8 Panggung sangga buwana = arane panggung Surakarta, isi sêngkalan atêgês taun 1198 (pa agung utawa murda 8, song 9, ga 1, buwana 1).

Sèrèd. 1 Payung sèrèd Pt = payung upacara sing mawa corak putih, kuning lsp ing pinggire. 2 Adu jago seredan Pt = jago sing kalah dadi darbèke wong sing mênang jagone. 3 Nyèrèd pring saka pucuk Bs = pagawean gampang dadi angèl, marga kliru caraning panggarape.

Sikut. 1 Sikut pêtèl[14] Pd = sikut kang sêntosa bangêt (Gathutkaca). 2 Disikut Pt = dikon lunga, diêndhih, diganti dening wong liya pangkate, kalungguhane lsp). 3 Gêdhe sikute Pt = akèh tampane dhuwit mirunggan (kajaba pamêtu utawa blanjane sing baku). 4 Ngrabèkake sikut Pb = priya njarag senggolan karo wanita utawa kosok-baline (ana ing papan rame).

Tangan. 1 Lumah tangan Pt = ora mèlu cawe-cawe, mulane moh mèlu tanggung-jawab.2 Usap tangan = kacu. 3 Dawa tangane Et = climut. 4

Kakèhan tangan Pt = pagawean wis diêmèk (digarap) dening wong pirang-pirang gênti-gêntèn. 5 Enthèngan tangan Pt = sênêng milara (nganggo tangan), cêngkiling. 6 Angon ulat ngumbar tangan Pb = maspadakake ulating liyan ditangguh limpene nêdya dikutil barange. 7 Nabok nyilih tangan Bs = namakake panggawe ala sarana kongkonan. 8 Têmu tangan Br = panggih asta Ki = ijab, dhaup. 9 Ditampani tangan loro Pt = ditampani kanthi sênênging ati. 10 Sida karasa ing tangan Br = dipilara. 11 Tanganmu êgarna P[15] = kowe nyambut-gawea. 12 Dawa tangane = climut.

--- 66 ---

Cangklak. 1 Satru munggwing cangklakan Pb = mungsuh kang kacêdhak (isih sadulur, nunggal pagawean lsp). 2 Nyangklak bangêt yèn aku lêlayanan dhewe karo panjênêngane, mulane prayoga lantarna Pt = marga pangkate luwih gêdhe, bangêt tinimbang pangkatku, aku ora têkan arêp lêlayanan dhewe karo panjênêngane, mulane njaluk lantaran kowe.

Cekoh. 1 Cekoh kokoh Pt = dhokoh lan sêngkut bangêt pamangane. 2 Cekoh regoh Pt = wis ora bisa nggêlawat, marga wis tuwa bangêt.

Cingkluk. Gawene cingkluk ing pasar Pt = ngêmis, pêpriman.

XXIII. SIKIL

Dasanama: 1 Sikil = suku, sampeyan, panjênêngan, pada, samparan, carana, jêng. 2 Lumaku = lumaksana, lumaksita. lumaris, lumakswa, lumampah, tumindak. 3 Tapak = lari, lacak, tepak, tilasing. Darwaning sikil: 1 Impur = yèn mlaku dhêngkule mlêbu (arêp gathuk). 2 Wagah = yèn mlaku dhêngkule manjaba (mangun aksara O). 3 Kêncèt = sikile sing siji luwih dawa tinimbang sijine. 5 Lumpuh = ora kuwat nyangga awak, satêmah ora bisa mlaku. Pakartining sikil: lumaku, lumayu, njêjak, mancal, nêndhang, ongkang-ongkang, ngidak, sila lsp.

Adêg. 1 Adêg-adêg = praboting aksara Jawa, uga diarani ada-ada. 2 Adêg-adêg antêp = anggêr ngadêg banjur tiba. 3 Adêg-adêg saka = mubêng sêsêr katone nganti kaya ora obah. 4 Ngadêg jêjêg pindha tugu sinukarta Pp = ngadêg jêjêg tanpa obah kaya rêca. (Sinukarta = dipundhi-pundhi, diaji-aji. Kaya tugu sinukarta = kaya tugu sing diaji-aji, yaiku kaya rêca). 5 Mati ngadêg Pt. = mati isih nggêjêjêr (saka wêdine karo mungsuhe, marga kagèt lsp). 6 Madêg senapati = dadi senapati. 7 Ngêdêgake sayêmbara = nganakake sayêmbara.

Bêgagah. 1 Sikil mbêgagah = mêngkang, mêthanthang. 2 Tinimbang mati mringkus luwih bêcik mati mbêgagah Pt. = tinimbang nungkul marang mungsuh (ora wurung tumêka ing pati marga dipatèni utawa mati-ngênês dening disiya-siya), aluwung mati marga lumawan ing pêrang.

Dlamakan. Dlamakane sajari miring Cd = dlamakane tipis bangêt (putri).

Drojog. Dumrojog tanpa larapan Br = (têkane, sowane) ora nganggo lantaran, marga ora ngaturi priksa ing sadurunge.

--- 67 ---

Dugang. 1 Didugang = ditêndhang nganggo pucuking dlamakan. 2 Dugang mirowang Pb = sing sakawit ngrewangi, wasanane dadi mungsuh.

Dhêngkul. 1 Pawitan dhêngkul Pt = ngabotohan tanpa pawitan dhuwit, sing dianggo udhu totohan olèhe utang mungsuhe ngabotohan. 2 Ngikêt-ikêti dhêngkul Bs = ngopyahi dhêngkul, nasabi dhêngkul = mikolèhake sanak-sadulur. 3 Dhêngkul ikêt-ikêt Bs = wong bodho didadèkake pangarêp (lumrahe marga isih sadulur). 4 Landhêp dhêngkul Pt = wêlu bangêt atine, ora gathèkan, ora lantip. 5 Adhêngkul paron Pd = dhêngkule sêntosa bangêt (Gathutkaca). 6 Wis sadhêngkul Bldh = wis wayahe kêna dirangkul (tumrap bocah wadon), têgêse wis ngancik diwasa. 7 Gawene mung ngêkêp dhêngkul Pt = ora gêlêm rumagang ing gawe. 8 Kêndhangan dhêngkul Pt = ngenak-enak ora nyambut gawe (marga pagaweane wis rampung).

Jajah. 1 Ngrupak jajahaning mungsuh, ngêlar laladaning rowang Pd = nêlukake mungsuh lan nagarane diaturake marang gustine (ratune). 2 Njajah desa milang kori Pb = njajah têkan ing ngêndi-êndi, dalasan papan sing kurang wigati mêksa disatitèkake kaanane.

Jangkah. Isih amba jangkahe Pt = isih akèh sing dijangka; isih bisa njangka sing muluk-muluk.

Jêjêg. 1 Pangadilane jêjêg Et = adil, ora bau kapine. 2 Pikirane ora jêjêg Et = rada edan. 3 Njêjêgake adêging praja Pt = agawe kuwating nagara. 4 Kêndhile ora jêjêg Pt = kurang mangan, ora bisa ngliwêt akanthi ajêg.

Jinjang. Jinjang api goyang Pb = api-api pracaya, sajatine ora ngandêl.

Entar (mentar). Mentar palayangan Bs = lunga têkan ngêndi-êndi tanpa jujug, ngumbara.

Idak (pidak). 1 Midak ilat Pd = kurang ajar. 2 Pidak padarakan cèkèl longaning bale Br = turune wong asor, sudra. 3 Pidak sikil jawil mungkur Pb = wong kang wis kêkêthikan. 4 Ora kêna kêpidak wayangane Pt = ketoke kaya ora duwe kêkuwatan (marga saka alusing tindak-tanduke). 6 Midak supata Pb = nêrak wêwalêre dhewe. 7 Ngidak gêni blubukan Bs = nêmu cilaka marga saka kurang wêweka.

Layu. 1 Sirna marga layu Br = mati. 2 Lêlayu = tumbak kang pucuke mawa gêndera cilik. 3 Klayu = kapengin mèlu. 4 Nglayoni = ngabari bab

kêsripahan. 5 Mlayu ngêmprèt = têgêse lugu: mlayu karo muni prèt-prèt (kaya unine gajah), maksude: mlayu bantêr bangêt. 6 Mlayu sipat kuping = lonjong

--- 68 ---

botor, lonjong êndhog, lonjong mimis, lumayan bantêr bangêt. 7 Mburu lumayu Bs = ngarah barang kang nglêngkara bisane kêna. 8 Ngaturake kidang lumayu Bs = nuduhake kamelikan kang nglêngkara bisane kêcêkêl. 9 Dhadhakan nglayoni = rêmbug kang ngèrèni, rêmbug susulan kang murih wurunge lsp.

Laku. 1 Laku ngiwa Pt = atindak sèdhèng (tumrap wanita). 2 Turune wong ahli laku Pt = turune wong sênêng tirakat (pêndhita). Têmbung "laku" ing ukara iku ora atêgês lakuning suku, nanging lakuning kalbu. 3 Nulada laku utama Pt = nirua tindak kang luhur. 4 Wong sing lara wis lêlaku Pt = sêkarat. 5 melua salaku jantrane Pt = apa sing ditindakake kowe melua nindakake. 6 Sumur lumaku tinimba Bs = wong sing kumudu-kudu ditakoni. 8 Gawene nglakokake dhuwit Et = ngutangi dhuwit sing panyaure mawa anakan. 9 Kêbo lumaku dipasangi Bs = wong sing njarag supaya diwènèhi pagawean abot. 10 Dohe lakon karo gêthèk Pt = dohe manawa dilakoni dharat mbutuhake wêktu 1 ½ awan. 11 Manggung dadi lakon Pt. = tansah ngalami ora kapenak, sangsara. 12 Dhalang ora kurang lakon Pb = wong iku lumrahe ana-ana bae akale, ora bisa kêntèkan akal. 13 Trimaa sing nglakoni mangsa trimaa sing momong Pt = sanadyan wong sing disiya-siya trima, Gusti Allah mêsthi ora bakal marêngake lan bakal malêsake. 14 Lakon Bratayuda Pd = lakon wayang nyaritakake pêrange darah Barata (Pandhawa karo Kurawa). 15 Panah salakon = cacahe papat. 16 Krêtu cilik salakon = 120. 17 Krêtu gêdhe salakon = 52. 18 Domino salakon = 28. 19 Keputungan laku = ora bisa nêrusake ihtiyare. 20 Sastralaku = patrape maca utawa gunêman, aksara swara diucapake mawa aksara sêsigêg ing wêkasane têmbung sangarêpe.

Laksana. 1 Darma sulaksana Pb = atindak adil, alaku bêcik. 2 Teja-teja sulaksana Kw = kang acahya sumunar kaya teja, satriya. 3 Bèrbudi bawa laksana Br = sênêng wèwèh lan nêtêpi kang dadi ujare.

Lampah. 1 Sêkar agêng Rêtnamulya lampah 12 = sabên sapada-pala ana 12 kêcap; sarèhne têmbang gêdhe iku ana 4 pada-pala, dadi gunggunging kêcape ana 4 x 12 = 48 kêcap, 2 Sastra lampah = Mr. sastra laku.

Langkah. 1 Nglangkahi sadulur tuwa Pt = ndhisiki omah-omah, olèhe omah-omah luwih dhisik tinimbang sadulure tuwa. 2 Nglangkahi titir Bs = nyêkêl durjana tanpa pamit marang wong sing nguwasani panggonan dununge durjana.

--- 69 ---

Lacak. 1 Kelangan lacak Pt = ora bisa têrus nglari (nggolèki) sarana nurut lacake. 2 Kêlacak kêpathak Bs = wong ala kang wis ora bisa ngungkiri kaluputane amarga wis kêbuktèn.

Lumpat. 1 Lumpat kidang Pb = ora urut lan ana sing diliwati. 2 Dipalangana mlumpat, didhadhunga mêdhot Pt = ora kêna diêndhakake karêpe. 3 Nglumpati sadulure tuwa Pt = ndhisiki omah-omah, nglangkahi. 4 Kêbo lumumpat ing palang Bs = ngadili prakara ora manut undhang-undhang kang wus ditêtêpake.

Lumpuh. 1 Lumpuh ing sastra Et = wuta ing sastra, ora bisa maca lan nulis. 2 Korêpsi iku nglumpuhake nagara Et = agawe ringkihing nagara. 3 Lumpuh ngidêri jagad Bs = wong sèkèng nanging pikirane lunja-lunja njangka sing sarwa nglêngkara.

Lunga. 1 Lunga pêrang putung watange Pl = pralambange Radèn Fatah nênêlukakake para adipati kang durung ngrasuk Islam dibiyantu para Wali lan para mukmin, akèh wong mukmin sing tumêka ing tiwas. 2 Alêlungan datan kongsi bêbasahan kêsêlak kampuhe bêdhah Pl = pralambange Radèn Jaka Tingkir, jumênênge ratu durung ngalami mukti wibawa kêsêlak seda.

Murang. 1 Murang marga Et = têgêse lugu: nyimpang dalan, ora ngambah dalan sing satêmêne, maksude: atindak ala. 2 Murang sarak Et = nyimpang saka sarak (saraking agama), atindak ala (ora manut pitutur). 3 Murang krama Pt = murang tata, nyimpang saka tata-krama, diksura.

Ongkang-ongkang. Gawene mung ongkang-ongkang Pt = ora nyambut gawe, mung prentah-prentah bae.

Pada. 1 Pada kang kanggo ing adangiyahe layang-kiriman warna têlu: I Pada andhap ... tumrap layang marang wong tuwa (dhêdhuwuran). II Padamadya ... tumrap layang marang sapadha-padha. III Pada-luhur ... tumrap layang marang wong nom (andhahan). 2 Pada kang kanggo ing têmbang (kang tinulis ing sastra Jawa) warna papat: I Pada-gêdhe, awujud pada-madya ... kanggone ing sabên wêkasaning padane têmbang, unine mangajapa. II Purwa-pada ... kanggone ing wiwitaning carita kang sinawung ing têmbang unine bêcik. III Madya-pada ... kanggone ing wêkasane pupuh manawa arêp ganti pupuh anyar, unine mandrawa, têgêse: tangèh [ta...]

--- 70 ---

[...ngèh] utawa adoh (tangèh tumêkane tamat). IV Wasanapada ... kanggone ing wêkasane carita kang sinawung ing têmbang, unine iti. têgêse tamat. 3 Têmbang sapada = salagon (Indonesia: sebait). 4 Pada lingsa = pada siji (kanggo panutuping gatra). 5 Pada lungsi = pada loro, kanggo panutuping ukara. 6 Pada pangkat = pada kang dianggo ngapit-

apit angka Jawa, utawa dianggo tandha manawa arêp nyêbutake barang luwih saka loro kanthi urut-urutan lsp. 7 Pada pacak = awujud das ingapit-apit pada lungsi, dianggo panutup ing crita gancaran kang tinulis ing sastra Jawa. 8 Sapada-pala = salaku (salampah), saperangane têmbang Gêdhe utawa têmbang Kawi. Têmbang Gêdhe iku sabên salagon (sêbait) mêsthi ana 4 padapala = padadirga = 1 padeswara. 9 Ngaras pada Br = têgêse lugu: ngambung sikil, maksude: ngèstu pada, nyêmbah. 10 Sadpada Kw = kewan asikil nênêm (gangsir, jangkrik, lalêr lsp). 11 Pada-wadana = golonganing rai, rupa. 12 Marcapada Kw = janaloka, manuswapada, alam-donya. (Pada = panggonan). 13 Ngraup pada Br = ngrungkêpi sikil (lumrahe marga rumangsa kaluputan, njaluk pangapura).

Padal. 1 Madal tamba Pt = ora ana tamba sing bisa agawe warasing larane. 2 Madal sumbi Pb = madoni prentah kang atêgês ora tumuli nindakake pakon. 3 Madal pasilan Br = lunga saka ing pajagongan utawa pasewakan. (Sawênèh ana sing ngandhakake: madal pasihan, iku ora bênêr). 4 Madal wicara Pb = madoni dhawuh.

Pancal. 1 Pancal panggung = sikile papat pisan mawa ulês putih, nanging ulêsing awake ora putih (tumrap jaran). 2 Kêpancal sêpur Pt = kasèp ing angkate sêpur, kêtinggal sêpur. 3 Mancal donya Pt = tinggal donya, mati. 4 Wanita mancal priya Pt = wong wadon ngêmohi marang sing lanang. 5 Prau mancal = mangkat lêlayaran. 6 Mancal kêmul Pt = mangan ing wayah sore (ora patia warêg). 7 Nyêmpal sambi mancal Bs = njupuk barange wong sing dipondhoki (utawa wong sing tunggal saomah) banjur lunga.

Para. 1 Pêpara = lunga midêr-midêr prêlu ngenggar-enggar ati sarana bêdhag-pikat. 2 Mara-awak Pt = mara-bau = têka ing omahe wong prêlu rewang nyambut gawe, nanging ora nggawa piranti. 3 Mara-uni Pt = têka ing omahe wong sing lagi repot (dandan-dandan) ora têtulung, mung prêlu ngobrol. 4 Mara dagang ing pasar = dêdagangan ana ing pasar. 5 Mara dhayoh = têka ing omahe wong prêlu tilik lsp. 6 Mara tangan Pt = milara nganggo tangan. 7 Janma mara mati, sato mara mati Br =

--- 71 ---

papan sing sangar bangêt, manawa ana manusa utawa kewan sing ngambah ing papan iku tumêka ing pati. 8 Piring para Pt = piring ala, dudu piring adèn-adèn.

Sandhung. 1 Sandhung jêkluk tiba kabruk mung si ... = sing tansah diucapake mung si ... (marga saka bangêting trêsnane). 2 Akèh sandhungane Et = kêrêp nêmu alangan. 3 Sandhung-lamur = daging rajakaya kang dumunung ing dhadha. 4 Sandhung watang Pt = prakara sing ora kêna ditêrak, manawa ditêrak ana arale. 5 Nyandhung cêpaka sawakul Pb = olèh kabêgjan gêdhe tanpa kinira ing sadurunge. 6

Kêsandhung ing rata kêbêntus ing tawang Pb = nêmu bêbaya sing ora dinyana-nyana babar pisan. 7 Satriya kêsampar-kêsandhung Pl = Satriya kang kasêbut ing Jangka Jayabaya bakal jumênêng Ratu ing nagara Kêtangga (alas Kêtangga); sadurunge jumênêng wong-wong akèh sing kêtambuhan, marga Sang Sinatriya ora ngatonake kasatriyane. Ya Satriya iku kang kasêbut uga ana ing parlambang "Tunjung putih sêmune pudhak sinumpêt".

Sikara. Gêndhak sikara Pt = mialani wong, ganggu-gawe marang liyan.

Sikil. 1 Sikil bumbung mata laron Pt = unèn-unèn sing lumrah dianggo mêmoyok gajah. 2 Dadi sikil Pt = marakake bola-bali kudu lumaku marani, niliki lsp. 3 Sikil digawe êndhas, êndhas digawe sikil Pb = kanthi rêkasa bangêt, bêbasan nganti nungsang njêmpalik.

Sila. 1 Sila panggung = silane wanita, dhêngkul ora nggêpok jogan. 2 Sila timpuh = silane wong sêmbahyang, bokonge sinangga dlamakan. 3 Sila tumpang = silane dhalang, sikile têngên tumumpang ing sikile kiwa. 4 Trap-sila = trap (patrap) + sila (bêcik) = patrap bêcik. 5 Pancasila prakara bêcik warna lima, yaiku: kabangsan, kasucian (kêtuhanan Yang Maha Esa), kamanungsan (Perikemanusiaan), panguwasaning rakyat (kedhaulatan rakyat) lan kaadilan (keadilan sosial). 6 Susila ing warna Br = bagus (ayu) rupane. 7 Sila mabukuh tumungkul amarikêlu, muka kadya konjêm bantala Br = lungguh sila akanthi urmat tumungkul bangêt, raine kaya mèpèd ing lêmah. 8 Susila anor-roga Br = warnane bagus (ayu) tur andhap-asor. 9 Susila tyase ngumala Br = rupane bagus (ayu) tur luhur ing budi. 10 Nambutsilaning akrama Br = omah-omah. jêjodhoan, kawin.

Suku. 1 Suku-dirga = suku-mêndut = sandhangan suku kang aswara dawa. 2 Ngraup suku Br = ngrungkêbi sikil, lumrahe marga rumangsa kaluputan (njaluk pangapura). 3 Sidhakêp asuku

--- 72 ---

tunggal, nutupi babahan hawa-sêsanga Br = carane muja samadi, tangane sidhakêp, sikile dadi siji (rapêt), kabèh dalane hawa-napsu kang cacahe 9 ora makarti. (Babahan hawa-sêsanga yaiku: mripat 2, kuping 2, cangkêm 1, bolongan irung 2, palanangan utawa pawadonan 1 lan jubur 1). 4 Suku jaja têkên janggut Br = kanthi rêkasa bangêt. 5 Ora ketang nglimang sukoni Pb = sanadyan kanthi rêga larang mêksa daktêmpuh (daksêrang). 6 Disuku = ditrapi sandhangan suku (tumrap aksara Jawa).

Tapak. 1 Tapak jalak = corekan prapatan minangka lêlirune tandha tangan. 2 Tapak-paluning pandhe Br = kabèh gêgaman kang saka wêsi. 3 Tapakdara = kayu sanggan dêbog sing dianggo nyimping wayang. 4 Tapak-asta Ki = tandha-tangan, uga atêgês: turahan pangan (lorodan). Sawênèh ana sing nêmbungake: tapak asma, iku luput. 5 Tinggal tapak jêro Bs = ora nêtêpi kasaguhan. 6 Tumapake sasi iki = tanggale siji sasi iki. 7 Tumapaking gawe = wiwit tumindaking gawe. 8 Nggolèki tapake

kuntul anglayang Ib = ngulati (maksude: nyumurupi) kêplasing nyawa. 9 Napak tilas Pt = nganggo cara kaya carane wong sing diganti kalungguhane. 10 Gênti tapak Pb = wong mangan kang gênti ajang, ajang siji dianggo wong loro gêntenan: uga atêgês: wong loro kang lakune untap-untapan bae.

Tilas. 1 Tanpa tilas Pt = tanpa lari, tanpa tabêt, ora ana tandha-tandhane babar pisan. 2 Ngalap tilasane Suta Pt = ngêpèk randhane Suta. 3 Mbuwang tilas Pt = nindakake apa-apa dianggo nutupi panggawe ala sing mêntas dilakoni. 4 Namun[16] tilas Pb = ngidaki tapake maling, ngilangi tapaking durjana. 5 Napak tilas = Mr. tapak.

Tindak. 1 Tindak macan lupa Cd = laku macan luwe yaiku lêngkèt-lêngkèt obah ngiwa-nêngên mêndat-mêntul. 2 Satindak sapêcak Pb = doh-cêdhaking sadulur; sadulur sing wis adoh ngibaratake satindak, sing isih cêdhak dingibaratake sapêcak. 3 Gliyak-gliyak yèn tumindak Pt = sanadyan kanthi alon nanging têrus ditandangi, suwe-suwe mêsthi klakon rampung. 4 Ngêdohake tindak dudu Pt = nyingkirana panggawe ala, aja nglakoni panggawe ala.

Trajang. 1 Nrajang gawar Pb = nêrak undhang-undhang nagara. 2 Nrajang grumbul ana cèlènge Bs = njarag ngambah papan kang ana bêbayane.

Tracak. Kewan atracak wungkul = kewan atracak siji (jaran, kuldi lsp), kosok-baline: kewan atracak bêlah, yaiku kewan kang tracake mawa sigaran (kêbo, sapi lsp).

--- 73 ---

Tut. 1 Tut wuri ndayani Pb = panuntun (Guru, wong tuwa) kang mènèhi kamardikan bab ada-ada marang sing dituntun, mung mènèhi pituduh utawa pamrayoga ing saprêlune, nanging bisa njalari gêdhening wohe ada-ada mau. (Ada-ada = inisiatip). 2 Nututi balang wis tiba Bs = nusuli gunêm kang wis diucapake utawa kasaguhan kang wis dijanjèkake. 3 Nututi layangan pêdhot Bs = ngarah baline barang sapele kang wis ilang, saupama sêdyane bisa kalêksanan ora gathuk karo rêkasane. 4 Rasa ngangsu, randha loro anututi pijêr atukar Pl = pralambange satriya oncat saka praja yaiku P. Mangkubumi lan Radèn Mas Said, ingêlud wadyabalane S. Pakubuwana III lan saradhadhu kompêni kang kurang saiyêg, wasanane P. Mangkubumi jumênêng Sultan Hamêngkubuwana I lan R. M. Said jumênêng P. Mangkunagara I.

Cèkèh. Cèkèh mêkèkèh Pt = sikil kang manawa dianggo mlaku katon mênga amarga engkar.

Colot. Colotan lan cablèkan Pb = wong ngêdolake baranging liyan olèh ujuran saka wong sing prentah ngêdolake lan uga saka wong sing nuku barang iku.

Undur. 1 Mundur mapan Pt = ulah mundur (prajurit), mundure marga prêlu mranata gêlaring baris murih prayogane, ora marga nêdya mlayu. 2 Mundur palarasan Br = lunga saka ing pajagongan (pasowanan) tanpa pamit. 3 Mundur uncêg Bs = kêkarêpan kang têrus ngangsêg, ora ana mêndhane. 4 Ngunduri tuwa Pt = sangsaya tuwa. 5 Kêkarêpane maju-mundur Et = ora mantêp, sajak gojag-gajêg. 6 Maju ewuh mundur kêpaluh Pb = yèn sêdyane ditêrusake mêsthi bakal ngalami ora kêpenak; yèn diwurungake mêsthi bakal kapitunan. 7 Undur-undur = arane kewan sagara bangsane yuyu. 8 Jame diundurake Et = digawe luwih rindhik (rêmbên).

XXIV. KULIT, DAGING

Dasanama: Kulit = walulang, wacucal, carma, kusika. Guluh = bolot, dhangkal, rêrêgêd sing tumèmplèk ing kulit.

Bolot. 1 Kulite kokot-bolotên Pt = akèh bangêt guluhe, katon rêgêd bangêt. 2 Ngadhêp cèlèng bolotên Bs = sêsrawungan karo wong awatak ala.

Busik. 1 Tan busik Kw = ora tata sathithik-thithika. 2 Adol lênga kari busik Bs = dundum barang, awake dhewe ora kêpanduman.

Daging. 1 Kumêd daging Pt = ora bisa lêmu, sanadyan ora kurang mangan. 2 Nitipake daging saêrêp Pb = têtêmbungan kang lumrah diucapake dening wong kang masrahake anake wadon [wa...]

--- 74 ---

[...don] marang wong lanang kang ngalap bojo. 3 Mêwahana ratdaging kayuwanan Br = (pangèstunipun gusti) ndayanana indhaking urat lan gading (maksude: kêkuwatan) tuwin kawilujêngan. (Kayuwanan = ka + yuwana + an = kaslamêtan, karahayon). 4 Kêdagingan Pt = kêtaton nganti kiris têkan ing daginge.

Dhèndhèng. 1 Maling dhèndhèng Bs = nyidra asmara. 2 Kucing sandhing dhèndhèng Bs = priya kumpul karo wanita ora wurung gampang tuwuhe pakarti kang kurang prayoga.

Jangêt. Jangêt kinatêlon Pb = pirukunan kang sêntosa bangêt. Ing jaman biyèn ana pirukunan kang diarani "Jangêt kinatêlon", yaiku pirukunan (pakumpulan) kang diêdêgake dening R. M. Suwardi Surjaningrat (Ki Adjar Dewantara), Dr. Tjiptamangunkusuma lan Walanda-Indo aran Douwes Dekker (Setyabudi). Jangêt = tali sing digawe saka walulang.

Gajih. 1 Nggajih = akèh gajihe (marga lêmu). 2 Mênangi gajih Pb = mênangi kapenake, ora melu nglakoni rêkasane.

Kulit. 1 Kulit-ayam = kulit kang tipis bangêt (lapisan kulit kang dhuwur dhewe). 2 Gêdhèg kulitan = gêdhèg saka kuliting pring, kosok-baline: gêdhèg atèn-atèn. 3 Kandêl kulite Pb = kandêl kupinge = ora idhêp isin. 4 Isih mambu kulit Pb = isih kalêbu sadulur. 5 Mitra kinulit-daging Pb = mitra kang wis manjing dadi sadulur. 6 Wayang kulit = wayang walulang, wayang sing digawe saka walulang, kayata wayang Purwa.

Lulang. 1 Pindhang lulang Ws = krècèk (ukara candhake lumrahe muni: kacèk apa aku karo..). 2 Kêkudhung walulang macan Bs = nganggo aling-aling wong sing nduwèni panguwasa (sêngadi diutus didhawuhi lsp.), supaya bisa kalêksanan sedyane. 3 Dagang lulang bolong, dhuwite kumrompyong, dagangane ora kalong Pt = têtêmbungan kang dianggo nyênyamah wong wadon palanyahan utawa lonthe (Indonesia: perempuan lacur).

Mayang. 1 Disêndhal mayang Pd = dicabut nyawane dening dewa kanthi dadakan, kayata: Pandhudewanata. 2 Mayangkara = Bagawan Kapiwara, yaiku jêjuluke Anoman sawise mbêgawan, barêng wis tuwa..

Carma Ngagêm trumpah madukacarma Pd = mawa trumpah saka walulang. Madukacarma = am + paduka + carma = têmbung iku satêmêne wis atêgês: mawa trumpah walulang. Paduka = trumpah.

XXV. RAMBUT, WULU,LAR

Dasanama: Rambut = rema, wèni, kesa, roma, sinom, jatha (uga atêgês, siyung).

--- 75 ---

Atêgês rambut (mawa rambut utawa wulu): Alis (imba) sadhuwure mripat. 2 Idêp (ibing) ing tlapukan. 3 Sinom (weni) ing dhuwur bathuk. Yèn sing cêndhak-cêndhak jênênge kêtêp. 4 Lungsèn = rambut ing sadhuwure bathuk gadhuk karo gêlung (sing mawa lungsèn kayata Janaka). 5 Athi-athi ing sandhing kuping. 6 Brêngos ing sadhuwuring lambe. 7 Godhèg ing pipi. 8 Cambang sing ngêbaki pipi. 9 Jenggot ing janggut. 10 Wok ing tênggok (sangisore janggut). 11 Simbar utawa bris ing dhadha. 12 Ingus ing sajrone irung. 13 Jêmbut ing pawadonan utawa planangan. 14 Kèlèk ing cangklakan. 15 Wulu-puhun utawa wulucumbu ing jêmpol sikil. 16 Wulu-kalong utawa wulu-langsêp, wulu lêmbut alêmês. 17 Wulu-sètan, rambut (wulu) sing dununge manjila. 18 Brewok = godhèg kêtêl dawa. Wangune gêlung. 1 Kondhe = gêlung lumrah (wanita Indonesia sing akèh-akèh agêlung kondhe). 2 Têkuk = gêlung sing mung ditêkuk bae, pucuke dislêmpèdake ing poking rambut. 3 Kadhal-mènèk = gêlung-têkuk sing pucuke dislêmpèdake ing jungkat. 4 Gêlung bungkus = gêlunge wanita Tionghwa. 5 Gêlung bokor = gêlunge pangantèn. 6 Gêlung Ciyodha = gêlung loro (wanita Pasundhan). 7 Gêlung federal = gêlung bundêr ing têngah bolong. 8 Gêlung pare karantan = gêlung sing pucuke diklèwèrake.

Gelung wayang: 1 Gêlung kêkêling = kaya gêlunge wong Kêling, kayata gêlunge Puntadewa. 2 Gêlung minangkara utawa gêlung supit-urang = gêlung kang wangune kaya angganing urang diplêngkungake, kayata gêlunge Janaka. (Minangkara = minangka + sêsêlan in. Mangkara Kw = urung). 3 Gêlung gêmbêl = mlêngkung kaya gêlung minangkara, nanging ing têngah rapêt akêkêt, ora bolong kaya gêlung minangkara, kayata gêlunge Jayadrata.

Alis. 1 Dangir alis Pt = kêrik alis, digawe supaya wangune bisa nanggal sapisan. 2 Alis nanggal sapisan Cd = njlirit kaya wangune rêmbulan nuju tanggal siji (sasi Jawa). 3 Wêlas tanpa alis Pb = iku paribasan sing wis kêlantur, bênêre muni: wêlas têmahan lalis = wêlas marang liyan kang wusanane agawe kasangsarane. 4 Alise ngroning imba Cr = kaya ron imba, tipis anjlirit. 5 Alis nyingkal Cd = kaya singkal, yaiku alis sing kandêl bangêt. Singkal = peranganing wluku sing ditancêbi kêjèn). 6 Ngincangake alis Pt = ngobahake alis (obahe mandhuwur). 7 Kêgiwang kincanging alis Pt = kêpencut mêmanising wanita. 8 Tikêl alise Pt = gathuk alise kiwa lan têngên, amarga nêpsu. 9 Mung saalis Pp = mung

--- 76 ---

sajlirit, cilik bangêt, upamane tumrap iris-irisan jênang. 10 Mawa sipat alis = nganggo pulas irêng ing alise (sing digawe saka mangsi bak utawa cêlak).

Athi. Athi-athi ngudhup turi Cd = kaya kudhuping turi, yaiku mlêngkung mamburi (pucuke lancip).

Brêngos. 1 Brêngos kêtogan = brêngos cêndhak ora ngrêsêpake. 2 Brêngos nglalêr mencok Pp = cêndhak ngrêsêpake, kayata brêngose Hitler. 3 Brêngos caplang (capang) = dawa nylakênthang lan kêtêl, kayata brêngose Stalin. 5 Brêngos njlêkèthèt = cilik (tipis) anyênthang, kayata brêngose Sêtyaki. 5 Brêngos ngawêt = mayuk mangisor lambe. 6 Ngawêt brêngose Et = kisinan, kuwirangan. 7 Brêngos ngulêr kèkèt = kaya ulêr kèkèt, kayata brêngose Wrêkudara. 8 Brêngos ula-nglangi = kaya ula nglangi, kayata brêngose Dursasana. 9 Brêngos kèplèh = ora njêgrag, pucuke sèngklèh. 10 Kèplèh brêngose Et = kisinan, kuwirangan.

Jambul. Kongsi jambul-wanên Pt = nganyi tuwa bangêt (Têgêse lugu: jambule wis mêtu uwane).

Jenggot. 1 Jenggot nyanthuk = jenggot kang pucuke mayuk mangarêp. 2 Sambêl jenggot = sambêl parudan krambil. 3 Bubut-bubut jenggot Pt = ora tau nyambut gawe abot, kapenak bangêt uripe. 4 Nadyan akeh kawulaningsun kang sakêpêl sisih rawise, pinangku jenggote Pd = sanadyan kawulaningsun akèh kang wis tuwa lan jalaran saka tuwane iku wis sugih pangalaman ... (Ukara iku lumrahe isih ana têruse kang surasane ngalêmbana marang wong sing dija[17] wawansabda Sang Prabu).

Gombak. 1 Ora gombak ora kuncung ambêke kaya tumênggung Pt = mlarat lan ora nduwèni kaluwihan apa-apa, nanging ladak bangêt. 2 Radèn Ajêng Gombak = putrane putri bupati Kêdhiri sing kagarwa Bagus Burham (Pujangga Ranggawarsita).

Idêp. 1 Idêpe angisi Pp = kaya kisi, wuluning idêp gêdhe-gêdhe lan dawa-dawa bangêt. Kisi iku praboting tênun piranti sing dianggo ngikal bênang, gêdhene watara sadriji, dawane 2 dm. 2 Idêp mangada-ada Cd = njêgrag, marga nêpsu. 3 Idêp tumêngèng tawang Cd = pucuke mlêngkung mayuk mandhuwur, uga sok ditêmbungake idêp ngêtonggèng. 4 Paku idêp = paku kang cilik bangêt.

Kuncung. 1 Sata kuncung Ws = mêrak. 2 Kuncung nganti gêlung Pb = wiwit cilik nganti tumêkane diwasa (tuwa). Jaman biyèn kabèh bocah lanang kuncungan, manawa wis diwasa banjur gêlungan; yèn ikêt-ikêtan gêlunge banjur dadi mondholan.

--- 77 ---

Lar. 1 Lar panjawat = lar gêdhe ing swiwi. 2 Ngêlar kombang Pp = kaya êlar kombang, yaiku warnaning untu kang disisig (banyon). 3 Ngêlar gangsir Pp = kaya lar gangsir, mawa sêrat gêdhe-gêdhe (tumrap klobot). 4 Nggajah êlar Pb = kumlungkung, nglairake gak-kêdugane. 5 Bisa mabur tanpa lar Pd = bisa njumantara (Gathutkaca). 6 Gagak nganggo laring mêrak Bs = wong cilik sing uripe, panganggone lsp kaya wong gêdhe. 7 Tautate ngrupak jajahaning mungsuh, ngêlar laladaning rowang Br = wis tau nêlukake mungsuh lan nagarane diaturake marang gustine (muwuhi jêmbaring laladane gustine). 8 Kinêbutan ing lar badhak Pd = dikêbuti nganggo tepas gêdhe sing digawe saka laring mêrak. 9 Gangsire manglar = wis mêtu êlare, wis mawa lar. 10 Pêdhang ngêlar walang Pp = kaya lar walang, pucuke lancip. 11 Pêdhang ngêlar bango Pp = kaya lar bango, pucuke ora patia lancip.

Lancur. Samba lêlancure praja Dwarawati Br = Samba têtunggule wong ing nagara Dwarawati, sing bagus dhewe.

Rambut. 1 Rambut nyambêl wijèn Pp = pating plêlik sêlap putih. 2 Rambute wis mabluk Pt = wis akèh bangêt uwane (wis tuwa). 3 Rambut bajang Pt = rambut sing wiwit lair durung tau dicukur; samangsa dicukur, panyukure nganggo upacara. 4 Kumrambut = wis mèh kênthêl (tumrap kilang sing digênèni arêp digawe glali utawa gula). 5 Ora nggrantês sarambut pinara pitu Br = babar-pisan ora sêrik ing ati. 6 (Rambut) jumambak manak, jumêbêng mêtêng Pb = wong wadon kang drêman bangêt, sugih anak. Sabên rambuting anake wayah jumambak duwe anak manèh, nalika rambuting anake jumêbêng wiwit mêtêng. (Jumêbêng = ngarêpake jumambak). 7 Tapa wuda sinjang rambut Pb = patrape tapa Nimas Ratu kalinyamat (putrane Sultan Trênggana sing kagarwa Pangeran Hadiri Bupati ing Kalinyamat).

Rema. 1 Rema mêmak ngandhan-andhan Cd = rambut lêmês akêtêl sarta mêndhak-mêndhukul ngombak banyu. 2 Datan nggrantês sarema pinara sasra Pp = babar-pisan ora sêrik ing ati. 3 Rema ngêmbang bakung Cd = kaya kêmbang bakung.

Simbar. 1 Simbar jaja wulu-wawar Cd = dhadhane mawa wulu dawa-dawa. 2 Simbar jaja pan kadya walingi Cd = wulu ing dhadhane gêdhene sawlingi-wlingi; wlingi iku bangsa sukêt sing tuwuh ing rawa, gêdhene watara sadriji, dhuwure nganti 2 m.

Sinom. 1 Sinoman = wong nonoman sing dadi paladèn ing omahe wong duwe gawe. 2 Sinome micis wutah Cd = kaya picis wutah, yaiku pating kruwêl bundêr-bundêr ana ing bathuk. Picis =

--- 78 ---

dhuwit kêthip saka slaka. 3 Sang lir sinom Br = sang putri, sang dèwi.

Wèni. 1 Wènikênya = arane lagu têmbang Sinom. 2 Mustakawèni Pd = putri ing Imaimantaka adhine Prabu Bumiloka, kagarwa Priyêmbadra putrane Janaka.

Wulu. 1 Wulu wawar = wulu sing dawa-dawa. 2 Wulu-dirga = wulu-mêlik, sandhangan wulu kang pamacane kudu dawa (ing sastra Jawa). 3 Wulu wêtuning bumi = kabèh pamêtuning bumi, kayata pari, palawija lsp. 4 Mawulu = arane paringkêlan kang kaping nênêm. (Arane Paringkêlan: Tungle, Aryang, Warukung, Paningron, Uwas, Mawulu). 5 Pitik trondhol dibubuti wulune Bs = wong sèkèng kêmalingan nganti êntèk-êntèkan; utawa: wong sèkèng diwajibake mbayar warna-warna, kêpêksa ngêdoli barang-barange nganti êntèk. 6 Atine mêtu wulune Pb = tuwuh drêngkine, panastène lsp. 7 Ora gigrig wulune salamba Pt = babar-pisan ora tatu. 8 Wulu-cumbu = abdi kinasih. 9 Wulu cumbu Madukara Ws = Sêmar, Garèng, Petruk lan Bagong. 10 Utange arang wulu kucing Sn = utange akèh bangêt, pirang-pirang ênggon. 11 Bubutana wulune kathik bisa mabur Ck = manuk bubut ana wulune (darbe wulu), manuk kathik bisa mabur. 12 Macan galak wulu badhak Ck = barongan.

XXVI. BALUNG, GÊTIH, SUNGSUM

Dasanama: 1 Balung = walung, tulang, asthika, dalêngka, tosan. 2 Gêtih = marus, rah, ludira. Adaini = bayu gêdhe, dalan gêtih ing gulu. Ngêtokake adaini = nandangi pagawean kanthi kamêmpêngan.

Balung. 1 Lunglit = balung + kulit = kuru bangêt. 2 Balung kuwuk = arane panganan sing digawe saka tela diêdang, diirisi, digorèng banjur digangsa. 3 Balung pêking Bs = wong sèkèng. 4 Canthang-balung = abdi-dalêm kalonthangan sing dadi lêlurahe tlèdhèk. 5 Kaya dilolosi balunge Br = ilang kêkuwatane, ngalumpruk tanpa daya. 6 Balung tinumpuk Bs = ngrabèkake anak lanang luwih saka siji bêbarêngan. 7 Ngumpulake

balung pisah = njodhokake bocah sing isih kaprênah sanak murih rakêt olèhe saduluran. 8 Madu balung tanpa isi Bs = ngrêmbug prakara sapele nganti rêgêjêgan. 9 Mbalung usus Bs = kêkarepan kang kêndho-kêncêng; pêpindhane usus, yèn nuju warêg kêncêng amênthêng-mênthêng, nanging sadhela bae (ngêlih) banjur ngalumpruk, kêndho. 10 Wis rumasuk ing balung-sungsum Pt = wis manjing ing sanubari lan angèl ilange, kayata: kayakinan, katrêsnan lsp.

--- 79 ---

11 Wangsalan sing nganggo têmbung "balung" kayata: Balung pakèl, alok-alok huse (Pelok). Balung jagung, saguhku isih janggêlan (Janggêl). Balung janur, sapa jujur sida luhur (Sada). Balung krambil, trêsnane ethok-ethokan (Bathok). 12 Balunganing orah = kayu-kayu sing dadi raganganing omah. 13 Ora ana balung-rine Pb = ora gawe sumêlang apa-apa. 14 Titilaras balunganing lagu = titilaras (noot) lajêring lagu, tanpa cengkok (tumrap têmbang).

Gêtih. 1 Gêtih kalas = gêtih rêgêd, yaiku gêtihe wong duwe anak. 2 Gêtih matêng = gêtih kênthêl awarna abang-irêng. 3 Kêmatus gêtih = tansah (isih)ngêtokake gêtih ing salêbare duwe anak. 4 Tanah wutah-gêtih = tanah kalairan. 5 Takêr gêtih = takêr marus, takêr ludira = paprangan kang ngêtokake gêtih akèh. 6 Wêdi gêtih = ora wani gêtih = jirih. 7 Durung wêruh gêtih = durung nggarap sari, durung wêruh banyu, durung kèl. 8 Prabu Yudhisthira agêtih putih = suci panggalihe. 9 Ora nggêtihi Et = ora mbêbayani (tumrap mungsuh). 10 Gêtih cinelung balung cinandhi Pb = têtêmbungan kang lumrah diucapake samangsa wong sumurup raja-tatu utawa raja-pati. Cinelung = diwadhahi celung (cupu). 11 Gora gêtih nêmu riris Bs = wong misah wong kêrêngan ana ing pakarangane, wasana kêtaton (marga kêtaman gêgamane wong sing kêrêngan). 12 Ora nêdya gêlung manawa durung klakon kramas gêtihe Kurawa Pd = pratignyane Dèwi Drupadi, amarga wis tau digawe wirang dening Kurawa (Dursasana), yaiku nalika Pandhawa kalah main dhadhu karo Kurawa.

Otot. 1 Ngotot = rosa bangêt, kêncêng bangêt (awake). Entar: mathênthêng bangêt olèhe pêpadon, ora gêlêm kalah. 2 Otot kawat balung wêsi Pd = sarwa kêncêng sêntosa otot-balunge (Gathutkaca).

Sungsum. 1 Asungsum gêgala Pd = mawa sungsum jabung, dadi balunge saya atos. Digêgala = diisèni gala, diisèni jabung, maksude: diisèni kasêktèn, diwêlêg ing kawruh, supaya têguh-timbul lan wantêr atine. 2 Jênang sungsum = jênang glêpung bêras didèkèki juruh.

XXVII. UTÊK, ATI

Dasanama: 1 Akal = budi, budaya, nalar, reka, pikir, angên-angên. 2 Karêp = niyat, sêdya, karsa, kayun, maksud, esthi, cipta, praya, parasdya. 3 Ati = galih, tyas, nala, wardaya, kalbu, prana, manah. 4

Pintêr = wasis, nimpuna, widigda, baud, wignya, lêbda, limpad, kartiyasa, widura. 5 Wicaksana = waskitha, sidik, têrus ing tingale. 6 Bodho = gêblêg, pêngung,

--- 80 ---

pingging, mudha, dama, punggung, kumprung, jugul. 7 Bungah = sênêng, gêmbira, bingar, bigar, enggar, girang, lalita, harsaya, harsana, trustha, wijah. 8 Susah = rudita, rudatin, tikbra, manastapa, turida, sêdhih, kingkin, duhka, duhkita, rudah, kung (nahênkung), wigêna, sêkêl, galana, bunêk, wiyoga, wiyadi, sungkawa. 9 Lali = limut, limput, supe, kemêngan, klepyan, kêsupèn. 10 Kêsêngsêm = brangta, brangti, rimang, kasmaran, wulangun, wuyung, tura, gandrung. 11 Murka = angkara, kêthaha, loba, dhakah, srakah, ngangsa-angsa. tamak. 12 Isin = wirang, lingsêm, merang, mirong.

Akal. 1 Akal bulus Pt = cara ngapusi kang kurang julig, gampang dingrêtèni dening wong kang nêdya diapusi. 2 Akal koja Pt = cara ngapusi kang julig bangêt. 3 Merang akal karo okol Pt = kapintêran iku luwih mênang tinimbang karosan.

Angsa. Durga ngangsa-angsa Pb = wong kêthaha, wong angkara-murka.

Ati. 1 Lara ati Et = sêrik. 2 Agawe pinggêting ati Et = njalari sêrik. 3 Nggadho ati Et = njarag agawe sêrik. 4 Atine maras Pt = kuwatir, dhêg-dhêgan. 5 Atine mbêdhêdhêg Pt = mongkog bangêt. 6 Atine ngongkang Pt = gêla marga kacuwan. 7 Atine sangga-runggi Pt = sujana, kurang pracaya marang tindak-tanduking liyan. 8 Atine njêlu Pt = anyêl bangêt. 9 Atine êmpuk Et = gampang dijaluki. 10 Ngenaki ati Et = agawe sênênging ati. 11 Dhangan ing ati Pt = sênêng, lêga-rila. 12 Têrusing ati Pt = lair-batin, ora mung lêlamisan. 13 Woding ati Et = kêkasih, wong kang ditrêsnani bangêt. 14 Olèh ati Et = tampa sih, disênêngi. 15 Pèkên atine Et = ngudia supaya kowe disihi. 16 Pulung ati = lêgokan ing dhadha pênêr lan dununge ati. 17 Mungkar atine Et = banjur dadi mantêp bangêt. 18 Matêng ati Pt = sing matêng lagi ing jêro (tumrap wowohan). 19 Mulung atine Et = tuwuh rilane gêlêm mènèhi. 20 Nglunthung atine Et = têrus bae gêlêm manut-miturut. 21 Tinarbuka atine Et = olèh wêwêngan kang njalari bisa ngrêti marang bab kang maune dianggêp angèl. 22 Runtuh atine Et = tuwuh wêlase lan banjur gêlêm têtulung. 23 Atine lurus Et = jujur, ora gêlêm slingkuh. 24 Gumantung tuntunging ati Br = tansah kelingan (marang kêkasih). 25 Ati bengkong olèh oncong Pb = darbe sêdya ala olèh dalan prayoga. 26 Atine mêtu wulune Pb = tuwuh drêngkine, panastèn lsp. 27 Aja kaduk ati bela tampa Pt = aja kêjêron panggagase kang banjur tuwuh rasane sak-sêrik. 28 Kêgimir atine Pt =

--- 81 ---

kêgiwang atine, kenyut dening pangiming-iming, marga sumurup barang apik, rupa ayu lsp. 29 Gumlêdhêg atine Et = mangkêl bangêt nganti kaya umob glêdhêg-glêdhêg lan kumudu-kudu mara tangan. 30 Dadi ati Pt = dadi pikiran, kêpêksa kudu tansah nggagas. 31 Mambu ati Pt = krasa yèn diêsir dening wong (tumrap wanita diêsir dening priya, yèn priya diêsir dening wanita). 32 Satru ati Pt = mungsuh mung ing batin. 33 Ulat madhêp ati karêp Pt = wis lawas olèhe kêpengin, lan ing batin tansah ngarêp-arêp. 34 Dahwèn ati opèn Pb = nglairake panacad marang barang supaya wong liya ngêmohi, prêlune nêdya dialap dhewe. 35 Kang dadi pandam-pandoming ati Br = kang gawe padhanging ati lan tuduh dalan kang tumuju marang panggawe bêcik. (Pandam = pêpadhang, diyan. Pandom = piranti tuduh keblat utawa wêktu). 36 Wis kêcêkêl lambe-atine Pb = wis disumurupi watak-wantune. 37 Entènana bolonging atine Pt = sabarna nganti têkan bombong atine. 38 Di ngati-ati = diprayitna, di wêweka. 39 Eyang-eyung atine Pt = miyar-miyur atine, ora kêncêng. 40 Entèk atine Et = ilang atine = kuwatir bangêt. 41 Mutungan atèn Et = kakon atèn. 42 Ala atine Et = ala watake. 43 Pêgêl atine Pt = anyêl, mangkêl. 44 Rudah ati Pt = susah. 45 Mlêtik atine Pt = gampang ngrêtine marang kawruh utawa ngèlmu, satêmah dadi pintêr. 46 Cilik atine = cilikan atèn = gampang wêdine. 47 Gêdhe atine Et = tatag. 48 Lamba atine = atine ora rangkêp Pt = kurang prayitna. 49 Punuk ati Bs = wong sing guru-alêman. 50 Nugraha ati kirda Bs = priya wèwèh apa-apa marang wanita liya (dudu sadulure dhewe) kanthi pangarêp-arêp supaya wanita mau tuwuh rasane sih-trêsna. 51 R.A. Patah Ati (utawa Rara Bêruk) = anake wadon Modin ing desa Matah sing kagarwa R. M. Said (Mangkunagara I). 52 Lobok atine = momot, sabar.

Batin. 1 Lair-batin Pt = ya laire ya batine, ora mung lêlamisan. 2 Macak ngayang batin Pt = manganggo sarwa bêcik (mompyor bangêt).

Brangta. Kandhuhan brangta Kw = kandhuhan rimang, kedanan, kêpencut, kasmaran (nandhang lara asmara).

Budi. 1 Budi arda Kw = pangangsa-angsa. 2 Ngulir budi Br = mbudi-daya, ngreka-daya kanthi bangêt. 3 Genjah ing budi Pt = ora antêpan. 4 Tuna ing budi Br = bodho. 5 Wong ahli budi Br = wong pintêr. 6 Awak pèndhèk budi ciblèk Bs = turune

--- 82 ---

wong asor tur watake uga asor. 7 Budi daksêmbadani (daktandhingi). 8 Utang budi Pt = kapotangan kabêcikan. 9 Sadu budi Kw = utama bangêt watake, suci.

Bungah. 1 Mbungahi = bungah kang kaduk. 2 Bungahe kaya nunggang jaran ebeg-ebegan Pb = bungah bangêt.

Daya. Daya-sastra Kss = aksara Jawa kang dianggêp nduwèni daya mbrêngêngêng tumrap ing ukara kang sinawung ing têmbang, kayata ing

ukara "bêdhah praja boyong putri", têmbung "bêdhah" lan "boyong" kudu duwaca "mbêdhah" lan "mboyong". Samono iku manawa tinulis ing sastra Jawa. 2 Ngalumpruk tanpa daya Br = ilang kêkuwatane. 3 Dibudi-daya = diakal-akal kanthi pangudi. 4 Tanah kabudidayan = lêmah jêmbar kang disewa dening pakumpulan dagang ditanduri têmbako, têbu lsp. 5 Kabudayan = babaring nalar pambudidayaning manusa awujud kagunan, kapintêran, jogèt lsp. 6 Sana-budaya = arane papan, utawa pahêman kang ngadani prakara sing gêgayutan karo kabudayan (ing Yogyakarta).

Jugul. 1 Jugul-mudha Kw = mudha-dama, bodho bangêt. 2 Dianggo jugul Pt = dianggo sêsulih.

Girang. 1 Girang-girang = bungah-bungah marga mênang pêrang lsp. 2 Aja gugup girang-girang gumuyu Br = aja kêsusu bungah-bungah. 3 Kêmbang girang = araning corake bathikan.

Karêp. 1 Bèncèng karêp = beda karêpe. 2 Aja sakarêp-karêp = aja mung sagêlêmu dhewe bae. 3 Dudu karêpe dhewe Pd = (anane lêlakon utawa kadadean mangkono iku) ana sing kagungan karsa yaiku sing Maha Kuwasa, dene manusa mung sadarma tumindak utawa nglakoni. 4 Ulat madhêp ati karêp = lair-batin wis gêlêm (sênêng) kanthi mantêp têmênan.

Manah. 1 Lêmbah manah Pt = andhap-asor. 2 Prayogi sampeyan manah-manah rumiyin Kr = sampeyan pikir. 3 Srikandhi maguru manah Pd = arane lakon wayang-purwa.

Nalar. 1 Nalare pating saluwir Pt = kêrêp nggagas sing ora-ora. 2 Mulur nalare Et = bisa nggagas dawa, ora banjur buntu. 3 Pêcah nalare Et = wis bisa migunakake pikirane.

Pikir. 1 Ora jêjêg pikire Et = miring utêke, rada edan, owah date. 2 Aja mikir sing ora-ora Pt = aja nggagas prakara sing bisa njalari kurang prayoga.

--- 83 ---

Praya. 1 Saeka praya Kw = saabi-praya = saiyêg, rukun bangêt. 2 Nyuda praya Bs = nyuda kaluhuraning liyan. 3 Nekad praya Pt = nekad nuruti dêrênging ati.

Prana. 1 Têmbunge bisa nuju prana Pt = agawe sênênging ati. 2 Kêpranan Kw = kêkênan atine (ing têmbung kang agawe sênêng). 3 Mranani = nggawe sênênging ati.

Punggung. 1 Mudha-punggung Kw = bodho bangêt. 2 Ngamuk punggung sura tan taha, nirbaya nirwikara Br = ngamuk kanthi nekad bangêt ora wêdi apa-apa. 3 Amèk punggung Pb = njupuk baranging liyan tanpa têmbung.

Sabar. 1 Ora sabaran = cêpak nêpsune. 2 Sabar-drana = sabar bangêt. (Drana = darana = sabar). 3 Sabar tawêkal = sabar-sarèh sajrone nandhang kasusahan, sajrone nampa cobaning Pangeran.

Suka. 1 Suka-suka nêmu duka Pt = bungah-bungah wasanane nandhang susah. 2 Suka pari suka = sênêng-sênêng. 3 Suka-rêna = bungah lan sênêng. 4 Suka-rila = kanthi sênêng lan rila. 5 Suka-nrima = suka-sukur = matur nuwun. 6 Suka-wibawa Kw = bungah-bungah lan sênêng-sênêng.

Tibra. Tibra layu Kw = araning wêktu mbênêri mèh suruping surya, kaananing gêgodhongan kaya layu ngalêntrih, pêpindhane wong lagi nandhang tibra utawa tikbra (susah). Layu = alum.

Cipta. 1 Cipta-ripta Kw = gagasan, nalar. 2 Saciptane dadi Kw = kang sinêdya kalêksanan. 3 Pêlênging cipta Br = kêplasing gagasan, kang kaèsthi, sing dipikir. 4 Ciptawalaha Pd = jaran pangiriding kretane Krêsna (kabèh cacahe papat, yaiku: Ciptawalaha, Abrapuspa, Sukantha lan Senasêkti). 5 Mêsu cipta Br = ngulirbudi, kanthi ngêtog pambudidayane. 6 Ciptaning = Arjuna nalika tapa ing wukir Indrakila (ing guwa Witaraga), Witaraga = Jawa-Kuna atêgês: panyandhêting hawa napsu.

Utêk. 1 Utêke mati Et = ora bisa migunakake pikirane. 2 Utêkmu ana ngêndi? Pt = kapriye pikiranmu, apa ora kanggo mikir? 3 Ora polo ora utêk Pb = gêblêg bangêt, babar-pisan ora nduwèni pikiran. 4 Kêgêdhèn êndhas kurang utêk Pt = kêgêdhèn panjangka kurang kapintêran.

Uwas. 1 Aja uwas-sumêlang = aja kuwatir. 2 Sapa uwas tiwas Pt = sing sapa kuwatir ing ati gampang nêmu cilaka. 3 Araning dina paringkêlan (sadwara): Tungle, Aryang, Warukung, Paningron. Uwas, Mawulu.

Wardaya. 1 Pangudasmaraning wardaya Br = panglocitaning ati, ciptaning ati. 2 Buwênging bawana kacapan lêpasing wardaya Br = têbaning ati (gagasane manusa) bisa nglimputi

--- 84 ---

saindênging bawana, bisa nyakup sakabèhing kawruh . 3 Sinuksmèng wardaya Br = dilêbokake ati (batin), ing nalika maca.

Wijah. 1 Sandhangan wijah Kss = sandhangan wignyan (kalêbu sandhangan panyigêging wanda, lêlirune sigêg h). 2 Iwak mijah = padha nggrombol (nalikane ana banjir). 3 Pitik wijah = pitik lumrah, maksude dudu pitik kêbirèn. 4 Wong wijah = wong lumrah, wong urakan.

Wirang. 1 Diwêwirang = digawe supaya isin. 2 Kuwirangan = nandhang isin. 3 Wirang mbêbarang Pb = wong sing ngandhakake kuwirangane. 4 Utang wirang nyaur wirang Pt = wong agawe wiranging liyan diwalês

wirang. 5 Wêdi wirang wani mati = tinimbang urip nandhang wirang aluwung mati (lumawan pêrang).

XXVIII. JÊROAN

Kang kalêbu jêroan: Ati, jantung, usus, bol, ginjêl, kêbuk (tumrap kewan: maras), pêru, wadhuk (tumrap kewan: rêmpêla, têlih), gurung, lêd-lêd lsp.

Bol. 1 Balik bol Bs = prakara kang wolak-walik, kayata: sing kaprênah tuwa dadi nom utawa kosok-baline. 2 Caplak cangkol kêndhali bol cêmêti tai Ks = unèn-unèn tumrap wong sing lancang ndisiki gunêm nganti agawe kisruhe wong rêmbugan. 3 Dobol ilat Ks = dhêmên nggêdobrol gunêman sing ngayawara (gawe-gawe). 4 Ngobol Ks = ngêntut, bêbanyu, (ngising).

Jantung. 1 Cinancang ing jantung Br = tumêtêp anèng jantung = tansah kelingan marga saka bangêting trêsnane. 2 Kempole njantung Pp = awangun kaya jantung (kêmbang gêdhang).

Ginjêl. Lara ginjêle Ks = lara atine, sêrik.

Gurung. Sadawanane lurung isih dawa gurung Pb = pawarta iku mêsthi bisa sumêbar têkan ngêndi-êndi.

Iso. 1 Iso-Bandhang = usus sing cilik-cilik (ususe rajakaya). 2 Iso-rêrêgan = usus sing cilik-cilik lan pating kruwêl.

Pèh. Kaparag pèh Bs = wong kang kêpêksa kêtiban prakara.

Rêmpêla. Diwènèhi ati ngrogoh rêmpêla Pb = diwènèhi kalonggaran (kamurahan) banjur njaluk supaya luwih dilonggari utawa dimurahi manèh.

Usus. 1 Usus-usus = kolor-kathok. 2 Dawa ususe Ks = sabar. 3 Mbalung usus Pb = kêkarêpan kang kêndho-kêncêng (kaya kaanane usus: yèn nuju warêg kêncêng, yèn ngêluh ngalumpruk).

--- 85 ---

Wadhuk. Wadhuk bêruk Bs = wong kang ludhuk bangêt, akèh bangêt tadhahe pangan. 2 Wadhuking rajakaya: babat galêng, babat tawon, babat sumping, babat jarit (babat lunyu). 3 Wadhuk dhedhuk = wadhuk gêdhe-ludhuk = akèh pamangane.

XXIX. IDU, LUH, UMBÊL, KRINGÊT, UYUH, TINJA

Dasanama: Idu = kecoh, ludaka. Luh = waspa. Uyuh = turas. Umbêl = gadhing. Kringêt = riwe. Tinja = tai.

Idu. 1 Idu wayu = idu bacin, idu ing wayah esuk nalikane mêntas tangi turu. 2 Sawah saidu = 1/8 bau, 62½ ubin, watara ana 875 m2. 3 Ngulu idu Pt = cêgukan[18] amarga kêpengin bangêt. Idu didilat manèh Bs = njabêl kasaguhan kang wis dijanjèkake. 5 Idu gêni Bs = klakon sagunême, digugu ing wong. Bêbasan iku sok dilanturake muni: Idu gêni, riyak mawa, sisi listrik. 6 Yèn nginanga durung abang, idua durung asat Br = sadhela bangêt.

Ilu. 1 Ilu-ilunên Pt = mung manut ombyaking liyan, ombyaking wong akèh. 2 Mambu ilu Pb = mung melu-melu bae, tanpa tekad (kayakinan).

Kêcoh. Saking bangête nggêgêt waja, kêcoh marus ariyak ludira Pd = untune gathik bangêt, nganti mêtu gêtihe, mulane idu lan riyake mawa gêtih.

Kringêt. 1 Kringêt buntêt = kringêt sing ora bisa mêtu, njalari kulit pating pruntus. 2 Tadhah kringêt = perangane klambi awujud templekan gombalan kaprênah ing antarane balung walikat. 3 Ngêpuh kringêt Pb = ngêtog karosan, atêgês: rêkasa bangêt.

Luh. 1 Tadhah luh = arane mathining jaran dumunung sangisore mripat. 2 Rawat luh = satêmêne atêgês: simpên luh (ing mripate), maksude: ngêmbêng luh, mripate kêbak luh, nanging durung tumètès. 3 Adus luh = nangis nganti suwe (lan ngêtokake luh akèh). 4 Luhe maranwayan = luhe dlèwèran. Arane mathine jaran Mr. kaca 124.

Tai. 1 Tai manuk = ênjêt (manawa diucapake ing wayah bêngi). 2 Tai bêsi = landhaning obong-obongan wêsi; uga atêgês rêrêgêding wêsi. 3 Dibêciki mbalang tai Bs = dibêciki, wasana malês ala. 4 Kêtiban tai baya Bs = kêna ing dakwa, ditarka nindakake panggawe ala. 5 Mulas tai Bs = karêm mêmangan kang enak-enak, main mangan. 6 Ngêlèr tai ana ing bathok Bs = ngokèr-okèr tai ana ing bathok = wong ngudhal-udhal prakara sing agawe wirange dhewe. 7 Taine ana kacange dicuthiki [di...]

--- 86 ---

[...cuthiki] Bs = wong cêthil bangêt, nganti atindak nistha. 7 Kucinge nai Pt = kucinge manak; ditêmbungake "nai" supaya anake aja dipangan.

Tinja. 1 Kêmatus tinja Pt = lara ising-isingên ing salêbare duwe anak. 2 Tinjamaya Pd = têmbung kêlantur sing bênêre kudu: Tejamaya, yaiku kahyangane Bathara Indra.

Turas. Turasing satriya Br = turune satriya, turune prajurit.

Uyuh. 1 Kêpuyuh-puyuh Pt = nganti mêtu uyuhe tanpa dijarag (lumrahe tumrap wanita kang lumaku rikat utawa mlayu). 2 Jêrone sapuyuhan Pt = jêrone têka ing sangisor wudêl (kaprênah pênêr lan dununge impês wadhah uyuh). 3 Disundhul puyuh Pt = diumbulake nganti

dhuwur(tumrap yun-yunan). 4 Nguyuh aling-alingan sada Bs = wong nêdya mbuwang kanisthane, nanging carane kurang prayoga. Utawa: nêdya marèni panggawene ala, nanging isih sêsrawungan karo wong ala.

Umbêl. 1 Durung bisa mbuwang umbêl Bs = durung bisa sisi = isih bodho bangêt. 2 Umbêl molor = araning corak bathikan, uga diarani parangcuriga.

Waspa. 1 Rawat waspa Kw = ngêmbêng waspa, mripate kêbak luh, nanging durung tumètès. 2 Waspa kumêmbêng jroning kalbu Cd = candrane mangsa Kapat, mangsane tuk padha pipêt.

XXX. SWARA, TÊMBUNG

Dasanama: 1 Swara = uni, sabawa, wakya, sraba, bane (banèn). 2 Têmbung = ujar, wuwus, sabda, wicara, wacana, ling (angling), gunêm, kandha, ucap, catur, pangandika. 3 Rame = umyang, umyung, gumuruh, atri, asrang, gumêr, gurna, gurnita, gumrêg, gumyêg, sumrêg, ramya. 4 Sêpi = samun, nyênyêt, sunya. Swara utawa unining kewan: Mr. kaca 122.

Atur. 1 Atur uninga Ki = atur priksa, awèh wêruh. 2 Matur prasaja = matur terus têrang, ora kumbi. 3 Matur cumanthaka Kw = matur kumawani, kumêndêl. 4 Ngaturake kidang lumayu Bs = nduduhake kamelikan kang nglêngkara kênane diarah. 5 Diaturi rawuh Ki = dikon têka. 6 Atur-atur marang pandhuwur = pawèwèh marang panggêdhe. 7 Diatur = ditata.

Bane (banèn). 1 Tan ana banène walang salisik Pd = sêpi nyênyêt. 2 Aja banèn-banèn = aja kandha-kandha.

Bawa. 1 Mbawa = mbawa-swara = nêmbang (lumrahe têmbang Gêdhe utawa Têngahan) dianggo mbukani gêndhing. 2 Bawa

--- 87 ---

rasa Pt = rêrêmbugan bab ngèlmu gaib. 3 Tanpa sabawa Kw = tanpa sraba = ora ana swarane. 4 Anake lanang wis bawa dhewe Pt = wis madêg dhewe, ora kawêngku wong-tuwa, wis ora dadi gawene wong tuwa, wis mêntas. 5 Kêna ing panyakrabawa Br = kêna ing dakwa, ditarka. 6 Bawane isih mudha punggung Br = (sarèhne) kagawa saka isih bangêt bodhone. 7 Kawibawan Kw = kaluhuran lan kamuktèning urip. 8 Mukti-wibawa Kw = mukti bangêt, ora tau kêkurangan. 9 Têmbung arimbag bawa = têmbung andhahan kang ngêmu suara ora dijarag, kayata: kêpapag, kiris (bawa-ka), kami-gilan (bawa-kami), kapenak (bawa-kapi), kumini (bawa-kuma, pancène kudu: kumanini, nanging banjur diwancah), lsp. 10 Bawa-wacaka = araning rimbage têmbung andhahan sing kadadean saka: ka + lingga + an kang atêgês têmbung aran, kayata: kraton, kapintêran, lsp. 11 Bawa-ma tundha = têmbung

dwilingga lan têmbung sing buri disêsêli um kayata: turun-tumurun. 12 Dwilinggane bawa-ma = dwilingga lan têmbunge sing ngarêp disêsêli um, kayata: tumurun-turun. 13 Solah-bawa = solah-tingkah, tindak-tanduk.

Bisik. 1 Bêbisik narendra Kw = jêjuluke ratu, asmane. 2 Bêbisik nguwuh-uwuh Bs = nêdya rêmpit marang wadi, nanging solah-bawane ngatarani (marga kurang wêweka), njalari kuwiyaking wadine.

Kêcap. 1 Ngalaha ujar sakêcap, laku satindak Pt = prayoga sing kêpara andhap-asor. 2 Sakêcap padha sakêcap Pt = dikandhani pijêr mangsuli, ora têrus manut-miturut.

Krèsèk. Kakehan krèsèk Pb = akèh kasaguhane, nanging kurang kayêktène.

Kripik. Apik kumripik nancang kirik Pb = ing lair katon apik, nanging batine ala.

Krisik. Kumrisik tanpa kanginan Pb = kêri tanpa pinêcut = sanadyan ora ditarka, sarèhne rumangsa sing nindakake panggawe ala, atine tansah ora kapenak.

Krosak. Krosak ing kene gêdêbug ing kana Pb = nggutuk lor kêna kidul = nyêmoni (mitituri, nyaruwe, nyrêngêni sarana ditibakake marang wong liya).

Mung. Disaponana rèk, dibêndhènana mung Pb = wong mratelakake apa-apa kanthi warata lan cêtha.

Omong. 1 Omong clêmang-clêmong = cêblang-cêblung tanpa têgês. 2 Sugih omong Et = akèh bangêt omonge. 3 Omong kosong Pt = gunêman ngayawara (ora nyata).

--- 88 ---

Padu. 1 Padu Jiwa dikanthongi Bs = wong kang pintêr bangêt ngikal basa (kaya wong aran Jiwa ing jaman biyèn). 2 Madu balung tanpa isi Bs = pêpadon (rêgêjêgan) prakara sêpele. Bêbasan iku kêlantur dadi muni: madu balung kêpesing.

Pêtak. 1 Pêtak lir gêlap ngampar Cd = swaraning pêtake kaya blêdhèg nyambêr. 2 Mêtu pêtake Bb = mêtu kamêmpêngane. 3 Lindhu pêtak Pt = lindhu kang nggênjot (bumi nganti gonjang-ganjing).

Rêmbug. 1 Rêmbuge wis gilig Et = wis golong, wis dadi. 2 Mêntahi rêmbug Et = agawe jugaring rêmbug. 3 Ngênthêlake rêmbug Et = nggolongake rêmbug. 4 Wêruh ing grubyug, ora wêruh ing rêmbug Pb = melu ing sapari-polahe wong akèh, nanging ora ngrêti maksude.

Sabda. 1 Sapdapalon Pd = wulucumbu Majapait têkan Brawijaya wêkasan banjur murca, sêbab moh ngrasuk Islam. Sabdapalon iku satêmêne iya Sêmar. 2 Sabda pandhita-ratu Pb = kandha mung sapisan tanpa dibalèni manèh lan ditêtêpi utawa ditindakake. 3 Ina sabda Pb = kêmalingan ora rêpot marang sing kawogan (pamarentah). 4 Kaluhuran sabda Pb = têgêse lugu: sabda panjênêngan patut dipun-luhurakên, sabab lêrês; maksude: bênêr kandhamu, mula iya mangkono. 5 Mêdhar sabda Kw = sêsorah. 6 Tanggap sabda Kw = têgêse lugu tampa gunêm (kamot ing layang kalawarti) maksude: mangsuli karangan ing kalawarti, sawise ngrêti manawa ing ariwarti utawa kalawarti iku ana kabar sing gêgayutan karo awake. 7 Dèwi Windarti disabdakake dadi tugu dening Rêsi Gotama Pd = disotake (Dèwi Windarti iku ibune Anjani, Subali lan Sugriwa). 8 Sabda tan yukti Br = gunêm goroh. 9 Sabda laksana Pb = nêtêpi wicarane. 10 Mbuka sabda Pb = prakaran, durung didangu pangadilan wis ndhisiki atur. 11 Nggupita sabda Pb = nglukita basa, ngothak-athik têtêmbungan (gawe-gawe): nggupita = nglukita, ngrumpaka, nganggit, ngarang. 12 Nibani sabda purusa Pb = misuh-misuh wong tanpa sabab. 13 Sabda amrêta Pb = gunêm sing agawe adhêming ati. (A = ora. Mrêta = mati, Amrêta = ora mati, kalis ing pati). 14. Ina sabda pralena Pb = nêmu cilaka saka gunême dhewe. 15 Mbaud sabda Pb = muruki marang saksi carane matur marang pangadilan. 16 Sabda candhala Pb = gunêm ala(mêmisuh, muring-muring). 17 Sabda minangka panggah Pb = pangadilan kang ora gingsir putusane.

Sêbat, sêbut. 1 Salang sêbat Pt = mèh padha (gêdhene). 2 Kakehan sambat-sêbut Pt = kakehan pangrêsula. 3 Nyêbut ora trima Pt = nglairake ora trimane, nggugat. 4 Ora nyêbut Pt =

--- 89 ---

ora ngrumangsani yèn wis tuwa, sèkèng lsp. 5 Kasêbut ing dalêm kandha Pt = kocap ing sajrone carita.

Sêpi. 1 sêpi nyênyêt = sêpi mamring, sêpi bangêt. 2 Ora sêpi ing dhuwit = ajêg duwe dhuwit. 3 Sêpi ing pamrih rame ing gawe Pb = tanpa melik apa-apa, nanging tumindak ing gawe kanthi mêmpêng. 4 Mahas ing asêpi Br = tarak brata, mratapa, tirakat ana ing papan sêpi.

Sunya. 1 Sunyaruri Kw = alam kaalusan (alame para roh). 2 Sunyapringga Pd = pratapane Subali. 3 Argasunya Pd = pratapane Wasi Jaladara (Kakrasana). [...] bangêt (kaya gumrubuging prahara awor udan). 2 Surak mbata rubuh Pp = surake wong pirang-pirang bêbarêngan (swarane mak brêg kaya rubuhing bata tumpukan). 3 Barêng nêmu kacilakan akèh sing nyuraki Pt = akèh sing nyukurake, akèh sing bungah.

Swara. 1 Swaraning pradangga ngrangin Kw = swarane gamêlan nganyut-anyut. 2 Swarane pait madu Sn = swarane manis bangêt, arum-amanis. 3 Swarane ngandul-andul Pp = êmpuk lan ngombak banyu. 4

Swarane turut usuk Pt = bêcik lan bantas kêprungu cêtha saka ing kadohan. 5 Ngumbar swara Pt = nglairake swara sêsongaran (ngêmu surasa nantang). 6 Angon swara Pt = nilingake laras lan laguning gamêlan utawa têmbang. 7 Gêdhe swarane Et = sênêng umuk. 8 Baliswara Kss = têmbung camboran utawa ukaraning têmbung sing manawa nêgêsi kudu diwalik, kayata: narpawandawa = wandawa (sadulur) + narpa (ratu), sadulure ratu. Anoman malumpat sampun = Anoman sampun mlumpat. 9 Têmbung yogyaswara = têmbung loro atêgês lanang-wadon mung beda swaraning wandane wêkasan, kayata: yaksa-yaksi lsp. 10 Kabaliswara Pb = digugat malês nggugat. 11 Aksara mandaswara Kss = aksara Jawa sing swarane mung manda-manda, yaiku aksara wa, ya,[19] 12 Aksara swara Kss = aksara latin: a, i, e, o, u, utawa aksara Jawa: a, i, o, e, u,[20] 13 Anuswara = aksara irung na, nya, ma, nga, [21] 14 atêr-atêr anuswara = atêr-atêr sigêg aksara irung: an, any, am, ang.

Têmbung. 1 Têmbunge pêdhês Et = têmbunge nylêkit, agawe sêrik. 2 Têmbunge dipluta Kss = dilong kêcape sarana ana wandane [wan...]

--- 90 ---

[...dane] loro sing diucapake barêng (didadekake siji), kayata: sêrêt dadi: srêt lsp. 3 Têmbung nunggal-misah Kss = têmbung loro utawa luwih sing padha utawa mèh padha têgêse. 4 Ora têmbung ora lawung Pb = njupuk barange liyan tanpa nêmbung lan ora kongkonan wong liya supaya nêmbungake. 5 Kêsliring ing têmbung Pt = kêtaman ing têmbung sêrêng (banjur muring). 6 Ngasta têmbung Ki = nyêkêl cêmêthi.

Tutur. 1 Aja tutur-tutur = aja kandha-kandha marang liyan. 2 Ora luntur ing pitutur Br = wis ora kêna dituturi.

Catur. 1 Ana catur mungkur Pb = nyingkiri têtêmbungan (gunêm) kang bisa nuwuhake pasulayan. 2 Luput cinatur Pt = ora prêlu dirêmbug manèh, marga wis cêtha alane. 3 Catur wanara rukêm Cd = candrane wong minum 4 sloki. Catur Kw = papat. 4 Catur-rana sêmune sagara asat Pt = pralambange nagara 4 sing tansah pêpêrangan (Kêdiri, Jênggala, Urawan, Singasari) nganti ngêntèkake raja-brananing nagara. Catur = papat; rana = pêrang. 5 Pêrang catur = main catur, dolanan sêkak (Walanda: schaken). 6 Cacah-cucah caturan karo wong dhangling Pt = eman-eman têmên gêlêm gunêman karo wong gêndhêng, marakake ora kajèn uripe. Dhangling = gêndhêng, edan. 7 Catur manggala = panggêdhe cacahe papat, yaiku: Patih, Purohita (Guru kraton ngiras pujangga, Jaksa, Pangulu.

Criwis. Criwis cawis Pb = wong diprentah tansah madoni, nanging sumadya nindakake.

Ujar. 1 Ila-ila ujare wong tuwa Pt = ujare wong tuwa, yèn ora diturut sok malati. 2 Duwe ujar Pt = duwe kaul utawa nadar. 3 Ngujar-ujari =

ngunèn-unèni wong. 4 Disogok ing ujar Pt = dijojoh ing ujar = diunèn-unèni ala. 5 Krungu têmbang rawat-rawat ujare bakul-sinambiwara Br = krungu pawarta ora cêtha bênêr-lupute utawa nyata-orane. Têmbang Kw = tabuh, sing ditabuh dianggo nggiyarake apa-apa lumrahe bêndhe. Têmbang rawat-rawat = (Krungu swara) barang ditabuh lamat-lamat. Ujare bakul-sinambiwara = kandhane wong pêpasaran, durung karuwan bênêr-lupute, nyata-orane. Sambiwara = sinambiwara = sudagar. Ila-ila = larangan (Indonesia: pantangan).

Undhat. Ngundhat-undhat alaning liyan Pt = ngundhamana alane wong liya.

Uni. Ora duwe uni Pt = ora tau nglairake pangrêsulane. 2 Gong muni sasêle Bs = mriksa wong prakaran lagi nakoni wong siji, sijine durung ditakoni. 3 Mara uni Pt = têka ing omahe

--- 91 ---

wong lagi repot (lagi dandan-dandan) ora têtulung, mung dondon ngobrol. 4 Wingi uni Pt = wêktu kang wis kêpungkur, nalika samana, biyèn. (Uni = nguni Kw = biyèn). 5 Muni sakênyoh-kênyohe Pt = têmbunge mung sawêtu-wêtune, tanpa dipikir dhisik. 6 Dhandhang diunèkake kuntul, kuntul diunèkake dhandhang Bs = sing ala dikandhakake bêcik, sing bêcik dikandhakake ala.

Ucap. 1 Bathang ucap-ucap Pt = wong loro lêlungan ngambah dalan sing mbêbayani; yèn wong siji: bathang lêlaku, wong têlu: gotong mayit. 2 Dadi potapan[22] Pt = dadi loke wong akèh, digunêm dening wong pirang-pirang. 3 Sinigêg gênti kocapa = caritane dilèrèni dhisik, gênti nyaritakake bab liya. (Kocap = ka + ucap).

Wacana. 1 Imbal wacana Br = rêmbugan. 2 Anta wacana Br = kêdale gunêm tumrap siji-sijine wayang. 3 Mbangun wacana Pb = nusuli layang gugat. 4 Katala-wacana Pb = lumrahe dicêkak: kacala-waca = kêtiwasan, nandhang kapitunan marga saka kliruning gunême dhewe. 5 Wêdharing wacana mulya Cd = candrane mangsa Kasanga akèh gangsir ngênthir lan garèng muni. 6 Anara wacana Pb = jaksa ngajak gunêman karo salah sijine wong sing prakaran, prasasat namakake panah marang wong sijine. Anara = an + sara (panah). 7 Prawacana = gunêm wiwitan, purwaka utawa bêbukaning rêmbug.

Wicara. 1 Wicarakêras Kss = arane buku karangane R. Ng. Yasadipura II, isi piwulang marang wong Surakarta. 2 Dora wicara Kw = gunêm goroh. 3 Ahli wicara Pt = pintêr gunêman (rêrêmbugan). 4 Wong micara = wong sing baud gunêman lan gunême ngrêsêpake.

Wuwus. 1 Nyaru wuwus Pb = nyêla-nyêla wong lagi rêmbugan. 2 Gantya kang winuwus Kw = gantya kawursita = gênti kacarita.

XXXI. PANGAN, BUMBU, PAKARÊMAN

Dasanama: Pangan = baksa, baksana, boja, bojana, boga, bukti. Arane pamangan: 1 Sarapan, têgêse: semekan, mangan ing wayah esuk. 2 Madhang = mangan ing wayah awan utawa sore. 3 Mancal-kêmul = mangan ing wayah sore ora pati warêg. 4 Buka = mangan wayah sore tumrap wong pasa.5 Saur = mangan wayah bêngi tumrap wong pasa. 6 Tajil = mangan nyamikan ing wayah sore tumrap wong pasa. 7 Maêm = mangan tumrap bocah cilik. Pamangane kewan. Mr. kaca 121.

Boja. 1 Binoja-krama Br = disugata minangka pakurmatan (tumrap tamu). 2 Gantung boja Pt = wis ningkahan, nanging

--- 92 ---

durung dikêpyakake sarana karamean (marga durung duwe wragad), kosok-baline: gantung kawin = wis dikêpyakake kanthi karamean, nanging durung ningkahan (ngêntèni tibane wêktu sing prayoga, dina sing bêcik).

Bojana. 1 Bojiana[23] andrawina Br = suka pari-suka sarana dhahar lan ngunjuk maneka warna. 2 Kêmbul bojana = dhahar sêsarêngan.

Boga = 1 Ngupa-boga Kw = golèk pangan. 2 Antaboga Pd = dewa kang akahyangan ing Saptapratala, garwane asma Dèwi Suprêti, pêputra Nagagini lan Nagatatmala.

Dhahar. 1 Cêgah dhahar miwah guling Br = tirakat sarana ngurangi mangan lan turu. 2 Juru madhaharan Ki = tukang olah-olah ing dalême bangsa luhur. 3 Botên karsa dhahar atur kawula Ki = ora gêlêm nggugu kandhaku. 4 Padharan Ki = wancahane padhaharan, wêtêng.

Jangan. 1 Jangan bêning = jangan gêgodhongan (ora kênthêl). 2 Jangan sop = kaya jangan bêning, nanging sing dijangan luwih apik (kênthang, kubis lsp.) sarta nganggo bumbu mrica. 3 Jangan mênir = jangan bêning bayêm karo jagung nom. 4 Jangan bobor = jangan mawa santên cuwèr tanpa lombok. 5 Jangan lodhèh = jangan mawa santên lan lombok. 6 Semur = mawa bumbu kecap lan mrica. 7 Têrik = mawa santên kênthêl tanpa lombok. 8 Gudhêg = jangan gori mawa santên lan tumbar. 9 Brongkos = mawa bumbu kluwak lan lombok. 10 Jangan bumbu-sura = mawa bumbu jêruk purut lan sêre. 11 Car-cor kaya kurang janganan Pb = gunêman sing ora patut (saru). 12 Manis-jangan = arane wit sing klokopane rasane pêdhês asêdhêp.

Jênang. 1 Jênang baro-baro = jênang abang ditêngahi putih lan dicampuri gula-krambil. 2 Bonang-baning = jênang abang-putih. 3 Jênang alot = jênang glêpung kêtan lan gula. 4 Krêsikan = jênang saka bêras kêtan disangan nuli didhêplok karo gula. 5 Jênang dlima = jênang saka pathi tela sing digaringake lan digawe mawa warna abang, putih

lsp. 6 Jênang cadhil = jênang glêpung bêras kêtan diplintèni. 7 Jênang saren = jênang glêpung kêtan diirêngi nganggo landhane klaras. 8 Jênang sungsum = jênang glêpung bêras mawa juruh. 9 Jênang kangrang = jênang bêras kêtan (mawa santên). 10 Jênang salayah Bs = wong-wong kang wis golong pikir. 11 Jênang dodol tiba wêdhi Bs = rêmbug wis dadi banjur[24] sing njalari jugare. 12 Kajênangan kaebora Bs = arêp dikapakake mangsa bodhoa, wis dipasrahake. Ebor = cidhuk mawa

--- 93 ---

garan dawa. 13 Dijênangake abang Pt = diwènèhi jênêng (kanthi dibarêngi karo slamêtan jênang abang).

Gêrèh. Walik gêrèh Pb = wong siji nyangga pasaosan marang wong luhur rong panggonan: utawa wong loro nggarap pagawean sadina sewang-gêntenan.

Gula. 1 Gula-drawa Kw = gula jêmèk, gula lèdèng, arane têmbang Dhandhanggula. 2 Gêndera gula-klapa = gêndera abang-putih. 3 Ngalêm lêgining gula Bs = ngalêm marang panggêdhe utawa wong pintêr. 4. Ngêmut lêgining gula Bs = dititipi barang diêlongi saka sathithik, dijaluk ora tumuli diwènèhake. 5 Ana gula ana sêmut Bs = papan sing ana kamelikan mêsthi ditêkani wong. 6 Sêmut marani gula Bs = wong marani papan kamelikan (pangan).7 Jênang gula Ws = glali. 8 Rênggang gula Sn = rakêt bangêt sêsrawungane. 9 Lambe dhamis nggula satêmlik = dhamis lan cilik. 10 Kêmbang-gula = prêmèn.

Intip. 1 Dadi intiping nraka Pt = dicêmplungake (manggon) ing dhasaring nraka. 2 Ngintip Kw = nginjên. 3 Mintip-mintip = mêtu sathithik (pucuke utawa sirahe).

Kênul. Jêminul kaya kênul Pt = unèn-unèn tumrap bocah sing tambêng ora gêlêm nggatèkake.

Kinang. 1 Buntêl kadud ora kinang ora udud Pb = nyambut-gawe kanthi opah borongan, tanpa ingon lan tanpa wedang. 2 Sapanginang Pp = sadhela bangêt. Yèn nginanga durung abang, idua durung asat = sadhela bangêt. 3 Dak kinange jambe-suruhe Pb = dak lamare, dak-alape dadi bojoku. 4 Nyonyah nginang = arane kêmbang, warnane putih ing têngahe abang.

Kluban. Cangkême urab-uraban kaya kurang klubanan Pt = sênêng ngucapake têmbung saru. (Kluban = kulub + an = kuluban, nuli dipluta dadi: kluban. Kulub = godhog).

Kokoh. 1 Tunggal kokoh Pb = tunggal sapagawean. 2 Tinggal kokoh Pb = ngoncati pagawean sing durung rampung.

Lênga. 1 Adol lênga kari busik Pb = wong dundum ora kêpanduman. 2 Rêmbuge kaya wêlut dilêngani Pb = gunême mencla-mencle. 3 Kaya banyu karo lênga = sadulur kang ora rakêt, têpunge kalis bae.

Lisah. Lisah jayèngkatong = lênga agême ratu, yèn dilèlètake mrimat njalari wêruh lêlêmbut.

Madu. 1 Swarane pait madu Sn = madu kalah manis karo swarane, dadi atêgês: swara sing arum amanis bangêt. 2 Sirat-sirat madu Pd = têtêmbungan manis mung dianggo ngenaki ati, mung dianggo ulas-ulas utawa lêlamaisan bae. 3 Mubra-mubru blabur madu Pb = sarwa kacukupan ing sakabèhe. 4 Kebanjiran [Keban...]

--- 94 ---

[...jiran] sagara madu Pb = olèh kabêgjan gêdhe bangêt. 5 Rêmbêsing madu Br = turune bangsa luhur. 6 Brakithi angkara madu Bs = wong tiwas marga saka kamelikan. 7 Pindha madu pinasthika Br = kang pinunjul dhewe. 8 Panêmbahan Madurêtna = Trunajaya.

Pangan. 1 Kêcocok ing pangan Pt = dadi lara, marga mangan apa-apa kang pancène kudu disirik. 2 Palang mangan tandur Bs = pinracaya rumêksa apa-apa malah ngrusak. 3 Nggêdhèkake pangan Pt = nêngênake bangêt marang pangan, kurang prihatin. 4 Main mangan Pt = sênêng mêmangan, mburu mogèling ilat lan klimising lambe. 5 Wis akèh olèhe mangan uyah Pt = wis akèh pangalamane. 6 Turu longan mangan longan Wc = olèhe turu diêlong, olèhe mangan uga diêlong, dadi maksude: nglakoni prihatin.

Pelas. Tapihan tangkêp pelas Pt = prasasat mung ditangkêpake bae, marga jarite kurang dawa.

Pindhang. 1 Pindhang wutah Pt = nêdya duwe gawe (mantu) wis sumêkta sauba-rampene, wasana kêpêksa diwurungake, marga ana alangan dadakan (pangantène lunga lsp). 2 Pindhang lulang Ws = krècèk (lumrahe ukara candhake muni: kacèk apa aku karo si ...).

Puluk. 1 Puluk dhêkêm Pt = puluk sing gêdhe lan tênêt. 2 Nggêdhèkake puluk Pt = nggêdhèkake pangan, ora nduwèni prihatin. 3 Nampèl puluk, nêbak wong mangan Pb = nyênyongah rêjêkining liyan, rêjêki kang pancène tumiba dadi wurung.

Rampadan. Yiyidan munggwing rampadan Bs = wong asor ing budi (nistha) kumpul karo wong-wong kang padha abudi luhur.

Rujak. Parikan nganggo têmbung rujak. 1 Rujak cêngkir, pantês diwadhahi cangkir; mlipar-mlipir, solahe wong duwe êsir. 2 Rujak nanas, pantês diwadhahi gêlas; tuwas tiwas, nglabuhi wong ora waras. 3 Rujak dhondhong, pantês diwadhahi lodhong; ati njontong, ngêntèni wong ora

condhong. 4 Rujak polo = gadane Wrêkudara. 5 Rujakbêling = gadane Jayadrata. 6 Diolah bumbu-rujak = arane lawuhan.

Saji. Numpang saji Bs = duwe anak wadon wis nampa dhuwit tukon saka priya, wasana anak wadon iku banjur didhaupake karo priya liya kang uga mènèhi dhuwit tukon; dadi nampa dhuwit tukon rangkêp, tumpang.

Sambêl. 1 Munthu katutan sambêl Bs = dadi sadulur, marga katut sadulure sing dialap bojo. 2 Rambute nyambêl wijèn Pp = pating plêlik sêlap putih (uwanên).

1. ora.
2. Ditulis dengan huruf Jawa.
3. Ditulis dengan huruf Jawa.
4. mèpèt.
5. Nayarana / Narayana.
6. Ditulis dengan huruf Jawa.
7. Ditulis dengan huruf Jawa.
8. Ditulis dengan huruf Jawa.
9. Ditulis dengan huruf Jawa.
10. nyongat.
11. Jayèngrana.
12. kuku.
13. nyangga.
14. pêthèl.
15. Pl.
16. namur / nawur.
17. dijak.
18. clêgukan.
19. Di tulis dengan huruf Jawa.
20. Di tulis dengan huruf Jawa.
21. Di tulis dengan huruf Jawa.
22. pocapan.
23. bojana.
24. banjurana.

--- 95 ---

Sêga. 1 Sêga lulut = sêga pangantèn (mawi dicampuri kêtan lan bumbu kunir). 2 Sêga gurih = sêga wuduk, sêga mawa santên. 3 Sêga mêgana = sêga-kluban ing jêrone êndhog. 5 Sêga pondhoh = sêga dibêbak nuli diirisi banjur didèkèki parudan. 6 Sêgo golong = sêga sing pangolahe diêngi lan digolong-golong. 7 Bocah sumêga = lagi nêdhênge akèh pamangane. 8 Sêga kêbuli = sêga dicampuri daging lsp. 9 Sêga-jagung = jagung diliwêt utawa diêdang. 10 Sêga pênak = sêga pulên = sêga sing nganggo diêngi. 11 Sêga ramês = sêga lan lêlawuhan dicampur. 13

Mambu-mambu yèn sêga Pb = sanadyan ala wong isih sadulur. 14 Sêga sakêpêl dirubung tinggi Ck = salak.

Sêkul. 1 Sêkul urug Pb = wèwèh marang wong sugih. 2 Sêkul pamit Pb = wong têka ing pagawean kasèp, têkane ing salêbare wong-wong (kancane nyambut-gawe) padha diingoni. 3 Durung disêkuli Pt = durung dikanji, isih lêmês: tumrap têmbung blenderan atêgês: durung mangan.

Tajin. 1 Tajin dhahar miwah guling Br = ngurangi mangan lan turu (Tajin Kw = cêcêgah, ngurang-urangi). 2 Mumbul-mumbul kaya tajin Pb = ati kang tansah lunja-lunja, ora kêna diêndhakake.

Trasi. Ora wêruh êndhas trasi Pb = bênêr-luput ora dipraduli. sadulur kudu dibelani. Utawa: priya kang ora opèn marang pagaweane wanita (bojone).

Candu: 1 Urik klèlèt candu-tike Pb = atindak nakal, ora barès; pêpindhane kaya bakul candu nguriki klèlèt saka bêdudan diwadhahi impling lan diêdol, diawadake candu têmênan. 2 Rokoke nyandu = (kaya) mêtu candune.

Uyah. 1 Digêbyah kaya uyah Pt = dianggêp padha bae. 2 Uyah padha asine Pt = lumrahe unèn-unèn iku dibanjurake: nanging atine wong ora padha bae. 3 Uyah kêcêmplung sagara Bs = wèwèh marang wong sugih. 4 Diuyah-asêmi Pb = dialêmbana luwih saka samêsthine. 5 Wis akèh olèhe mangan uyah = akèh pangalamane.

Upa. 1 Diupa-upa Pt = didulang saka sathithik. 2 Caca upa Pb = ngrênggangake pamitran utawa pasaduluran. 3 Ana dina ana upa Pb = wong sing ora nyumêlangake bab pangan. 4 Ngupaboga = ngupa-jiwa, golèk pangan. 5 Upa-rêngganing tarub Kw = barang-barang kang kalêbu ampilan kaprabon, kayata: banyak-dhalang, sawunggaling, ardawalika lsp. 7 Diupakara = diupakarya, diupagawe, diopèni kanthi bêcik.

--- 96 ---

XXXII. SANDHANGAN

Dasanama: Sandhangan = panganggo, busana, agêm-agêman, wastra. Sing klêbu sandhangan: Ikêt, bêbêd (tumrap wanita: tapih), klambi, sabuk, kêndhit, pênding, kathok, kêbayak, sayak, kotang, slendhang, kalung, gêlang, suwêng, ali-ali, anting-anting, pêniti, tusuk-kondhe lsp.

Sandhangan sapangadêg, tumrap priya: bêbêd, klambi, ikêt. Tumrap wanita: tapih, klambi, slendhang.

Sandangan wayang, kayata: Topong-makutha = agême Krêsna, Baladewa lsp. 2 Topong-kêthu = agême Bathara Guru, Karna lsp. 3 Kêthu-dewa = agême para dewa. 4 Kêthu-têmpak = agême para pêndhita. 5 Ukup =

tutup gêlung. 6 Garudha-mungkur = kancing gêlung pinêtha sirahe garudha kang trape mungkur. 7 Dawala = pita tali rambut ngiras dadi rêrênggan. 8 Jamang sada-saêlar lan jamang-sungsun = rêrênggan bathuk. 9 Sumping = rêrênggan kuping. 10 Praba = rêrênggan gêgêr awangun kaya swiwi. 11 Ulur-ulur = kalung kang têrus kumlawèr sambung karo pênding. 12 Kêlat-bau = rêrênggan ing bau, wujude ana warna têlu: 1 Naga mêmangsa utawa naga ngangrangan, agême ratu. 2 Clumpringan agême punggawa. 3 Bogêman agême darah Bayu (Anoman, Wrêkudara). 13 Gêlang = rêrênggan ugêl-ugêl, wangune: gêlang kana (agême Janaka lsp), gêlang nagendrarêsmi utawa naga mêmangsa (agême para ratu), gêlang clumpringan (agême Prahastha lsp), gêlang Candrakirana (agême Bayu, Sena, Anoman). 14 Gêlang-kroncong - gêlang sikil (jaman saiki atêgês: gêlang-tangan cilik-cilik akèh). 15 Badhong = rêrênggan kang trape ing antarane pupu, gumantung. 16 Uncal-kêncana = rêrênggan kumlèwèr sing digawe saka blèbèkan mas. 17 Uncal wastra = rêrênggan kumlèwèr sing digawe saka barang sêmbêt. 18 Cênthingan = pucuking dodod para putri kang nglèmbrèh sadhuwur bokong. 19 Simparan = pucuking dodod para putri kang kangsrah ing lêmah. 20 Pamêkan (kasêmêkan, mêkak) = tutup payudara. 21 Jubah = klambi landhung agême para dewa. 22 Slendhang = rêrênggan pundhak agême para dewa. 23 Lan liya-liyane.

Bêbêd. 1 Jêbên bêbêd Pt = bocah lanang wayahe sênêng sinau nganggo bêbêd (umur 8 - 9 taun). 2 Nanggung yèn ana bêdahing bêbêde lan gêmpaling wrangkane Pb = nanggung yèn nganti karusakan, kapitunan lsp.

Bêsus. Durung pêcus kêsêlak bêsus Pb = durung sêmbada wis tuwuh karêpe sing ora-ora, kajaba wis kêpengin omah-omah lsp.

--- 97 ---

Busana. 1 Ngadi busana Br = ngadi sarira sarana manganggo sarwa bêcik. 2 Ngasuk busana Br = nganggo sandhangan, dandan. 3 Dhasar sulistya ing warna sinêmbuh endahing busana Br = dhasar rupane bagus (ayu) tur manganggo sarwa endah. 4 Bayêm arda, ardane ngrasuk busana Ws = lumrahe ukara candhake muni: mari antêng, bêsuse saya kêtara. (Latêng utawa klatêng, bêsus). 5 Mbêsêmake busanane basa = ngrusakake kaendahane basa.

Dandan. Wurung dandanan Pt = ora kanggo ing gawe, ora dadi wong bêcik.

Jarit. 1 Babat jarit = wadhuke rajakaya, panunggalane: babat galêng, babat sumping, babat tawon. 2 Jarit pêpali Pt = jarit lurik ciyut acorak malang dianggo uba-rampening sasrahan. 3 Jarit esuk-sore Pt = jarit pasar-sore = jarit kang coraking bathikane wolak-walik ora padha, kayata: sing sasisih kawung, sisih liyane parang-rusak; kosok-baline: jarit

lamba. 4 Jarit luwas ing sampiran Es = kapintêran ilang, marga ora tau kanggo.

Gandar. 1 Mung olèh gandare bae Pt = mung olèh rupa bagus (ayu). 2 Gandar iras Pt = gandar karo wrangkane ora sambungan.

Gêlang. 1 Têmu gêlang Pt = bundêr lan wêkasane gathuk. 2 Gêgêlang munggwing dariji Ws = ali-ali. Dhapure gêlang: Sigar pênjalin, lilit-wi, rante, ulan-ulan, bebekan, kroncong (gêlang akèh cilik-cilik). Dhapure gêlang wayang: 1 Nagendrarêsmi agême ratu. 2 Gêlang Kana agême putri lan satriya. 3 Clumpringan agême punggawa. 4 Candrakirana agême darah Bayu (Anoman, Wrêkudara).

Gêmbring. Ora gêmbring ora waring Pb = ora nyandhang, mlarat bangêt. Gêmbring = tênunan tipis angramyang. Waring = bangsane kadut alus sok dianggo jubah.

Ikêt. 1 Dhêngkul ikêt-ikêt Bs = wong bodho didadèkake pangarêp (marga isih kaprênah sadulur). 2 Ngikêt-ikêti dhêngkul Bs = ngopyahi dhêngkul, nasabi dhêngkul = mikolèhake sadulure dhewe. 3 Sèkêt = 50 (sa + ikêt).

Indhing. Kudhung indhing Pb = priya sing kalah bangêt karo wanita (bojone). Indhing = cawêting pawadonan nalika nggarap sari.

Kampuh. 1 Kampuh kang pêra sigine Pd = kampuh kang isih anyar. 2 Kampuh pudhak sinupit Pt = nganggo dodod kang sisih têngên ing sadhuwur dhêngkul. 3 Mirong akampuh jingga Pb = madêg kraman, mbalela. 4 Alêlungan datan kongsi bêbasahan, kêsêlak kampuhe bêdhah Pl = pralambange Jaka Tingkir,

--- 98 ---

olèhe jumênêng Ratu ing Pajang durung nganti mukti wis seda.

Kathok. 1 Jêbên kathok Pt = bocah lanang wayahe sênêng sinau nganggo kathok (umur 5 - 6 taun). 2 Kathok kalèt = kathok cêkak kang sajak krakêt ing kulit. 3 Kathok gêmbyong = kathok amba, nanging cêkak. 4 Gondhèlan kolor kathok Pb = wanita sing mung manut-miturut marang priya (bojone).

Kaca. 1 Kaca paesan = kaca gêdhe (pangilon) sing dianggo ngilo nalika dandan. 2 Kaca-mata = kaca-tingal Ki = têsmak. 3 Kacanagara Pd = Guritna, Gathutkaca. 4 Dadi kaca-bênggala Pt = dadi tuladha. 5 Mripate kaca-kaca Pt = mripate kêbak luh, arêp nangis.

Kêndhit. 1 Wêdhus kêndhit Pt = wêdhus sing saka wêtêng têkan gêgêre mawa corak putih. 2 Kêndhit mimang kadang dewa Pb = wong sing kalis ing bêbaya.

Kêthu. Kêmbang sempol sêmune lêbe kêkêthu Pl = pralambange S. Sedakrapyak lan Sultan Agung mungkul bangêt marang agama Islam. Kêmbang sempol = tunjung, trate.

Klambi. 1 Klambi blênggèn = klambi mawa plisir bênang-mas. 2 Udan kumlambi Pt = udan riwis-riwis, nanging bisa njalari têlêsing klambi kang dianggo. 3 Malik klambi Pb = mbalik ngiloni mungsuh. 4 Wangune (potongan) klambi: bêskapan, surjan, tutupan, bukakan, kurung, kuthung, jubah.

Sabuk. 1 Sabuk wala Pt = bêbêdan, jarite sing saparo dianggo kêndhitan. 2 Sabuk galêng Pb = sugih palêmahan (sawah). 3 Sabuk udaraga Pt = sabuk mawa corak maneka warna. 4 Sabuk bara Pt = sabuk mawa gombyok.

Sandhang. 1 Sandhang-walikat = piranti dianggo ngangklèk kêris. 2 Sandhang-lawe = manuk bangsane cangak, warnane irêng. 3 Sowan panggêdhe mawa sandhangan dinês[1] = sandhangan kang didhawuhake (ing jaman biyèn). 4 Sandhangan sapangadêg = tumrap wong lanang: ikêt, klambi lan jarit; tumrap wong wadon: slendhang, klambi lan jarit. 5 Abot sing nandhang tinimbang sing nyawang Pt = luwih abot wong sing nindakake (nglakoni) tinimbang wong sing mung ngira-ira (ora nglakoni). 6 sandhang-sandhang rowang Pb = kêna ing tarka (didakwa) banjur ngèmbèt-èmbèt kanca utawa sadulur. 7 wong urip iku butuhe sing baku: sandhang, pangan lan papan Pt = bakuning butuhe wong urip: panganggo, pangan lan omah.

Sinjang. Tan kobêr apêpaès amangun sinjang Pl = pralambange Sunan Pakubuwana IV lan V ora kobêr mbangun nagara, marga saka akèhe rêribêd kang dialami.

--- 99 ---

Sumping. Wangune sumping: 1 Surèngpati agême para ratu. 2 Wadêran agême bambangan lan satriya (kayata Arjuna). 3 Gajahngoling agême para putri. 4 Kêmbangkluwih agême Nakula-Sadewa lsp. 5 Pudhak sinumpêt agême Wrêkudara.

Suwêng. Kasèp-lalu wong mêtêng sêsuwêngan Pb = kasèp bangêt; pêpindhane wanita, nalika isih prawan ora bêsus, olèhe bêsus nganggo suwêng barang barêng wis mêtêng.

Tapih. 1 Jêbên tapih Pt = bocah wadon sing lagi wayahe sênêng sinau nganggo tapih (umur 5 - 6 taun). 2 Kesasaban tapih Pb = priya sing kalah prabawa karo wanita (bojone). 3 Kêndho tapihe Pb = wanita sing gêlêman, kaurmatane diurah-urahake marang sadhengah priya. 4 Gondhèlan poncoting tapih Pb = priya sing mung manut-miturut marang wanita (bojone).

Têsmak. Kêdhèp têsmak Pb = nyawang suwe ora kêdhèp-kèdhèp. 2 Têsmak bathok, mata mlorok ora ndêdêlok Pt = têsmak dhingklik, têsmak watu = wong mamak ora ndêdêlêng.

Topi. Topi pacul-gowang = topi-lakên sing ing ngarêp njêbèbèh, ing têngah krowak.

Cancut. Cancut tali-wanda Br = tandang sarana panganggone ditalèkake ing wanda (awak).

Caping. 1 Caping bèbèk = caping undhuk = caping gêdhe saka blarak utawa clumpringe pring (sing nganggo lumrahe wong angon bèbèk). 2 Caping basunanda Pd = capinge Gathutkaca. 3 Caping gunung = caping sing lancip. Tumrap wangsalan, têmbung "caping gunung" batangane iya caping lancip, maksude "icipana".

Cawêt. 1 Kêriga sacindhile abang, cawêta têkan wadone Pd = wadyabalamu wêtokna kabèh, sing asipat wadon konên cawêtan (padha majua barêng ngroyok aku). 2 Wedang lêlaku tumpêr cinawêtan Bs = bocah karamjadah (ora karuwan bapakne).

Cindhe. Gêdhang apupus cindhe Bs = kabêgjan kang nglêngkara, prakara kang mokal. 2 Emban cindhe êmban siladan Bb = ora adil pangrêngkuhe, pilih-sih.

Cincing. 1 Randha cincing Pt = arane pagêr sing ora nggêpok lêmah (ngongkang). 2 Cincing-cincing klêbus Pb = (wong duwe gawe) wêgah ngêtokake dhuwit akèh, mulane olèhe têtuku apa-apa dicumpèni saka sathithik, toging êndon malah dadi saya luwih akèh wragade.

--- 100 ---

Clana. 1 Clana pokèk = clana amba, nanging cêkak. 2 Clana panji-panji = clana kang kaprênah dhêngkul mawa bênik.

Cundhuk. 1 Cundhuk mêntul = cundhuk awujud têtironing kêmbang, yèn dianggo katon mêntul-mêntul. 2 Cundhuk laris Pt = sudaning rêrêgane barang dianggo srana supaya olèhe dodolan bisa laris. 3 Durung cundhuk acandhak Pb = durung nganti ngréti bab sing dirêmbug wis kêsusu ngudhoni rêmbug. 4 Panêmumu cundhuk karo panêmuku = salaras, cocog.

Wade. Dikêmpit kaya wade, dijuju kaya manuk Pb = diopèni kanthi bêcik lan diwêlêg ing pangan (supaya enggal gêdhe).

Wastra. 1 Wastra lungsêt ing sampiran Pb = kapintêran ilang. marga ora tau kanggo. 2 Wastra bêdhah kayu pokah Pb = kêtaton nganti putung balunge.

Wuda. 1 Wuda blêjêd = wuda babar-pisan (tanpa awêr-awêr). 2 Said kawudan Pb = palapuran sing kurang têrang. 3 Emboke wuda anake tapihan Ck = pring lan bung; pring tuwa lumrahe clumpringe wis gogrog, bung isih kabuntêl ing clumpringan. 4 Tapa wuda sinjang rambut Kss = patrape mratapa Nimas Ratu Kalinyamat (ana ing wukir Danaraja). 5 blaba wuda = saka bangêting lomane, nganti awake dhewe kêcingkrangan.

XXXIII. OMAH WADHAH

Dasanama: 1 Omah = wisma, bale, griya, dalêm, suyasa, pondhok, wangon. 2 Enggon = panti, laya, langgar, sanggar, sana (sasana), dunung, panggonan.

Wangune omah: joglo (brunjung), limasan, srotongan, lojèn, klabangnyandêr, gêdhang salirang.

Wujud omah: 1 Asrama = pratapan ngiras pawiyatan. 2 Pawiyatan = pamulangan, pacrabakan, madrasah (Asale saka têmbung Arab "darasa" têgêse: sinau). 3 Padhepokan = omahe pêndhita. 4 Kadhaton (kraton) = dalême dhatu (ratu). 5 Loji = omahe panggêdhe bangsa Eropa. 6 Pasanggrahan = omah palêrêban (ing gunung). 7 Hotèl = panginêpan. 8 Bangsal = omah gêdhe lan endah. 9 Gupit = gupit mandragini = gêdhong pasarean (ing kraton). 10 Balekambang = omah satêngahe sagaran. 11 Balemangu = omah papan pangadilan. 12 Tangsi = omah saradhadhu. 13 Mêsjid = pasêmbahyangan Islam (kanggo umum). 15 Greja = pasêmbahyangan Kristên. 16 Klênthèng = pasêmbahyangan Buda (Tionghwa). 17 Grêdhu =

--- 101 ---

omah panjagan. 18 Gubug = omah panjagan ing sawah lsp. 19 Ranggon = gubug dhuwur ing têngah alas. 20 Bango = omah papan dodolan. 21 Kandhang = omah rajakaya. 22 Gêdhogan kandhang jaran. 23 Pranji = kandhang pitik. 24 Kombong = kandhang bèbèk. 24 Pagupon = kandhang dara. 26 Krangkèng = kandhang macan. 27 Pacrabakan = pamulangan, pamêjangan. 28 Pantisari = omah ing têngah patamanan.

Wadhah (panggonan): 1 Sudhung cèlèng. 2 Wantilan gajah. 3 Lèng gangsir (kombang lsp). 4 Rong yuyu, (ula lsp). 5 Song landhak. 6 Lumbung pari. 7 Kurungan manuk. 8 Susuh manuk. 9 Patarangan pitik. 10 Tulang jangkrik. 11 Tala tawon. 12 Plangkan têkên (payung, tumbak lsp). 13 Bothèkan jamu. 14 Pragèn bumbu. 15 Sêlon trasi. 16 Pakêcohan idu. 17 Papon ênjêt. 18 Slêpi rokok. 19 Wrangka kêris. 20 Kanthong dhuwit. 21 Endhong panah. 22 Lopak-lopak kinang (saka mas utawa slaka). 23 Ajung-ajung diyan. 24 Songgo (songgom) kêndhi. 25 Para piring. 26 Paga abrag-abrag pawon. 27 Tenong panganan. 28 Sumbul sêga. 29 Cèlèngan dhuwit. 30 Kêpis iwak (kêpis sing gêdhe diarani: kêmbu). 31 Gênuk bêras.

Bale. 1 Bale si gala-gala Pd = arane lakon wayang sing nyritakake Pandhawa diobong Kurawa banjur ditulungi garangan putih sing tuduh dalan bisane ngungsi. 2 Kere munggah ing bale Bs = wong asor didadèkake priyayi. 3 Pidak padarakan cèkèl longaning bale Br = wong sudra, turune wong asor. 4 Balemangu = omah pangadilan ing kraton. 5 Balekambang = omah ing têngah sagaran. 6 Bale mandhakiya = papan muja samadi. 7 Bale marcukundha = papane Bathara Guru yèn miyos siniwaka.

Empyak. 1 Jaran krubuhan êmpyak Bs = wong sing kanji bangêt. 2 Kêgêdhèn êmpyak kurang cagak Bs = kêgêdhèn panjangka kurang sêmbada.

Enggon. 1 Enggon wêlud didoli udhèt Bs = wong pintêr diumuki kapintêran. 2 Kana ênggone kana wite Pt = samubarang sing mbêbayani muga-muga aja nganti nyêdhaki aku.

Gêdhèg. 1 Rai gêdhèg Pb = ora idhêp isin. 2 Gêdhèg atèn-atèn = kosok-baline gêdhèg kulitan.

Gêdhong. 1 Gêdhong-mênga Pd = aji-ajine Kumbakarna sing njalari bisa mangan akèh bangêt. 7 Gêdhong pêtêng Pt = pakunjaran. 3 Digêdhongi dikuncèni Pt = sanadyan diikhtiyari kapriye bae, manawa wis mangsane mati ya mati. 4 Carita pagedhongan = caritane dhalang ing sadurunge ngêtokake wayang. 5 Bayi digêdhong = diubêd-ubêdi jarit awake,

--- 102 ---

tangane lan sikile. 6 Abdidalêm gêdhong = abdidalêm sing tinanggênah rumêksa lêbu-wêtuning dhuwit utawa bandha kraton. 7 Gêdhong minêb jroning kalbu Cd = candrane mangsa Kasapuluh akèh kewan mêtêng lan manuk ngêndhog.

Kandhang. 1 Kêbo ilang tombok kandhang Pb = kelangan barang digolèki ora kêtêmu, malah wuwuh kelangan wragad sing dianggo nggolèki. 2 Kêbo mulih ing kandhange Bs = pangkat oncat saka sawijining waris, pamburine bisa bali marang waris iku manèh. Utawa: wong sing nalika nom nyambut gawe ing papan adoh, barêng tuwa bisa mulih mênyang tanah wutah-gêtihe. 3 Kandhang langit kêmul mega Br = wong sing ora duwe omah. 4 Widarakandhang = padhukuhane Antogopa.

Lawang. 1 Ndhodhog lawang Pt = njaluk supaya lawange dibukak (arêp mlêbu). 2 Kinêban lawang tobat Pt = wis ora bisa olèh pangapuraning Allah. 3 Ugêr-ugêr lawang = anak loro lanang kabèh. 4 Lawang Selamatangkêp Pd = lawanging Suralaya (dijaga Cingkarabala, Balaupata).

Omah. 1 Wangune omah: tikêlan (brunjung, joglo, dudur), limasan, srotongan, kampung, dara-gêpak, gêdhang salirang, klabang-nyandêr lsp.

2 Omah sadhuwuring jaran Bs = madêg kraman. 3 Ngajak ora omah Pt = ngajak bubrah. 4 Ngêdêgake omah ing pawêdhèn Bs = mracaya wong sing ora kêna diêndêl. 5 Pitike wis pomah Pt = wis cumbu. 6 Jago kate wanine ana ing omahe Pt = wong jirih ora wani ninggal omahe nandhingi mungsuh. 7 Suti omah-omah karo Suta = jêjodhoan (kramane: emah-emah). 8 Omah-omah ana ing kutha = manggon (kramane: gêgriya). Entèk dhadhah êntèk ngomah = êntèk babar pisan, ora turah sathithik-thithika.

Panti. 1 Panti = pa + anti = satêmêne atêgês: panggonan ngêntèni. 2 Pantiroga = papan ngrumat wong lara. (Roga = lara. Panti-roga = Indonesia: rumah-sakit). 3 Panti-rapih = papan marèkake wong lara. (Rapih = mari). 4 Panti-sari = omah ing têngah patamanan. (Sari = kêmbang).

Papan. 1 Wis sagêlar sapapan Pt = wis sumêkta sakapuranrtine. 2 Papan jêmbar katon rupak Pd = sanadyan jêmbar dadi rupak, marga omah-omah padha pipit adu cukit, saking karta-raharjaning nagara. 3 Nganggo êmpan papan Pt = tindak-tanduk lan muna-muni kudu dilarasake karo papan, kaanan, wêktu lsp. 4 Papan kang kiwa = papan sing arang-arang diambah.

Pawon. Kakehan pawon Pb = bola-bali ngalih omah.

Pondhok. 1 Pondhok gamblok Pt = pondhok glongsor, pondhok sumpêl, pondhok kringkêl, pondhok ringkuk, pondhok slusup, pondhok tlosor [tlo...]

--- 103 ---

[...sor] = nunut manggon ing omahing liyan. 2 Pondhok karang Pt = pondhok tèmplèk, pondhok rompok = ngindhung ana ing pomahan liyan. 3 Wong mondhok kêrêp kêcênthok Pt = wong mondhok kêrêp disaruwe dening wong sing dipondhoki. 4 Pondhok Panaraga = pasantrèn sing santri-santrine olèhe ngaji lan pamanggone ana ing kono.

Pura. = puraya, dhatulaya, kadhaton, kraton. 1 Singapura = arane kutha. 2 Yasadipura I = Bagus Banjir, pujangga Surakarta. 3 Yasadipura II = Tumênggung Sastranagara.

Ranggon. Kêthèk saranggon Bs = wong-wong nunggal saomah kang awatak ala kabèh (maling lsp).

Saka. 1 Saka-guru = saka gêdhe papat ing têngah, kosok-baline: saka pananggap utawa saka rawa cacahe 12. 2 Adêg-adêg saka = mubêng sêsêr bangêt, katone nganti kaya ora obah. 3 Sakakala Kw = taun Saka, yaiku taun kang pangetunge wiwit jumênênge Ratu Ajisaka, cundhuke karo taun Masèhi kudu diwuwuhi 78. 4 Ajisaka = putrane Empu Anggajali utawa Prabu Iwaksa ing nagara Surati (Indhu).

Sana. 1 Sasana Kw = dêdunung, manggon. 2 Sanabudaya Kw = arane bale (papan) pangrukti wohing kabudayan ing Yoja. 3 Singgasana Kw = dhampar palênggahaning ratu (yèn nuju siniwaka).

Sanggar. 1 Untune sanggar = mawa cawangan. 2 Cènggèr sanggar = cènggèr cêcawangan. 3 Sanggar waringin Pt = wong sing bisa dadi pangayomaning sanak-sadulur. 4 Sanggar pamujan Kw = sanggar pamêlêngan, sanggar palanggatan, sanggar pamidikan, papan muja-samadi.

Talang. 1 Talang pati Pt = talang jiwa = toh nyawa dianggo bêbantên. 2 Talang lumrahe têlês Et = wong dadi lantaran lumrahe mèlu tampa panduman. 3 Lungguhe nyagak talang Pt = ing papan kang kinurmatan kaprênah ing sangisoring dununge talang. 4 Tirtatinalang Pd = nagarane Aswatama.

Tarub = omah apayon kajang utawa blêkêtepe kanggo sajrone duwe gawe. Jaka Tarub = Kidang Têlangkas, nggarwa widadari Nawangwulan pêputra Nawangsih kagarwa Lêmbupêtêng.

Tratag. Mawa tratag = payon tambahan saka kepang lsp. Tratag-rambat = tratag ing sangarêpe sitinggil jaman biyèn mawa wit rambat (sanggalangit lsp).

Cagak. 1 Cagak lèk Pt = srana supaya bisa bêtah mêlèk. 2 Cagak urip Pt = sraninging lêstari urip, yaiku pangan. 3 Satus rupiyah nyagak pangan saminggu = cukup kanggo mangan saminggu.

--- 104 ---

4 Nyagak-pat Pt = omah-omah ing palêmahan kamagêrsarèn. 5 Nyagak alu Pt = wong dipracaya wasana ora mitayani.

Cukit. 1 Omahe pipit adu cukit Pt = omahe akèh lan kêrêp bangêt. 2 Cukit-dulit Pt = bakul ênjêt (manawa ngêdoli sarana nyukit utawa ndulit).

Cungkup. Nyungkup kramat bêjad Bs = mbêciki apa-apa kang wis rusak bangêt.

Umpak. 1 Diumpak Pt = dionggrong supaya sênêng atine. 2 Umpak-umpaking gêndhing = têtabuhan utawa lêlagon ing salêbare buka utawa bawa, nanging ing sadurunge gerong. 3 Umpak dêdêring curiga Ws = mêndhaking kêris, dumunung ing antarane ukiran karo ganja.

Wangon. Kauban wangon Pt = ana ing sajroning omah, kosok-baline: sajaban wangon.

Wuwung. 1 Cacah wuwung Pt = mung ngelingi kèhe omah, tanpa dielingi gêdhe-cilike, apike lsp. 2 Adus wuwung Pt = adus têkan sirah (sirahe

katut digrujug). 3 Nanggung mloroding wuwung lan owahing sirap Pb = nanggung manawa ora bakal nêmu cilaka utawa kapitunan.

XXXIV. PRABOTING OMAH-OMAH

Pêpilahane: 1 Praboting mangan. 2 Praboting olah-olah. 3 Praboting turu. 4 Praboting rêrêsik. 5 Praboting lêlungan.

Abah. 1 Ora dadi abahan = ora bisa dadi wong bêcik, ora kanggo gawe. 2 Kumurêb ing abahan = masrahake pati-urip, yèn arêp dipatèni (ditigas gulune) ya manut.

Ajang. 1 Tunggal ajang Pb = tunggal sapagawean. 2 Dadi ajanging pêrang Et = dianggo papan campuhing pêrang. 3 Diajangi Et = disadhiyani papan dianggo pista, sarasehan lsp.

Aling-aling. 1 Ora tèdhèng aling-aling Pt = ngêblak bae, blaka, barès. 2 Aling-alingan katon Pb = nêdya ngungkiri kaluputane, nanging banjur kêtitik saka solah-bawa lan gunême.

Bantal. 1 Dasanamane Bantal: kajangsirah, lêmpir, karang-ulu. 2 Bantal dawa Ws = guling. 3 Bantalaning dalan sêpur = kayu utawa wêsi sing dianggo ganjêl ril.

Bêruk. Rara Bêruk = R. A. Patah Ati, putrane Modin ing desa Matah kagarwa Mangkunagara I.

Dom. 1 Ngêdom-êdom Pb = golèk katrangan sarana ngrêrungokake gunêmane wong-wong. 2 Dom sumurup ing banyu Bs = tindak kang alus ora ngatarani, kayata tindake têlik, pulisi

--- 105 ---

sandi lsp. 3 Bali mênyang kinjêng-dome Bs = wong cilik dadi gêdhe, wasana dadi cilik manèh.

Dhingklik. Rai dhingklik Pb = rai gedhèg = rai têki = rai trumpah = ora idhêp ing isin.

Jun. Jun iku yèn lukak kocak Bs = wong iku yèn ora akèh kawruhe sênêng umuk. Lukak = ora kêbak.

Ebor. Kajênanga kaebora Pb = arêp dikapakake mangsa bodhoa, wis dipasrahake.

Èmbèr. Nyangking èmbèr kiwa-têngên, lungguh jèjèr tamba kangên = mung dianggo parikan bae.

Enthong. 1 Ora mambu enthong-irus Pb = wong liya, dudu sadulur. 2 Énthong palwa Ws = wêlah.

Èncèk. Gotong-gotong èncèk Pb = têtulung wong duwe gawe mung ing babagan sing ènthèng-ènthèng bae.

Galar. Nganti krakêt ing galar Pb = mlarat bangêt. Galar = plupuh sing diênggo sèmèk.

Gandhik. 1 Cilik gandhik Pt = cilik nanging rosa: kosok-baline: gêdhe gombong = gêdhe, nanging ora rosa, ringkih. 2 Kucing gandhik Pt = kucing lakèn.

Gênthong. Nggênthong umos Bs = ora bisa ngandhut wadi. Umos = umês, rêmbês.

Guling. Nyumur gumuling Pb = babar pisan ora bisa simpên wadi (luwih bangêt tinimbang: nggênthong umos). Guling Kw = nendra, turu.

Irus. Ngiras-ngirus Pt = nindakake pakarti warna loro bêbarêngan; pêpindhane kaya wong mangan sing ya ngiras ana ing wadhahe lan ya njupuk nganggo irus saka ing wadhah iku.

Karangulu. Ngarangulu Pt = dialap bojo dening ipe kaprênah tuwa ing sapatine mbakyune.

Kasur. 1 Kasur-sari Pt = paturon sing apik, lumrahe mawa kasur lan sinêbaran sari (kêmbang). 2 Tiba kasur Pb = ngalami urip kapenak ora kalawan dijarag. 3 Turu kasur dikêbuti Pb = wis kapenak uripe saya luwih dikapenakake manèh.

Kêlud. Ngakot kêlud Pb = nglakoni pagawean kanthi rêkasa wasana ora ngrasakake pituwase.

Kêndhi. Wani cur-curan banyu kêndhi Pt = wani sumpah. Kêndhi kramane: lantingan. Kêndhi pratola = kêndhi mawa rêrênggan.

Kêndhil. Kêndhile ngglimpang (nggoling) Pt = kêndhile ora jêjêg = uripe kêcingkrangan, kurang mangan.

Klasa. 1 Nglungguhi klasa gumêlar Pb = mung kari nêmu kapenake. 2 Nglungguhi klas[2] pangulu Pb = ngarangulu. 3 Klasa pasir =

--- 106 ---

klasa sing alus, warnane lumrahe putih. 4 Klasa bangka = klasa kasar, lumrahe ciyut. 5 Klasa pacar = klasa sing mawa corak gêgambaran.

Klênthing. Klênthing wadhah masin Bs = wong sugih, sanajan wis mlarat mêksa isih lumayan uripe.

Krênêng. Mênêng-mênêng ngandhut krênêng Pb = katone ora apa-apa, nanging batine duwe niyat ala.

Kursi. Rêbutan kursi Pt = rêbutan panguwasa.

Layah. Jênang salayah Pb = wong sawatara (akèh) kang wis padha golong pikir.

Lampit. Kêrig-lampit Pt = mêtu kabèh padha bêbarêngan nandangi pagawean.

Lincak. 1 Lincak gagak Pt = mancolot cêdhak-cêdhakan, sing cêdhak dhewe yaiku sing mênang. 2 Gagak lincak Bs = kêrêp ngalih panggonan. 3 Lincak-lincak = mancolot-mancolot amarga bungah. 4 Dasanamane lincak, yaiku: 2) Ambèn = sing digawe kayu utawa pring tanpa sikil (mung diganjêl) dianggo têturon. b) Salu = ambèn sing disèlèh ing pêndhapa dianggo lungguhan (nêmoni tamu). c) Lincak = ambèn mawa sikil 4, dianggo linggihan utawa ndhasarake dagangan. d) Kanthil = sing digawe kayu utawa wêsi mawa sikil 4 lan nganggo langitan (tendha), tarkadhang didèkèki klambu. e) Kanthil-gadhing = kanthil sing digawe saka gadhinge gajah, uga diarani: kanthil-dênta. Dênta Kw = untu. f) Kobongan = pabongan, patanèn = paturon kang dumunung ing têngah (antarane gêdhong wetan lan gêdhong kulon), ora dituroni; mung pangantèn-anyar sing lumrah turu ana ing kobongan.

Munthu. Munthu katutan sambêl Bs = dadine sadulur, marga katut sadulure sing dialap bojo.

Payung. 1 Kuwat payung Pt = bisa dadi wong gêdhe. 2 Payung agung = payung upacara sing mawa krodhong. 3 Payung bèbèk = eyub-eyub sing digawe saka blarak kawangun bundêr. 4 Payung-kalong = payung saka motha (awarna irêng). 5 Payung sungsun = payung upacara sing sungsun loro utawa têlu. 6 Payung Tunggulnaga Pd = Payunge Prabu Yudhisthira. Payung Tunggulnaga iku malihane manuk garudha aran Banarata kang kêtaman jêmparinge Manumanasa. 7 Mbêsêmake payung Pt = nyudakake kaluhuran, marakake kurang kajèn-keringan:

--- 107 ---

Ponjèn. 1 Diponjèni Et = dilêbokake ing ati tumrap pitutur, kawruh lsp). 2 Tumplak ponjèn Pb = mantu anak ragil; sasrahane anak ragil (tukon). Uga atêgês: nganti êntèk babar pisan. Ponjèn = kanthongan wadhah jamu.

Sapu. 1 Sapu règèl = sapu kang mung kari bongkote bae, pucuke wis padha putung lan règèl utawa rigol. 2 Sapu-jagad = arane godhong kelor

manawa dianggo tamba; uga arane mriyêm (ing Solo). 3 Sapu ilang suhe Pb = sanak-sadulur sing tangkêpe dadi ora rakêt, marga wis ora ana wong sing minangka dadi têtaline. 4 Sêtyaki sapu-kawat Dwarawati Pd = sing dadi andêl-andêle praja Dwarawati. 5 Nyapu parangmuka Br = nyirnakake mungsuh. 6 Sapu-dhêndha = paukuman. 7 Disaponana: rèk, dibêndhènana: mung = samubarang apa bae kudu kanthi cêtha lan warata.

Sêmprong. Glundhung sêmprong Pb = wanita sing nalika wiwit bêbrayan-urip karo priya ora nggawa apa-apa. Kosok-baline: glundhung suling.

Sendhok. Sendhok porok sêtêngah lusin, mata mlorok ora idhêp isin Pr = parikan iku lumrah dianggo nyênyamah wong sing ora idhêp isin. Empu Sendhok = asmane Ratu Jawa Wetan.

XXXV. PIRANTI WARNA-WARNA (Piranti têtanèn, tênun, misaya iwak lsp).

Alu. 1 Alugora Pd = gêgamane Baladewa. (Gora = goraya = gêdhe. nggêgirisi). 2 Yèn kaku kaya alu, yèn lêmês kêna ginawe tali Br = yèn nuju kaku (atine) ora kêna diêluk babar-pisan, nanging yèn kêbênêr lêmês tansah manut-miturut bae (wêwatêkane Wrêkudara). 3 Cêblok alu Pb = myambut-gawe wong loro tumindake gêntènan.

Anculan. Dudutan lan anculan Bs = wong loro sing wis padha kêkêthikan. Anculan = mêmêdèn sawah dianggo mêdèni ama (manuk).

Apus = tali, pusara. 1 Pring apus = pring sing lumrah dianggo tali. 2 Apus buntut = tali ing buntut jaran. 3 Mangapus = nalèni têmbung utawa ukara, ngarang.

Arit. Mbuntutarit Pb = rêmbuge sajak gampang, nanging yèn ditêmêni jêbul angèl.

Bara. 1 Mbêbara = lunga mênyang manca-desa (manca-nagara) prêlu golèk pangupajiwa. 2 Pirang bara dialêm, ora didukani bae wis bêgja Pt = sukur manawa dialêm ... Bara tan bara Br = ukara sêsumbar, maksude: mangsa abota ora (aku tandhing karo kowe). 4 Petruk tunggu bara Bs = wong ala dipracaya rumêksa barang sing dadi pakarêmane.

--- 108 ---

Bêruk. 1 Wadhuk bêruk Pt = ludhuk, akèh tadhahe pangan. 2 Tuntunan bêruk Pb = wong sing wis tau atindak nistha, kayata ngêmis lsp. Bêruk, pêpindhane bathok sing dianggo ngêmis.

Bumbung. 1 Bumbung wungwang = bumbung sing bolong kiwa-têngên. 2 Sikil bumbung mata laron = gajah. 3 Ana wong ngoyak macan dèn

wadhahi bumbung = tumênggung Urawan nyêkêl kraman pangeran Pugêr kanthi gampang.

Dhadhung. Didhadhunga mêdhot, dipalangana mlumpat Pb = wong sing wis ora kêna diêndhakake sêdyane.

Jala. 1 Ampyakên kaya wong njala, krubutên kaya mênjangan mati Pd = kroyokên aku, majua bêbarêngan. 2 Jaladara Pd = Kakrasana, Baladewa. 3 Jalatundha Pd = arane sumur kang uga dianggo dalan njêdhul saka Saptapratala mênyang lumahing bumi; sing sok jumêdhul saka sumur Jalatundha Antarêja utawa Antasena. 4 Jalanidhi Kw = samodra. 5 Têlik mangendrajaya Kw = têlik kang namakake krenah (kajuligan). 6 Jala-jala = tali kêlir.

Jara. 1 Timun jinara Pb = êmpol pinecok = pagawean kang gampang bangêt ditindakake. 2 Tinatah mêndat jinara mèntèr Br = ditatah ora pasah, diêbur ora bisa kêtaton.

Jaring. Bisa njaring angin Pb = bisa nindakake pagawean kang umume wong-wong padha ora bisa.

Garan, 1 Kêna dianggo gêgaran sinau basa Jawa Et = kêna dianggo srana (piranti) sinau basa Jawa. 2 Arane garan: Ukiran kêris. Landheyan tumbak. Sangkal pêthèl. Doran pacul. Walêsan pancing. Têmpurit wayang (sing digawe saka sungu). Popor bêdhil. Pipa rokok. Sopak grip. Dhandhan payung (payung upacara, dudu payung lumrah).

Garu. 1 Mrojol sêlaning garu Pd = bisa oncat saka ing bêbaya sing wis mèh tumiba; utawa: wong sing sêkti mandraguna (bisa mrojol ing akêrêp). 2 Digarokake dilukokake kaya kêbo sing dèblèng Bs = dikon nyambutgawe abot lan prasasat ora tau bisa ngaso.

Gêndhong. 1 Nggêndhongi = awèh têngara manawa ana bêbaya (sarana nabuh lêsung lsp). 2 Ora gêndhong ora titir Pb = ora kandha-kandha, ora wewarta.

Kêluh. Kêbo-sapi dikêluhi, yèn wong dikandhani Pt = manusa iku cukup diêrèh nganggo têmbung.

Kisi. 1 Randha kisi Pt = randha sing duwe anak lanang. 2 Idêpe angisi Pp = gêdhening idêpe sakisi-kisi (Kisi iku kalêbu praboting tênun, gêdhene sadriji, dawane watara 2 dm).

Kitiran. Antêng kitiran Sn = rongèh bangêt, akèh bangêt polahe.

--- 109 ---

Kudhi. 1 Kudhi-pacul singa landhêpa Bs = wis padha dene sinau, kari adu bêgja. 2 Bisa ngrangkani kudhi Bs = bisa momong wong sing angèl bangêt wêwatakane.

Lêsung. Wong gunung adoh lêsung cêdhak lutung Pp = wong gunung kurang ngêrti udanagara.

Lumbung. 1 Gêdhene salumbung bandhung Pp = gêdhe bangêt (lumrahe sing dipêpindhakake ula). 2 Kurung munggah lumbung Bs = abdi dipundhut garwa. 3 Usung-usung lumbung Pb = pagawean siji ditandangi dening wong pirang-pirang bêbarêngan, gotong-royong.

Lumpang. 1 Ilat lumpangên Pt = tatu ngurêng, rasane pêrih. 2 Nyunggi lumpang kênthèng Pb = ngalap wanita darah luhur, niyate golèk pangayoman, nanging gêdhening pangayoman sing ditampa ora sumbut karo aboting sêsanggane. Lumpang kênthèng = lumpang gêdhe saka watu.

Panjang. 1 Panjang-ilang = janur diênam diwangun kaya panjang. 2 Bokonge manjang-ilang Cd = bokong sing wangune sêmu pêsagi. 3 Panjang-putra = piring gêdhe (lumrahe saka porsêlin awarna putih, tarkadhang mawa kêkêmbangan). 4 Kadya panjang-putra dhawah ing sela Pp = kumêpyuring panone priya lan wanita sing gathuk ing pandulu (bêbarêngan nyawang) kang padha dene nduwèni rasa sih-trêsnan. 5 Dadi panjang kidung Pt = misuwur, dadi ojate wong akèh. 6 Nagara panjang apunjung Pd = misuwur gêdhe kawibawane (panguwasane).

Pancing. 1 Dipancing Et = didolop. 2 Gulune ditigas pancing Pt = dikêthok mayat sapisan têrus tugêl. 3 Disêndhal pancing Pt = diuluri dhisik banjur disêndhal kanthi ngêgèt. 4 Gulune pancingên = lara, yèn dianggo ngulu krasa clêngkrang-clêngkring.

Pêthèl. 1 Nyolong pêthèl sasangkal-sangkale Pb = bênêre: nyolong pêthèk = ora cocok karo pêthèke; sawangane ora cocog karo kanyatane; katone kaya wong bodho jêbul pintêr, katone kaya wong mlarat jêbul sugih lsp. 2 Untune sapêthèl-pêthèl Pp = gêdhe-gêdhe bangêt. 3 Sikut pêthèl Pd = sikut kang sêntosa bangêt (Gathutkaca). 4 Glèthèk pêthèle = gampangane.

Pêcing. 1 Luput pêcing Pb = ora kêna diêndhakake karêpe ala. Pêcing = gombal diclupake ing uyuh diênggo nulak ama (cèlèng). 2 Tampa pêcingan Pt = tampa ujuran.

Pêcut. 1 Dipêcut Et = dikandhani nganggo têmbung sêrêng supaya mêmpêng. 2 Kêri tanpa pinêcut Pb = marga rumangsa nindakake [nin...]

--- 110 ---

[...dakake] panggawe ala, sanadyan ora ditarka atine ora kapenak.

Sangkal. 1 Uwange nyangkal putung Pp = awangun mojok, nanging ngrêsêpake. 2 Dhukun sangkalputung = dhukun pijêt sing darbe ngèlmu sangkalputung, bisa marèkake wong sing balunge kêcêklèk utawa kêsleyo.

Sawêt. Pêcat sawêt Pt = têgês lugu: nguculi talining pasangan wluku utawa garu, maksude: lèrèn olèhe mluku nggaru, wisan ing gawe (jam 11 awan).

Sêngkêr. 1 Sêngkêran = kurungan. 2 Disêngkêr = didhèdhèki dening wong gêdhe (tumrap prawan lan liya-liyane).

Sumbi. 1 Wulune lagi sumumbi Pp = lagi mêtu wulune lancip-lancip. 2 Madal sumbi Pb = nyanthulani prentah, atêgês ora tumuli mbangun-turut.

Sunduk. 1 Kutuk marani sunduk Bs = njarag marani bêbaya. 2 Olèh etunge luput sunduke Pb = mungguh ing nalar (theorie) wis bênêr, nanging barêng dicakake wohe ora bêcik. 3 Wis kêbak sundukane Pb = wis kêrêp konangan lupute (alane). 4 Pring dhèmpèt sunduk sate Ws = andha, sujèn (lumrahe ukara candhake muni: kandhaa ijèn marang aku, supaya aja nganti ana wong liya sing krungu).

Tali. 1 Prabu Gunatalikrama Pd = Puntadewa, Yudhisthira. 2 Ngêndhat tali murda Br = nganyut pati sarana nggantung. 3 Natas tali gumantung Pb = jaksa ngadili prakara, karampungane ora tumindak. 4 Kêtula-tula kêtali Pb = uripe tansah ngalami ora kêpenak, kêrêp sangsara. 5 Katalimangsa Pt = kasèp saka ing wêktu kang wis ditêmtokake, kasèp saka ing wangênan. 6 Tali ari-ari = usus gantilane ari-ari. 7 Tali-api = upêt sing digawe saka gombal diplintir. 8 Tali-rasa = urat-sarap. 9 Ditali-pati = ditalèni singsêt sing angèl diudhari, kosok-baline ditali-wangsul. 10 Tali-monce = perangane abah-abah jaran sing trape ana ing êndhas. 11 Tali angin (barat) = tali sing diênggo nalèni êmpyak karo molo. 12 Tali tapak-dara = nalèni katata mrapat. 13 Ditali-warêg = ditalèni kêncêng nuli sindhêtane dipuntir. 14 Cancut tali wanda Br = tandang sarana panganggone (jarite) ditalèkake ing wanda (awak). 15 Arane tali warna-warna:

Sawêt = tali pasangan (ing garu, wluku). Kêluh irung. Upat-upat = pêcut (ing pucuk). Dhadhung = tambang gêdhe. Tambang = tali gêdhe ditampar (kayata: tambang timba). Kênthêng = tali sing dipasang (kanggo watêsing apa-apa, kanggo memean). Tali-godhi = tali sing dianggo ngêrut lar pênjawat. Tali [Ta...]

--- 111 ---

[...li] bandhang = tali (tampar) sing diênggo sabukan prajurit. Uwêd panggalan (gangsingan). Kênur pancing. Ulur layangan. Kolor kathok. Usus-usus kathok. Karsèt arloji. Jala-jala kêlir. Pluntur gong (gêndèr lsp).

Klanthe caping. Klamar bêkungkung. Apus buntut. Sêndhêng gêndhewa (sêndharen). Jangêt sangkal (saka walulang). Elis kêndhali. Suh sapu. Jêjêt wêngku. Ambên lapak. Klindhên jantra.

Tampah. Tampah-lêmah = wiwit diwadhahi tampah têkan dikubur ing lêmah, yaiku wiwit lair nganti mati.

Tampar. 1 Ula-tampar = ula cilik awarna blirik (klêbu ula-mandi). 2 Nurut dawane tampar Pb = nglari prakara (kadurjanan).

Têmpaling. Polahe kaya têmpaling Pt = mobat-mabit (ngalor-ngidul ngetan-ngulon golèk butuh).

Tulup. 1 Kaya kêthèk ditulup Bs = lingak-linguk (marga bingung ora ngrêti apa sing kudu ditindakake). 2 Mancak wadhah tulupan Pb = nggaota kang ora bisa ndadèkake. Wancak Kw = walang.

Ulap. 1 Ulap-ulap = walulang blêbêding sangkal. 2 Ora ulap = ora wêdi.

Ungkal (wungkal). 1 Bathuke ngungkal-gêrang Cd = bathuk sing ing wêkasane kiwa-têngên kaya mawa sogokan. 2 Ungkal bênêr lan Blabagpangantolantol Pd = aji-ajine Wrêkudara (asale saka Gandamana).

Uncêg. 1 Mundur uncêg Pb = kêkarêpan (rêmbug) sing tansah ngangsêg bae. 2 Lêngar kêtiban uncêg Pb = wong ora apa-apa kêtiban tarka, didakwa nindakake panggawe ala.

Wêdhung. Kêduwung nguntal wêdhung Pb = nggêtuni prakara kang wis kêpungkur (wis klakon).

Wuwu. 1 Iwak kalêbu ing wuwu Bs = kalêbu ing bêbaya (wisayaning mungsuh). 2 Pangantène lanang nyolong wuwu Pt = unèn-unèn sing lumrah diênggo nggrecoki pangantèn lanang (diucapake dening tamu sing ngurmati) manawa ing wêktu ijabe kabênêr udan nggrêjèh.

XXXVI. GÊGAMAN, AJI-AJI

Dasanama: 1 Gêgaman = sanjata, braja, badhama, dêdamêl. 2 Panah = astra, warastra, sara, bana, braja, margana, sayaka, naraca, jêmparing. 3 Kêris = katga, curiga, dhuwung, suduk, wangkingan, patrêm (kêris cilik agême para putri). 4 Pêdhang = sabêt, klewang, candrasa (pêdhang cêndhak). 5 Gada = dhêndha, bindhi, pênthung, lori (gada cilik). 6 Tumbak = waos, lawung, tlêmpak, trisula (tumbak alandhêp têlu), cis

--- 112 ---

(tumbak landhêpe mlêngkung). 7 Gêndhewa = busur, laras, langkap.

Gêgaman tartamtu: Gada Rujakpolo-Wrêkudara. 2 Gada Wêsikuning-Menakjingga. 3 Gada Rujakbêling-Jayadrata. 4 Gada Alugara-Baladewa. 5 Nênggala Kunta-Baladewa. 6 Sanjata kunta-Karna. 7 Jêmparing Pasopati-Janaka. 8 Sarotama-Janaka. 9 Ardhadhêdhali-Janaka. 10 Arya Sêngkali-Janaka. 11 Cakra-Krêsna. 12 Wijayandanu-Karna. 13 Guwawijaya-Ramawijaya. 14 Surawijaya-Lêksmana. 15 Kêmlandhinganputih-Arjunasasrabau. 16 Barla-Dursasana. 17 Nagapasa- Indrajit. 18 Naracabala-Indrajit. 19 Cundhamanik-Aswatama, nanging pamburine dinarbe Janaka. 20 Pêdhangkangkam-Umarmaya. 21 Kêris Pulanggêni-Janaka.22 Kalanadhah-Janaka. 23 Kaladite-Karna. 24 Salukat-Dewabrata. 25 Pancanaka-Wrêkudara. 26 Kudhi-Sêmar. 27 Arit-Garèng. 28 Pêthèl-Petruk. 29 Wêdhung-Togog.

Aji-aji: 1 Kalimasada-Puntadewa. 2 Wijayakusuma-Krêsna. 3 Ungkalbênêr lan Blabagpangantolantol-Wrêkudara. 4 Balasrewu, Candhabirawa-Salya. 5 Gêdhongmênga-Kumbakarna. 6 Pancasona-Subali (lan uga: Dasamuka, Bomanarakasura). 7 Sêpi-angin-Arjuna, Anoman. 8 Mundri-Anoman. 9 Pamêpêsan-Gandamana. 10 Bandung Bandawasa-Gandamana, Wrêkudara. 11 Lêbursakêthi-Drêstharata. 12 Lindhupanon-Pandhu.

Kaluwihan: 1 Iryasing nabi (bisa marasake wong lara mung sarana pangandika). 2 Mukjijating nabi (bisa nggawe barang malih-warna awujud apa-apa).3 Sabdaning pêndhita. 4 Kramating wali. 5 Mangunahing mukmin. 6 Istijrating kapir. 7 Iyanahing wong duraka. 8 Sihire wong ora ngendahake agama.

Aji. 1 Aji sirêp begananda = kanggo nyirêpi wong. 2 Aji panglimunan = njalari bisa ngilang. 3 Aji jaya-kawijayan = njalari mênang. 4 Aji wringinsungsang = njalari ora pasah gêgaman. 5 Aji pangasihan = njalari ditrêsnani ing liyan. 6 Aji jaran-guyang = dianggo ngarah wanita. 7 Aji pêtak-gêlap-sakêthi = dianggo nggrêtak mungsuh. Lsp. Mr kaca 14.

Astra. Sura-astra adikara Bs = wong kêndêl sing ora ambêk-sikara (ora gumêndhung).

Balang 1 Nututi balang wis tiba. Pb = nusuli rêmbug sing wis dilairake, kasaguhan sing wis dijanjèkake. 2 Nyawat abalang wohe Bs = ngarah wanita kanthi minta-sraya sadulure

--- 113 ---

wanita sing diarah. 3 Mbalang liring Br = nglirik. nyawang sakêplasan. 4 Dibêciki mbalang tai Pb = dibêciki malês ala.

Braja. 1 Brajasutiksnalungid = arane gêlaring baris ing papan rupak. 2 Sumêngka pangawak braja Br = sowan bangsa luhur (ratu) tanpa ditimbali.

Dhêndha. 1 Dhêndha pratikêl Pt = dhuwit dhêndhan ukume wong ora têka ing pangadilan. 2 Sapu-dhêndhane jawata Et = ukume dewa, siksane dewa. 3 Bau-dhêndha Br = alêngên gada, maksude: kuwasa.

Gada. 1 Ngikal gada = ngobat-abitake gada. 2 Isih kuwat ngikal gada Et = isih kuwat ngêmbat lawung Et = isih kuwat maju pêrang. 3 Ngandêlake gada-gitik Pb = ngêdir-êdirake kêkuwatane. 4 Wêruh gada-gitike Et = ngrêti kêkuwatane (mungsuh). 5 Anggada Pd = wanara putrane Subali (miyos saka dèwi Tara).

Gandar. 1 Gandar-iras = gandare (sarungane) karo wrangkane ora sambungan. 2 Mung olèh gandar = mung olèh rupa bagus (ayu), ora ana kaluwihane.

Ganja. 1 Ganja-wulung = ganja karo wilahane (kêris) ora padha warnane. 2 Ora ganja ora unus Bs = rupane ora bagus (ora ayu), watake ala.

Gêndhewa. 1 Asta nggêndhewa pinênthang Cd = sikute sêmu ndêngklèh mlêbu. 2 Asta nggêndhewa dênta Cd = warnane putih sêmu kuning (kaya gadhing). 3 Teja pita, kang taji mawa gêndhewa Ws = layung, panah.

Gunting. 1 Jagang gunting Pt = pring loro diwangun kaya gunting dianggo sanggan. 2 Suduk gunting tatu loro Pb = nindakake pagawean sawarna nandhang kapitunan luwih saka sawarna. 3 Driji gunting Pd = driji sing sêntosa bangêt (Gathutkaca). 4 Srigunting = arane manuk, warnane irêng buntute kaya gunting (manuk cingcinggoling).

Kêris. 1 Kêris sing tuwa tangguhe Pt = kêris sing pêng-pêngan (mandi). 2 Ora kêris nanging kêras Pb = ora pintêr (ora sugih lsp), nanging bisa gawe gêlar. 3 Tumbak bêngkung kêris mlêngkung, Anggajaya ditalikung Pt = sarèhne gêgamane ora nêdhasi (malah rusak), mulane kêna dicêkêl dening mungsuh. 4 Gandrung-gandrung ing lêlurung andulu gêlung kêkêndhon; kêris parung tanpa karya, êdolên tukokna ulêng-ulêng campurbawur Pl = pralambange tanah Jawa (Indonesia) ing sawise jaman Kalabêndu, tata-têntrêm murah sandhang-pangan; wong-wong wis ora prêlu simpên gêgaman, marga wis ora tau ana rêrusuh.

--- 114 ---

Perangane wilahan kêris: pasi, ganja, kêmbang-kacang, lambe-gajah. Dhapure wilahan kêris: naga-tapa (lêncêng), naga-lumaksana (mawa luk). Sandhangane kêris (rêrênggane): ukiran (garan kêris), mêndhak (kaya ali-ali dumunung antarane ukiran karo ganja), wrangka, gandar (sarungan), pêndhok (kramane kandêlan). Dhapure wrangka: gayaman, ladrang (ladrangan utawa jlamprak). Dhapure pêndhok: blewah, bunton (rapêt); blewahane pêndhok lumrahe didèkèki rêrênggan pênyu, pêndhok bunton lumrahe diukir-ukir. Kêris kang misuwur: 1 Sangkêlat lan Pasopati (loro-lorone kêris pusaka kraton Jawa, gaweane Empu Sura putrane Empu Supa ing Sêdayu). 2 Condhongcampur, gaweane Empu

Supandriya (bapake Empu Supa), pusaka Majapait. 3 Nagasasra, gaweane Empu Supa-nom (utawa Ki Nom putrane Empu Supa), pusaka Majapait. 4 Crubuk, agême Sunan Kalijaga, gaweane Empu Supa. 5 Jigja, gaweane Empu Singkir (Empu saka Madura). 7 Tilamupih, gaweane Empu Pitrang (Pitrang iku asmane Empu Supa nalika ana ing Blambangan). 8 Sagarawedang, gaweane Sura Nom.

Carane nganggo kêris: 1 Disangkêlit, ana ing buri. 2 Dianggar, ana ing ngiringan (ing lambung). 3 Disothe, ana ing ngarêp (ing wêtêng).

Kikir. Tapaking kikir Br = tapak-paluning pandhe = sisaning gurenda = gêgaman kang saka wêsi.

Lawung. 1 Lawung jêbêng Pt = tumbak agombyok minangka rêrênggan. 3 Ora candhuk lawung Pt = ora têpung babar-pisan. 3 Ora têmbung ora lawung Pb = njupuk barange liyan tanpa nêmbung lan tanpa kongkonan nêmbungake. 4 Kêbo lawung Pt = kêbo umbaran, ora dimagawèkake. 5 Duta panglawung Br = utusan mbalèk[3] awêwarta yèn kêtiwasan. 6 Isih kuwat ngêmbat lawung = isih kuwat pêrang.

Mimis. 1 Lonjong mimis Sn = lonjong botor, sêsipatane wong mlayu kang bantêr bangêt. 2 Irung mimisên Pt = mêtu gêtihe (bangsane lêlara). 3 Wanda mimis Pd = potonganing awak kayata Wrêkudara. 4 Tau-tate kramas obat susur mimis Br = tau dibêdhili ora apa-apa, ora tatu.

Palu. 1 Kêpalu-kêpênthung Pt = kapitunan luwih saka sawarna.

Panah. 1 Lakune panah nduduk Pt = ngênêr munggah. 2 Srikandhi maguru manah Pd = arane lakon wayang. Srikandhi dilamar Prabu Jungkungmardeya ratu Paranggubarja ora gêlêm,

--- 115 ---

nuli oncat saka kraton Cêmpala mênyang Madukara njujug taman Maduganda maguru manah Janaka.

Pêdhang. 1 Kara pêdhang = kara gêdhe, gêdhene watara padha karo pête sakêris. 2 Pedhang warangan = pêdhang sing pangasahe sarana diwarangi, sing digawe saka wêsi-aji. 3 Ledhang nêmu pêdhang Pb = wong klonthang-klanthung (ora nyambut-gawe) nêmu kabêgjan. 4 Pêdhang kangkam = pêdhange Umarmaya.

Pêndhok. Mêndhok = golèk piandêl utawa sihing panggêdhe (Pêndhok kramane kandêlan, mulane wong golèk andêling panggêdhe ditêmbungake mêndhok, golèk pêndhok).

Pênthung. 1 Tulung mênthung Pb = katone têtulung, nanging saya agawe sangsarane. 2 Tulung kêpênthung Pb = têtulung, wasana nêmu

cilaka. 3 Mênthung koja kêna sêmbagine Pb = rumangsane untung, satêmêne kapusan.

Rajah. 1 Rajah-tamah Kw = pêpenginan lan kamurkaning ati. 2 Rajah Kalacakra Pd = rajah kang ditulis dening Bathara Guru ing bathuke Bathara Kala, kèhe wolung ukara-walikan, yaiku:

a) Ya Maraja Jaramaya = èh Maraja Jaramaya (ratuning pangrêncana).

b) Ya marani nira maya = èh kang nêkani, ilanga kêmayanmu.

c) Ya si Lapa pala siya (siha) = èh kang gawe luwe, ngêsihana pangan.

d) Ya midoro rodomiya = èh kang mlarati, anjupukana.

e) Ya midosa sadomiya = èh kang nyikara, aja anangsaya.

f) Ya da-yuda da-yuda-ya = èh kang mêrangi, ilanga jayamu.

g) Ya siyaca caya siya (siha) = èh kang ambêk-siya, asiha cayaku.

h) Ya si hama maha siya (siha) = èh kang dadi ama, dadia luwih asih. *)[4]

Sara. 1 Sara prana pêndhita murcita Slk = pêndhita (wong) cilaka marga têtulung marang durjana. 2 Anara wacana Pb = têgêse lugu: njêmparing nganggo têmbung (anara = an + sara), maknane: jaksa ngajak rêmbugan karo salah-sijine sing prakaran. 3 Lumêpasing jêmparing saka langkap mbarubul anarawata Br = lumêpasing panah saka gêndhewa tanpa kêndhat.

--- 116 ---

Sanjata. 1 Luput ing sanjata uwa Bs = kalis ing walat, ora bisa kêtaman wêwalak. 2 Sanjata pamungkas Pt = gêgaman pêng-pêngan (ampuh, mandi) diênggo nyirnakake mungsuh.

Suduk. 1 Suduk maru = lading kang landhêpe kiwa-têngên. 2 Pêdhang suduk = pêdhang kang landhêpe kiwa-têngên. 3 Suduk salira Br = nglalu pati sarana nyuduk wêtênge (dhadhane) dhewe.

Taji. 1 Masang taji Pt = didakwa malês ndakwa. 2 Endha mangiwa endha manêngên kaya prênjak tinaji Pp = olèhe endha cukat kaya prênjak ditamani pasêr utawa panah.

Tamèng. Apa kang ana ing kowe tibakna, daktamèngi dhadha Br = kowe duwe gêgaman apa tamakna ing awakku dak tadhahane dhadhaku.

Tumbak. 1 Tumbak braja = tumbak sing landhêpe lima. 2 Tumbak berang = tumbak mawa landeyan cèt-cètan. 3 Tumbak lilitwi = tumbak

landeyane dicèt lorèng-lorèng. 4 Tumbak tambuh Pb = amitambuhi, api-api ora ngrêti. Kyai Biringlanangan lan Dhandhangmungsuh tumbake Arya Panangsang. 5 Matang tuna numbak luput Pb = kabèh panjangkane (ikhtiyare) ora bisa kalêksanan. 6 Tumbak Biring, gaweane Empu Pitrang (asmane Empu Supa sajrone ana ing Blambangan). 7 Baru klinthing, tumbake Ki Agêng Mangir. 8 Kiyai Plèrèt, tumbake Panêmbahan Senapati.

Cakra. 1 Cakra-byuha Kw = gêlaring baris wangun buwêngan. 2 Cakrawala Kw = gathuking langit karo bumi (êntèk-êntèkaning pandêlêng). 3 Cakrawaka Kw = mliwis. 4 Cakrawarti Kw = têgêse lugu: kang ngubêngake jagad, maksude: sing ngêrèh jagad, yaiku ratu. 5 Ratu nyakrawarti (nyakrawati) Kw = ratu sing ngêrèh jagad, ratu agung (kuwasa bangêt). 6 Kacakrabawa Kw = ditarka, didakwa. 7 Cakrakêmbang Pd = Kahyangane Kamajaya. 8 Nyakramanggilingan Kw = têgêse lugu: tansah mubêng kaya jinantra, maknane: lair timal-tumimbal, tumitah ing donya wola-wali. 9 Dhênta-dhênti kusuma warsa sarira cakra Slk = pangadilan sing jêjêg, tibaning putusan dingibaratake: Gadhing (dhênta), yèn wis mêtu ora kêna dilêbokake manèh; kêmbang (kusuma) yèn wis mêgar ora bisa mingkup manèh; udan (warsa) yèn wis tiba ora bisa bali manèh; panah (cakra) yèn wis lumêpas uga ora bisa mbalèk. 10 Rangsang Cakrakusuma = Sultan Agung.

Curiga. 1 Parang-curiga = araning corak bathikan. 2 Wrangka manjing curiga Lb = badan-wadag kawasesa dening badan-alus. 3 Utamane priya kudu ndarbèni: curiga, wisma, wanita, turangga, kukila = kudu landhêp pikire, momot atine, alus tindak-tanduke, têguh batine, alus wicarane.

--- 117 ---

Watang. 1 Urang watang = urang gêdhe. 2 Nggêntèni watang putung Bs = nggêntèni pangkate wong sing kêpêdhotan waris. 3 Nyambung watang putung Bs = ngrukunake wong pasulayan. 4 Sandhung watang Pt = prakara sing ora kêna ditêrak, yèn ditêrak nyilakani. 5 Lêbar watang Pt = wayangan malêm Minggu ing kraton, yaiku salêbare Sêton. (Ing dina sêtu prajurit padha gladhi ulah pêrang sarana migunakake sodor utawa watang, bêngine ing kraton wayangan). 6 Arêp jamure êmoh watange Pb = gêlêm mèlu ngrasakake wohe (enake), nanging wêgah rêkasa. 7 Matang bubukên Bs = nggugat ora ditêrusake. 8 Lunga pêrang putung watange Pl = pralambange R. Patah olèhe nênêlukake para adipati sing isih agama Buda dibiyantu para wali lan para mukmin, akèh wong mukmin sing tumêka ing tiwas. 8 Sarik dalan sandhung watang = alangane laku marga nêmu pakewuh kang bisa uga nganti njalari anane rajapati utawa rajatatu.

XXXVII. GAMÊLAN, TONTONAN

Jinising gamêlan: 1 gamêlan Klênèngan (ing Ngayoja diarani Gangsa uyon-uyon madya), ricikane ora pêpak, yaiku: rêbab, gêndèr, gambang,

slênthêm, saron, kênong, kêmpul, gong, kêthuk, êmpyang, êngkuk, suling, clêmpung, kêndhang, kêpyak (kêprak). 2 Gamêlan Gêdhe, ricikane kaya gamêlann Klênèngan, nanging luwih pêpak, sabab diwuwuhi: bonang, dêmung, saron panêrus, gong gêdhe. 3 Gamêlan Gadhon, ricikane mung njupuk saprêlune: slênthêm, gêndèr, gambang, suling, kêndhang, kêthuk, kênong, gong. 4 Gangsa sêngganèn, sing digawe saka prunggu, ricikane akèh awujud wilahan. 5 Gangsa alit, kaya gangsa Sêngganèn, nanging sing digawe saka wêsi utawa kuningan. 6 Gangsa Monggang, mung nganggo titilaras 3 warna: panunggul, nêm.lima, kanggone yèn ana upacara kraton (miyose ratu ing sitingghil). 7 Gangsa Monggang patalon, ditabuh dina Sêtu (miyose ratu ing sitinggil nêdya mriksani gladhèn pêrang). 8 Gangsa Kodhokngorèk, kanggo ngormati dina gêdhe. 9 Gangsa Carabalèn, kanggo nabuhi gladhèn pêrang utawa wirèng.

Gamêlan sing misuwur: I Kraton Sala: Gamêlan Sêkatèn Nagajenggot lan Kyai Jimat, Larasati, Pangasih, Gunturmadu, Kancilbêlik, Kadukmanis, Manisrêngga: II Mangkunagaran: Kanut mèsêm, Udanasih, Udanarum, Lipurtambanêng. III Kraton Ngayoja: gamêlan Sêkatèn Nagailaga lan Guntursari, Harjanagara, Harjamulya, Madukèntir, Siratmadu, [Si...]

--- 118 ---

[...ratmadu,] Mêdharsih, Mikatsih. IV Pakualaman: Pangawesari, Tlagamuncar.

Baladewa. Baladewa ilang gapite Pb = ilang kêkuwatane (kasêktène, panguwasane).

Bêdhug. 1 Bêdhug têlu = subuh, jam 4 esuk. 2 Pasa mbêdhug Pt = pasa têkan wayah bêdhug (jam 12). 3 Bêdhug dawa Pt = bêdhug jam 12 bêng. [5] 4 Dohe lakon sabêdhug Pt = dohe yèn dilakoni bisa têkan ½ awan (6 jam). 5 Emprit abuntut bêdhug Bs = prakara sapele dadi gêdhe.

Bima. 1 Bima akutha wêsi Bs = wong puguh bêbudène, utawa: dhasar kuwat mawa papan sêntosa. 2 Bimakunthing Pd = Sêtyakli. 3 Bimalukar = tuke kali Sêrayu (ing Diyèng, gunung Prau).

Blero. Blero pandulune Pt = têgêse lugu: yèn ndêlêng katon dhumpyuk, maknane: bingung pamilihe. 2 Gamêlane blero Pt = larase ora bênêr.

Bêndhe. 1 Sasore bêndhe Pt = sadawaning sore. 2 Bêndhe Pancajannya lan Dewadhênta = bêndhene Krêsna (tansah gumantung ing kreta apangirid turangga 4). 3 Bêndhe Kyai Macan = bêndhene Sunan Kudus. 4 Kyai Bicak = bêndhe-pusaka ing Mataram, asale saka Ki Agêng Sela; biyèn-biyène bêndhe iku kêmpuling gamêlan darbèke dhalang mbêbarang aran Bicak sing dipatèni dening Ki Agêng Sela.

Gangsa. 1 Pusara pangikêt gangsa Ws = pluntur. 2 Digangsa = digorèng nganggo diulêt gula. 3 Gasa saka: têmbaga + rêjasa.

Gong. 1 Ngêgongi Et = ngiyani, mupakati gunême liyan. 2 Gong bonjor = gong bumbung diênggo ngêgongi gamêlan angklung. 2 Nggantung gong Et = duwe gawe nganggo nênanggap (wayang lsp). 4 Gong muni sasêle Bs = mriksa prakara lagi ngrungokake paturane wong siji, sijine durung dipriksa (durung ditakoni). 5 Gong lumaku tinabuh Bs = kumudu-kudu ditakoni.

Grantang. Sambate kaya grantang Pt = sêsambat tanpa kêndhat. Grantang = gamêlan saka pring.

Kêmpul. Nyuwuk kêmpul Pb = ngrêribêdi wong rêmbugan.

Kêndhang. 1 Pasa tutup kêndhang Pt = nglakoni pasa mung ing dina wiwitan lan wêkasane sasi Pasa bae. 2 Kêndhangan dhêngkul Pt = ngenak-enak ora nyambut gawe.

Kêthuk. Thênguk-thênguk nêmu kêthuk Pb = ora nyambut gawe nanging gêdhe rêjêkine.

Kosok. Ora angon kosok Pb = ora nangguh wêktu kang prayoga; pêpindhane niyaga sing ora nggatèkake unine kosok (rêbab);

--- 119 ---

kosok muni pathêt manyura umapane, ana niyaga sing nabuh gamêlan pathêt nêm utawa pathêt sanga.

Laras. 1 Gamêlane ora laras = blero. 2 Gunême ora salaras karo tindake = ora cocog. 3 Mundur palarasan Pt = lunga saka ing pajagongan (pasowanan) tanpa pamit. 4 Larase gamêlan warna 4: slendro, pelog, barang, laras miring. 5 Endhèk-dhuwure panglaras diarani êmbat, ana warna 3: Embat Larasati (kênès), êmbat Nyundari (ruruh), êmbat lugu (barès).

Pathêt. 1 Pathêting gamêlan slendro: pathêt nêm, pathêt sanga lan pathêt manyura. 2 Pathêting gamêlan pelog: pathêt lima, pathêt nêm utawa pathêt bêm lan pathêt barang. 3 Kêpathêtên Pt = ora bisa lunga nêrusake laku, marga kêpalangan udan lsp.

Suling. Glundhung suling Pt = priya sing nalika wiwit omah-omah karo wanita ora nggawa apa-apa (tanpa gawan). Yèn tumrap wanita ditêmbungake: Glundhung sêmprong.

Tabuh. Kênthonganmu tabuhên Pt = kowe têtakon (manawa ora ngrêti panggonane, yèn bingung lsp.

Togog. Nogog Pt = têka ing omahe liyan mung murih warêging wêtêng.

Wayang. 1 Mung sadrêma dadi wayang Pt = sadrêma nglakoni. 2 Wayang-wuyungan Pt = ora karuwan solahe (marga bingung lsp). 3 Winayang = Naya, mangsa Kanêm. 4 Wayang warna-warna, yaiku:

a) Wayang bèbèr = olèhe mitongtonake sarana dibèbèr (dijèrèng), isine kayata nyritakake lêlakone Jaka Kêmbangkuning lsp.

b) Wayang Purwa = baboning carita buku Ramayana, Krêsnayana lan Mahabarata.

c) Wayang Madya = kaya wayang Purwa, nyritakake wiwit Prabu Gêndrayana ing Astina têkan Lêmbusubrata ing Majapura, yaiku lakon ing salêbare Prabu Parikêsit ing Astina. (Yèn wayang Purwa nyritakake lêluhure Pandhawa têkan Prabu Parikesit).

d) Wayang Gêdhog = kêna diarani Wayang Wasana, nyritakake wiwit Lêmbusubrata têkan Panji Kudalaleyan ing Pajajaran, sing misuwur dhewe lakon Panji Putra (Jênggala).

e) Wayang Klithik = wayang Krucil, nyritakake Pajajaran têkan Majapait Brawijaya wêkasan, sing misuwur lakon Damarwulan - Menakjingga.

f) Wayang Golèk (wayang Thêngul), nyritakake lêlakone Menak (Jayèngrana, Amir Ambyah).

--- 120 ---

g) Wayang Suluh = wayang sing tuwuhe ing jaman parjuangan (tahun 1946) nggancarake babad (sêjarah), surasane dianggo nênangi sêmangating rakyat.

h) Wayang wong.

Wayang Purwa, wayang Madya lan Wayang Gêdhog sing digawe saka walulang. Wayang bèbèr saka barang sêmbêt (gombal, cita). Wayang Golèk saka kayu adhapur rêca, wayang Krucil saka kayu adhapur gèpèng. Wayang Suluh saka karton.

Wayang wong, critane padha karo wayang Purwa, nanging digawe cêkak.

Kajaba wayang, sing klêbu tontonan kayata:

a) Badhaya, ing kraton cacahe 9, ing Mangkunagaran lan Pakualaman cacahe 7 (kabèh wanita).

b) Srimpi, wanita 4.

c) Jogèd golèk, wanita 1, maknane nggambarake wanita (prawan) kang nêdhêng birahi.

d) Bondhan, wanita 1, nggambarake sênênging atine wanita sing mêntas duwe anak. Nanging jaman saiki ana Bondhan Tani, Bondhan Sarinah lsp.

e) Wirèng, nggambarake gladhèn kaprajuritan, sing njogèd priya utawa wanita.

f) Pêthikan, mèmpêr wirèng, katindakake dening priya utawa wanita, utawa campuran.

g) Langêndriya, sing dadi kabèh wanita, antawacanane nganggo têmbang, nyritakake Majapait - Blambangan (Damarwulan - Menakjingga).

h) Langênwanara, nyritakake Ramawijaya lan wadya wanara nglurug mênyang Ngalêngka: wanara lan danawa nganggo topèng.

i) Topèng, critane padha karo wayang Gêdhog.

j) Ludrug, sing dadi wong lanang kabèh, nanging macak (manganggo) wanaita. (*)[6]

k) Andhe-andhe-lumut, nyritakake Panji Putra.

l) Reyog, jathilan, jarankepang (èbèg).

m) Kêthoprak, lair ing Surakarta, ngrêmbaka ing Yogyakarta, nyritakake babad. n) Dhagêlan Mataram, nyritakake roman.

o) Dholalak lan gambus.

--- 121 ---

XXXVIII. KEWAN

Dasanama: 1 Manuk = kaga, kukila, pêksi. 2 Asu = sona, srênggala, anjing. 3 Kêthèk = wre, kapi, rewanda, joris, wanara, palwaga, kapila. 4 Gajah = dirada, dipangga, èsthi, liman. 5 Jaran, aswa, kuda, wajik, undhakan, turangga, titihan. 6 Macan = mong, arima, arimong, sardula, singa, sima, pragalba. 7 Ula = sarpa, taksaka, naga, ardawalika. 8 Iwak = mina, matswa (maswa), ulam. 9 Kodhok = wiyangga, canthuka. 10 Banthèng = angun-angun, andaka, nandaka, jawi. 12 Mêrak = badhak, cohung, manyura. 13 Kidang = arina, saraba, cêmuru,wariga. 14 Kêbo = andanu, maisa, mundhing. 15 Cacing = wrejit, wrecita, lusi, nahuti. 16 Galak = lodra, rota, krura, wiroda. 17 Gardaba = kuldi. 18 Garagati = kêmlandhingan. 19 Kêndhêla = kinjêng. 20 Endhog = antêlu, antiga.

Anak kewan: Asu-kirik. Cèlèng-gênjik (jagar). Cêcak-sawiyah, Kucing-cêmèng. Kutuk-beyongan (kocolan). Iwak kakap-pelak. Kodhok-cebong (prêcil). Kêbo-gudèl (gondhèk). Sapi-pêdhèt. Jaran-bêlo. Kethèk-cênguk (munyuk) kênyung, Lutung-kowe. Dara-piyik. Tikus-cindhil. Warak-plêncing. Tuma-kor (êndhoge aran lingsa). Wêlut-udhèt. Wêdhus-cêmpe. Lintah-pacêt. Pitik-kuthuk. Lele-jabrisan. Yuyu-bèyès. Mênjangan-komprèng. Kidang-komprèng. Enthog-minthi (èndhèl). Banyak-blêngur. Mêrak-uncung. Brati-tongti. Macan-gogor. Glathik-cècrèkan. Tawon-gana. Gajah-blêdug.Bulus-kêtul. Baya-krete. Bèbèk-mêri. Kadhal-tobil. Babi-gêmbluk. Ngangrang-kroto. Buta-wil. Kucing-cêmèng.

Turun campuran: Blastêr-dara karo putêr. Brati-bèbèk karo enthog. Warèng-pitik lumrah karo kate. Bêkisar-pitik lumrah karo ayam-alas. Bêkikuk-pitik lumrah karo bêkisar. Bihal-jaran karo kuldi.

Lanang-wadon mawa aran dhewe-dhewe: 1 Bênce = puyuh lanang, yèn wadon aran gêmak. 2 Bandhot = wêdhus lanang. 3 Mimi = lanang (bangsane yuyu sagara), yèn wadon mintuna. 4 Pêlèn kêbo lanang. Tuhu iku lanang, yèn wadon aran kulik. 6 Jago (lincir),[7] yèn wadon babon (dhara).

Kewan wis tuwa: 1 Bangkong (kongkang) - kodhok. 2 Bangkokan-kêthèk. 3 Kawuk-mênyawak. 4 Pêlus-sidhat.

Pamangane kewan: glathik nisil, piyik nothol, bèbèk (enthok lan banyak) nocor (nosor), cèlèng nggogos, macan (kewan galak) mangsa utawa nggaglag, ula nguntal, baya nyaplok, kêthèk ngakoti, tikus (bajing) ngrikiti, rajakaya nyênggut, asu nocok, buta mbadhog (nggaglag).

--- 122 ---

Unining kewan: jaran mbêkèr (mbêngingèh), manuk ngocèh, prêkutut (dêruk lan putêr) manggung, pitik pêtog-pêtog, jago kluruk, kodhok ngorèk, gangsir ngênthir, gêmak mêlung, asu mbaung (ngalup, njêgog), mêrak nyêngunglong, kêbo mbêngah, dara bêkur, jangkrik ngêrik, macan nggêro (nggêrêm), kêthèk mêre, gajah ngêmprèt, naga ngakak, buta ngêrik.

Jênênge wong nganggo arane kewan: 1 Ayamwuruk, Ratu Majapait IV (1350 - 1389). 1 Gajah-mada, Patih Majapait. 3 Narasingamurti, eyange Radèn Wijaya (sadulure Ranggawuni). 4 Lêmbuamiluhur, Ratu Kêdhiri sing pêputra Panji Putra. 5 Lêmbupêtêng, putrane ratu kang siningidake. 6 Siyungwanara, putra Pajajaran sing nglabuh Sri Pamêkas. 7 Kidangtêlangkas, putrane Sèch Maulana miyos saka Dèwi Rasawulan (Dèwi Rasawulan iku putrane Bupati Tuban). 8 Kêbokênanga, adipati Pêngging sing pêputra Jaka Tingkir. 9 Kêbokanigara, adipati Banyubiru sadulure Kêbokênanga. 10 Banyakngampar, Banyakcatra, Banyakblabur, putra Ratu Pajajaran.

Ayam. 1 Wadyabalane wutuh ayam Pt = wutuh-gêtuh, ora ana sing mati. 2 Nusup ngayam-alas Pp = lumaku nasak-nasak gêgrumbulan lan bêbondhotan. 3 Rêm-rêm ayam Pt = layap-layap, mêrêm-mêlèk, mèh turu. 4 Patine cinèkèr ayam Pt = Mr gajah.

Andaka. 1 Nglancipi singating andaka Bs = wêwadul marang panggêdhe murih dukane. 2 Kadi andaka tawan kanin Br = kaya banthèng kêtaton, tandange nalika ngamuk nggêgirisi. 3 Andaka kêtawan wisaya Bs = wong prakaran, ngrêti manawa bakal kalah banjur minggat. 4 Ngudang singating andaka = nantang wong lagi muring.

Angun-angun. Angun-angun ngadu pucuking ri Slk = wong ngadili mawas lan nandhing kaanane wong sing nggugat lan wong sing digugat.

Asu. 1 Asu arêbut balung Bs = rêgêjêgan prakara sapele. 2 Asu bêlang kalung wang Bs = wong asor, nanging sugih. 3 Asu gêdhe mênang kêrahe Bs = panggêdhe, sanadyan luput wasanane mênang olèhe prakaran karo andhahane. 4 Asu munggah ing papahan Bs = ngalap randhane kakangne. 5 Kaya asu karo kucing Bs = ora bisa rukun. 6 Sadulur asu Pt = tunggal biyung. 7 Asu buntung Ks = têtêmbungan diênggo ngunèn-unèni wong ala.

Bajul. 1 Bajul buntung Pt = wong sing sênêng bêbedhangan. 2 Bajul dharat Pt = bajingan.

--- 123 ---

Baya. 1 Bayatara Kw = mbêbayani. 2 Bayawara Kw = dhawuh saka dhêdhuwuran sing diundhangake. 3 Kêbaya-baya Pb = tansah nandhang cilaka. 4 Kêtiban tai baya Pb = ditarka, didakwa. 5 Kêsanja baya Pb = nêmu cilaka ana ing purug. 6 Kalingga baya Pb = kalingga ubaya = prakara sing wis kalingan janji. 6 Kinêpung wakul binaya mangap Pp = dikêpung mungsuh lan uga rinabasa. 8 Ngamuk punggung sura tan taha nirbaya nidwikara Br = ngamuk kanthi nekad bangêt ora wêdi apa-apa.

Banyak. 1 Gulu-banyak = gulu sing kaduk dawa; utawa: gagange kêmbang gêdhang. 2 Banyak-angrêm = arane lintang. Bathuk-banyak Pp = bathuk sing kaduk nonong. 4 Banyakdhalang, sawung-galing, ardawalika Pd = ampilan (upacara kaprabon) awujud pêpêthaning banyak, jago, ula (sing digawe saka êmas). Prabu Ardawalika Pd = ratu ing Malawa. 5 Ombak (alun) bêbanyakan Br = gêgulungan.

Banthèng. 1 Setyaki bêbanthèng Dwarawati Pd = andêl-andel, gêgêdhug, gêgembong. 2 Nyundhang bathang banthèng Bs = njunjung darahing aluhur sing wis apês.

Bèbèk. 1 Bèbèk mungsuh mliwis Bs = pintêr padha pintêr mêmungsuhan, sing siji kalah ubêd. 2 Opor bèbèk mêntas awake dhèwèk Bs = bisa mêntas saka kaskayane dhewe (ikhtiyare dhewe). 3 Bèbèk diwuruki

nglangi Bs = wong pintêr diwuruki. 4 Bèbèk ngawula mêri Bs = wong tuwa manut marang wong nom. 5 Caping bèbèk = caping gêdhe, perangan buri mayuk mangisor nutupi gêgêre sing nganggo (dianggo wong angon bèbèk).

Bêlo. 1 Bêlo melu sêton Bs = wong mung anut ing grubyuk bae. 2 Ala bêlo bêcik jaran Bs = nalika isih cilik rupane ala, barêng wis diwasa ayu (bagus).

Bêluk. Bêluk ananjak Bs = nggugu sakarêpe dhewe. (bêluk = manuk kukuk-bêluk, manuk guwêg).

Bubuk. 1 Bubuk olèh lèng Bs = darbe sêdya ala olèh dalan prayoga, saya olèhe ngangseg. 2 Matang bubukên Pb = kaya watang gapuk (rusak) dening bubuk, maksude: nggugat ora ditêrusake.

Bulus. Akal bulus Pt = cara ngapusi sing kurang julig, gampang dingrêtèni dening liyan.

Dhandhang. 1 Ndhandhang-elak Pt = ngajap murih enggal nêmu cilaka, mati lsp. 2 Kuntul diunèkake dhandhang, dhandhang diunèkake kuntul Bs = sing bêcik dikandhakake ala, sing ala dikandhakake bêcik. 3 Dhandhanggula = Dhandhanggêndhis, Gula drawa, Sarkara, Hartati.

--- 124 ---

Dêlêg. Mburu ucêng kelangan dêlêg Pb = ngarah barang sapele, kelangan barang gêdhe.

Dipa = sorot, gêdhe, gajah. Dipangga = dipa + angga = sing mawa awak gêdhe yaiku gajah. Jamurdipa = gunung ing Suralaya. Jawa dipa = pulo Jawa. Dumipèng rat = sumorot ing jagad.

Dhuyung. Kêna ing dhuyung Bs = kêtaman ing guna-sarana.

Jago. 1 Jago mlile Pt = priya sing ora wani marang wanita (pêluh). 2 Jago tanggon Pt = jago sing kêna diêndhêlake. 3 Kêtanggor jago tanggon Pt = olèh tandhing (mungsuh) sing pêng-pêngan. 4 Gadhangan jago patohan Pt = calon wong pêng-pêngan (linuwih). 5 Jago godhogan Pt = jago bêlean, jago mung sadhiyan dibêlèh dialap danginge; entar: wong ora wani gêtih, jirih. 6 Jago kate wanine ana ing omahe Pt = wong jirih ora wani mapagake krodhaning mungsuh. 7 Jago wiringgalih jalu mungal Pt = jago sing adate mênangan: entar: wong sing pêng-pêngan bangêt. 2 Jago kluruk = araning wêktu.

Jalak. 1 Tapak-jalak = garis prapatan lêlirune tandha-tangan. 2 Tunggang-jalak = araning githoking rajakaya (jaran lsp). 3 Jalak ampir Pt = lêlungan nganggo mampir-mampir, bola-bali mandhêg. 4 Jalak

mêmpan Pb = bênêre: unjal angêmpan = nyambut-gawe saka sathithik. 5 Njalak dinding Cd = candraning laku (tumrap wanita)

Jangkrik. 1 Kaya jangkrik mambu kili Pp = tandange wong ngamuk sing waringutên. 2 Jangkrik genggong Ws = gangsir; utawa araning gêndhing.

Jaran. 1 Jaran sêmbrani Pd = jaran sing bisa mabur, kayata jaran ing Suralaya sing aran Ocesrawas lan jarane Wong Agung Menak (Jayèngrana Ratu ing Pusêrbumi) sing aran Sekardwijan. 2 Jaran krubuhan êmpyak Bs = wis kanji bangêt. 3 Omah sadhuwuring jaran Pb = madêg kraman. 4 Kaya nunggang jaran ebeg-ebegan Pb = bungah bangêt. 5 Gagakrimang = arane jarane Arya Pênangsang. 6 Jênênge jaran sing nggèrèd kretane Krêsna: Ciptawalaha, Abrapuspa, Sukantha lan Senasêkti.

Arane mathine jaran sing bêcik: 1 Surtiman = unyêng-unyênging jaran dumunung ing janggut. 2 Sanggabuwana = ing ngiringan lambe ngisor. 3 Tadhah donya = ing tênggok. 4 Dhandhangsêsumping = ing poking kuping. 5 Jayèngrana = ing pucuking kuping. 6 Wutah-ati = ing andhêman têngên. 7 Baurêksa = ing bau ngarêp. 8 Jayapurusa ing sikut. 9

--- 125 ---

Darawibawa = ing garès têngên. 10 Jagamuksa = ing pathak ana unyêng-unyêngane jèjèr têlu. 11 Trajumas = ing pathak ana unyêng-unyêngane jèjèr têlu, nanging sing têngah rada mandhuwur.

Mathine jaran sing luwih bêcik: 1 Bakasambegana = ing pathak mawa unyêng-unyêng jèjèr luwih saka lima. 2 Rajayuwana = ing têngah gulu. 3 Sujèncacap = ing ngarêp andhêman. 4 Surung = ing ngisor silit. 5 Rêsi manungku = ing sikut. 6 Lamban = unyêng-unyêng mung siji ing sikil buri. 7 Sakapanggung = ing sikil papat pisan. 8 Satriya pinayungan = ing gigir kiwa.

Mathine jaran sing ala: 1 Samparwacana = ing iringane lambe dhuwur. 2 Bisu tinukup = ing pipi. 3 Sangkal akalung = ing gulu saburine pipi. 4 Dhandhangmala = ing sacêdhake pipi ngisor. 5 Dhandhang angrêm = ing andhêman ngisor. 6 Suduk = ing iring wêtêng. 7 Bayangangsar = ing wêtêng rada mêmburi. 8 Tandur-ingas = ing konthol. 9 Kombanganglèng = unyêng-unyêng mlêbu ing silit. 10 Kombanganglèng = bobate mlêbu ing silit. 11 Tambangarsa = ing dhêngkul bênêr. 12 Daramangkat = ing garès têngên. 13 Baya kêpêthuk = ing pathak jèjèr loro ngisor-dhuwur. 14 Trajumas = jèjèr têlu sing têngah rada mangisor. 15 Buntêl mayit = unyêng-unyêng muwel ing suri. 16 Tadhah-tangis = ing sangisor suluhan. 17 Tadhah-luh = ing sangisor mata. 18 Andhamustaka = ing dhuwure dhêngkul sikil ngarêp. 19 Lan liya-liyane.

Joris. Joris baris Bs = wong sing ngadhang-adhang luputing liyan.

Emprit. 1 Emprit nêba = gêlaring baris, wadyabala akèh bêbarêngan ngrabasa mungsuh. 2 Emprit abuntut bêdhug Bs = prakara sapele dadi gêdhe.

Endhog. 1 Ngêndhog lalêr Pp = pating trutul irêng-irêng (njamur), marga têlês ora tumuli bisa garing (tumrap sandhangan sing awarna putih). 2 Endhog sapatarangan, pêcah siji pêcah kabèh Bs = wong-wong sing wis golong pikir. 3 Pêndhitaning êndhog Pb = pêndhitaning antêlu = pêndhitaning antiga = ing lair katon suci, nanging batine ora suci. 4 Njagakake êndhoge si blorok Pb = ngêndêl-êndêlake barang sing durung karuwan. 5 Lonjong êndhog Pp = kaananing sêsipatane wong lumayu sing bantêr bangêt. 6 Cangkir êndhog satugêl = cangkir cilik tanpa cêkêlan.

Gajah. 1 Gajah tumbuk kancil mati ing têngah Bs = wong luhur pasulayan, wasana wong cilik sing nêmu cilaka. 2 Gajah ngidak rapah Bs = ora nêtêpi wêwalêre dhewe. 3 Nggajah

--- 126 ---

êlar Bs = kumlungkung, ambêk gak-kêduga. 4 Lambe-gajah Pp = perangane wilahan kêris ing sacêdhake kêmbang-kacang. 5 Gajahoya Pd = Astina. 6 Kupu-gajah = arane kupu sing gêdhe. 7 Kuping-gajah Pp = arane têtuwuhan sing lumrahe ditandur ana ing pot. 8 Empyak gajah Pt = arane êmpyak gêdhe ing têngah. 9 Gajah njêrum Pt = gajah ndhêkêm = gula batu saprongkal-gêdhe kinêlêm wedang (teh) ing cangkir. 10 Gajah-ngoling Pd = arane sumping (agême putri). 11 Cindhil ngadu gajah Bs = sêmut ngadu gajah = wong cilik ngêdu wong gêdhe. 12 Setan nunggang gajah Bs = mung murih kapenake dhewe. 13 Gajah marani wantilan Bs = njarag marang kacilakan. 14 Kodhok nguntal gajah Bs = prakara sing mokal. 15 Bathang gajah Bs = wong gêdhe sing wis ilang panguwasane. 16 Gajah nguntal sangkrah Ck = pawon, luwêng. 17 Gajah mêta = gajah ngamuk. 18 Gajah mêta cinancang wit sidaguri Pl = kraman aran Dirana (turune lurah-srati aran Dirada) kêna dicêkêl dening Pangeran Pringgalaya, nuli diugêr ing wit-wringin alun-alun Kartasura, dirampog sarana dicocogi dom). 19 Gajah Antisura = titihane Suyudana. 20 Gajah Herawana = titihane Bathara Indra. 21 Gajah ngoling = arane sumping. 22 Gajah Puspadhênta = titihane Baladewa.

Gagak. 1 Gagakrimang = jarane Arya Panangsang. 2 Gagakbongkol, Podhangbinorean, Jangêt-kêkêncêng, Dhandhangminangsi = punggawa ing Jodhipati. 3 Gagak nganggo laring mêrak = Mr. Mêrak.

Gangsir. 1 Ngêlar gangsir Pp = klobot sing sêrate gêdhe-gêdhe. 2 Mungkur gangsir Pt = moh melu cawe-cawe. 3 Gangsir sungute salawe Ck = gêdhene sungute padha karo lawe (bênang).

Garudha. 1 Garudha mungkur Pd = kancing-gêlung awangun pêpêthan sirah garudha, trape mungkur. 2 Garudha nglayang Pp = araning gêlare baris wadyabala Pandhawa sajrone Bratayuda (yèn gêlare barise Kurawa aran Dirada-mêta). 3 Garudha kang kasêbut ing padhalangan yaiku:

a) Briawan, titihane Bathara Wisnu. Garwane Briawan asma Dèwi Kastapi, iku putrane Wisnu.

b) Sêmpati, putrane Briawan. Sêmpati tau pêrang-tandhing karo Dasamauka, yaiku nalika Dasamuka nêdya ngalap Dèwi Sukasalaya (putrane Prabu Banaputra Ratu ing Ayodya).

c) Jênthayu, garwane asma Dèwi Jathawati. Jêntheyu tau

--- 127 ---

pêrang-tandhing karo Dasamauka, yaiku nalika Dasamuka ndhusta Sinta. Jênthayu iku adhine Sêmpati.

d) Garudha Binarat, yaiku garudha kang malih songsong Tunggulnaga marga dijêmparing dening Manumanasa.

e) Garudha Wilmana, titihane Bomanarakasura Ratu ing Trajutrisna.

f) Garudha Mahambira, yaiku garudha kang kasinungan daya bisa mangrèh lakuning angin (bayu).

Glathik. 1 Glathik-mungup Pp = omah sing ing sisih ngarêp apayon sèng (putih), sisih buri gêndhèng (abang). 2 Glathik sakurungan Bs = wong-wong sing wis golong pikir. 3 Glathik-dhindhing = arane gêndhing. 4 Glathik-incêng-incêng = araning têmbange Bancak-Doyok.

Gudèl. 1 Nêmu gudèl Pt = nêmu barang kècèr sing gêdhe pangajine. 2 Nggudèl bingung Pb = ora karuwan polahe (lumrahe marga kêslêpêk ing butuh). 3 Kêbo nusu gudèl Bs = wong tuwa njaluk wuruk marang wong ênom.

Gurêm. Gurêm thèthèl-thèthèl Bs = wong cilik njangka dadi luhur.

Iwak. 1 Iwak kalêbu ing wuwu Bs = wong kêna ing bêbaya marga kurang wêweka (lumrahe saka panggawene mungsuh). 2 Bacin-bacin iwak, ala-ala sanak Bs = sanadyan ala wong isih sadulur mêsthi ora bakal tega. 3 Dikêna iwake aja nganti buthêk banyune Pb = kang disêdya klakona nanging aja nganti gawe gêndra. 4 Sêksi ngiwak-iwak Pb = sêksi mung awêwaton krungu swara (swaraning padu, tantang-tinantang lsp).

Yuyu. 1 Yuyu rumpung = yuyu sing gothang sikile, pothol sikile. 2 Yuyu rumpung ing jaladri Ws = mimi. 3 Yuyu rumpung mbarong ronge Bs =

wong mlarat, nanging omahe njênggarang gêdhe. 4 Mripat yuyu = mripat sing tansah êmbik-êmbik kêrêp kêdhèp; entar: gêmbèng, cingèng.

Kadhal. 1 Kadhal ijo Ws = bunglon. 2 Kadhal-mènèk = arane gêlung, yaiku gêlung têkuk sing pucuke dislêmpèdake ing jungkat. 3 Ngadhal-mêtêng Pp = wangune gêndhewa (ing têngah gêdhe, kiwa-têngên mêrit).

Kaga. 1 Kaga krêsna Ws = gagak, dhandhang. 2 Kaga kitêr antariksa Ws = manuk sing kalangan ing langit, maksude: dara. 3 Sayèng kaga Ws = wisaya sing diênggo ngêrah manuk, maksude: kala.

Kawuk. 1 Dhudha kawuk Pt = dhudha bangkok, dhudha sing wis tuwa. 2 Budhuk kawuk Pb = nindakake panggawe ala, wasana tumiba ing awake dhewe. 3 Kawuk ora wêruh marang salirane Bs =

--- 128 ---

nacad marang liyan, ora ngrêti manawa awake dhewe sugih cacad.

Kêbo. 1 Kêbo bule mati setra Bs = wong pintêr sangsara uripe, marga ora ana sing mbutuhake kapintêrane. 2 Kêbo mulih ing kandhange Bs = pangkat oncat saka waris (pangkat sing dadine sarana pilihan) wasana bisa bali marang waris iku manèh. Utawa, nalika ênom nyambut-gawe ing papan adoh, barêng tuwa bisa nyambut-gawe ana ing tanah wutah-gêtihe. 3 Kêbo ilang tombok kandhang Bs = ngupaya barang ilang ora kêtêmu, malah wuwuh kelangan wragad sing diênggo nggolèki. 4 Kêbo lumumpat ing palang Bs = ngadili prakara ora miturut wêwaton sing wis ditêtêpake. 5 Kêbo mutung ing pasangan Bs = nggarap pagawean durung rampung wêgah nêrusake. 6 Cêdhak kêbo gupak Bs = sêsrawungan karo wong ala. 7 Kêbo lumaku dipasangi Bs = njaluk supaya ditrapi pagawean abot. 8 Bodho kaya kêbo Pp = bodho bangêt. 9 Digarokake dilukokake kaya si kêbo dhèblèng Bs = dikon nindakake pagawean abot luwih saka sawarna lan prasasat ora tau bisa ngaso. 10 Kêbo kabotan sungu Bs = ora bisa ngragadi anak (marga saka akèhe). 11 Dikêbo ranggah Bs = diênggo bêbantên. 12 Pisah kêbo Bs = pisahan karo bojone, nanging durung pêgatan. 13 Têpung kêbo Bs = têpung, nanging durung ngrêti jênênge. 14 Kêbombang Ws = kêbo + abang, yaiku: sapi, maksude: kapiran, nanging banjur mingsêd atêgês: ora ana sing ngrewangi nindakake pagawean, marga kêtinggal kanca. 14 Kêbo Ijo Bb = punggawa kraton Tumapêl sing didakwa nyedani Tunggulamêtung, nanging satêmêne sing nyedani Kèn Arok (sarana kêris gaweane Empu Ganring). Kêbokênanga Bb = adipati Pêngging (sing pêputra Jaka Tingkir). 17 Kêbokanigara Bb = Adipati Banyubiru, adhine Kêbokênanga, uga kasêbut Ki Buyut Banyubiru. 18 Kêbo bongkang nyabrang kali bangawan Pl = Kêbokênanga lan Kêbokanigara tumêka ing seda, marga ora karsa manjing agama Islam.

Kêdhasih. Kaya manuk kêdhasih Bs = wanita dialap bojo dening priya digawa lunga, wasana ana ing paran ora diopèni.

Keyong. 1 Tutup-keyong Pp = tutupe omah (kiwa-têngên) sing digawe nam-naman pring awangun maju-têlu. 2 Keyong gondhang jarak sungute Pl = Jaka Tingkir turun cilik bisa jumênêng ratu; dipralambangake keyong, marga wutah-gêtihe ing Pêngging akèh banyune (umbul); keyong iku pasabane ing banyu.

Kênthus. Kumênthus ora pêcus Pb = sugih kasaguhan (umuk), toging êndon ora bisa mrantasi.

--- 129 ---

Kêthèk. 1 Tangan Kêthèk Pt = ngglidhig bangêt. 2 Kêthèk saranggon Bs = wong-wong nunggal saomah sing awatak ala kabèh (maling lsp). 3 Rampèk-rampèk kêthèk Pb = lingak-linguk (bingung, judhêg) ora ngrêti apa sing prayoga ditindakake. 5 Udan kêthèk ngilo Pt = udan, nanging panas, srêngenge katon. 6 Kêthèk mènèk andha, nyêkèk ora tawa Pr = diênggo ngunèni wong sing mangan apa-apa tanpa tawa marang liyan sing kêbênêr ana ing sandhinge lungguh.

Kidang. 1 Lumpat kidang Pb = nggarap apa-apa ora urut, ana sing diliwati. 2 Ngaturake kidang lumayu Pb = nuduhake kamelikan sing angèl pangarahe. 3 Mburu kidang lumayu Pb = ngarah kamelikan sing nglêngkara bisane kêna. 4 Kidang lumayu atinggal swara Bs = wong lumaku ana ing dalan karo mêmisuh, nanging ora karuwan sing dipisuhi. 5 Kidang Têlangkas = Jaka Tarub, garwane widadari Nawangwulan, pêputra Nawangsih.

Kinjêng. 1 Kaya kinjêng tanpa soca Bs = mak-makan tindake, marga ora ngrêti tata-krama. 2 Bali mênyang kinjêng-dome Bs = wong cilik dadi gêdhe, wasana dadi cilik manèh.

Kintêl. Kaya kintêl Pt = sugih umuk pêthunthang-pêthunthung, nanging ora sêmbada.

Kirik. 1 Kirik munggah ing bale Bs = wong nistha didadèkake priyayi. 2 Rindhik kirik digitik Pb = rikat bangêt, kayata: wong kêpengin banjur diwènèhi. 3 Apik kumripik nancang kirik Pb = tindak-tanduke bêcik, nanging atine darbe sêdya ala. 4 Sandhing kirik gudhigên Pb = sêsrawungan karo wong ala.

Klabang. 1 Klabang nyandêr = wangune omah (dawa). 2 Klabang sinadhung murub Ws = rena. Klabang = kala + abang).

Kodhok. 1 Kodhok sajroning bathok Pt = ora duwe wawasan jêmbar, marga kurang sêsrawungan. 2 Kodhok ngêmuli lènge Ib[8] = jiwa (suksma, badan-alus) murba-wasesa badan wadag (raga). 3 Ngodhok Pt = mlaku dharat. 4 Nyangkêm kodhok Pp = suwèke barang smbet [?] awangun maju-têlu. 5 Kodhok ngorèk = arane gamêlan (gêndhing).

Kukila. 1 Kukila kang among dhustha Ws = bênce, kulik, tuhu. 2 Saur kukila Br = saur manuk, wangsulane wong pirang-pirang kang swarane ora bêbarêngan. 3 Sapta kukila warsa Cd = candrane wong minum 7 sloki, kaya manuk kodanan (njêdhindhil). 4 Utamane priya ndarbèni: curiga, wisma, wanita, turangga, kukila = Mr curiga.

--- 130 ---

Kul. Mogèl kul Pt = ora nduwèni polah apa-apa (polah utawa pokal kang ala), klêbu wong alim.

Kutuk. 1 Kutuk nggendhong kêmiri Bs = wanita manganggo mompyor ngambah dalan sing mbêbayani (ana begale). 2 Kutuk marani sunduk Bs = njarag marani bêbaya.

Kutut. Kututmanggung = arane gêndhing.

Kucing. 1 Kucing sandhing dhèndhèng Bs = priya kumpul wanita. 2 Ora duwe kucing gêring Pt = mlarat bangêt. 4 Kucing êndhase irêng Bd[9] = maling, wong.

Kuwuk. 1 Ditêmu kuwuk Pt = diwalês nalika kêtêmu ijèn. 2 Mbuwang rase olèh luwah Pb = mbuwang barang ala, wasana malah olèh sing luwih ala.

Lalêr. 1 Cumbu lalêr Pt = watake ora antêpan, inggatan. 2 Nglalêr mencok Pp = brêngos cêndhak ngrêsêpake (kayata brêngose Hitlêr). 3 Nglalêr wilis Pt = atindak nistha, nguthuh, nylêkuthis.

Lêmbu. 1 Lêmbu Andani Pd = titihane Bathara Guru. 2 Lêmbupêtêng = putrane ratu kang siningidake (miyos saka garwa ampeyan, sêlir). 3 Lêmbusura Pd = patihe Prabu Maesasura ing Guwakiskêndha. 1)[10]

Lêmud. Cablèk-cablèk lêmud Pb = ora tau nindakake pagawean abot, kapenak bangêt uripe.

Liman. 1 Liman Situbanda Pd = gajah sing kasinungan daya bisa mangrèh lakune angin. 2 Ganda kentir sêmune liman pêpeka = Sri Pamêkas ing Pajajaran kêna disêdani dening Siyungwanara sarana dilabuh, marga kurang wêweka. 3 Liman seta tata-jalma Pd = gajah putih bisa gunêman, kayata sing ndhusta Dèwi Erawati putri Mandraka.

Lusi. 1 Giri lusi janma tan kêna ingina Pt = cacing ora bisa nggrêmêt, ewadene bisa têkan ing pucuking gunung; apa manèh manusa, saya ora kêna diina. 2 Gathutkaca dhinupak lusi = ora kêna, marga endha.

Manuk. 1 Mêcêl manuk mabur Pb = wong sing bisa nindakake pakaryan kaliwat angèl. 2 Manuk mencok dudu pencokane, rupa dudu rupane Pt = samubarang sing nyalawadi, kayata: wanita manganggo priya, utawa

kocok-baline, kudu dikawekani. 3 Manuk mabur uluke ngungkuli langit Ib = kêplasing nyawa dohe tanpa wasana. 4 Dhadha manuk = dhadha sing mungal. 5 Mêmanuki Pt = njampangi. 6 Thar-thir kaya manuk ngunjal Pb = nggêgawa saka sathithik. 7 Dikêmpit kaya wade, dijuju kaya manuk Pt = diopèni bêcik lan dicukupi pangane.

--- 131 ---

Macan. 1 Macan gadhungan Pt = macan malihane wong. 2 Macan guguh Bs = wong gêdhe kang wis ilang panguwasane (mêksa isih katon mêdèni). 3 Nguthik-uthik macan dhedhe Pb = ngganggu-gawe wong nêpsu sing wis lilih. 4 Atangga macan Pb = atêtanggan wong sing ngangkah rusaking liyan (utawa rusaking nagara). 5 Nggondhèli buntuting macan Pb = nggugu ujare durjana utawa manut tingkah-lakune. 6 Disênggara macan Pt = digrêtak (supaya wêdi). 7 Singidan nêmu macan Pb = nêdya mêtu dalan sing sêpi malah konangan wong sing dieringi (panggêdhe). 8 Kêkudhung walulang macan Pb = nganggo aling-aling wong sing duwe panguwasa, supaya kalêksanan sêdyane. 9 Sagalakane macan, ora ana macan mangsa anake dhewe Pt = satêgêlane wong ora ana wong tega nggawe cilakaning anak (sadulur). 10 Lakune macan luwe Cd = lêngkèt-lêngkèt, lambunge kiwa-têngên obah mêndat-mêntul. 11 Macan kombang = macan sing bisa mibêr. 12 Macan tutul = macan sing awake tutul-tutul (irêng).13 Macan gembong = macan sing gêdhe. 14 Ana wong ngoyak macan dèn wadhahi bumbung Pl = Tumênggung Urawan nyêkêl kraman yaiku Pangeran Pugêr akanthi gampang bae (saka dhawuhe Sunan Mangkurat ing Kartasura).

Mêrak. Gagak nganggo laring mêrak = wong asor kang panganggone (uripe, tindak-tanduke) kaya wong gêdhe.

Mêri. Kawruhe basa Jawa jêro tapak mêri Sn = ora jêro, mung kambang-kambang (Ind: tidak mendalam).

Mimi. Kaya mimi lan mintuna Pp = tansah rêruntungan prasasat ora tau pisah, rukun bangêt.

Mong. 1 Netrane kadya mong Pp = mripate amba bangêt. 2 Lir tinêbak ing mong tuna, sinambêr ing gêlap lêpat Br = gugup-gurawalan bangêt marga saka bangête nratabing atine, kayata manawa ditimbali dening ratu. Ditêbak = ditubruk, didêkêp kanthi mancolot.

Naga. 1 Naga taun = naga sing rumêksa keblat, pindhah ênggon sabên 3 sasi sapisan, yaiku: a) Bêsar, Sura, Sapar ing lor. b) Mulud, Rabingulakir, Jumadilawal ing wetan. c) Jumadilakir, Rêjêb, Ruwah ing kidul. d) Pasa, Sawal, Dulkangidah ing kulon. 2 Naga jatingarang = naga sing rumêksa keblat pindah ênggon sabên 3 sasi sapisan, yaiku: a) Sawal, Dulkangidah, Bêsar ing lor. b) Sura, Sapar, Mulud ing wetan. c) Rabingulakir, Jumadilawal, Jumadilakir ing kidul. d) Rêjêb, Ruwah, Pasa ing kulon. 3 Naga dina = naga rumêksa keblat

--- 132 ---

pindhah sabên dina, yaiku: Ngahad ing kidul, Sênèn ing kidul-kulon, Slasa ing kulon, Rêbo ing lor-kulon, Kêmis ing lor lan lor-wetan, Jumuwah ing wetan, Sêtu ing kidul-wetan. 4 Naga rijallullah = naga rumêksa keblat pindhah sabên dina, yaiku: Ngahad ing kidul, Sênèn ing wetan, Slasa ing lor-wetan, Rêbo ing dhuwur, Kêmis ing lor, Jêmuwah ing kulon, Setu ing kidul-kulon. 5 Nagagini lan Nagatatmala Pd = putrane Hyang Antaboga ing Saptapratala. 6 Nagaraja Pd = mara tuwane Krêsna, yaiku kang pêputra Dèwi Pratiwi lan Pratiwanggana. (Dèwi Pratiwi kagarwa Krêsna pêputra Suteja utawa Bomantara). 7 Naga-mangsa, naga-ngangrangan, naggêndra-rêsmi Pd = wangune kêlat-bau. 8 Naga lumaksana = dhapure wilahan kêris sing mawa luk. 9 Naga tapa = dhapure wilahan kêris sing lêncêng bae.

Orong-orong. 1 Nangis ngorong-orong Pp = sêru lan suwe. 2 Kaya orong-orong kêpidak Pt = cêpklakêp mênêng dadakan. 3 Orong-orong nggotong gênthong Bs = njangka prakara sing mokal bisane kalêksanan.

Pêking. 1 Saron pêking = panitir, panacah, saron sing cilik dhewe. 2 Balung pêking Pb = sèkèng. 3 Pêking abuntut mêrak Bs = prakara cilik wasana banjur dadi gêdhe. (Emprit abuntut bêdhug).

Pêksi. 1 Pêksi munya nèng gantangan Ws = prêkutut. 2 Pêksi muluk kinêplokan Ws = dara. Pêksi jiwa-jiwa = manuk dewata klangênane ratu sing kêna kanggo titikan (mbedakake) wayah awan karo bêngi.

Pêcruk. Pêcruk tunggu bara = wong ala pinracaya rumêksa barang sing dadi pakarêmane.

Pitik. 1 Pitik trondhol diumbar ing padaringan Bs = wong ala pinracaya rumêksa barang sing dadi pakarêmane. 2 Pitik trondhol dibubuti wulune Bs = wong sèkèng kêmalingan nganti êntèk-êntèkan; utawa: wong mlarat diwajibake mbayar warna-warna, kêpêksa ngêdol kabèh darbèke. 3 Pitik walik saba kêbon Ck = nanas. 5 Pitik êndhase têlu Ck = pitik êndhase dibuntêl wulu (mawa wulu). 6 Digawe pitik putih raga tanpa mule Bs = wong pintêr sing ora dirakêti liyan, mung kala-kala manawa dibutuhake kapintêrane lagi digolèki. Raga tanpa mule = awake ora kinurmatan.

Prêkutut. Katurangganing prêkutut sing bêcik: 1 Srimangêmpêl = kukune drijine putih kabèh. 2 Wisnuwicara = cucuk lan sikile sêmu abang. 3 Wisnumangênu = awake sakojur sêmu irêng. 4 Kusumawicitra = cucuk lan sikile putih. 5 Pandhawamijil = buntute 15., lare kiwa-têngên nglimalas. 6 Purnamasidi [Purna...]

--- 133 ---

[...masidi] = matane abang sumorot kocak kaya mirah. 7 Mercujiwa = matane kuning ajait sumorot. 8 Musthika = saranduning awak putih. 9

Minêpgêdhong = ing wayah surup srêngenge manggung. 10 Gêdhong-mênga = manggung ing wayah srêngenge mlêthèk. 11 Wisnumurti = mata, cu

Katurangganing prêkutut sing ala: 1 Bramasulur = ulase[11] sêmu abang. 2 Bramalabuh gêni = ulês napas. 3 Bramakakap = raine putih têrus cangkême. 4 Durgangêrik = awan-bêngi manggung. 5 Durganguwuh = manggung têngah wêngi. 6 Sêngkalapipit = lak-lakane putih. 7 Sanggabuwana = mawa lar putih siji ing gigire. 8 Lêmburuhan = awulu brumbun. 9 Candhalasabda = pundhake putih. 10 Wisnu tinundhung = gênthane sêmu irêng.

Têdhake prêkutut: 1 Pajajaran = ulês wungu têrus ing gênthane. 2 Majapait = ulês ijo têrus ing gênthane. 3 Tuban = abang sikile têrus ing gênthane sêmu putih, cucuke cêndhak. Mataram = sikile têrus gênthane sêmu putih, cucuke cêndhak. 5 Pajang = sikile têrus gênthane sarta tlapakane[12] blawus. 6 Sêdayu = sikile putih sêmu klawu têrus ing gênthane lan tlapukane[13]

Prênjak. Endha mangiwa endha manêngên kaya prênjak tinaji Cd = cukating endhane mangiwa utawa manêngên manawa pinrawasa dening mungsuh (ngendhani gêgamane mungsuh).

Sapi. 1 Ratane nggêgêr sapi Pp = kaya gêgêr sapi, ing têngah dhuwur, kiwa-têngên êndhèk. 2 Kapiran kapirun, gaga ora matun sapi ora nuntun Pb = kapiran ora kêpanduman apa-apa. 3 Sêmut irêng anak-anak sapi Pl = Dèwi Sapudhi putri saka Wandhan (turune wong asor) pakulitane irêng-manis kagarwa Brawijaya-Wêkasan pêputra Lêmbupêtêng.

Sata. 1 Sata kuncung Ws = mêrak. 2 Ngrêpèpèh-ngrêpèpèh pindha sata manggih krama Cd = lakune mêndhak-mêndhak sajak andhap-asor sêmu ngasih-asih (kaya jago kêtêmu babon).

Sêmut. 1 Sêmutên = gringgingên, krasa griming-griming kaya dirambati sêmut. 2 sêmut marani gula Bs = wong marani kamelikan (pangan). 3 Ana gula ana sêmut Pb = panggonan sing ana kamelikan (pangan, kasênêngan) mêsthi ditêkani dening wong. 4 Gula-sêmut = arane panganan sing digawe parudan (krambil) karo gula. Sêmut irêng anak-anak sapi = Mr. Sapi.

Sidhat. Lakune nyidhat Pt = ngambah dalan trabasan supaya luwih cêdhak.

1. dhinês.
2. klasa.
3. mbalik.
4. § Padhalangan "Panjangmas" tahun II No 5.
5. bêngi.
6. § Ing Ludruk (biyèn) anajênêng: Bêsut, Jamina, Santinèt.

7. lancur.
8. Pb.
9. Bs.
10. § 1) Manut buku Adiparwa, Lêmbu Andini kagungane Hyang Iswara, wis tau digadhuhake marang Rêsi Wasista.
11. ulêse.
12. tlapukane / tlapakane.
13. tlapakane / tlapukane.

--- 134 ---

Sikatan. Kaya sikatan nyambêr walang Cd = cukate manawa mrawasa mungsuh.

Singa. 1 Singa-barong = macan mawa wulu dawa. 2 Singanagara = tukang nindakake ukum-pati, lêgojo. 3 Singa ranu Ws = baya. 4 Singamulangjaya Pd = Sêtyaki. Wrêsniwira. 5 Gêrêng-gêrêng pindha singa antuk bayangan Pp = kaya singa olèh mêmangsan (nêpsu, nggêtêm-nggêtêm). 6 Singa papa ngulati mangsa Slk = panggêdhe uripe kêcingkrangan golèk pitulungan marang rakyat.

Singgat. Ngungkat-ungkat singgat, nênangi kêmrêki Pt = njalari tuwuhe kêkarêpan ala.

Sisik-mêlik. Golèk sisik-mêlik Pt = golèk cihnane barang sing dilari (titik-mêlik).

Sona. Sona bêlang mati arêbut mangsa Bs = nêmu cilaka marga saka angkara-murkane.

Tawon. 1 Byung-byungan tawon kambu Bs = wong pirang-pirang grudag-grudug (marga kelu pawarta). 2 Nawon kêmit Pp = wangune bangkekan sing cilik (mênggik). 3 Thang-thêng kaya tawon boni Bs = wong tansah wira-wiri (lunga-têka saka siji).

Têkèk. Têkèk mati ulone Bs = nêmu cilaka marga saka gunême dhewe.

Têngu. Têngu mangan brutune Bs = dipracaya nyimpên barang, wasana dicolongi dhewe. Brutu iku papan tancêbing buntut, ora katon, pêpindhane barang sing disimpên).

Tigan. Tigan kaapit ing sela Bs = wong sèkèng mêmungsuhan karo wong sêntosa tur dibut loro.

Tikus. 1 Tikus pithi ngunggah-unggahi Bs = wanita asor ngunggah-unggahi bangsa luhur. 2 Tikus mati ing êlènge Bs = ora tau lunga-lunga marga kêpatèn pasaban, wasana tumêka ing pati.

Tinggi. 1 Ninggi Pt = wong disanjani (didhayohi) ora nyênyuguh malah njaluk apa-apa marang wong sing nyanjani. 2 Sêga sakêpêl dirubung tinggi Ck = salak.

Trênggiling. Nrênggiling api mati Pb = api-api ora ngrungokake, sajatine nggatèkake bangêt.

Truwèlu. Nyalulu nruwèlu Pb = têka ing omahe wong duwe gawe tanpa diundang (prêlu ngalap suguhan).

Turangga. 1 Turangga ngrap ing pandêngan = Mr Pandêng. 2 Utamane priya kudu ndarbèni: curiga, wisma, wanita, turangga, kukila - = Mr. curiga. 3 Katuranggan = titikan ala-bêciking awake (jaran, prêkutut lsp) katitik saka tandha-tandha kang tinêmu ing awake, kayata: Satriya pinayungan + jaran kang

--- 135 ---

mawa mathi (unyêng-unyêng) ing gigir sisih kiwa. Samparwacana = jaran kang mathine (unyêng-unyênge) ing iringane lambe dhuwur. Srikuning = prêkutut sing suluhane mripate kaduk kuning, mangkono uga ing bontose brutu sisih ngisor, dayane ngrêjêkèni wong sing ngingu. Bramakokop = prêkutut sing sangisore cucuke mawa wulu njêgrag kaya jenggot, warnane sulak abang, dayane sing ngingu kêrêp lara.

Canthuka. 1 Swarane pindha sasra canthuka warsa Cd = rame kaya pangorèke kodhok sèwu abungah-bungah marga ana udan. 2 Dèwi Anjani tapa nyanthuka ing dhampènge tlaga Madirda Pd = patrape tapa ndhêpèpès ing dhampènge tlaga (kaya kodhok). Canthuka Kw = kodhok.

Cacing. Dicuthat kaya cacing Pb = ditundhung kanthi cara siya bangêt.

Cèlèng. 1 Cèlèng gotèng = bangsane cèlèng, nanging cilik. 2 Ngadhêp cèlèng bolotên Pb = sêsrawungan karo wong ala. 3 Nrajang grumbul ana cèlènge Pb = njarag nêmu cilaka.

Clarat. Embat-êmbat clarat Pb = ngawekani samubarang sing arêp ditindakake. Clarat = klarap, clèrèt-gombèl.

Cocak. Cocak nguntal lo Bs = njangka prakara sing mokal bisane kalêksanan.

Ula. 1 Ula-ula dawa Pb = prakara sing banjur dadi ngambra-ambra. 2 Ula marani gêbug Bs = njarag nêmu cilaka. 3 Dolanan ula mandi Pb = njarag nindakake apa-apa sing mbêbayani.

Ulêr. 1 Mênêng wada ulêrên Pb = ing lair katon bêcik, batine darbe sedya ala. 2 Ngulêr-kambang Ws = kaya ulêr-kambang, kaya lintah, maksude: satitahe, alon-alonan.

Urang. 1 Buntut-urang Pp = rambut ing githok (lancip kaya buntut urang). 2 Urang watang = urang gêdhe. 3 Urang-ayu = araning wangune suwêng. 4 Cucut-urang = arane manuk, cucuke dawa sabane ing sandhing blumbang lsp (pakane iwak). 5 Gêlung supit-urang Pd = gêlung minangkara (kayata Janaka Lsp). Omahe mawa dalan Supit-urang Pt = mawa dalan loro sing anjog ing plataran. 7 Kutha Supit-urang = arane kutha Pasuruan ing jaman biyèn, nalika samana Prabalingga aran Bangêr. 8 Dèwi Urangayu = garwane Anoman pêputra Trigangga.

Walang. 1 Nguntu walang Pp = rênggêt-rênggêt. 2 Londho-londho walang sangit nggendhong kêbo Pp = katone ora nduwèni akal ala, jêbul julig bangêt. 3 Malang gambuhi Bs = jêjodhoan sing wadon luwih gêdhe (awake). 4 Malang-kadhak,

--- 136 ---

Pt = kaya walang-kadhak, yaiku mathènthèng sajak umuk (Walang-kadhak iku bangsa manuk). 5 Wêruh cos walang-tatune Pt = wêruh tibane gêgaman sing njalari raja-tatu (raja-pati). 6 Kutu-kutu walang-ataga Br = sakabèhe gêgrêmêtan kewan rumangkang. 7 Walang kayun Ws = walang tyas, walang karsa, walang ati, sumêlang. 8 Walang sangkêr Kw = apa-apa sing ngrêribêdi. 9 Rêp sidhêm pramanêm tan ana sabane walang salisik (tan ana banene walang salisik) Br = sanalika sêpi nyênyêt. 10 Kutu-kutu walang ataga = sakabèhe kewan gêgrêmêtan lan rumangkang.

Wanara. 1 Wanara seta = Anoman. 2 Wanara Anjani putra = Anoman. 3 Catur wanara rukêm = candrane wong minum 4 sloki. 4 Siyungwanara = putra ratu Pajajaran sing nyedani Sri Pamêkas. 5 Langênwanara = lakon wayang Rama abala wanara, antawacanane sinawung ing têmbang.

Wêdhus. 1 Wêdhus prucul = wêdhus sing tanpa sungu. 2 Wêdhus diumbar ing pakacangan Bs = wong ala pinracaya rumêksa barang sing dadi pakarêmane.

Wêlut. 1 Rêmbuge kaya wêlut dilêngani Pb = ora kêna diêndêl, mencla-mencle. 2 Enggon welut diêdoli udhèt Pb = ênggone wong sugih kapintêran diumuki kapintêran.

XXXIX. TÊTUWUHAN

Golongan: 1 Krowodan = woh-wohan lan jêjanganan. 2 Dhukut kruwut = sakabèhe têtanduran ing pakarangan. 3 Pala gumantung = têtuwuhan sing umure ora nganti puluhan taun (katès, gêdhang). 4 Pala kirna = têtuwuhan wohe gumantung sing bisa nganti puluhan (atusan) taun (nangka, durèn lsp). 5 Pala kêpêndhêm = têtuwuhan wohe ana sajrone lêmah (dianggêp woh), kayata: wi, gêmbili, talês lsp. 6 Pala kêsimpar = têtuwuhan mawa wit nlosor (timun, sêmangka lsp). 7 Gêgrumbulan =

têtuwuhan mawa wit atos pangpange cêdhak sapu-lêbu (njalari rungkud). 8 Bêbondhotan = têtuwuhan sing mrambat pêpulêtan.

Adas. Sêmbur-sêmbur adas siram-siram bayêm Pt = saka puji-pandongane wong akèh muga-muga bisa kalêksanan.

Alang-alang. 1 Alangalangkumitir = kahyangane Sang Hyang Tunggal. 2 Ora ngrêti alang-ujure = ora ngrêti sing njalari anane kadadean; ora nyipati patine. 3 Sing malang-malang putung, sing rawe rantas = kabèh sing ngegol-goli disirnakake.

Arèn. Kèkrèk arèn Pb = nindakake pakaryan angèl lan kanthi kaworan rasa was-sumêlang.

--- 137 ---

Asêm. 1 Nguyah-asêmi Pb = ngalêmbana nganti luwih saka ing samêsthine. 2 Rog-rog asêm Pb = têgêse lugu: udan sing tibane banyu (têploke) gêdhe-gêdhe, nanging mung sadhela; maksude: ada-ada, pakumpulan lsp sing ora nganti umur suwe banjur bubar, marga para wargane kêtuwuhan rasa bosên utawa wêgah.

Awar-awar. Ngaub awar-awar Pb = suwita marang wong sing mlarat utawa ora nduwèni panguwasa.

Bawang. 1 Bawang lanang = bawang cilik tanpa siyungan. 2 Pupuk-bawang = mèlu dolanan, nanging ora diwajibake mèlu dadi. 3 Sasiliring bawang Pt = tipis bangêt, sadhela bangêt.

Bolu. Bolu rambatan lêmah Bs = prakara sing embet-embetan tanpa wasana. 2 Bathok bolu isi madu = wong asor, nanging sugih kaluwihan.

Brambang. Dirajang kaya brambang, dikêthok kaya lombok = ukara sing lumrah diucapake wanita yèn nuju muring marang bojone.

Bung. Bung pring pêtung Bs = bocah sing wlagang bangêt (enggal gêdhe bangêt).

Dhadhap. 1 Dhadhap kêtuwuhan cangkring Bs = prakara bêcik ana sing njalari ala. 2 Suta, Naya, Dhadhap, Waru, Niti Pt = ngandhakake wong sing durung ngrêti jênênge. 3 Mbok randha Dhadhapan Bb = randha sing dingèngèri Dèwi Sêkartaji (Kèn Limaran, Candrakirana).

Durèn. 1 Jaran kêmbang-durèn Pp = ulês kuning. 2 Ngêmbang durèn Ws = ndlongop. 3 Pipi ndurèn sajuring Pp = lancap lan ramping ngrêsêpake.

Jambe. 1 Kaya jambe sinigar Pp = padha rupane. 2 Sadulur jambe-suruh Pb = dudu sadulur, nanging manjing wis dadi sadulur. 3 Dakkinange jambe suruhe Pt = dak lamare.

Jamur. 1 Jamur tuwuh ing waton Bs = samubarang sing elok alangka. 2 Arêp jamune moh watange Pb = gêlêm ngrasakake enake wêgah nglakoni rêkasa. (Watang = batang, prabatang, wit).

Jarak. 1 Entèk jarake Pb = êntèk kasugihane. 2 Ilang jarake kari jaile Pt = ilang kaprawirane kari asore (nisthane). 3 Tunggak jarak mrajak, tunggak jati mati Bs = turune wong asor dadi gêdhe, turune wong luhur dadi cilik. 4 Keyong gondhang jarak sungute = Mr. keyong.

Jati. 1 Jati kêtlusuban ruyung Bs = golongane wong bêcik kêcampuran wong ala (klêbon têlik). 2 Guru sajati Pt = ngèlmu kasampurnaning pati. 3 Kreta Jatisura Pt = kretane Ramawijaya kang sinimpên dening Wibisana ing salêbare

--- 138 ---

pêrang Alêngka (pamburine sinimpên putrane Wibisana kang asma Prabu Bisawarna Ratu Singgêla). 4 Sunan Gunungjati Bb = Wali kang asmane satêmêne Fatahilah (Faletehan).

Gadhung. 1 Ijo-gadhung = ijo-nom. 2 Ula gadhung = ula awarna ijo. 3 Digadhung = diêndêmi gadhung: entar: diapusi. 4 Gadhung-mlathi = corake ikêt (ijo ing têngahe putih). 5 Gulune nglunging gadhung Cd = janjang sêmu mayuk mangarêp. 6 Lunggadhung sêmune rara nglikasi Pl = Sunan Mangkurat (putrane S. Pakubuwana I) warnane bagus, nanging panggalihe thukmis.

Gêdhang. 1 Gêdhang apupus cindhe B[1] = kabêgjan elok alangka (nglêngkara). 2 Rubuh-rubuh gêdhang Pb = sêmbahyang mung tiru-tiru bae, ora ngrêti rapale. 3 Rara gêdhang Pt = prawan sing mêtêng. 4 Disuguh gêdhang bangka Pt = ditabok. (Driji-driji sing mêthênthêng diênggo nabok iku ngibarate gêdhang bangka).

Galuga. Galuga salusur sari = wis bêcik kaswuwuhan bêcik; bagus (ayu) tur luhur bêbudène.

Gêdêbog. 1 Nggêdêbog bosok Bs = wong ala rupane lan ala wêwatakane. 2 Nguwod gêdêbog Pb = dipracaya jêbul ora mitayani. 3 Ngandêl tali gêdêbok Pb = pracaya marang wong kang ora sêntosa ing budi. 4 Dêboh bosok galih asêm Pt = unèn-unèn sing lumrah iucapake[2] manawa wong kêpêthuk mayit kang arêp dikubur.

Kangkung. 1 Cêblok kangkung Pb = bakul nawakake dagangane kanthi rêga saya mundhak-mundhak. 2 Gilèkana galihing kangkung Ib = ngrêtia manawa sajroning raga iku ana jiwa (nyawa).

Karang. 1 Digawe karang abang = dirusak sarana diobong. 2 Karangkitri = wit-witan ing pomahan sing ngêtokake woh. 3 Karangkopèk = desa

sing ora duwe sawah. 4 Karangulu = bantal. 5 Dikarangulu = dipèk bojo, tumrap randhane sadulur. 6 Karangmêlok = kêmbang awangun bundêr.

Kacang. 1 Kacang mangsa tinggala lanjaran Bs = wêwatakane bocah lumrahe padha karo wong-tuwane. 2 Wêdhus kacang Pt = wêdhus cilik. 3 Taine ana kacange dicuthiki Pb = wong kang petung bangêt marang bandha (cêthil bangêt), nganti dilakoni atindak nistha. 4 Kêmbang-kacang Pp = perangane wilahan kêris ing sandhing lambe-gajah. Uga arane lagu (kroncong).

Kêdhêle. Esuk kêdhêle sore tempe Pb = gunêm mencla-mencle, rêmbug sing molah-malih.

--- 139 ---

Kêmangi. 1 Lanang kêmangi = Mr. lanang. 2 Kêmangi gagange wulung Ws = têlasih.

Kêmiri. 1 Ngrêbut kêmiri kopong Pb = melik barang sing tanpa pangaji. 2 Kêmiri juru = kêmiri gêdhe sing gêgêre nglingir.

Kêmladheyan. Kêmladheyan ngajak sêmpal Bs = sanak-sadulur sing ngajak marang karusakan.

Kênthang. Ora ngrêti kênthang-kimpule Pb = ora ngrêti dhadhakane prakara, ora ngrêti mula-bukane.

Kêpuh. Gantung kêpuh Pt = sandhangan sapangadêg (ora tau salin). 2 Kaya didadah lênga kêpuh Pb = tanpa tata kaya wong alasan. (Kêpuh, kalêbu golongane wit alasan).

Kêtepang. Kêtepang ngrangsang gunung Bs = wong sèkèng darbe panjangka gêdhe; panjangka sing ora majad, nglêngkara.

Lêmpuyang. Durung ilang pupuk-lêmpuyange Pb = dipadhakake bocah cilik (durung duwe pangalaman).

Lombok. 1 Lombokên = krasa panas marga mêntas nggêpok lombok. 2 Kapok lombok Pt = kapok sadhela banjur wani manèh. 3 Lombok rawit = lombok cilik (nanging pêdhês bangêt).

Lumbu. Enggak-enggok lumbu Pb = mung manut marang ombyaking liyan, tanpa kêkêncêngan dhewe.

Mrica. 1 Mrica kêcut Ws = wuni. 2 Diracut nganti samrica binubut Br = diringkês bangêt.

Nangka . Gupak pulut ora mangan nangkane Pb = rêkasa ora kêpanduman pituwase.

Nila. Embuh si nila êmbuh si êtom Pt = yèn wong nyatur alaning sadulur, sing luwih ala êmbuh sing dicatur êmbuh sing nyatur. 2 Nila-krama Kw = takon kanthi urmat. 3 Anila Kw = angin (padhalangan: patihe Prabu Sugriwa ing Guwakiskêndha sing nyedani Patih Prahastha ing Alêngka). 4 Nila-wrêdi = nila batan kang bêcik dhewe. 5 Nila-pracandha Kw = angin gêdhe. 6 Nila-widuri Kw = bangsane sêsotya (awarna biru).

Pandhan. 1 Pandhan isi pandhoga Br = wanita bangsa luhur sing mêtêng. 2 Pandhan rawa Ws = wlingi. (Mandhan rawa = manglingi).

Pari. 1 Pari jêro = pari sing dawa umure, kosok-baline: pari genjah. 2 Nandur pari jêro Pb = gawe kabêcikan, mbokmanawa anak-putune bisa nampa piwalêse. 3 Pari-jatha =

--- 140 ---

arane lagu têmbang Sinom. 4 Pari-sawuli Kss = arane buku isi sara-silahe ratu (wayang); uga atêgês: pari-sarunge. 5 Wong wudunên iku sugih pari Bld = paringisan (kêrêp pringisan, yaiku manawa wudune kêgêpok apa-apa). 6 Pari-krama Kw = mawa subasita, kosok-baline: tanpa krama. 7 Parikudu = paripêksa = kumudu-kudu, kanthi pamêksa. 8 Parimirma Kw = Parimarma, kawêlasan. 9 Paripurna Kw = rampung; uga atêgês: mari (waluya). 10 Pariwara Kw = wara-wara. 11 Aywa tinggal pariwara Kw = aja tinggal pitutur, nganggoa pitutur bêcik. 12 Pari gaga = pari kang panandure tanpa diêleh banyu (ing patêgalan). 13 Gêguyon pari-kêna Pb = sêmbrana pari-kêna = darbe pangarah, panêmbunge kanthi sêmbranan (kaya ora tênanan). 14 Wadung pari Ws = ani-ani. 15 Sapari-polahe = sabarang tindak = tanduke. 16 Yèn ana gawe pari gawe = yèn ana bab sing kudu ditandangi. 17 Parikêsit = ratu Astina putrane Abimanyu; arane corak bathikan.

Pring. 1 Pring anom rinujit miring Ws = tutus. 2 Jaksa pring sadhapur Bs = pangadilan kang pangarsane lan warga-wargane kabèh isih nunggal sasadulur. 3 Nyèrèt pring saka pucuk Pb = pagawean gampang dadi angèl, jalaran kliru carane nggarap.

Pudhak. 1 Kempole ngêmbang pudhak Cd = awarna putih. 2 Pudhak sinupit Pt = dodotan ing sisih têngên mung sadhuwur dhêngkul. 3 Tunjung putih sêmune pudhak sinumpêt Pl = pralambange satriya suci sing pamburine bakal jumênêng Ratu ing Kêtangga. 4 Pudhak-satêgal Pd = pudhak-sinumpêt = araning sumpinge Wrêkudara.

Pucang. 1 Lakune mucang kanginan Pp = perangane awak sisih dhuwur obah ngiwa-nêngên (kaya obahe pucang marga kanginan, pantiyang-pantiyang). 2 Mucang Kw = nginang. 3 Sêkar pucang Ws = mayang (ukara candhake: sèwu bêgja kêmayangan). 4 Pucangan = patrape Dèwi Kilisuci utawa Sanggramawijaya (putrane putri Erlangga).

Ropoh. 1 (Pagêr) rogoh = pagêr mawa êrèn, rêrencekan lsp. 2 Têpung ropoh sambung kalèn Pt = omah-omah nunggal pagêr nunggal kalèn karo tanggane.

Sêmangka. 1 Sêmangka jingga = sêmangka sing abang (ing jêrone). 2 Kuru sêmangka Sn = lêmu bangêt. 3 Nagara nêdya disigar sêmangka Pt = diparo bênêr (padha gêdhene, padha

--- 141 ---

jêmbare; saparo kanggo Pandhawa, sing saparo kanggo Kurawa).

Singgang. Gambrèt singgang mrakatak ora ana sing ngênèni Bs = prawan kênès ora ana sing nglamar, marga ora ana priya sing gêlêm ngalap bojo.

Suru. Kêpêngkok pagêr suru Pb = nêmu rêribêd dadakan. (Suru = bangsane wit cocor-bèbèk).

Suruh.1 Suruh ayu Pt = suruh pilihan dianggo sajèn utawa srananing dhukun. 2 Grêgêt-grêgêt suruh Pt = nêpsu nanging ora kêwêtu (mung nggêtêm-nggêtêm bae). 3 Kaya suruh lumah lan kurêbe. dinulu seje rupane, ginigit padha rasane Br = wong loro sing kaananing laire, rupane lsp. katon beda, nanging darbe tekad padha (kayata: Krêsna karo Janaka).

Têbu. 1 Maling nêbu sauyun Pb = wong-wong nunggal saomah sing atawak ala kabèh (maling, kècu, garong, tukang kutil lsp). 2 Têbu tuwuh socane Pb = prakara wis bêcik banjur ana sing nyetani. 3 Milih-milih têbu Pb = nêdya milih sing luwih bêcik jêbul malah olèh sing luwih ala.

Têki. 1 Rai têki Pb = ora idhêp isin. 2 Cobolo mangan têbu Pb = bodho bangêt (gêblêg) ora pantês mangan sêga, pantêse mangan sukêt (têki). 3 Emping têki = êmping saka bonggoling têki (luwih larang tinimbang êmping mlinjo, lan luwih enak).

Têmu. 1 Têmu-gêlang = bundêr gathuk. 2 Têmu tangan = panggih asta, dhaup. 3 Ditêmu kuwuk = ditandangi (dipilara) nalika kêtêmu ijèn.

Timun. 1Timun jinara Bs = pagawean sing gampang bangêt ditindakake. 2 Timun wungkuk jaga imbuh Bs = wong bodho (dudu wong sing kalêbu pêng-pêngan) kanggone manawa ana kêkurangan (diênggo sèrêp, andhungan). 3 Anak-anakan timun Bs = ngêpèk anaking liyan, barêng wis diwasa dialap bojo. 4 Timun mungsuh durèn Bs = wong sèkèng mêmungsuhan karo wong santosa. 5 Timun wuku gotong wolu Pl = pralambange R. Sutawijaya (Panêmbahan Senapati) jumênênge Ratu kanthi pambiyantune priyagung wolu, yaiku Ki Pamanahan, Ki Juru Martani, Ki Jurukithing, Ki Buyut Wirasraba, Ki Panjawi, Tumênggung Mayang, Adipati Batang lan Pangeran Made Pandhan.

Tunjung. 1 Tunjung tuwuh ing sela Bs = prakara sing mokal. (Tunjung = trate, pangkaja). 2 Tunjung putih sêmune pudhak sinumpêt = pralambange Ratu kang akadhaton ing Kêtangga.

--- 142 ---

Tungkul. = kaya wit jênu, nanging ora matèni. 1 Nungkul aris = têluk tanpa pêrang. 2 Kêtungkul = tansah nindakake. 3 Tumênga sêpa, tumungkul sêpi = ora ana sing dijagakake.

Cêpaka. 1 Katon cêpaka sawakul Pt = disênêngi dening wong akèh. 2 Nyandhunga cêpaka sawakul Pt = muga-muga nêmua kabêgjan gêdhe.

Cikal. 1 Cikal-bakal Pt = cakal-bakal, miwiti têtruka gawe padesan utawa nagara. 2 Cikalan = turahane kambil sing diparud. 3 Cikal atapas limar Bs = kabêgjan kang mokal, kayata: tuku palêmahan, barêng digarap (didhudhuk) ana pêndhêmane raja-pèni.

Uwi. 1 Kawak uwi Pt = wong tuwa bangêt (wis ora ana kanggone). 2 Lilit-uwi = tali iratan pring sing diplintir. 3 Tumbak lilit-uwi = tumbak sing landheyane diêcèt lorèng-lorèng.

Wringin. 1 Sanggar waringin Pt = wong sing bisa dadi pangayoman sanak-sadulur. 2 Wringin sungsang = arane aji-aji sing njalari ora pasah ing gêgaman. 3 Dêdêge ngringin sungsang Pb = peranganing awake sisih ngisor njêbobog gêdhe, ing sisih dhuwur cilik.

XL. WIT LAN PERANGANE

Dasanama: 1 Wit = batang, prabatang, watang, taru, dêlêg, wrêksa, kayu. 2 Godhong = ron, rondhon, patra, dhaun, parna. 3 Kêmbang = kusuma, puspa, puspita, sêkar, sari, padma. 4 Woh = pala, wilupa.

Arane Godhong: Asèm sinom. Randhu baladewa (sêmarakandhi). Cipir cêthèthèt. Kacang lêmbayung. Krambil janur (blarak, klari). Kelor sèwu (limaran, sapujagad). Kimpul lumbu. Kimpul alas kombang. Turi pêtuk (samparangin). Tela-rambat jlegor. Wuni mojar. Lêmpuyang lirih (pupuse). Jati jompong (pupuse). Lombok sabrang. Pring larmanyura. Jarak blêdhèg. Jambe dêdêl (procot). Mlinjo so. Kêmladheyan kumuda. Waluh lomah-lamèh.

Perangane godhong: gagang, lêmbaran, ada-ada.

Arane kêmbang: Arèn dangu. Nipah dongong. Nangka babal. Cubung torong. Cêngkèh polong. Randhu (jambu) karuk. Kêncur sèdhèt. Kanthil gadhing. Kacang bundhêl (bêsêngut). Kara kèpèk. Krambil manggar. Kelor limaran. Kluwih onthèl. Kopi blanggrèng. Kapas kadi. Kimpul pancal. Durèn dlongop. Têbu glêgês. Suruh drèngès. Salak kêthêkêr.

Pohung ingklik. Jengkol cuwis. Pandhan pudhak. Pête pêndul. Dhadhap celung.

--- 143 ---

Jati jangglêng. Jambe mayang. Mlinjo ucêng. Garut grêmêng. Gêdhang tuntut (jantung, ontong). Blimbing maya.

Perangane kêmbang: gagang, slaga, makutha, sungut sari, sari, sungut pêntil.

Arane pêntil: Asêm cêmpaluk. Nangka gori (tèwèl). Randhu (jambu) karuk. Krambil bluluk (dêgan, cêngkir). Kwèni gêndheyo. Jambe blêbêr. Jagung jantenan. Mlinjo kroto. Manggis blibar.

Arane woh: Arèn kolang-kaling. Kanthil gandhèk. Turi klenthang. So mlinjo. Kêsambi kêcacil. Wi katak (dumunung ing cangklakaning godhong). Widara anyang. Pucung kluwak. Gêbang krandhing. Bêngkowang bêsusu. Pandhan pandhoga.

Arane wiji: Asêm klungsu. Nangka bêton. Cipir botor. Randhu klênthêng. Kwèni pêlok. Kluwih bêton (bêthêm). Kapas wuku. Durèn pongge. Tanjung kêcik. Pêlêm pêlok. Pakèl pêlok. Jambe jêbug. Mlinjo klathak.

Arane wit: glugu-krambil, ruyung-arèn, dêbog-gêdhang, pucang-jambe, têbon-jagung, canthèl.

Babal. Babal bundêr manglung kali Ws = êlo, lumrahe ukara candhake muni: dhuwa-lolo.

Bayêm. 1 Sembur-sêmbur adas, siram-siram bayêm, = Mr. adas. 2 Bayêm arda, ardane ngrasuk busana = Mr. busana.

Bathok. 1 Têsmak bathok Pb = ora idhêp isin. 2 Mbathok mangkurêb Pp = wangune dalan ing têngah dhuwur. 3 Bathok bolu isi madu Bs = wong asor. nanging sugih kapintêran.

Bêras. 1 Bêras wutah arang mulih ing takêre Bs = samubarang sing wis owah ora bisa pulih kaya maune. 2 Dudu bêrase ditêmpurake Bs = udhu rêmbug sing ora cocog karo bab sing dirêmbug. 3 Bêras-kêncur = wêdhak bêbakan bêras karo kêncur. 4 Bêras-kuning = bêras dikunir. 5 Bêras mêlik = bêras irêng. 6 Bêras kêtan = bêras sing dadine sêga plikêt. (Kêtan = saka têmbung wod: kêt + an = bêras sing kaanane kêkêt utawa krakêt). 7 Bêras patik = bêras putih kêcampuran abang. 8 Bêras-panganen = krasa mbêdhêdhêg wêtênge marga mangan sêga magêl. 9 Bêras satêngah Pt = wong sing kapintêrane mogol.

Bêton. Rêmbuge pêrêt bêton = mencla-mencle, utawa pintêr pêpadon.

Duk. 1 Duk sandhing gêni Bs = wanita kumpul priya (gampang tuwuhe panggodha). 2 Duk ing nguni Kawi = dèk biyèn.

--- 144 ---

Êmpol. 1 Êmpol pinecok Pb = prakara sing gampang bangêt ditindakake. 2 Pil-pot Pt = jalukan ora wewehan (gêlêm nampa pawèwèhing liyan, nanging wêgah mènèhi).

Gabah. 1 Polahe kaya gabah diintêri Cd = padha uyêk-uyêkan bingung pating bilulung. 2 Gabah sinawur Pb = wong sing ora duwe papan tartamtu. Uga arane coraking bathikan. 3 Gabah arang = bêras sing isih akèh gabahe. 4 Digêgabah Br = digêgasah murih tangi kêkêndêlane.

Gagang. 1 Nggagang aking = kuru bangêt. 2 Tigas gagang = bakda diênèni têrus diêdol.

Godhong. 1 Dadia godhong moh nyuwèk Pt = wis wêgah sapa-aruh. 2 Lawas-lawas kawongan godhong Pb = wong ngabdi lawas-lawas mêsthi ora kanggo. 3 Cangkêm rusak godhong jati krasa opak Pb = sanadyan barang sing ora pantês dipangan mêksa dipangan, saking nggragase. 4 Aling-aling godhong waringin Pb = nutupi panggawene ala nganggo cara sing gampang dingrêtèni dening liyan. 5 Kaya ngandhut godhong randhu Pb = rêmbuge mencla-mencle.

Kayu. 1 Kayu-apu = bangsane sukêt sagara. 2 Dikayu-alakake Pb = dicêcamah, dianggêp ora prayoga disrawungi. 3 Sèndhèn kayu aking Pb = sumendhe (awêwaton) saksi sing wis mati. 4 Nggugat kayu aking Pb = nggugat wong sing wis mati. 5 Wastra bêdhah kayu pokah Br = kêtaton nganti putung balunge. 6 Kayu buntêl mayit Pt = kayu mawa pèlèt putih (tilasing klokopan) ora prayoga diênggo dandanan. 7 Kayu manis = bangsane manis-jangan. 8 Kayu-dang = kayu bakar, kayu tunon, kayu bong. 9 Kayu-taun = wit-witan sing kayune (dêlêge) kêna dianggo dandanan. 10 Kayuwanan Kw = ka + yuwana + an = karahayon, kaslamêtan (yuwana = slamêt, basuki).

Kawul. Ngagar mêtu kawul = nggêgasah, ora pasah.

Kêmarung. Ngrêgêm kêmarung Pb = momong wong sing angèl watake lan bisa mbêbayani (nyilakani). Kêmarung = êrining gêmbili.

Kêmbang. 1 Lara iku kêmbanging pati Pt = jalarane pati. 2 Pêrang kêmbang Pd = pêrang salêbare jêjêr pandhita (jêjêr gara-gara), yaiku pêrange satriya karo danawa; diarani "pêrang kêmbang " Pd = pêrang salêbare jêjêr pandhita, (jêjêre) pêrang sabanjure, yaiku pêrang tanggung lan pêrang gêdhe (pêrang brubuh). 3 Dadi kêmbang lambe Pt = tansah diucapake. 4 Kêmbang sêpasang = anak 2 wadon kabèh. 5 Kêmbang paès = kêmbang sapisanan (lumrahe ora dadi woh).

--- 145 ---

6 Kêmbang-asêm = ulêse kucing abang sêmu kuning. 7 Kêmbang durèn = ulêse jaran (kuning). 8 Kêmbang-api = bangsane mrecon nanging ora mbêdhos. 9 Kêmbang-waru = arênge ucêng-ucêng diyan. 10 Kêmbang gula = bangsane panganan mut-mutan (prêmèn). 11 Tandurane kêmbang pilangên = kêparag ama sing njalari godhonge awarna kuning. 12 Kêmbang sataman = banyu dikumi kêmbang sing apik-apik (dianggo mijiki pangantèn utawa dianggo sajèn). 13 Aras-kêmbang = gampang tampa sihing liyan (bêndarane, panggêdhene).

Kêcik. Kêcik-kêcik yèn wudhu Pb = sanadyan barang sapele yèn nuju wudhu gêdhe gunane.

Kleyang. Kleyang kabur kanginan Br = kandhang langit kêmul mega = wong ngulandara (lumrahe ora duwe omah).

Kolang-kaling. Botên nggrantês saluguting kolang-kaling pinara sasra = atine ora sêrik babar pisan.

Lahang. Lahang karoban manis Bs = bagus rupane (utawa ayu) tur bêcik wêwatakane.

Mayang. 1 Sêkar pucang, sèwu bêgja kêmayangan = bêgja bangêt. 2 Kêmbangmayang = bukèt kanggo pangantèn, yèn tumrap layon (wong mati) diarani gagarmayang. 3 Mayangkara = Anoman. 4 Disêndhal mayang = dicabut ngêgèt (tumrap nyawa). Mr. kaca 74.

Mêndhang 1 Mêndhang kêbaratan Br = kleyang kabur kanginan, wong ngulandara. 2 Mêndhangkamulan Pd = kraton sing dhisik dhewe ing Jawa-Wetan dumunung ing puncake gunung Mahendra (Lawu), sing jumênêng Ratu Bathara Guru, patihe Rêsi Narada. 3 Mêndhanggana Pd = kratone Bathara Indra nalika jumênêng Ratu ing puncake gunung Sêmèru ajêjuluk Maha Raja Sakra. 5[3] Mêndhangpura Pd = kratone Bathara Wisnu nalika jumênêng Ratu ing puncake gunung Slamêt (wukir Gora sakidul Têgal) jêjuluk Maha Raja Suman.[4] Mêndhanggora Pd = kratone B. Bayu nalika jumênêng Ratu ing puncake wukir Karang (ing Pulo Bali) jêjuluk Maha Raja Bima.[5]

Mêrang. 1 Desa sadhêdhak-mêrange Pt = desa sakukubane lan saisine. 2 Lambe satumang kari samêrang Pb = olèhe mituturi wis bola-bali, sing dipituturi mêksa durung manut-miturut.

Patra. 1 Anirna patra Pb = ngungkiri prajanjian kang wis tinulis (layang). 2 Ngreka patra Pb = ngakal-akal layang prajanjian, ngowahi, malsu. 3 Bisa matra-kelasa Br = bisa nganut [nga...]

--- 146 ---

[...nut] warnaning patra (godhong), bisa molah-malih warna. 4 Suwalapatra Kw = layang.

Ramban. Ramban-ramban tanggung Pb = ngarani wong (narka, ndakwa), nanging ora ngrêti jênênge.

Ri. 1 Ancik-ancik pucuking ri Pb = tansah minggrang-minggring ora kêpenak atine, marga ora bisa olèh atine bêndara (panggêdhe). 2 Nglancipi êri Pb = nênangi atine wong sing lagi muring murih saya muring. 3 Cacah êri iwake kabèh ana sajinah = mung ngelingi kèhe, tanpa ngelingi gêdhe-cilike utawa ala-bêcike. 4 Tulisane ngêri Pp = lancip-lancip ora ngêtumbar (tumrap tulisan Jawa).

Ron. 1 Tunggak kalingan rone Bs = ngrasani wong, ora ngrêti yèn sadulure sing dirasani ana ing kono. 2 Alise ngroning imba Pp = tipis, nanggal sapisan.

Sada. 1 Sada lanang = sada sing ana kasiyate. 2 Kêndhalisada = padhepokane Anoman. 3 Nguyuh aling-alingan sada = mareni tindake nistha, isih sêsrawungan karo wong nistha.

Slaga. Salin slaga Pt = malih panêmune (kayakinane). Slaga = sing mbuntêl kêmbang sadurunge mêgar.

Sarah. Sumarah = kaya sarah, yaiku kaya godhong kendhang ing banyu, maksude: atine sumèlèh (nrima). 2 Banjir gêtih asarah bangke = saking akèhe pêpati.

Sari (yèn dipluta dadi muni: sri). 1 Rêbut sari Br = ungkul-ungkulan kaendahan. 2 Mbabar sari Br = lagi nêdhênge mêtu kaendahane (tumrap bocah wadon uga ditêmbungake: pêcah pamore). 3 Kasur-sari = paturon sing endah (mawa kasur lan sinêbaran sari utawa kêmbang). 4 Sinawuran sari ginanda wida jêbat-kasturi Pd = disêbari kêmbang sing dicampuri lênga wangi saka dhèdhès. 5 Nggarap-sari Pt = wêruh banyu, kèl. 6 Pêcêl saren = dhidhih saren karo pêcêl (bumbu pêcêl). 7 Sarine pangan = pathine pangan, yaiku jasading pangan sing migunani tumrap awak. 8 Sari-kuning = kêmbang sing diênggo adon-adon mbabar jarit lsp. 9 Sari-kurung = kêmbang nagasari. 10 Galuga salusur sari Pb = wis bêcik kawuwuhan bêcik. 11 Eka padma-sari Cd = candrane wong minum sasloki (cahyane sumringah kaya sarining kêmbang). 12 Srigunung = katone bêcik manawa saka kadohan, kosok-baline: Sri-taman utawa sripante. 13 Jinêm-sari Kw = jinêm-mrik, jinêm-rum, jinêm-sêkar, paturon sing endah (ngganda wangi). 14 Wotsari Kw = mangênjali. nyêmbah. 15 Tamansari = kêbok kêkêmbangan. 16 Pantisari = omah ing têngah tamansari. 17 Sriwêdari = patamanan ing kahyangane Wisnu;

--- 147 ---

uga arane patamanane para ratu sing katitisan Wisnu, uga arane kêbon kewan ing Sala (madêg taun 1901).

Sêkar. 1 Sêkar kadhaton = têtunggule para putri ing kraton, yaiku: putri kang sêpuh dhewe miyos saka pramèswari. 2 Sêkartaji Bb = putri Daha kang uga asma Candrakirana kagarwa Panji Putra ing Jenggala. 3 Sêkardwijan Pd = jaran sêmbrani titihane Wong Agung Menak. 4 Sêkar Wijayakusuma Pd = kêmbang sing diênggo sarat jumênênge Ratu (Solo lan Yogyakarta), pamêthike saka pulo cilik sacêdhake Nusakambangan. Uga atêgês: kêmbang kagungane Krêsna, dayane bisa nguripake wong mati ing sajaban pasthi. 5 Kirimên layoning sêkar = Mr. layon.

Tatal. Mêrangi tatal Pb = nyambut-gawe kang ora mbabar-pisani, utawa: mindho-gaweni.

Tumpal. Numpal kèli Pb = lêlungan kanthi nunut-nunut, ora ngêtokake wragad dhewe. Tumpal Kw = sarah, larahan, godhong (uwuh) sing kendhang ing banyu.

Tunggak: 1 Tunggak kêmadhuh Bs = tilas mungsuh utawa maru. 2 Ditunggakake Pt = dianggêp tunggak, wong sing disapèlèkake bangêt. 3 Nunggak sêmi Pt = nganggo jênêng (pangkat utawa sêsêbutan) padha karo wong sing digênti. 4 Nunggak bojo Pb = ngrabèni randhane sadulur tuwa. 5 Ukiran tunggaksinêmi = ukirane kêrsis Ki Sangkêlat (mawa luk) lan Ki Pasopati (lêncêng), ukiran iku yasane Sunan Bonang.

Turus. Ngoyag-oyag turus ijo Pb = ngganggu-gawe prawan sing durung diwasa.

Carang. 1 Carang wrêksa Ws = pang. 2 Carang buntala Pd = gambyoking uncal (kalêbu golongane sandhangan wayang). 3 Carang-gantung = arane gêndhing. 4 Lakon carangan Pd = arane lakon wayang sing ora kalêbu ing pakêm padhalangan, lakon karangan (kayata lakon Pancasila).

Cêngkir. 1 Cêngkir kêtindhihan kiring Bs = nêdya omah-omah kêpêksa durung bisa, marga sadulure tuwa durung omah-omah (arêp nglangkahi ora wani). Utawa: wong sing kasoran prabawa, marga kalah tuwa. 2 Cêngkir gati Wc = kêncênging pikir lêganing ati. 3 Cêngkir wungu wungune kêtiban daru Pr = parikan iku lumrahe disêmpurnakake nganggo ukara: wus pêsthimu kowe uwal karo aku.[6]

Wiji. 1 Kêpêdhotan wiji Pt = ora ana turune, ora duwe anak, curês [cu...]

--- 148 ---

[...rês] turune. 2 Nandur wiji kèli Pb = ngopèni turune wong bêcik (mbokmanawa ing têmbe ana piwalêse).

Wit. 1 Wit kêdhakah woh kêdhikih Ck = wringin (kosok-baline: woh kêdhakah wit kêdhikih = waluh). 2 Kana nggone kana wite Pt = samubarang sing mbêbayani muga-muga tansah didahna saka awakku (aja nganti nyêdhak marani aku).

Woh. 1 Ngundhuh wohing panggawene Pt = wong iku mêsthi nampa olèh-olèhane panggawene. 2 Sawat abalang wohe Pb = ngarah wanita sarana lantaran sadulure wanita sing diarah, supaya gampang kalêksanane. 3 Suwe mijêt wohing ranti Pb = pagawean kang gampang bangêt ditindakake. 4 Udan-woh = udan sing tlêthoke gêdhe-gêdhe (kêcampuran ès).

XLI. BUMI, PÊLIKAN, GUNUNG, ALAS

Dasanama: 1 Bumi = bantala, kisma, pratala, basundara, basundari, siti, pratiwi, lêmah. 2 Jagad = rat, buwana, alam, donya, marcapada, madyapada, janaloka, manuswapada. 3 Alas = wana, bana, wanadri, wanawasa, janggala, jênggala, wanantara walusan. 4 Gunung = giri, wukir, aldaka, ancala, prawata, prabata, mèru, himawan. 5 Jurang = sigrong, lêmbah, rèjèng, parung, trêbis. 6 Nagara = radya, praja. 7 Dalan = gili, marga, ênu, dlanggung, lêbuh, lurung, sopana, hawan. 8 Mas = kêncana, rukmi, mastatur. 9 Intên = sotya, nila, widuri, jumêrut, manik, kumala, rêtna, galuh, barleyan, mirah-dlima (beda-beda warnane).

Alas. 1 Alas grêng = alas kêtêl apêtêng. 2 Alas glêdhêgan = alas kêtêl mawa wit gêdhe-gêdhe (yèn ana angin swarane kêprungu glêdhêg-glêdhêg). 3 Alas gêrotan = alas mawa kêkayon gêdhe-gêdhe (yèn ana angin swarane kêprungu gêrot-gêrot, yaiku gêgosokane kayu padha kayu. 4 Alas gung liwang-liwung = alas sing jêmbar bangêt. 5 Alas trataban = alas gêgrumbulan (cêdhak padesan). 6 Alas tutupan = alas sing disêngkêr dening nagara. 7 Alas roban = alas sing bisa kacakan robing sagara. 8 Alas pajatèn = alas sing ditanduri jati. 9 Alasane ora maton Pt = pawadane ora gumathok, dêdhasaring sabab ora mapan (kurang kuwat). 10 Ngalasake nagara Pb = tumindak sakarêpe dhewe, nganggêp ora ana pranatane nagara. 11 Nusup ngayam-alas Pp = lumaku nusup-nusup nasak gêgrumbulan lan rerungkudan. 12 Setan alas Ks = têmbung pamisuh. 13 Alas Winangsraya (Minangsraya) Pd = alas kang lumrahe dicaritakake: janma mara mati, sato mara mati (angkêr bangêt). Alas Têrik = alas sing dibabad R. Wijaya, pamburine dadi nagara Majapait.

--- 149 ---

Bata. 1 Bata-bata diêdu bata Pb = nyambut-gawe wragade dijupukake saka olèh-olèhane. 2 Surak mbata rubuh Pp = surake wong akèh bêbarêngan. 3 Mantu mbata rubuh Pb = mantu luwih saka siji dibarêng. 4 Tulisane mbata sarimbag Pp = tulisan Jawa sing awangun pêsagèn-pêsagèn (ora ngêtumbar). 5 Sitinggil binatarana Pd = sitinggil mawa aling-aling tembok saka bata. (Rana = aling-aling, kêlir. Binata = ditrapi

bata, maksude: tembok). Sawênèh ana sing ngucapake "binata rata", iku luput.

Bantala. 1 Tumungkul amarikêlu, muka kadya konjêm bantala Br = tumungkul bangêt (olèhe lungguh), raine kaya mèpèd lêmah. 2 Bantala rêngka Cd = candrane mangsa karo, lêmah nêla.

Bumi. 1 Malik bumi Pb = mbalik ngiloni mungsuh. 2 Bêdhah bumi Pt = dhuwit opah gawe kluwat. 3 Bumi pinêndhêm Pb = andhap-asor bangêt. 4 Wong mati ora kêsasaban bumi Ps = wong sêngsara bangêt, mlarat bangêt, dingibaratake wis mati nanging durung dipêndhêm. 5 Saindênge bumi Pt = salumahe bumi kabèh. 6 Gêlah-gêlahing bumi Br = rêrêgêding bumi, wong ala. 7 Sadumuk bathuk sanyari bumi Pb = prakaran bab wanita lan lêmah lumrah ditohi pati.

Buwana. 1 Hamêngkubuwana = asmane K. Sultan (Yogyakarta). 2 Pakubuwana = asmane K. Sunan (Solo). 3 Gawe buwana balik Pb = madêg kraman. 4 Sungsang buwana balik Pb = wolak-walikan, sing asor dadi luhur, sing luhur dadi asor. 5 Buwananên = kabuwanan = mêlèk, nanging ora sumurup. 6 Kêbo sangga-buwana = kêbo acongor putih. 7 Pitik sangga-buwana = ulês klawu dhadhane putih. 8 Panggung sangga-buwana = arane panggung ing Solo. (Sawênèh nêrangake manawa jênêng iku isi sangkalan, atêgês taun 1198. Panggung = pa agung, pa murda = 8 . Song = rong gêdhe = 9. Ga = aksara ga iku angka Jawa 1. Buwana = watak 1).

Dalan. 1 Dalan gawat bêcik disimpangi Pt = prakara sing bisa njalari wisuna prayoga disingkiri. 2 Dêdalane guna lawan sêkti Pt = sing njalari bisa dadi wong linuwih. 3 Sarap sawan bali dalan Pt = têgêse sing arêp mara, mbalèk sanalika. 4 Ora ndalan Pt = têgêse lugu: ora ngambah dalan, maksude: ora nganggo tata. 5 Dalan gang Pb = bênêre muni: dialap gang = dijaluk kanthi roda pari-pêksa. 6 Dalan sidhatan Pt = dalan trabasan. 7 Sarik dalan sandhung watang Pb = prakara sing ora kêna ditêrak, yèn ditêrak nyilakani. 8 Dadia dalan suthik ngambah Pt = wis moh sapa-aruh.

Desa. 1 Dêsa mawa cara, nagara mawa tata P = siji-sijine panggonan nduwèni tata-cara dhewe-dhewe. 2 Ngambah desa milang [mi...]

--- 150 ---

[...lang] kori Pb = njajah têkan ing ngêndi-êndi, nganti têkan papan sing cilik lan sêpi uga diwigatèkake kaanane.

Jagad. 1 Jagad-traya Kw = jagad têtêlu (donya, swarga, nraka). 2 Jagad-pramudita Kw = jagad pramuditaya = jagad rat. 3 Jagadnata = Bathara Guru. 4 Jagad dewa-bathara Pd = têmbung sabawa, diucapake manawa krungu lêlakon utawa sumurup kadadean sing ora agawe sênênging ati. 5 Kang Murbèng-jagad = Gusti Allah. 6 Sapujagal = godhong kelor; uga

arane mriyêm (ing Solo). 7 Lêlêthêk rêgêding jagad Br = gêla-gêlahing bumi = wong ala (durjana lsp). 8 Pancuran mas sumawur ing jagad Cd = candrane mangsa Kalima, wiwit ana udan dêrês. 9 Mêmayu ayuning jagad Br = agawe tata-têntrêming donya.

Jurang. 1 Kêjurang-jurang Pt = kêrêp nêmu cilaka. 2 Jurang grawah ora mili Bs = katone loma, satêmêne cêthil. 3 Srama pinggir jurang Pb = pawèwèh sing bisa agawe cilakane wong sing wèwèh lan uga wong sing diwènèhi. (Kajaba pawèwèh sing adhêdhasar T.S.T.).

Ênu. Kêtuju ênu Pt = têgêse lugu: katêmu ana ing dalan, maksude: tujune, bêgja dene.

Galêng. 1 Sadulur ngisor galêng dhuwur galêng Pt = sadulur pancêr wadon lan pancêr lanang. 2 Sabuk galêng Pt = sugih palêmahan. 3 Babat galêng = babat sing kasar.

Gili. Wong sing lumaku nggili Pp = ndlidir tanpa pêdhot.

Giri. 1 Sunan Giri (R. Paku) sing ngêdêgake mêsjid Grêsik. 2 Giri lusi janma tan kêna ingina = Mr. lusi. 3 Pasanggiri = sayêmbara. 4 Kagiri-giri = nggêgirisi, bangêt. 5 Girinata = Bathara Guru.

Gunung. 1 Kêrubuhan gunung Pb = nêmu kasusahan gêdhe. 2 Diêlêtana sagara-gunung sap pitu Pt = sanadyan adoh, jodho mêsthi bakal kêtêmu. 3 Kêjugrugan gunung kêmbang (mênyan) Pb = nêmu kabêgjan gêdhe. 4 Bathuk gunungan Pb = bathuk sing ing dhuwur sêmu lancip (kaya gunungan wayang). 5 Ngontrakake gunung Pb = misuwur bangêt, nggumunake bangêt, kayata: wong sèkèng bisa ngasorake wong sêntosa, wong bodho bisa ngasorake wong pintêr lsp. 6 Wong gunung, adoh lêsung cêdhak lutung Pt = wong gunung kurang ngrêti udanagara. 7 Bocah gunung mêthik kêmbang kliru mbayung Pt = priya cubluk milih wanita (jodho) sing bêcik kliru olèh wanita ala. 8 Gunung gêni = gunung sing ngêtokake gêni. 9 Gunung guntur = arane tênunan (lurik). 10 Gunung sapikul = arane ali-ali amripat têlu (mripat sing têngah gedhe). 11 Gunung [Gu...]

--- 151 ---

[...nung] kêndhêng sêmune kênya musoni Pl = pralambange S. Pakubuwana I, jumênêng Ratu wis yuswa, nanging isih sok manggalih prakara sing rèmèh-rèmèh. 13 Caping gunung Ws = caping sing lancip, maksude; icipana. 14 Sri gunung x Sri taman.

Kawah. 1 Banyu kawah Pt = banyu sing mêtu saka guwa-garba ing sadurunge bayi lair. 2 Kakang kawah adhi ari-ari Pt = tinimbang jabang-bayi, laire banyu kawah luwih dhisik, ari-ari luwih kari. 3 Bubak-kawah Pt = mantu anak pêmbarêp. 4 Kawah Candradimuka = kawahe gunung Jamurdipa ing Suralaya, êndhute aran Blêgêdaba.

Kawat. 1 Blabar-kawat = glanggang kang winatesan kênthêng kawat. 2 Junjang-krawat = punggawa kalurahan ing desa.3 Sapu kawat Br = andêl-andêl sing bisa nyapu parangmuka.

Kêncana. 1 Kêncana wingka Pb = sanadyan anak ala rupane, bapa-biyunge mêsthi trêsna, yèn anake dicacad melu mrina. 2 Ratu Ayu Kêncanawungu Bb = Dèwi Subasiti (Ratu Majapait sing kagarwa Damarwulan). 3 Bale Kêncana saka dhomas Pd = bale kagungane Ramawijaya sing ing salêbare pêrang Alêngka rinêksa Wibisana, pamburine rinêksa Prabu Bisawarna ing Singgêla (putrane Wibisana). 4 Rancangkêncana Pd = arane nagara kang diratoni Petruk ajêjuluk Prabu Durgunadur (Hèlgêduwèlbègthongthongsot). 5 Windu kêncana = windu Adi.

Kumala. Putri susila ing warna sinêmbuh tyase ngumala Br = putri ayu tur luhur budine.

Kutha. 1 Mbêguguk ngutha watu Pb = kêlantur: mbêguguk ngutha waton = mbangkang ing parentah. (Kutha = bètèng). 2 Akutha saksi Pb = sumendhe ing paturaning saksi.

Lêbuh. Ora wêruh lêbuh Pb = ora ngrêti tata-krama. Lêbuh = dalan.

Lêmah. 1 Lêmah pinêndhêm Pb = andhap-asor bangêt. 2 Nggarit lêpah Pt = padatane wanita tinari laki, pratandha gêlêm. 3 Njrêbabah ndhêpani lêmah Br = mangkurêb tangane ndhaplang (mati utawa sêmaput). 4 Saput lêmah = wayah esuk rêpêt-rêpêt. 5 Lêmah-têlês = araning warna (abang sêmu kuning).

Lurung. 1 Lurung buntung Pb = narka durjana ora bisa nglari, dadi tanpa cihna. 2 Sadawanane lurung isih dawa gurung Pb = pawarta bisa sumêbar têkan ngêndi-êndi.

Marga. 1 Murang marga Kw = nyimpang saka dalan sing bênêr, ora manut pranatan. 2 Marga-ina Kw = guwa-garba. 3 Sirna marga layu Br = mati.

--- 152 ---

Nagara. 1Ora wêruh uda-nagara Pt = ora ngrêti tata-krama. 2 Nagarakrêtagama Kss = arane buku karangane Empu Prapanca, nyaritakake kaanane Majapait ing jamane Prabu Ayamwuruk. 3 Kacanagara Pd = Gathutkaca, Guritna. 4 Desa mawa cara, nagara mawa tata = Mr. desa. 5 Singanagara = algojo. 6 P. Dipanagara = Pangeran Antawirya. 7 Tumênggung Wiranagara = asmane Untung Surapati sawise jumênêng Bupati ing Pasuruhan. 8 Tumênggung Satranagara[7] = Pujangga Yasadipura II.

Parwata. Sukèng tyas marwata suta Kw = sênênge sagunung anakan, sênêng bangêt.

Praja. 1 Narapraja Kw = punggawa nagara, priyayi. 2 Swapraja Kw = paprentahan mandhiri. (Swa Kw = dhewe). 3 Pamong-praja = punggawa nagara bangsane bupati, wadana lsp. 4 Kotapraja = kutha apaprentahan mandhiri. 5 Ora njaga prajane Pb = ora njaga supaya uripe bisa kajèn-keringan. 6 Lambang praja (prasêmoning nagara, sing dipralambangi ratune):

a) Catur-rana sêmune sagara asat = nagara papat (Jênggala, Kêdhiri, Urawan, Singasari) tansah pêpêrangan, nganti ngêntèkake bandha nagara (asat).

b) Ganda kentir sêmune liman pêpeka = Sri Pamêkas ratu Pajajaran kêna dikendhangake Siyungwanara, marga saka pêpekane.

c). Macan galak sêmune curiga kêthul = Ratu kuwasa (Brawijaya Majapait), putra-sêntanane padha kêthul panggalihe ing babagan kasusastran.

d) Lunga pêrang putung watange = Radèn Patah mêrangi para bupati sing isih agama Buda, prajurite (para wali) akèh sing mati.

e) Alêlungan datan kongsi bêbasahan kêsêlak kampuhe bêdhah = Jaka Tingkir jumênênge ratu durung nganti ngalami kamuktèn kêsêlak seda.

f) Surakalpa sêmune lintang sinipat = Panêmbahan Senapati olèhe nênêlukake para bupati sing sêtya marang Pajang prasasat mung abandha kuwanèn, durung nganri rampung kêsêlak seda.

g) Kêmbang sempol sêmune lêbe kêkêthu = Sultan Sêda Krapyak lan Sultan Agung mungkul ing agama Islam.(Kêmbang sempol = trate, pralambange ratu utawa pandhita).

h) Kalpa-sru sêmune kanaka putung = jamane Mangkurat

--- 153 ---

Têgalarum akèh andêl-andêling praja sing dipatrapi ukum kisas.

i) Layon kèli sêmune satriya brangta = Pangeranpati putrane Mangkurat Têgalarum nalika ndhèrèkake lolose ingkang rama kanthi panggalih sungkawa.

j) Gunung kêndhêng sêmune kênya musoni = P.B. I jumênêng ratu wis sêpuh, sok manggalih barang sapele (prakara rèmèh).

k) Lung gadhung sêmune rara nglikasi = Sunan Mangkurat (putrane P.B. I) sarwa prigêl lan sêmbada, nanging panggalihe thukmis.

l) Gajah mêta sêmune têngu lêlakèn = P.B. II kineringan para ratu manca nagara, nanging alitan panggalih.

m) Panji loro sêmune Pajang - Mataram = pralambang anane ratu loro, yaiku Sunan Pakubuwana III lan Hamêngkubuwana I.

n) Rara ngangsu randha loro anututi pijêr atukar = satriya oncat saka kraton (Radèn Mas Said?) ditututi wadyabalane ratu loro (R. M. Said jumênêng ing Sukawati ajêjuluk Mangkunagara I).

o) Tan kobêr apêpaès amangun sinjang = Pakubuwana IV lan V ora kobêr mranata praja, marga akèh rubeda kang ngrêribêdi.

p) Kalabêndu sêmune Sêmarang lan Têmbayat = P. Dipanagara madêg suraning panggalih pêrang karo Kompêni.

q) Tunjung putih sêmune pudhak sinumpêt = Ratu Adil angadhaton ing Kêtangga, sadurunge jumênêng Ratu Adil kasêbut Satriya kêsampar-kêsandhung.

r) Gandrung-gandrung ing lêlurung andulu gêlung kêkêndhon; kêris parung tanpa karya, êdolên tukokna ulêng-ulêng campur-bawur = tanah Jawa (Nuswantara) wis gêmah-ripah karta-raharja, tulus kang sarwa tinandur, murah kang sarwa tinuku. (Kêris parung = kêris adhapur naga lumaksana, mawa luk).

Rat. 1 Sajagad-rat = sajagad kabèh. 2 Kalokèngrat Kw misuwur ing jagad. 3 Musthikèngrat = kang pinunjul dhewe ing jagad; uga atêgês: arane têmbang Gêdhe (laku 15. pêdhotan 4.4.7). 4 Kaum ningrat = bangsa luhur, kosok-baline: kaum krama. 5 Murdaningrat Kw kêpalaning jagad, sing ngratoni jagad. (Sing dicaritakake mangkono kayata: Ramawijaya). 6 sastrajendra ayuningrat, pangruwating rasêksa-diyu Kss = piwulang (ngèlmu) linuwih sing agawe tata-têntrêming jagad, nyirnakake dur-angkara-murka. 7 Suradira jayaningrat

--- 154 ---

lêbur dening pangastuti Kss = supaya bisa dadi wong kuwasa (jaya, mênang) bisa ngêrèh jagad, kudu wani mêpêr kamurkan, lan kamurkan bisane lêbur dening panêmbah (darma panggawe bêcik).

Unèn-unèn ing dhuwur iku kasêbut ing buku Witaradya (karangane R. Ng. Ranggawarsita)ing pupuh Kinanthi, mangkene:

Jagra angkara winangun, sarjana marjayèng wèsthi, puwara kasub kuwasa, warsita jro Weda muni "Sura Dira jayaningrat, lêbur dening

pangastuti". Ring janma di kang winangun, kumênyar wimbaning rawi, prabangkara dumipèng rat, menang kang sarwa dumadi, ambêk santa paramarta, puwara anyakrawati.

Jagra angkara = njaga kamurkan, mêpêr hawa-napsu. Winangun = ditata. Sarjana marjayèng wèsthi = wong linuwih (bisa) nyirnakake bêbaya (yaiku kamurkan). Puwara kasub kuwasa = wasana misuwur kuwasa. Wasita jro Wedha = wêwarahsajrone buku piwulang luhur. Ring janma di kang winangun = marang wong linuwih kang wis ditata uripe (ora angkara-murka). Kumênyar wimbaning rawi = gumêbyar kaya plêthèking surya. Prabangkara dumipèng rat = sorote nyunari jagad. Menang kang sarwa dumadi = cêtha kabèh saisine jagad. Ambêk santa paramarta = (wong sing ora angkara) watake alus agawe adhêming liyan. Puwara anyakrawati = wasana (wong kang mangkono iku) bisa mêngku jagad, nguwasani paprentahan.

Rêtna. 1 Sang lir rêtna Br = sang putri. 2 Nagara Jênggalarêtna Pd = Nagara Dwarawati.

Satu. Lir satu munggwing rimbagan Pb = trêp bangêt, cocog bangêt kêkarêpane. Satu Kw = bata.

Sawah. 1 Sawah sorotan = sawah sing olèh banyu ilèn, kosok-baline: sawah tadhahan = sawah sing mung olèh banyu udan. 2 Sêsawah = nggarap sawah, nandur pari.

Sela. 1 Selamatangkêp = lawang Suralaya. 2 Sela brakithi = arane sêmut. 3 Selakarang = lêlaraning tracak jaran. 4 Tunjung tuwuh ing sela = mokal, orabisa klakon.

Siti. 1 Siti tinêbêla Pb = digugat ora mangsuli, liya dina malês nggugat. 2 Sitisundari Pd = putrane Krêsna miyos saka dèwi Pratiwi, kagarwa Angkawijaya. 3 Siti Fatimah Bb = putrane Nabi Muhammad kagarwa Bagendha Ali. 4 Siti Jênar = asmane sawijining Wali.

Sotya. 1 Sotya murca saking êmbanan Cd = mangsa Kasa akèh

--- 155 ---

wit-witan sing brindhil (godhonge rontog). 2 Sotya sinarawèdi Cd = mangsa Dhèstha (Kasawelas) akèh manuk ngloloh.

Taman. 1 Sritaman = katon bêcik yèn didêlêng saka cêdhakan. Kosok-baline: Srigunung. 2 Taman-sari Kw = taman-santun, patamanan, kêkêmbangan (papan diênggo suka-suka). 3 Arane taman ing padhalangan kayata: Sriwêdari ing Maèspati, Argasoka ing Alêngka, Kadilêngêng ing Astina, Maherakaca ing Cêmpala, Maduganda ing Madukara lsp. 4 Taman pinaèlu Kw = ora dipraduli.

Tanah. 1 Tanah ngare = tanah ngampah, kosok-baline: tanah pagunungan. 2 Lênga tanah = lênga latung, lênga liyun, lênga patra. 3 Tanah manca = tanah liya. 4 Tanah wutah-gêtih = tanah kalairan. 6 Wis gênah wis tanah Pt = wis cêtha manawa turune wong bêcik. 7 Nyurtanah = nylamêti wong mati ing dina gêblage.

Watu. 1 Watu-kambang = watu kropos sing kumambang ing banyu. 2 Watu-karang = bangsane padhas ing sagara. 3 Watugunung Pd = Ratu Gilingwêsi kang njalari anane wuku warna 30. 4 Nyathak njalu watu Pb = ngadhêp panggêdhe ora kanthi ditimbali. 5 Ngêntèni timbule watu-itêm Pb = ngarêp-arêp barang kang nglêngkara têkane. 6 Ngêmpukake watu-itêm Pb = nganggêp gampang prakara angèl, toging êndon ora bisa nindakake.

Wêsi. 1 Wêsi-aji = wêsi kang manawa digawe gêgaman pangasahe kudu diwarangi. 2 Wêsi-brani = wêsi sing duwe daya panggèndèng. 3 Wêsi gligèn = wêsi giligan, awangun gilig. (Gilig + an = giligan, dipluta dadi: gligèn). 4 Sumbare kaya bisa mutung wêsi gligèn Pt = sumbare nggêgirisi. 5 Rajêg-wêsi = pagêr saka wesi. 6 Trincingwêsi = Gathutkaca, Guritna, Kacanagara.

XLII. LANGIT LAN ISINÉ

Dasanama: 1 Langit = boma, bomantara, akasa, awiyat, wiyati, tawang, widik-widik, dirgantara, jumantara, byoma, antariksa, gêgana, ambara. 2 Srêngenge = (sang + hyang + we = sang dewaning rina), surya, baskara, bagaskara, bagaspati, arka, aruna, radite, raditya, pratangga, pratanggakara, pratanggapati, diwangkara. 3 Rêmbulan = wulan, sasi, lèk, badra, candra, basanta, kirana, soma, sitarêsmi, sitèngsu, sitakara, sasadhara. 4 Lintang = wintang, bintang, sasa, taranggana, kartika, sudama. Arane lintang: Panjêrrina, Bimasêkti, Banyakangrêm, Wuku, Wluku, Kukusan, Kêmukus, Gubugpèncèng, [Gubug...]

--- 156 ---

[...pèncèng,] Jakabèlèk, Lanjarngirim. 5 Mega. = ima, irawan, imantaka, urur, kukap, imantara. 6 Mêndhung = rêmêng, rumung, danu, jaladara, rarabi, limut, jaladha. 7 Kilat = thathit, lidhah, aban, widyuta, obar-abir. 9 Gludhug = gêrêh, gêtêr, guntur, kêtug, gurna, gurnita. 9 Blêdhèg = gêlap, braja, (bajra), erawati, wrahaspati.

Akasa. Tumêngaa ing akasa, tumungkula ing pratiwi Br = sarèhne arêp dak patèni, sambata bapa lan biyungmu. Akasa ngibarat bapa, pratiwi ngibarat biyung utawa ibu).

Badra. 1 Bêbadra = wiwit truka babad alas, bêbakal, cikal-bakal. 2 Sumbadra Pd = Dèwi Bratajaya, Widawati, Rara Irêng putri ing Banoncinawi. 3 Badranaya Pd = Sêmar. 4 Kemêngan Badra irawan Br =

(kaya) rêmbulan kalimputan ing mega, maksude: pasuryane katon nglêntrih, marga nandhang sungkawa.

Amun-amun = ombak gêtêring hawa kang kêsorotan srêngenge. Saêndhêg amun-amun = lêmbut bangêt.

Bagaspati. 1 Bagawan Bagaspati Pd = pêndhita ing Argabêlah (Giripurna) sing pêputra Pujawati (kagarwa Salya banjur asma Sêtyawati). 2 Mbagaspati Pb = pangucap diksura nglawan panggêdhe utawa pangadilan.

Boma. Bomapati Pd = Bomantara, Ratu Trajutrisna (putrane Krêsna miyos saka Pratiwi).

Daru. 1 Kêtiban daru Pt = olèh wahyu, pulung, kabêgjan gêdhe. 2 Kêna ing darubêksi Pt = nêmu cilaka marga saka pangrenahing liyan (diracun, dituju-layar lsp).

Erawati. 1 Gêtêr-patêr dhèdhèt-erawati Pd = gumlêgêr swaraning blêdhèg. 2 Dèwi Erawati Pd = putrane pambayun Prabu Salya, kagarwa Wasi Jaladara (Baladewa, Kakrasana).

Irawan. Bambang Irawan Pd = putrane Janaka miyos saka dèwi Ulupi ing pratapan Yasarata.

Kilat. Cukat kadya kilat, kêsit kadya thathit = tandang kang cukat-trêngginas bangêt.

Langit. 1 Kandhang langit kêmul mega Br = ora duwe omah. 2 Bisa njara langit Pb = pintêr bangêt. 3 Têkan ing langit sap pitu Pt = dhuwur bangêt (tumrap pangkat lsp). 4 Padhang langite Et = katon bingar polatane, sênêng. 5 Salumahe bumi sakurêbe langit Pt = sajagad-rat.

Lintang. 1 Colok lintang Br = lêlungan wayah bêngi tanpa obor lsp. (mung tampa pêpadhange lintang). 2 Sura kalpa sêmune lintang sinipat Pl = pralambange Panêmbahan Senapati olèhe mênêlukake[8] para adipati kang sêtya marang darahe Sultan

--- 157 ---

Pajang tanpa wadyabala akèh, durung nganti rampung kêsêlak seda. 3 Cebol nggayuh lintang Bs = wong sèkèng darbe panjangka gêdhe (mokal bisane kalêksanan). 4 Adoh lintang binalang kayu, cêpak cupête tangèh kênane Br = panjangka, angarêp-arêp, panyuwun lsp. sing tangèh bisane kalêksanan. 5 Kalintang Kw = dahat, bangêt.

Mega. 1 Mega malang Pd = lapisan mega sing dhuwur dhewe. 2 Othak-othak mega Pt = dhuwur bangêt. 3 Mega = ulêsingdara.

Prabangkara. Jurusungging Prabangkara Bb = putrane Brawijaya I kang wasis bangêt nggambar.

Rêmbulan. 1 Ayune kaya rêmbulan Pp = ayu bangêt, danar-danar. 2 Padhang rêmbulan = wayah bêngi sing mawa soroting rêmbulan, kosok-baline: wêngi pêtêngan. 3 Rêmbulan kantha = rêmbulan ing sasi Jawa sadurunge tanggal 14-15, kosok-baline rêmbulan panglong = rêmbulan ing tanggal tuwa sasi Jawa. 4 Rêmbulan purnama-sidhi = rêmbulan kang sêmpurna, tanggal ping 14 - 15 sasi Jawa.

Srêngenge. 1 Pandêngan karo srêngenge Pb = mêmungsuhan karo wong kuwasa (panggêdhe). 2 Srêngenge pine, banyu kinum. bumi pinêndhêm, gêni pinanggang Slk = pangadilan sing ora bau-kapine. Têrange kaya padhange srêngenge, jêjêge kaya banyu sajrone wadhah, alusing pandangune marang sing prakaran ngibarat bumi pinêndhêm (andhap-asor), tibane putusan kaya gêni.

Sudama. 1 Asaraya sudama Pb = mènèhi sraya marang durjana. (Sudama = lintang, pêpindhane pitulungan kang diwènèhake, atêgês: awèh pêpadhang).

Surya. 1 Suryakantha = piranti diênggo ndêlêng barang lêmbut supaya katos gêdhe. 2 Pasuryan Ki = praupan, rai. 3 Surya kang miyos ing dalu Ws = rêmbulan. 4 Suryadilaga = jêjuluke K. G. Pakualam sadurunge yuswa 40 taun.

Thathit. 1 Thathit ngima-unthit Pb = nuduhake panguwasane.

Tawang. 1 Idêp dumêngèng tawang Cd = idêp ngêtonggèng, pucuke mayuk mandhuwur. 2 Kêsandhung ing rata kêbêntus ing tawang Pb = nêmu bêbaya sing ora kinira-kira. 3 Tawang-gantungan Pt = bocah kêmbar utawa dhampit sing laire lêt dina. Pd = arane nagara kang ratune asma Prabu Dasaswara (Dasakumara), iku yitmane Dasamuka. 4 Nggayuh tawang Pb = njangka prakara sing mokal. 5 Nggayuh ing tawang pêjah tan wikara Pb = nêdya nyêkêl durjana, wasana tumêka ing tiwas pinrajaya durjana sing nêdya dicêkêl.

--- 158 ---

Candra. 1 Candrakirana = dèwi Sêkartaji, garwane Panji Putra. 2 Candramawa = arane ulêse kucing. 3 Candradimuka = kawah ing Suralaya. 4 Luwih rupa kurang candra = isih luwih endah rupane tinimbang karo olèhe nyandra.

XLIII. GÊNI

Dasanama: 1 Gêni = latu, api, apyu, agni, bahni, dahana, brama, guna, anala, siking, pawaka, puya. 2 Sorot = sunar, cahya, ujwala, sunu, sênên,

praba, prawa, sirat, kênyar. 3 Obor = colok, suluh, oncor, oncong. 4 Kobong = kobar, kawlagar, kêbêsmi, tinunu.

Agar. 1 Gêni agaran = gêni olèh-olèhane ngagar. 2 Ngagar = gawe gêni sarana kayu digosokake. 3 Ngagar mêtu kawul Pb = nggêgêsah nanging ora pasah. 4 Kayu agaran = kayu sing diênggo ngagar. 5 Diagar-agari = diagag-agagi supaya wêdi.

Angêt. 1 Awake angêt Pt = rada lara (mriyang). 2 Timbangane angêt Pt = luwih abot sathithik saka mêsthine, kosok-baline: timbangane adhêm = kurang saka samêsthine. 3 Angêt kêmuku Pt = mangêt-mangêt. 4 Dingêt = dipanasi, digodhog manèh (tumrap panganan).

Arêng. 1 Arêng-watu = jasad irêng saka kayu kang kêpêndhêm ing lêmah (ngêmu lênga). 2 Ngaturi glondhong pangarêng-arêng Br = nyaosi pisungsung.

Bêsêm. 1 Mbêsêmake basa Jawa Et = ngrusakake kaendahane basa Jawa. 2 Mbêsêmake payung Pb = njalari sudaning kaluhuran.

Dahana. 1 Argadahana Pd = kahyangane Bathara Brama. 2 Smaradahana Kss = buku karangane Empu Darmaja, nyritakake: Bathara Guru mratapa, dilêpasi jêmparing Pancawisaya dening Kamajaya kang agawe badharing tapane, wasana Kamajaya banjur diobong dening Bathara Guru nganggo gêni kang mêtu saka têlênging palarapane Bathara Guru.

Gêni. 1 Nggêni = njêjaluk mrèntèk-mrèntèk. 2 Nggêniyara = tapa mung mangan sarwa mêntah. 3 Gêniraga = arane lurik utawa bêndera awarna abang. 4 Gêni pinanggang Bs = lagi nêpsu tampa wêwadul, saya muntap nêpsune. 5 Duk sandhing gêni Bs = wanita kumpul priya gampang tuwuhe bab kang ora prayoga. 6 Ora ana gêni tanpa kukus Bs = manawa ana lêlakon (kadadean) apa-apa mêsthi ana kabare. 7 Gêni guntur nilabêna Slk = prentahe panggêdhe kudu tumindak. 8 Ngidak gêni blubukan Pb = nrajang pakewuh tanpa wêweka. 9 Gêni salah Pt = gêni sing ora karuwan sangkane. 10 Pati-gêni =

--- 159 ---

tirakat tanpa mangan-ngombe lan ora wêruh gêni sarta soroting srêngenge (ana ing sênthong bae). 11 Balung gêni Ws = mawa. 12 Suwandageni Pd = pêndhita ing Ardisêkar (bapake Sumantri lan Sukasrana). 13 Wisargêni[9] Pd = putrane Janaka sing miyos saka widadari Dèwi Drêsanala. 14 Idu gêni Pb = klakon ing sagunême, digugu ing wong. 15 Balung gêni Ws = mawa.

Kukus. 1 Kukusan = piranti diênggo ngukus. 2 Kukus gantung Ws = sawang. 3 Nagara dhuwur kukuse Pt = misuwur, kuncara. Ora ana kukus tanpa gêni Bs = ora ana kabar tanpa kanyatan; yèn ana kabare, êmbuh gêdhe cilike mêsthi ana kadadean sing njalari anane kabar. 5 Kumukus =

mêtu kukuse; arane bangsa bumbu; arane lintang. 6 Kukuse kumêlun = nglandeng gêgulungan..

Urub. 1 Kanggo urub-urub = diênggo dadèn-gêni. 2 Atine murub Et = nêpsu bangêt. 3 Sandhangane murub-mubyar = momplyor bangêt, pating glêbyar. 4 Murub drajate Pb = akèh rêjêkine.

Obong. 1 Obong-obongan bale si gala-gala Pd = lakon wayang nyritakake Pêndhawa diobong Kurawa, dituduhi dalan-ngungsi dening garangan putih. 2 Ngobong wong Pt = nggêgêsah wong. 3 Mati obong = mati alêbu tumangan (mbelani patining guru-lakine).

Obor. 1 Kêpatèn obor Pb = kelangan lacak aluraning sadulur. 2 Nagara gêdhe obore, padhang jagade Pb = sakèhing prakara dititi-priksa kanthi adil.

Panas. 1 Panasbaran = panasbaranan = panastèn, gampang panas atine, nêpson. 2 Panas atine Et = muring lan mèri marang liyan. 3 Sing ngungkuli panasing gêni iku panasing ati Pt = panasing ati luwih mbêbayani tinimbang panasing gêni. 4 Dhuwitpanas Et = dhuwit kang dudu duwèke dhewe, yèn diênggo bisa nyilakani. (Dhuwite pakumpulan sing dadi tanggungane utawa dhuwit nagara). 5 Nglakoni panas-pêrih Pt = rêkasa lan kangèlan (susah). 6 Panastis = lara malaria (kaanane awake sadhela panas, sadhela atis utawa adhêm). 7 Panas karo panas dadi adhêm Ck = wedang panas disiramake gêni. 8 Adhêm karo adhêm dadi panas Ck = banyu adhêm dicêmplungi prongkolan gamping.

Suluh. 1 Suluhan = padone mripat sacêdhake irung. 2 Gêdhang suluh = matêng ana ing wit. 3 Nyuluh kodhok = golèk kodhok nganggo suluh (obor). 4 Asung sêsuluh Br = mènèhi pituduh. 5 Wayang suluh = wayang sing tuwuhe ing jaman perjuwangan (taun 1946), kanggo nênangi sêmangating rakyat.

--- 160 ---

Colok. 1 Dicolokake = dituduhake kalawan têrang-têrangan. 2 Asu abobot colok = abuntut irêng ing pucuke putih. 3 Nyolok mata Et = nindakake pakarti ala ing sangarêpe wong.

Wongwa. Nyaruk wongwa Pb = nyanak marang mungsuh. Wongwa Kw = gênimawa.

XLIV. WARNA

Arane warna: 1 Putih = dawala, pinge, pingul, seta. 2 Abang = jingga, jingga-loka, rêkta. Irêng = langking, krêsna. 4 Ijo = wilis. 5 Biru = bintulu. 6 Kuning = jênar, punar. 7 Gadhing = putih sêmu kuning. 8 Dadu = abang nom. 9 Jambon = abang-nom sumringah. 10 Kapuranta = kuning-tuwa. 11 Wungu = warna kaya awu.

Ulês: 1 Kêbo lamus = irêng sêmu klawu. 2 Kêbo bule = putih. 3 Jaran dhawuk = irêng kêcampuran putih. 4 Kucing kêmbang-asêm = abang sêmu kuning. 5 Jaran bopong = kuning mawa sikil irêng. 6 Jaran kêmbang-durèn = kuning. 7 Jaran lêmah-têlês = abang sêmu kuning. 8 Jaran (jangkrik) dragêm = abang sêmu irêng. 9 Jangkrik jrabang = abang. 10 Jangkrik jlithêng = irêng. 11 Kucing candramawa = irêng, sikil lan êndhase putih. 12 Jago wido = wulu ing gêgêre mawa pinggiran ijo. 13 Jago wiringgalih = abang, sikile irêng. 14 Jago wiringkuning = asikil kuning. 15 Jaran pancal = sikile putih. 16 Jaran pancalpanggung = putih sikile papat pisan. 17 Jaran napas = klawu sulak kuning. 18 Jaran prumpung = kuning sêmu putih. 19 Jaran janjan = sêmu kuning.

Warna sing bangêt: putih mêmplak (putih mulus), abang mbranang, kuning gumrining (ngunir bosok), ijo royo-royo, irêng thunthêng, biru kêcu.

Corake gêndera: 1 Gula-klapa aciri cakra = abang-putih têngêr cakra, gêndera prajurit tamtama. 2 Pare anom (ijo-kuning) aciri cakra, gêndera prajurit carangan. 3 Gêniroga (têngah irêng pinggir abang) tanpa ciri, gêndera kanayakan Gêdhongtêngên lan Gêdhongkiwa. 4 Alaskobong (têngah abang pinggir irêng) tanpa ciri, gêndera kanayakan kêparak-kiwa lan kêparak-têngên. 5 Bangotulak (manuk bango ulês tulak: têngah putih pinggir irêng), gêndera kawadanan kanayakan. 6 Sêkartêlêng (têngah biru pinggir putih), gêndera abdidalêm wadana. 7 Irêng aciri wanara-seta nyêkêl wit wringin, gêndera nayakasèwu. 8 Irêng aciridanawa- cêngkah lan wanaraseta, [wanara...]

--- 161 ---

[...seta,] gêndera wana gladhag. 9 Irêng aciri sastra Arab (pamburine diganti warna: putih-biru-abang), gêndera Kapatihan. Dasanama: Gêndera = panji, dwaja, lêlayu, rontèk, dludag, umbul-umbul, tunggul.

Abang. 1 kanggo abang-abang lambe Pt = diênggo ngenaki atine sing dijak gunêman. 2 Ngabangake kuping Et = agawe muring. 3 Cahyane abang dluwang Sn = pucêt bangêt. 4 Dijênangake abang Pt = diwènèhi jênêng. 5 Bang-bang wetan = wayah ngarêpake surya mlêthèk, langit ing sisih wetan katon abang. 6 Nyêkêl bang-bang aluming praja Br = nguwasani nagara lan tanggung-jawab ala-bêcike. 7 Ngabang-bironi Pt = (cahyane cat abang cat biru) judhêg lan bingung kêslêpêk ing butuh lsp. 8 Yèn nginanga durung abang, idua durung asat Br = lagi sêdhela bangêt. 9 Akampuh polèng bang-bintulu, Pd = adodot polèng abang-biru (Wrêkudara, Anoman). 10 Bayi-abang = bayi mêntas lair. 11 Wong abangan = ora nglakoni sarengate agama.

Dhawuk. 1 Wis dhawuk Pt = wis tuwa (bangêt).

Jingga. 1 Sêmangka jingga = sêmangka ing têngahe (ing jêrone) abang. 2 Menakjingga Pd = Adipati Blambangan kang mbalela marang Prabu

Kênya Majapait, malah nêdya nggarwa Sang Prabu. 3 Ngagêm kampuh jingga tinêpi = mawa kampuh sing pinggire awarna abang. 4 Mirong akampuh jingga Pb = madêg kraman.

Jlithêng. 1 Jangkrik jlithêng = jangkrik irêng. 2 Jlithêng kakangku = pangundange Wrêkudara marang Krêsna, sabab Krêsna irêng (cêmani).

Ijo. 1 Ngijo = tuku pari ing sadurunge diênèni. 2 Cahyane ijo Pt = pucêt marga kuwirangan. 3 Ijo-pupus = ijo-gadhung, ijo-nom. 4 Isih lawa ijo Pt = isih lamban (ora anak ora bojo). 5 Gêdhang kapok gêdhang ijo, wong mondhok dadi bojo Pr = sok diênggo nyêngèsi wong mondhok sing banjur dadi bojone sing dipondhoki (anake). 6 Ijoan = (matur) lèsan, ora nganggo layang. 7 Kêbo-Ijo = Mr. Kêbo.

Irêng. 1 Katrêsnane sakuku irêng Pp = cilik, nanging lêstari ing salawase. 2 Rara Irêng Pd = Sumbadra. 3 Irêng-manis Pt = irêng, nanging ngrêsêpake. 4 Irêng cêmani = irêng têrus têkan jêrone. 5 Sêmut irêng anak-anak sapi = dèwi Sapudhi putri saka Wandhan, irêng manis, kagarwa Brawijaya pêputra Lêmbupêtêng.

Kuning. 1 Sunan Kuning Bb = Mas Garêndi jumênêng Sunan dibiyantu wadyabala kuning, yaiku jaman huru-hara Tionghwa (jamane S. Pakubuwana II taun 1740). 2 Gada Wêsikuning [Wêsi...]

--- 162 ---

[...kuning] = arane sawah sing sangar. 5 Randhu-kuning = randhu sing kayune kuning kêna diênggo sarungan kêris.

Putih. 1 Putih njaba Pt = ing lair katon suci, batine ora suci. 2 Agêtih putih Pt = suci. 3 Tanah mutihan Pt = desa sing ora diwajibake mbayar pajêg (jaman biyèn), lumrahe ing kono ana pasareane bangsa luhur. 4 Mutih Pt = tirakat mung mangan sêga thok. 5 Pêndhitaning antiga, putih jaba jêro kuning = ing laire katon suci, nanging batine darbe sêdya ala.

Rêkta. 1 Pala rêkta Ws = (woh awarna abang) bolu. 2 We rêkta kang muroni Ws = anggur.

Seta. 1 Radèn Seta Pd = putrane pambayun Prabu Maswapati ing Wiratha. 2 Wanara-seta Pd = Anoman, Sênggana. 3 Seta-Kumitir Pd = putrane Patih Logêndèr ing Majapait.

Tunggul. 1 Tunggul panantang = layang panantang pêrang. 2 Lading tunggul = lading awangun saèmpêr arit. 3 Têtunggul = kang pinunjul dhewe. 4 Panunggul = driji têngah, uga atêgês: mripate suwêng utawa ali-ali ing têngah dhewe. 5 Wilahan panunggul = (wilahane gamêlan laras pelog) wilahan bêm. 6 Tunggul Amêtung Bb = adipati Tumapêl, garwane asma Kèn Dhèdhès, pêputra Anusapati. 7 Tunggulnaga = songsonge Puntadewa, songsonge Jayèngrana.

Warna. 1 Sulistya ing warna Br = ayu (bagus). 2 Mancala warna Kw = malih warna. 3 Kawarna (winarna) Br = kacarita, kocap. 4 Prabu Bisawarna Pd = Ratu Singgêla nalika timure asmane Dêntawilukrama (putrane Wibisana). 5 Gêndera Dwiwarna = Sang Saka, Sang Merah-putih. 6 Basa dwiwarna = têmbung-têmbung kang ora ana kramane, nanging ana kramane inggil, kayata: gêlang-binggêl, rambut-rema lsp. 7 Basa triwarna = têmbung-têmbung sing ana kramane lan uga ana kramane inggil, kayata: jarit-sinjang-nyamping, mangan-nêdha-dhahar lsp.

Wilis. 1 Nglalêr wilis Pb = atindak nistha, nguthuh ora idhêp isin. 2 Wadyabalane tan kêna winilis Kw = wadyabalane ora kêna dietung, tanpa wilangan, akèh bangêt.

XLV. BANYU

Dasanama: 1 Banyu = arjuna, jala, jahni, jahnawi, hèr, loh (lwah), ranu, sindu, tirta, tuban, udaka, warih, we. 2 Udan = jawah, jawuh, jawoh, krêmun, rarabi, rêrêp, riris, surur, warsa. 3 Sagara = jaladhian, jaladri, jalanidhi, laut,

--- 163 ---

samudra, tasik, udadi,, waudadi, arnawa. 4 Kali = lèpèn, loh (lwah), banawi, bangawan, nadhi, narmada. Awun-awun = bun (grimis) ing wayah esuk.

Banjir. 1 Banjir-bandhang = banjir gêdhe sing agawe karusakan. 2 Kêbanjiran sagara madu Pb = nêmu kabêgjan gêdhe.

Banyu. 1 Banyu gege = banyu mawa kêmbang dimantrani diênggo ngêdusi bayi. 2 Banyu windu = banyu diwayokake. 3 Banyon = wilangan pambanyune jago sing diêdu; uga atêgês: landhane taibêsi sing diênggo sisig (untu). Banyu tangi = banyu dicampuri wedang diênggo adus wong lara. 5 Mbanyuwara = tirakat sarana nyirik banyu. 6 Banyu tawa = banyu wantah, kosok-baline: banyu asin. 7 Banyu-mas = bênang-mas (dianggo mbludir lsp). 8 Banyurasa = jasad kaya jer-jeran timbêl. 9 Kabanyurasa upaya Pb = kêna mêmanise ruba (bêsêl). 10 Banyu tuli = banyu sing diênggo sarat nambani. 11 Lêbak ilining banyu Pb = wong cilik lumrah diênggo tiban kaluputan. 12 Nggarap banyu = wêruh banyu, nggarap sari, kèl. 13 Tunggal banyu Pb = tunggal guru (ngèlmu), kayata: Prabu Jayabaya karo Ajar Subrata padha dene maguru marang Maulana Ali Samsyu Zain. 14 Banyu pinêrang Pb = pasulayan sadulur enggal rukun manèh. 15 Dom sumurup ing banyu Bs = tindak nyamar dhêdhêmitan. 16 Ngangsu banyu ing kranjang Pb = maguru, sawise olèh kawruh ora diênggo. 17 Ngubak-ubak banyu bêning Pb = gawe rêrusuh. 18 Golèk banyu bêning Pb = maguru, madhukun. 19 Ora ana banyu mili mandhuwur Pb = wêwatakane anak padha karo wong-tuwane. 20 Dikêna iwake aja buthêk banyune Bs = sêdyane bisaa kalêksanan, nanging aja

nganti gawe gêndra. 21 Wani cur-curan banyu kêndhi Pb = wani sumpah. 22 Pisuguhe mbanyu-mili Pp = tanpa pêdhot. 23 Mantu mbanyu mili Pb = mantu saka siji lumintu. 24 Bêbanyu = ngising. 25 Lara banyunên Pt = lara ngising. 26 Caruk-banyu Pt = gêdhe-cilik ala-bêcik dianggêp padha. 27 Banyu sinaring Pb = tansah wêweka ngulatake budining liyan. 28 Bahni nêmpuh banyu Bs = wong prakaran, sawise diadili banjur nggugat marang sing ngadili. 29 Dadia banyu moh nyawuk Pt = moh sapa-aruh. 30 Kaêdusan banyu sasiwur Pb = wong pirang-pirang tampa pawèwèh (sêga lsp) sathithik.

Blabur. Mubra-mubru blabur madu Pb = sarwa kacukupan uripe.

Bun. 1 Ngadhang-adhang tètèsing bun Pb = ngarêp-arêp pawèwèh (sih-wilasa) sing durung karuwan têkane. 2 Ngêbun-bun enjang, njêjawah sontên Ws = (bun wayah esuk = awun-awun; udan wayah sore = rarabi) nyuwun rabi, nglamar.

--- 164 ---

Jamban. Gandane arum jamban Sn = ora enak bangêt ambune (bangêr bangêt, amis bangêt).

Grojogan. 1 Kriwikan dadi grojogan Pb = prakara sapele dadi gêdhe. 2 Grojogansèwu Pd = pratapane Baladewa ing sajrone Bratayuda (saka pamrayogane Krêsna).

Guskara. Angguskara Pb = wong duwe wêwênang nggugat ora ditindakake: pêpindhane sumur, ora mili banyune. Guskara Kw = sumur.

Hèr. 1 Hèr mina(ng)kata Br = nungsung warta (pêpindhane kaya panungsunge mina utawa iwak ing banyu). 2 Hèr gung raja manung Bs = wong sugih sing bèrbudi.

Ili. 1 Ngili = ngungsi mênyang liya panggonan. 2 Jurang grawah ora mili Bs = katone loma, satêmêne cêthil. 3 Numpal kèli Pb = lêlungan lakune sarana nunut-nunut, lan tanpa jujug.

Kali. 1 Dèwi Kali - Bathari Durga. 2 Kaliyuga = arane jaman. 3 Kalijaga = asmane Wali kang nalika timure asma Radèn Sahid, putrane Tumênggung Wilatikta ing Jêpara; asma Kalijaga, marga dêdunung ing dhukuh Kalijaga (Cirêbon).

Kêdhung. 1 Dhayung olèh kêdhung Bs = darbe sêdya olèh dalan prayoga. 2 Kêdhung jêro kêna dijajagi, balik atine wong sapa sing ngrêti Pt = wong ora bisa nggagapi batining liyan. 3 Kali ilang kêdhunge, pasar ilang kumandhange (Jangka Ranggawarsitan) = titikan wiwite kaanane tanah Jawa ora nyênêngake (wong-wong padha rêkasa uripe).

Klêbus. Cincing-cincing klêbus Pb = niyate ngirit, wasana malah sangsaya luwih akèh wragade.

Kocak. 1 Kocak tandha lukak Pb = umuk pratandha kurang kapintêrane. 2 Kêbak-lubèr kocak-kacik Pb = wong owah pikire lan ndlêming, lumrahe marga kabotan ngèlmu-tuwa.

Lukak. 1 Lukak apapak Pb = wong bodho sing ambêke kaya wong pintêr, kaya bisa mapaki kapintêrane. 2 Kocak tandha lukak = Mr. Kocak.

Pacerèn. Rêsik pacerèn[10] Pt = ngunèn-unèni wong sakatoge, bêbasan nganti êntèk golèk kurang amèk (têtêmbungane sing diênggo ngunèn-unèni).

Riris. 1 Riris arda Ws = udan dêrês. 2 Udan riris = arane corak bathikan. 3 Gora gêtih nêmu riris Pb = misah wong kêrêngan wasana kêtaton, marga kêtaman gêgamane sing padha kêrêngan.

Sagara. 1 Uyah kêcêmplung sagara Pb = wèwèh marang wong sugih. 2 Rupak sagarane Pb = ora gampang ngapura luputing

--- 165 ---

liyan. 3 Jêmbar sagarane Pb = sugih pangapura. 4 Ati sagara = momot-mêngku bangêt atine. 5 Disagarani Pt = disabari, dirêngkuh kalawan pangapura. 6 Sagara aestha wasa Slk = priya nyêkêl wanita kaya marang bojone dhewe. 7 Sagara wacana Slk = priya anjawat wanita (dudu bojone dhewe).

Sêndhang. 1 Sêndhang kaapit pancuran Pt = anak 3 panêngahe wadon. 2 Pancuran kaapit sêndhang Pt = anak 3 panengahe lanang.

Sindu. 1 Kali Sindu = kali Indus (ing India). 2 Sinduraja = Tirtanata. Jayadrata, Ratu ing Banakêling. 3 Sindusastra = Pujangga kang ngarang Arjunasasrabau. Sumbadralarung lsp.

Sumur. 1 Sumur lumaku tinimba Bs = wong kumudu-kudu dijaluki warah. 2 Sumur sinaba Bs = wong sing dadi jujuganing liyan kang nêdya njaluk tulung. 3 Nyumur gumuling Bs = babar-pisan ora bisa simpên wadi. 4 Sumur Jalatundha = padunungane Nagaraja kang pêputra dèwi Pratiwi (kagarwa Krêsana) lan Pratiwanggana.

Sungsung. 1 Nungsung warta Br = takon warta. 2 Nungsung guyu Br = mêthukake kanthi ulat manis (karo mèsêm). 3 Pisungsung = pawèwèh marang bangsa luhur.

Suwakan. Ngubak-ubak suwakane dhewe Pb = gawe rêrusuh ana ing laladane dhewe.

Tirta. 1 Tirta amrêta Kw = banyu wing njalari kalis ing pati. (A = ora. Mrêta = mati. Amrêta = ora mati, kalis ing pati). 2 Tirta sah saking sasana Cd = candrane mangsa Sadda (Karolas) ora ana wong kringêtên (marga bêdhidhing). 3 Tirtakandhasan Pd = nagarane Prabu Kurandhagêni (putarane asma Kartawiyoga sing ndhustha Dèwi Erawati). 4 Tirtanata Pd = Jayadrata, Arya Sindura. 5 Tirtatinalang Pd = nagarane Aswatama. 6 Tirta candra gêni raditya Slk = pangadilan sing jêjêg bangêt, ora bau-kapine; titine kaya banyu, aluse yèn ndangu kaya rêmbulan, tibane putusan kaya gêni, pariksane kaya srêngenge (raditya).

Toya. 1 Têtoya Kr = bêbuwang, ngising. 2 Atoya marta Bs = nglakoni ing saujare.

Udan. 1 Udan tangis Pt = akèh wong nangis. 2 Diudani mimis Pt = dikrutug mimis, dibêdhili. 3 Udan kêthèk (macan dhedhe) = udan, nanging srêngêngêne katon. 4 Udan sinêmèni = udan mawa swara kumrusuk nanging durung tiba, sing wis udan ing papan liya. 5 Udan woh = udan sing tlêthoke gêdhe (kêcampuran ès). 6 Udan barat = udan mawa angin.

--- 166 ---

Warih. 1 Trahing andana warih Br = turune bangsa luhur. 2 Ngangsu apikulan warih Ib = golèk ngèlmu wis alambaran ngèlmu sing arêp diwêjangake (wis sangu dhêdhasare ngèlmu iku).

XLVI. ANGIN, KEBLAT (MATA-ANGIN)

Dasanama: 1 Angin = riwut, bajra, sindhung, anila, bayu, aliwawar, tata, barat, samirana, pawana, prahara, ampuhan. 2 Ngarêp = ngarsa, ngayun, byantara. 3 Buri = wuri, pungkur, wingking, wuntat. Kering = kiwa. Kanan = têngên. Keblat: Lor = utara. Wetan = timur, purwa. Kidul = duksina. Kulon = pascima. Lor-kulon = nurwitri. Lor-wetan = narasunya. Kidul-wetan = byabya. Kidul-kulon = kaneya.

Abab. Mung abab bae = mung swara thok (tanpa kanyatan).

Angin.1Olèh angin = bisa kêtampêk angin (tumrap layangan lsp). 1 Olèh angin bêcik Pt = ana ungup-ungupe bakal tampa kabêgjan. 3 Masuk-angin = kêmbung (tumrap wêtêng). 4 Angin dharat = angin sing asale saka dharat. 5 Angin laut = angin sing asale saka sagara. 6 Samparangin = godhong turi. 7 Tanah atas-angin = tanah sing dadi tuke angin (Asia). 8 Angin silêm ing warih Slk = durjana sing ora katon sedyane ala. 9 Bisa njaring angin Pb = pintêr bangêt. 10 Kumrisik tanpa kanginan Pb = sanadyan ora ditarka, sarèhne rumangsa tumindak ala, atine ora kapenak. 11 Madu angin Pt = ngrêmbug prakara sing tanpa guna.

Bayu. 1 Tanpa bêbayu Br = lêmês tanpa kêkuwatan. 2 Bayu-bajra Kw = angin lan blêdhèg. 3 Darah bayu Pd = kang kasinungan daya bisa

mangrèh lakune bayu (angin), yaiku: Bathara Bayu, Anoman, Wrêkudara, Bagawan Maenaka, Wil Jajahwrêka, Liman Situbanda, Nagakuwara lan Garudha Mahambira.

Buri. 1 Pamburi = arane punggawa desa (bêkêl). 2 Ing têmbeburi = ing besuke. 3 Obah ngarêp kobèt buri Pt = yèn sing dadi pangarêp gêlêm ada-ada (inisyatip) andhahane melu bae.

Duksina. Tan èngêt purwa-duksina Br = kantaka, kantu, kapidara, sumaput, klêngêr.

Dhuwur. 1 Wong dhuwur Et = wong apangkat gêdhe. 2 Kêmbang dhuwuran Pt = kêmbang galihan, yaiku kêmbang sing apik-apik diênggo sajèn (mawar, kanthil lsp). 3 Sing dhuwur diurugi, supaya padha karo sing êndhèk Ck = timbangan (traju, dhacinan lsp).

Hawa. 1 Hawa-nêpsu = dêrênging ati marang pêpenginan. 2 Hawa-kamurkan = pangangsa-angsa. 3 Nguja hawa = nuruti karêping [ka...]

--- 167 ---

[...rêping] ati (ala). 4 Nutupi babahan hawa sanga = kabèh pirantining pangrasa (warna 9) ora makarti.

Kiwa. 1 Papan kang kiwa Pt = panggonan sing ora adhakan, ora kêrêp diambah ing wong. 2 Rupane kiwa Pt = ora ayu (ora bagus). 3 Laku ngiwa Pt = panggawe sèdhèng (tumrap wanita). 4 Prakara iku kiwakna bae Pt = sisihna, aja kopikir.

Lor. 1 Nggutuk lor kêna kidul Pb = nyêmoni (ngunèni wong, mituturi lsp. sarana ditibakake marang wong liya). 2 Kêkarêpane ngalor-ngidul Pt = kêkarêpane ora padha (kosok-balèn).

Maruta. Katiyup maruta manda Br = kêsiliran ing angin midid, kêtaman angin silir-silir.

Ngarêp. 1 Pangarêp = pangarsa, pangayun, panggêdhe. 2 Obah ngarêp, kobèt buri = Mr. buri.

Ngarsa. Piyak ngarsa tangkêp wuri Br = ing ngarêp padha sumisih ngiwa-nêngên, ing buri tumangkêp manèh. (Para abdi ing ngarsane Sang Prabu sumisih ngiwa-nêngên, nanging banjur tumangkêp manèh ing sapêngkêre Sang Prabu, yaiku sawise Sang Prabu miyos ing papan iku).

Ngisor. Ngisor galêng dhuwur galêng Pb = sadulur saka pancêr wadon lan saka pancêr lanang.

Sisih. 1 Durung darbe sisihan Br = durung duwe bojo. 2 Prakara iku sisihna bae Pt = singkirna bae, aja kopikir. 3 Baguse tanpa sisihan = ora

ana sing nimbangi. 4 Pilih-sih Pt = ora adil, ora padha pangrêngkuhe, bot-sih.

Têngah. 1 Wong satêngah Pt = edan. 2 Satêngah tuwuh Pt = satêngah umur (35-40 taun). 3 Satriya panêngah Pandhawa Ws = Janaka. 4 Nglangi ing têngah mati ing pinggir Pb = wis nggarap pagawean watara olèh saparo banjur lèrèn, ora ditêrusake. 5 Sing padu têngahana Pt = sapihên, adilana.

Têngên. 1 Papan têngên Pt = papan sing adhakan, papan sing kêrêp diambah. 2 Siswa sing kêtêngên dening Guru Pt = sing dikasihi, ditrêsani. 3 Nêngênake pangan Pt = mrêlokake bangêt marang pangan, nggêdhèkake pangan. 4 Kelangan bau têngên Pt = koncatan kanca, sadulur lsp sing gêdhe pambiyantune pagawean.

Wetan. 1 Barat wetan wijilipun Ws = angin timur. 2 Wong wetanan Pt = wong Asia, kosok-baline wong kulonan = wong Eropa, bangsa kulit putih.

Wingking. 1 Kanca wingking Pt = rabi kula (semah kula). 2 Wingking pundi pinangka, ngajêng pundi sinêdya Br = asal sampeyan ing pundi lan badhe dhatêng pundi.

--- 168 ---

XLVII. WÊKTU

Dasanama: 1 Wêktu = wayah, wanci, wêkdal, kala, mangsa, ungsum. 2 Dina = ari, wara. 3 Sasi = santun, wulan, candra. 4 Taun = warsa. 5 Awan = siyang, rina. 6 Bêngi = dalu, ratri. Arane wêktu (sajrone 24 jam). Byar jam 6. Gumatêl jam 9. Pêcat sawêt jam 10. Têngange (bêdhug) jam 12. Luhur jam 13. Lingsir kulon jam 14. Asar jam 16. Tunggangunung jam 17. Tibralayu jam 18. Sandikala jam 18. Mahrib jam 18. Bakda mahrib jam 19. Isa jam 10.30.[11] Bakda isa jam 20. Sirêp bocah jam 22. Sirêp wong jam 23. Bêdhug dawa (bêdhug bêngi) jam 24. Lingsir wêngi jam 1. Titiyoni jam 2. Jago bluruk sapisan jam 3. Jago kluruk kaping pindho jam 4. Bêdhug têlu (subuh) jam 4. Jago kluruk kaping têlu jam 5. Gagat raina jam 5. Saput lêbu (saput lêmah) jam 5.30.

Jaman gêdhe diarani Kali, manut buku Pranitiwakya ana 3 warna: I Kaliswara, diperang dadi jaman cilik 7: Kala Kukila, Kl. Buda, Kl. Brawa, Kl. Tirta, Kl. Rwabasara, Kl. Rwabawa, Kl. Purwa. II Kaliyuga, perang-perangane: Kl. Brata, Kl. Dwara. Kl. Dwapara, Kl. Pranti, Kl. Têtêka, Kl. Wisesa. Kl. Wisaya. III. Kalisangara, perang-perangane: Kl. Jangga, Kl. Sakti, Kl. Jaya, Kl. Bêndu, Kl. Suba, Kl. Sumbaga, Kl. Surata.

Arane windu: Kuntara, Sangara, Sancaya, Adi.

Arane taun: Alib, Ehe, Jimawal, Je, Dal, Be, Wawu, Jimakir.

Arane dina (Kawi): Soma, Anggara, Buda, Rêspati, Sukra, Tumpak, Dite.

Arane pasaran: (saka Pon): Palguna, Cêmêngan, Kasih, Manis, Jênar.

Ari. 1 Ari-ari = êmbing-êmbing. 2 Aribawana Pd = Ariloka, jangate Bathara Ari. 3 Bathara Ari Pd = Bathara Wisnu. 4 Arimurti Pd = Wisnu, uga asmane Krêsna. 5 Ariwarti Kw = (yayang) kabar dinan. 6 Kakang kawah adhi ari-ari = Mr. kawah.

Dina. 1 Dina bêcik = dina sing prayoga diênggo duwe gawe lsp. 2 Kalingga dina Pt = kêlêtan dina. 3 Dina gêdhe Pt = dina kang wigati, dina sing dimulyakake. 4 Dina naas Pt = dina sing disirik ora kêna diênggo ngadani pagawean wigati (mantu, ngêdêgake olah lsp). 5 Ana dina ana upa Pt = ora nguwatirake pangan, pracaya yèn sabên dina mêsthi bisa mangan. 6 Padinan = ditindakake (diênggo) sabên dina.

Jaman. 1 Jaman warna papat: Krêtayuga, Tirtayuga, Duparayuga, Kaliyuga. (Yuga = jaman). 2 Sajaman = 100 taun =

--- 169 ---

saabad. 3 Sajaman gêdhe = 1000 taun. 4 Amênangi jaman edan Pt = ngalami urip ing jaman kasusilan rusak (moril bêjad). 5 Ora njaman Pt = ora manut kaanan (ombyaking)jaman. 6 Ora jaman ora makam Pt = ora miturut kalumrahane wong akèh; uga atêgês: ora karuwan asale. 7 Lambang jaman: a) Andêrpati Kalawisesa = jaman Pajajaran, wong-wong padha wani nglabuhi agama Siwah (Kalawisesa = Bathara Siwah). b)RajapatiDewanata = jaman Majapait, sing jumênêng ratu prasasat ratuning dewa (Raja = ratu. Pati = ratu. Rajapati = ratuning ratu, ratu agung).c) Adiyati Kalawisaya = jaman Dêmak, sing jumênêng ratu prasasat pêndhita linuwih (Adi = linuwih. Yati = pêndhita. Kalawisaya = Bathara Guru).d) Kalajangga = jaman Pajang, sing jumênêng ratu karêm ulah asmara (Kalajangga = jêjuluke Bathara Asmara).e) Kalasakti = jaman Mataram, ratu lan kawulane sênêng ulah kaprajuriatan (Kalasakti = jêjuluke Bathara Wisnu). f) Kalajaya = jaman Wanakarta. Ana ngêndi dunungе nagara lan ratune, durung ana wong sing ngrêti. g) Kalabêndu = durung ana sing ngrêti pralambange nagara ngêndi.

Esuk. 1 Ésuk kêdhêle sore tempe Pt = gunêm mencla-mencle. 2 Jarit esuk-sore Pt = jarit pasar-sore = jarit sing coraking bathikane kiwa-têngên (wolak-walik) ora padha. 3 Prak-esuk Pt = mèh raina.

Gêthèk. 1 Karo gêthèk = karo tugêl gêthèk Pt = karo gêthèk dina = 1½ awan. 2 Digêthèk Pt = bênêre dibêthèk, yaiku diukum diwirangake sarana kinubêngan bêthèk supaya ditonton wong akèh.

Kala. 1 Kala-kala = ing wêktu kang ora ajêg. 2 Kalabêndu = jaman kang pakrabawan Bathara Kala, wong-wong padha rusak kasusilane. 3 Kalabêndu sêmune Sêmarang lan Têmbayat Pl = pralambange P.

Dipanagara nalika madêg suraning panggalihe lan nglawan panguwasane kompêni. (Sêmarang ngibarat kompêni, Têmbayat ngibarat P. Dipanagara). 4 Kalajangga Pl = pralambange jaman Pajang, Ratu (JakaTingkir) sanayakane padha nggêdhèkake ulah asmara. (Kalajangga iku jêjuluke Bathara Asmara). 5 Kalasakti Pl = pralambange jaman Mataram, Ratu sakawulane padha sênêng ulah kaprajuritan. (Kalasakti iku jêjuluke Bathara Wisnu, Dewa awatak prajurit, sênêng mêmayu ayuning bawana). 6 Kalanadhah Pd = kêrise Arjuna, asale saka siyunge Bathara Kala dicabut dening Bathara Guru lan disabdakake dadi kêris. 7 Kaladite Pd = kêrise adipati Karna. 8 Kalapracana Pd = Ratu Gilingwêsi [Giling...]

--- 170 ---

[...wêsi] kang seda dening Gathutkaca; patihe aran Kasipu uga seda dening Gathutkaca (Lakon laire Gathutkaca). 9 Amurwakala Pd = lakon wayang sing lumrah diênggo ngruwat bocah ontang-anting, kêmbangsapasang, ugêr-ugêr lawang lsp. 10. Candrasangkala Kss = kala (sangkalan) sing pangetunge manut lakune rêmbulan (candra). 11 Suryasangkala Kss = kala (sangkalan) sing pangetunge manut lakune surya. 12 Sandya-kala = sandi-kala = kala (wêktu) sing nggandhèng wêktu awan karo bêngi, yaiku wêktu rêpêt-rêpêt. 13 Nggugat kala Pt = sêmpurnane kudu: nggugat kala samana = nggugat prakara sing wis kêpungkur. 14 Ngudang siyunge Bathara Kala Pb = nantang sudukan (nganggo kêris).

Mangsa. 1 Angon mangsa Pt = angon kosok = kosok = nangguh wêktu kang prayoga. 2 Mangsa pailan Pt = mangsa pacêklik, larang pangan. 3 Mangsa pagêblug = mangsa akèh wong mati. 4 Mangsa labuh = ngarêpake rêndhêng (wiwit ana udan, mangsane wiwit nggarap sawah). 5 Mangsa rêndhêng = mangsa akèh udan. 6 Mangsa marèng = ngarêpake mangsa kêtiga. 7 Mangsa kêtiga = mangsa têrang, ora ana udan. 8 Mangsa borong = mangsa bodhoa, dakpasrahake (marang kowe), aku ora mèlu-mèlu. 9 Mangsa gêlêma = mokal yèn gêlêm. 10 Mangsa-tara = mangsa ora ana udan sajrone rêndhêng. 11 Madumangsa = arane panganan. 12 Mangsa warna rolas (umure, tanggale lan candrane).

I Kasa (Kartika) 41 dina, 21/22 Juni: Sotya murca saking êmbanan (wit padha brindhil).

II Karo (Pusa) 23 dina, 1/2 Agustus: Bantala rêngka (lêmah nêla).

III Katêlu (Manggasri) 24 dina, 24/25 Agustus: Suta manut ing bapa (Wit gadhung mrambat).

IV Kapat (Sitra) 25 dina, 17/18 Sèptèmbêr: Waspa kumêmbêng jroning kalbu (tuk pipet).

V Kalima (Manggakala) 27 dina, 12/13 Oktober: Pancuran mas sumawur ing jagad (wiwit ana udan gêdhe).

VI Kanêm (Naya) 43 dina, 8/9 Nopèmbêr: Rasa mulyakasucian (akèh woh-wohwn).

VII Kapitu (Palguna) 43 dina, 21/22 Desèmbêr: Wisa kentar ing maruta (akèh lêlara).

VIII Kawolu (Wisaka) 26/27 Pebruari: Anjrah jroning kayun (akèh kucing gandhik).

IX Kasanga (Jita) 25 dina, 29 Pebruari / 2 Maret: Wêdhare wacana mulya (gangsir ngênthir).

--- 171 ---

X Kasapuluh (Srawana) 24 dina, 25/26 Marêt: Gêdhong minêb jroning kalbu (manuk ngêndhog).

XI Kasawêlas (Dhêstha, Padrawana) 23 dina, 18/19April: Sotya sinarawèdi (manuk ngloloh). XII Karolas (Saddha, Asuji) 41 dina, 11/12 Mèi: Tirta sah saking sasana (ora ana wong kringêtên, mangsa bêdhidhing).

Carane nitèni (ngetung) mangsa: Yèn sasine luwih saka 6 kudu dilong 6; yèn kurang saka 6 kudu diwuwuhi 6. Tuladha: sasi 1 (Januari) + 6 = 7; dadi sasi Januari tiba mangsa Kapitu. Sasi 11 (Nopèmbêr) - 6 = 5; dadi sasi Nopèmbêr mangsa Kalima.

Naas. Sing dianggêp dina Naas warna têlu: 1 Dina (tanggal) patine wong tuwane dhewe lan maratuwa. 2 Patine sasi lan patine taun (wêkasane). 3 Naas Nabi, yaiku: 13 Sura, Nabi Ibrahim diobong Raja Namrud. 3 Mulud, N. Adam diturunake saka swarga. 16 Rabingulakir, N. Yusup dicêmplungake sumur. 5 Jumadilawal, N. Nuh kinêlêm samodra. 21 Pasa, N. Musa pêrang karo Raja Pirngon. 24 dulkangidah, N. Yunus diuntal iwak. 25 Bêsar, N. Muhammad singidan ing guwa.

Sasi.Arane sasi Jawa: 1 Sura (Muharam), 2 Sapar, 3 Rabingulawal (Mulud), 3[12] Rabingulakir (Bakda-mulud), 5 Jumadilawal, 6 Jumadilakir, 7 Rêjêb, 8 Ruwah (Syaban),[13] Pasa (Ramêlan), 10 Sawal, 11Dulkangidah (Apit, Sêla), 12 Bêsar, (Dulhaji, Dulkijah). Sing umure 30 dina: Sura Rabingulawal, Jumadilawal, Rêjêb, Pasa, Dulkangidah. Sing umure 29 dina: Sapar, Rabingulakir, Ruwah, Sawal. Umure sasi Bêsar ing taun wuntu 30 dina, ing taun wastu 29 dina.

Taun. 1 Edan taun = edan kumat-kumatan, sataun sapisan. 2 Taun wuntu = taun dawa. 3 Taun wuntu Jawa = taun kang umure 355 dina, yaiku taun Jimakir. 4 Taun wuntu Masèhi = 366 dina, yaiku yèn cacahe taun

cèplês dipara 4, nanging ora cèplês dipara 400, Pêbruari umure 29 dina. 5 Taun Jawa = 354 dina, yaiku Alip. Ehe, Jimawal, Je, Dal, Be, Wawu; dadi mung Jimakir thok sing taun wuntu. 6 Taun wastu Masèhi = 365 dina, Pebruari umure 28 dina. 7 Tanggale taun Jawa yaiku: Sura, biyèn manut Aboge, saiki Asapon: Alip-Slasa Pon, Ehe-Sêtu Paing, Jimawal-Kêmis Paing, Wawu-Ngahad Wage, Jimakir-Kêmis Pon.

Tumbuk. 1 Mangsa tumbuk = mangsa plêthèking srêngenge ana ing wetan bênêr (ing sadhuwure bênêr garis kêndhiting jagad utawa Katulistiwa). 2 Tumbuk-taun utawa tumbuk-cilik =

--- 172 ---

wêtonan (kalairan) umur sawindu (8 taun): arane dina, pasaran, tanggale, sasi Jawa lan taune tumbuk. (Tumbuk = gathuk). 3 Tumbuk-pawukon = wêtonan umur 16 taun: arane dina, pasaran, tanggale, sasi Jawa, taune, paringkêlane lan pawukone tumbuk. 4 Tumbuk-windu utawa tumbuk-gêdhe = 32 taun: arane dina, pasaran, tanggale, sasine Jawa, taune, paringkêlane, pawukone lan windune tumbuk (gathuk, padha karo nalika laire saka guwa-garba). 5 Gajah tumbuk kancil mati ing têngah = sing apasulayan wong gêdhe, sing cilaka wong apangkat cilik (upamane carik). 6 Kêtumbuk bêntus = ngalami ora kapenak luwih saka sawarna.

Wara. 1 Pancawara = dina lima: Palguna, Cêmêngan, Kasih, Manis, Jênar. 2 Sadwara = dina nênêm utawa Paringkêlan: Tungle, Aryang, Warukung, Paningron, Uwas, Mawulu. 3 Saptawara = dina pitu: Soma, Anggara, Buda, Rêspati, Sukra, Tumpak, Dite. 4 Asthawara = dina wolu utawa Kadewan: Sri, Endra, Guru, Yama, Lodra, Brama, Kala, Uma. 5 Sangawara = dina sanga utawa Padangon: Dangu, Jagur, Gigis, Kerangan, Nohan, Wogan, Tulus, Wurung, dadi.

Warsa. 1 Anirna warsa Slk = nanduri palêmahan liyan, barêng wis mèh panèn palêmahan mau dijabêl dening sing duwe (satandurane). 2 Kalingga warsa Pb = prakara sing wis kêlêtan taun. 3 Kadalu-warsa Pt = kasèp, lungse. 4 Tanggap warsa Pt = têgêse lugu: tampa taun, maksude: ngurmati tumapake taun anyar, tanggal 1 Sura utawa 1 Januari.

Wêktu. 1 Nglakoni 5 wêktu Pt = nindakake sêmbahyang (agama Islam). 2 Arane wêktu (sajrone sadina-sawêngi): Byar jam 6. Gumatêl jam 6 (panase surya nggatêli). Pêcat-sawêt utawa wisan-gawe jam 10-11. Têngange (têngah + ing + we = têngahe awan, bêdhug) jam 12. Luhur jam 13. Lingsir kulon jam 14. Asar jam 16. Asar-êndhèk jam 17. Tunggang-gunung (srêngenge mbênêri ana ing puncake gunung) jam 17. Mahrib jam 18. Sandikala (sandya-kala) jam 18. Isa jam 20. Sirêp bocah jam 21. Sirêp wong (sirêp-jalma) jam 23. Bêdhug dawa (bêdhug bêngi) jam 24. Lingsir-wêngi jam 1. Titiyoni jam 2. Jago kluruk (sapisan jam 3, kapindho jam 4, katêlu jam 5).

Windu. 1 Windu warna papat: 1 Kunthara, 2 Sêngara, 3 Sancaka, 4 Adi. Saiki windu Adi, wiwite 1 Sura taun Alip 1899 wêkasane 30 Bêsar taun Jimakir 1906. 2 Kala siraman ing banyu windu Pp = ayêm, anyês atine. (Windu = banyu), 3 Ora mindu ora ngrêmpêlu = ora kandha babar-pisan.

--- 173 ---

Wuku. 1 Wuku 30 (Prabu Watugunung Ratu Gilingwêsi + garwane 2 + putrane 27), yaikui: 1 Sinta, 2 Landêp, 3 Wukir, 4 Kuranthil, 5 Tolu, 6 Gumbrêg, 7 Warigalit, 8 Warigagung, 9 Julungwangi, 10 Sungsang, 11 Galungan, 12 Kuningan, 13 Langkir, 14 Mandhasiya, 15 Julungpujud, 16 Pahang, 17 Kuruwêlud, 18 Marakèh, 19 Tambir, 20 Mêdhangkungan, 21 Maktal, 22 Wuye, 23 Manail, 24 Prangbakat, 25 Bala, 26 Wugu, 27 Wayang, 28 Kulawu, 29 Dhukut, 30 Watugunung. 2 Uyah sawuku = padha gêdhene karo wuku (wiji kapas). 3 Timun wuku gotong wolu = Mr. timun.

XLVIII. WILANGAN

Kawi 1 têkan 10: eka,[14] tri, catur, panca, sad, sapta, astha, nawa, dasa. Wêlasan: ekadasa, dwidasa, triyodasa, caturdasa, pancadasa, saddasa, saptadasa, asthadasa, nawadasa. Puluhan: dasa, wingsati, (wimsati, wisati), trinisat (triningsat), catwaringsat, pancasat, sasti, saptali, asiti, nawati. Atusan: sata, dwisata, trisata, catursata, pancasata, sadsata, saptasata, asthasata, nawasata. Ewon: sahasra, dwisahasra, trisahasra, lan sabanjure.

Pêpangkatan (kapisan têkan kasapuluh): pratama, dwitiya, tritiya, caturta, pancama, sastha, saptama, asthama, nawama. dasama.

Wiwit sèwu mundhak das siji-siji: sèwu, salêksa, sakêthi, sayuta, sawêndra, sabara, sagulma, sacamu, sawurda, sakirna.

Têngah, bêlah lsp.: Karo-têngah = lorone karo satêngah = 1½. Têlu-têngah = têlune karo satêngah = 2½. Kapat-têngah atus = kapatbêlah = 350. Klima-bêlah = 450. Klima-bêlah èwu = 4500. Kanêm-têngah èwu = 5500. Samas = 400. Dhomas = 800. Saêprah = salaweprah = 24. Salawe (bêntêt) = 25. Bèhji = 31, bèhro = 32 lan sabanjure têkan bèh sanga = 39. Kapatsasur 35, klimasasur 45, lan sabanjure têkan kasapuluhsasur = 95.

Dhuwit: Sasêmat = sakêton = saringgit. Sareyal = 2 rupiyah. Sarispis = srupiyah. Sagelo = sarupiyah-abang = 10 wang = 20 tèng = 100 dhuwit. Karo-tèng = satêmêne atêgês: sauwang punjul saêtèng = 15 dhuwit, kira-kira 12½ sèn. Saêton = 100.000 rupiyah.

Palêmahan: 1 karya = 1 jung = 2 kikil = 4 bau = 8 lupit = 16 iring = 32 idu = 64 kêcrit = 2000 ubin (cêngkal-pêsagi, ru-pêsagi) = kira-kira 28.000 m2.

--- 174 ---

Pari: 1 uwa = 1 amêt = 5 angga = 25 gèdhèng = 50 pocong. Bobot: 1 dhacin = 100 kati = 1.600 tail = 16.000 ci = 16.000 mata = 62.500 gram. 1 koyan = 30 dhacin.

Atêgês siji, sasisih, saperangan:, cangkir sasêle (tanpa lambaran), gula (gêdhang) salirang. Krambil salayan (½ pikul), Krambil sagluntung, bawang sabungkul, bawang sasiyung, jêruk sasiyung (saajar), durèn sajuring, durèn sapongge, nangka sanyamplung, mori sakêbar, ênjêt sapapon, ênjêt sadulit, duk sakakap, jae sarimpang, uyah sabata, uyah sakèrèk, uyah sawuku, gambir sakèrèk, jagung sajanggêl, pari sawuli (sarungge), pari sajatha, pête sakêris, pête samata, klobot saontong, gêdhang saulêr, dluwang salêmbar, têbu (pring) salonjor, bêras saêlas, têmbako sadhêlêg (satampang), têmbako saêmplek, gêndèr sarancak.

Atêgês sapisan: sakêthokan, sakêpyakan, sagêdhagan, saêndhêgan, sakêmpyangan.

Atêgês loro: gula (gêdhang) satangkêp, krambil sakanthèt, gêlang sapasang, kêbo sarakit, pelas sagandhok, pari sagèdhèng, dara sajodho, pangantèn sarimbit, gandhèk sakêmbaran.

Atêgês sagolongan: Carita wayang salakon = 7 jêjêran, yaiku: jêjêr Kawitan, jêjêr Sabrangan, jêjêr Bondhèt, jêjêr Pandhita (gara-gara), jêjêr Uluk-uluk, jêjêr Sumirat, jêjêr Rina-rina. Krêtu (cilik) salakon = 120. Krêtu gêdhe salakon = 52. Domino salakon = 28. Panah salakon = 4. Piring (gêlas lsp) salusin = 12. Jarit sakodhi = 20. Grip saêdhus = 100. Pèn saêgros = 144. Krêtas saêrim = 500 lêmbar. Krambil sajanjang = sawatara gluntung. Gêdhang saèpèk = sawatara ulêr. Gêdhang satundhun = sawatara èpèk. Pring sadhapur = sawatara lonjor. Têbu sauyun = sawatara lonjor. Kêmbang sadhompol = sawatara iji. Mrêcon sarèntèng = nganti puluhan. Iwak sasêndhatan = nganti puluhan.

Atêgês kabèh: sakojur, saranduning. Sagunging, salwiring, sanggyaning, sakabèhe. Samubarang, samukawis, saniskara. Salumahe bumi, sakurêbing langit.

Wilangan sing diênggo mbangêtake surasa: Gêdhang-sèwu. Diyan-sèwu lsp = diênggo mbangêtake kèhe (ora nganti ganêp sèwu têmênan). Sukur bage sèwu = luwih dening sukur. Sèwu bêgja = bêgja bangêt. Sèwu ora nyana = babar-pisan ora nyana. Sakêthi jumurung = jumurung bangêt. Majua sayuta ngarsa, sakêthi wuri = kroyokên sing akèh (aku). Sèwu lêpat nyuwun pangapuntên = sakathahing lêpat mugi karsaa paring pangaksama.

Atêgês cilik bangêt, sadhela bangêt: Sarambut pinara pitu.

--- 175 ---

Samêndhang. Saluguting kolang-kaling pinara sasra. Saêndhêg amun-amun. Sasiliring bawang. Sadrahing angin. Sakedhèp netra. Sapandurat. Sapangu. Satleraman. Sakêplasan. Sagêbyaran. Sagêbyaring thathit. Samatra. Sapanginang. Yèn nginanga durung abang, idua durung asat. Saêlapan. Saêlêsan. Samrica binubut = lêmbut bangêt, cilik bangêt.

Minum 1 têkan 10 sloki (candra): Eka padma sari. Dwi amartani. Tri kawula busana. Catur wanara rukêm. Panca sura panggah. Sad guna wêweka. Sapta kukila warsa. Astha sacara-cara. Nawa gra lupa. Dasa buta mati.

Wilangane prajurit: aksohini = 10 anihini = 30 camu = 90 prêtana = 270 wahini = 810 gana = 2.430 gulma = 7.290 senamuka = 21.870 pati = iku kadadean saka kumpule prajurit 109.350 + jaran 65.610 + kreta 21.870 + gajah 21.870. Baratayuda, balane Pandhawa 7 aksohini. Kurawa 11 aksohini.

XLIX. LÊLÊMBUT, LÊLARA, TAMBA

Dasanama: 1 Lara = sakit, roga, agring, marana, rapuh, gêrah, wikara. 2 Waras = saras, mari, waluya, dhangan, pulih, purna, paripurna. 3 Slamêt = sugêng, basuki, rahayu, raharja, yuwana, swasta. 4 Tatu = kanin, brana, labêt. 5 Wudunên = Ki: untarên. 6 Watuk = Ki:cêkoh. 7 Tamba = usada, jamu, mausada, mausadi, jampi. 8 Cêkok = Ki:loloh. 9 Pilis = Ki:larik (sigitan). 10 Tapêl = Ki:rakêtan. 11 Wêdhak = Ki:konyoh. 12 Pupur = Ki:tasik. 13 Sêmaput = klêngêr, kantu, kantaka, kapidara, tan èngêt purwa-duksina.

Kang kalêbu lêlêmbut: 1 Setan = bêlis, lanat (laknat). 2 Jim = lêlêmbut sing darbe bêbudèn kaya manusa. 3 Pêri = lêlêmbut wadon ayu. 4 Dhêmit = lêlêmbut manggon ing papan angkêr. 5 Lampor = lêlêmbut sok ngaton wayah awan lan sok ngêjaki bocah. 6 Cèpèt = lêlêmbut sok ngaton wayah sore lan sok ngêjaki bocah. 7 Bêkasakan = brêkasakan = lêlêmbut ing alas. 8 Tongthongsot[15] = lêlêmbut sok katon mlangkrong ing wit. 9 Banaspati = lêlêmbut awujud sirah thok sok katon tumèmplèk ing wit. 10 Gêndruwo = lêlêmbut yèn katon awujud rasêksa. 11 Wêwê = gêndruwo wadon. 12 Dhanyang = lêlêmbut sing manggon lan nguwasani panggonan. 13 Kêmamang = yèn katon awujud gêni mêngangah. 14 Wêdhon = mêmêdi awujud mayit.

Bêlis. Bojlèng-bojlèng bêlis lanat ajêjegang Pd = têmbung (ukara) sabawa, diucapake samangsa sumurup utawa krungu lêlakon sing ora agawe sênênging ati.

Dhêmit. Dhêdhêmitan = sêsingidan, ora ngêdhèng. 2 Dhêmit ora ndulit, setan ora doyan Pt = kalis saka pangganggu-gawe lêlêmbut, satêmah sanadyan kurang wêweka tansah nêmu slamêt.

--- 176 ---

Jamu. Mutah jamune pepe Bs = priya sing ilang daya-prabawane, kasêktène lsp.

Lara. 1 Lara ayu Pt = lara cacar. 2 Lara brangta = lara asmara. 3 Lara ati = sêrik. 4 Nguyang lara nggenjah pati Pb = njarag nêmu cilaka. 5 Nglarani = krasa lara ngarêpake nglairake bayi.6 Nglakoni lara-lapa Pt = nglakoni urip ora kapenak. 7 Lara atèn = gampang sêrik. 8 Lara uyang = krasa prungsang awake. 9 Lara-sêtu = bangsa sukêt sing oyode wangi. 10 Lara-irêng = candu. 11 Dèwi Lara Irêng Pd = Rara Irêng = Sumbadra. 12 Lara karuna = nangis kêranta-ranta. 13 Palara-lara = para nyai ing kraton sing isih kênya. 14 Utang wirang nyaur wirang, utang lara nyaur lara, utang pati nyaur pati Pt = wong manggawe marang liyan mêsthi bakal tampa wêwalês. 15 Lêlara iku panulake luwih gampang sarana panjaga tinimbang sarana têtamba Pt = luwih gampang njaga aja nganti kêtaman lêlara tinimbang ngilangake lêlara kang wis tumanduk ing awak (mulane kudu ngati-ati uripe). 16 Lara asmara = nandhang brangta, kayungyun, kêpencut, gandrung. Aja sing mung lara, tumêka ing pati daklakoni Pt = tekad kang wis kêncêng.

Lêmbut. 1 Lêmbut tan kêna jinumput = alus bangêt. 2 Sagêd dados agal saklangkung agêng, lêmbat botên kasatmripat = sagêd tiwikrama lan sagêd ngical.

Pilis. Ora kêna wong pilis Pt = priya sing awatak thukmis.

Pupuk. 1 Pupuk bawang = melu dolanan nanging ora diwajibake melu dadi. 2 Durung ilang pupuk lêmpuyange Pb = dipadhakake isih bocah cilik, marga durung duwe pangalaman. 3 Wrêkudara ngagêm pupuk-mas rineka jaroting asêm Pd = mas barang pangaji, pêpindhane ajine bêbudène Wrêkudara sing luhur; jarot-asêm iku sêntosa, ngibarat sêntosaning panggalihe Wrêkudara.

Purna. Purna waluya jati Br = pulih kaya kaanane ing sakawit, mari.

Sêmbur. 1 Luput sêmbur Pb = luput suwuk = ora kêna dipênggak kêkarêpane (ala). 2 Ora uwur ora sêmbur Pb = ora mènèhi pawitaning urip lan ora awèh pituduh bab laku-lakuning aurip. 3 Sêmbur-sêmbur adas siram-siram bayêm Pb = saka pujine wong akèh muga-muga bisa katêmahan (kabul kang sinêdya). 4 Timaha sêmbur = timaha sing mawa plênik-plênik irêng kaya disêmburake; yèn timaha pèlèt mawi kêkêmbangan irêng dlarèh-dlarèh.

Setan. 1 Setan katon Bs = wong sing awatak ala. 2 Nganggur iku

--- 177 ---

susuhe setan Pt = nganggur iku nggampangake tuwuhe kêkarêpan sing kurang prayoga. 3 Setan nunggang gajah Bs = mung murih kapenake dhewe (ora mraduli marang liyan). 4 Setan nggawa ting Bs = sênêng

adu-adu. 5 Dibisa ngunjara setan Pt = sing bisa ngalahake hawa-napsu ala. 6 Wulu-setan Pt = wulu sing dununge manjila, nylênèh thukule.

Tamba. 1Tamba têka lara lunga Pt = unèn-unèn sing lumrah diucapake dening wong sing nêdya namakake tamba. 2 Madal tamba Pt = ora ana tamba sing bisa agawe warase.

Tapêl. 1 Isih mambu tapêl = isih nom bangêt. 2 Tapêl tracak = wêsi sing dirakêtake (jaran lsp). 3 Tapêl-watês = watêsing wêwêngkon (nagara).

Tatu. 1 Milang tatu Pb = ngetung lan nggêtuni kapitunane. 2 Tatu arang kranjang Sn = kêrêp bangêt, akèh bangêt tatune.

Cêkok. 1 Dicêkoki indhing Pb = priya kalah prabawa karo wanita (bojone), mung tansah manut-miturut ing sakarêping bojone. 2 Cêkokan = mondholaning ikêt.

Cuplak. Cuplak andhêng-andhêng ora prênah panggonane Bs = sadulur (kanca) sing njalari ala prayoga disingkirake.

Usada. 1 Maosada Kw = maha + usada = tamba sing mustajab bangêt. 2 Dhoktêr Wahidin Sudirahusada Bb = dhoktêr sing ngêdêgake Parte Pulitik aran Budi-Utama ing taun 1908.

Wêdhon. 1 Banyu wedhon Pt = banyu sing diênggo ngêdusi mayit. 2 Ana wedhon saka kulon Pl = wong kulit-putih têka ing tanah Jawa, bangsa kulonan (Landa) ngajawa (Jangka Ranggawarsitan).

Wewe. Rusake tanah Jawa kambah dening wewe putih, têbu-wulung gêgamannya Pl = rusake tanah Jawa marga kêtêkan bangsa kulonan mawa gêgaman bêdhil (Jangka Sabdapalon).

L. ILANG, MATI, BANGKE

Dasanama: 1 Ilang = sirna, nir, nis, murca, muksa, musna. 2 Mati = lalis, lampus, layon, lena, pralaya, palastra, antaka, ngêmasi, seda, surud, padhêm, murud ing kasidan jati, kondur dhatêng têpêt suci, mancal donya, sirna marga layu. 3 Bangke = wangke, pratipa, sawa, kunarpa, kuwanda, bathang, mayit, layon. 4 Rampung = paripurna, palakarta, palêstha, pulastha, labdakarya, iti,[16] ttmat,[17] katam. 5 Wêkasan = pungkasan, wasana, puwara.

Bathang. 1 Bathang gajah Bs = wong gêdhe sing wis ilang panguwasane. 2 Bathang lêlaku Bs = wong siji lêlungan ngambah dalan mbêbayani (ana begale lsp). 3 Bathang ucap-ucap Bs = wong loro lêlungan ngambah dalan mbêbayani. 4 Mbathang =

nglangi mlumah. 5 Nyundhang bathang banthèng Pb = njunjung darahing aluhur sing wis apês.

Entèk. 1 Entèk jarake Pb = êntèk kasugihane. 2 Entèk golèk kurang amèk Pt = ngunèn-unèni wong ing sakatoge. 3 (Bayare) êntèk dhadhah êntèk ngomah Pt = ora diturahake, ora duwe simpênan (cèlèngan). 4 Entèk-êntèkan = rêsik, êntèk babar-pisan (tumrap kêmalingan lsp).

Ilang. 1 Ilang klilipe Et = ilang mungsuhe. 2 Kaya ilang dikêdhèpake Br = nyawang tanpa kêdhèp, sabab yèn kêdhèp kuwatir manawa sing disawang ilang utawa lunga (ing sajrone ditinggal kêdhèp). 3 Ilang-ilangan êndhog siji Pb = tekad-tekadan kelangan anak siji ora dadi apa (yèn kowe ora gêlêm manut aku). 4 kêbo ilang tombok kandhang = Mr. kêbo. 5 Sirna ilang kartaning bumi Skl = 1400 çaka, yaiku sêngkalan rusake kraton Majapait. 6 Durung ilang pupuk lêmpuyange = dipêpindhakake isih. bocah cilik

Layon. 1 Nglayoni = ngabari bab kêsripahan. Uga têgês: lêlayu nututi. Entar: nêbus barang wis mèh bur. 2 Layon kèli sêmune satriya brangta Pl = pralambange S. Mangkurat II sadurunge jumênêng Ratu ndhèrèkake ingkang rama (Mangkurat Têgalarum lolos saka kraton). 3 Dasihmu tan wurung layon = abdimu (aku) mêsthi tumêka ing pati. Kirimên layoning sêkar = kirimên kêmbang sing wis alum, maksude: kêmbang sing wis suwe ko-ênggo cundhuk gêlunganmu.

Lalis. 1 Linalisan Kw = dipatèni. 2 Wêlas têmahan lalis Pb = wêlas marang liyan sing agawe ora bêcike.

Lena. 1 Yuwana mati lena Pb = wong bêcik nêmu cilaka, marga saka kurang wêweka. 2 Yatna yuwana lena kêna Pb = wêweka njalari slamêt, pêpeka agawe cilaka.

Mayit. 1 Gotong mayit Pb = wong têlu lêlungan ngambah dalan mbêbayani. 2 Kayu buntêl mayit Pt = kayu sing ana tilasing klokopan klika awarna putih. 3 Prêkutut buntêl mayit Pt = prêkutut sing mawa wulu sêlap putih. 4 (Jaran) mathi buntêlmayit = mawa unyêng-unyêng muwêl dumunung ing suri.

Nir. 1 Nirbita Pd = putrane Srikandhi nalika malih priya têmênan asma Bambang Kandhihawa lan nggarwa Dèwi Durniti putrane Prabu Dike ing Imaimantaka; pamburine Nirbita jumênêng Ratu asma Niwatakawaca (seda dening Bagawan Ciptaning). 2 Nir tan rupa kadulu Skl = (wêkasane jangka Ranggawarsitan) taun 2100. (Têgêse ukarane: ora ana rêrupan kang pantês didêlêng, ora ana kaanan sing nyênêngake). 3 Tlaga Nirmala Pd = arane tlaga ing Ayodya kang kadadean [kadade...]

--- 179 ---

[...an] saka baboning cupu sing dibuwang dening Rêsi Gotama (dene tutupe cupu dadi tlaga Sumala, sing njalari Dèwi Anjani, Subali lan Sugriwa padha awarna wanara). 4 Ngamuk punggung nirbaya nirwikara Br = ngamuk kanthi nekad bangêt ora wêdi apa-apa.

Pati. 1 Pati-gêni = tirakat tanpa mangan-ngombe lan ana ing kamar bae (ora sumurup soroting gêni lan srêngenge). 2 Duwe gawe pati-gêni Pt = tanpa karamean, climèn. 3 Diêdol pati-bogor = diêdol pas, ora kêna ditêbus. 4 Mbayar pati-gawe = mbayar dhuwit minangka lêlirune nyambut-gawe gugur-gunung. 5 Turu kêpati = pulês bangêt. 6 Ora pati-pati mulih yèn durung olèh gawe = ora nêdya mulih yèn durung kalêksanan sêdyane. 7 Dipati-rasa = diilangake rasane (tumrap wong arêp dibêdhèl lan sapapadhane). 8 Patine taun = dina wêkasane taun. 9 Patine cinèkèr ayam Pl = kraman aran Dirana kêna dicêkêl banjur dicancang ing wit wringin alun-alun Kartasura, wasana tumêka ing pati marga dicocogi nganggo dom. 10 Masrahake pati-urip = nungkul, têluk, nêdya diuripi apa dipatèni manut bae. 11 Andêrpati kalawisesa Pl = pralambange jaman Pajajaran, wong-wong padha mungkul marang agama Siwah. (Kalawisesa = Bathara Siwah, Bathara Guru). 12 Kêpatèn pasaban Pb = kelangan papan pangupajiwa. 13 Kêpatèn obor Pb = kelangan lacak aluraning sadulur. 14 Ciri wanci lêlahi ginawa mati Pb = padatan ala (cacad) ora bisa ilang nganti wonge tumêka ing pati. (Ciri = wanci = lêlahi = cacad). 15 Nrênggiling api mati Pb = api-api ora mraduli, nanging satêmêne nggatèkake bangêt. 16 Nglangi ing têngah mati ing pinggir Pb = wis tumindak nggarap pagawean, nanging banjur ora ditêrusake. 17 Mati ilate Et = ora bisa ngrasakake pangan. 18 Wêdi wirang wani mati Pb = tinimbang urip nandhang wirang aluwung tumêka ing pati. 19 Têkèk mati ulone Bs = cilaka marga saka gunême dhewe. 20 Tinimbang mati mringkus luwih bêcik mati mbrêgagah Pt = tinimbang nungkul marang mungsuh ora wurung tumêka ing pati (dipatèni utawa mati marga ngênês disiya-siya) aluwung mati lumawan ing pêrang. 21 Mati ngurag Pt = mati sawise tuwa bangêt. 22 Mati pangane Pt = ilang pangane. 23 Mati ngadêg Pt = mati isih nggêjêjêr (marga saking wêdine marang mungsuh, utawa wêdi marang dêdukane ratu lsp). 24 Nyambut gawe nganti satêngah mati Pt = rêkasa bangêt (pagawean abot lan tanpa ngaso). 25 Radèn Trigantalpati Pd = Aria Suman, Sêngkuni. 26 Untung Surapati = anake angkat kaptin Mur sing pamburine dadi bupati

--- 180 ---

Pasuruhan asma Tumênggung Wiranagara. 27 Pati Unus = putrane Sultan Trênggana.

Pêjah. Nggayuh tawang pêjah tan wikara Slk = nêdya nyêkêl durjana, wasana tumêka ing pati dening durjana sing arêp dicêkêl.

Sirna. 1 Sirna ilang kartaning bumi Skl = taun Saka 1400 (Masèhi 1478, rusake kraton Majapait). 2 Anirna Dhustha Pb = asung pitulungan marang durjana (murih ora kêcêkêl pulisi). 3 Anirna parusa (parosa) Pb

= mbalèkake dhawuhe ratu utawa pangadilan. 4 Anirna patra Pb = nyelaki prajanjian kang tinulis. 5 Anirna lingga Pb = namur laku ana ing papane durjana prêlu nêdya ngingsêp-ingsêp pawarta (golèk katrangan). 6 Anirna daya Pb = prakaran alendhean wong sing wis mati (dadi tanpa daya). 7 Anirna pandaya Pb = prakaran alendhean wong lunga, pêpindhane kaya wong kelangan piranti. (Pandaya = piranti).

Tamat

--- 181 ---

DAFTAR TÊMBUNG LAN KACANE

Abad ... 166. | Abah ... 104. | Abang ... 161. | Adas ... 136. | Adêg ... 66. | Ajang ... 104. | Ajar ... 12. | Aji ... 14. | Aji-aji ... 112. | Agar ... 158. | Ayam ... 122. | Akal ... 80. | Akasa ... 156. | Alang ... 136. | Alas ... 148. | Aling2 ... 104. | Alis ... 75. | Alu ... 107. | Ambêkan ... 52 | Ambu ... 52. | Amis ... 53. | Among ... 27. | Amun ... 156. | Anak ... 34. | Andaka ... 122. | Ardhêman ... 59. | Angêt ... 158. | Angga ... 41. | Angin ... 166. | Angop ... 55. | Angsa ... 80. | Anguk ... 48. | Angun2 ... 122. | Anculan ... 107. | Antop ... 55. | Apus ... 107. | Aras ... 53. | Arèn ... 136. | Arêng ... 158. | Ari ... 168. | Arit ... 107. | Arum ... 53. | Asêm ... 137. | Asu ... 122. | Asta ... 161. | Astra ... 112. | Ati ... 80. | Athi2 ... 76. | Acung ... 62. | Atma ... 10. | Atur ... 86. | Awak ... 41. | Awar2 ... 137. | Awe ... 62. | Babal ... 143. | Badan ... 41. | Badra ... 156. | Bajul ... 122. | Bagaspati ... 156. | Baya ... 123. | Bayêm ... 143. | Bayu ... 166. | Bala ... 23. | Baladewa ... 118. | Balang ... 112. | Bale ... 101. | Balung ... 78. | Banda ... 62. | Banjir ... 163. | Bane (Banèn) ... 86. | Banyak ... 123. | Banyu ... 163. | Bantal ... 104. | Bantala ... 149. | Banthèng ... 123. | Bapa ... 34. | Bapang ... 62. | Bara ... 107. | Barata ... 12. | Baris ... 23. | Bata ... 149. | Bathang ... 177. | Bathara ... 8. | Batin ... 81. | Bacin ... 53. | Bathok ... 143. | Bathuk ... 44. | Bau ... 62. | Bawa ... 86. | Bawang ... 137. | Bêbêd ... 96. | Bèbèk ... 123. | Bêdhug ... 118. | Bêgagah ... 66. | Bêlis ... 175. | Bêlo ... 123. | Bêluk ... 123. | Bêndhe ... 118. | Bêras ... 143. | Bêruk ... 104. | Bêsêm ... 158. | Bêsus ... 96. | Bêton ... 143. | Bima ... 118. | Bisik ... 87. | Blabur ... 163. | Blero ... 118. | Blolok ... 48. | Boja ... 91. | Bojana ... 92. | Boga ... 92. | Bokong ... 59. | Bol ... 84. | Bobot ... 73. | Bolu ... 137. | Bocah ... 30. | Braja ... 113. | Brambang ... 137. | Brangta ... 81. | Brêngos ... 76. | Bubuk ... 123. | Budi ... 81. | Buyut ... 34. | Bulus ... 123. | Bumbung ... 108. | Bumi ... 149. | Bun ... 163. | Bung ... 137. | Bungah ... 82. | Buri ... 166. | Busana ... 97. | Busik ... 73. | Buta ... 26 | Buwana ... 149. | Dagang ... 38. | Daging ... 73. | Dahana ... 158. | Daya ... 82. | Dalan ... 149. | Danawa ... 26. | Dandan ... 97. | Daru ... 156. | Dêlêg ... 124. | dêmang ... 17. | Dênta ... 56. | Desa ... 149. | Dewa ... 9. | Diyu ... 26. | Dina ... 168. | Dipa ... 124. | Ditya ... 26. | Dlamakan ... 66. | Dom ... 104. | Driji ... 63. | Drojog ... 66. | Dugang ... 67. | Duk ... 143. | Duksina ... 166. | Durjana ... 38. | Durèn ... 137. | Dhadha ... 59. | Dhadhap ... 137. | Dhadhung ... 108. | Dhahar ... 92. | Dhalang ... 38. | Dandhang ... 123. | Dhapur ... 45. | Dhaut ... 56. | Dhawuk ... 161. | Dhêmit ... 175.

--- 182 ---

Dhêndha ... 113. | Dhèndhèng ... 74. | Dhêngkul ... 67. | Dhingklik ... 105. | Dhiri ... 41. | Dhodhok ... 59. | Dhudha ... 30. | Dhustha ... 38. | Dhuyung ... 124. | Dhuwur ... 166. | Jaja ... 59. | Jajan ... 67. | Jagad ... 150. | Jago ... 124. | Jaka ... 30. | Jaksa ... 17. | Jan ... 108. | Jalak ... 124. | Jaman ... 168. | Jamban ... 164. | Jambe ... 137. | Jambul ... 76. | Jamu ... 176. | Jamur ... 137. | Jana ... 27. | Jangan ... 92. | Jangêt ... 74. | Jangga ... 58. | Janggut ... 45. | Jangkah ... 67. | Jangkrik ... 124. | Janma ... 27. | Jantung ... 84. | Jara ... 108. | Jarak ... 137. | Jaran ... 124. | Jaring ... 108. | Jarit ... 97. | Jata ... 57. | Jati ... 138. | Jawata ... 9. | Jêjêg ... 67. | Jêmpol ... 63. | Jênang ... 92. | Jenggot ... 76. | Jinjang ... 67. | Jingga ... 161. | Jingus ... 53. | Jiwa ... 10. | Jlithêng ... 161. | Joris ... 125. | Jugul ... 82. | Jun ... 105. | Jhunjung ... 63. | Jurang ... 150. | Emban ... 38. | Empyak ... 101. | Empol ... 144. | Emprit ... 125. | Empu ... 17. | Endhas ... 42. | Endhog ... 125. | Enggon ... 101. | Entèk ... 178. | Enu ... 150. | Ébor ... 105. | Èmbèr ... 105. | Éntar ... 67. | Èncèk ... 105. | Énthong ... 105. | Érawati ... 156. | Èsêm ... 55. | Ésuk ... 169. | Gabah ... 144. | Gada ... 113. | Gajah ... 125. | Gajih ... 74. | Gadhung ... 138. | Gagak ... 126. | Gagang ... 144. | Gayuh ... 63. | Galar ... 105. | Galêng ... 150. | Galuga ... 138. | Ganda ... 53. | Gandar ... 97. | Gandhèk ... 18. | Gandhik ... 105. | Ganja ... 113. | Gangsa ... 118. | Gangsir ... 126. | Garan ... 108. | Garu ... 108. | Garudha ... 126. | Gêdhang ... 138. | Gêdêbog ... 138. | Gêdhèg ... 101. | Gèdhèg ... 43. | Gêdhong ... 101. | Gêgêm ... 64. | Gêgêr ... 60. | Gêlang ... 97. | Gembol ... 60. | Gêmbring ... 97. | Gêmbung ... 60. | Gênah ... 48. | Gêndhewa ... 113. | Gendhong ... 108. | Gêni ... 158. | Gêntho ... 38. | Gênthong ... 105. | Gêrèh ... 93. | Gêthèk ... 169. | Gêtih ... 79. | Gili ... 150. | Ginjêl ... 84. | Girang ... 82. | Giri ... 150. | Githok ... 43. | Glathik ... 127. | Godhong ... 144. | Gombak ... 76. | Gondhang ... 55. | Gong ... 118. | Grana ... 54. | Grantang ... 118. | Grêgêt ... 57. | Grojogan ... 164. | Gudèl ... 127. | Guguh ... 57. | Guyu ... 55. | Gula ... 93. | Guling ... 105. | Gulu ... 58. | Gundhul ... 43. | Gunting ... 113. | Gunung ... 150. | Gurêm ... 127. | Guru ... 18. | Gurung ... 84. | Guskara ... 164. | Hawa ... 166. | Hèr ... 164. | Hyang ... 9. | Idak ... 67. | Idêp ... 76. | Ijo ... 161. | Idu ... 85. | Ikêt ... 97. | Ilang ... 178. | Ilat ... 57. | Ili ... 164. | Ilu ... 85. | Indhing ... 97. | Intip ... 93. | Irawan ... 156. | Irêng ... 161. | Irung ... 54. | Irus ... 105. | Iso ... 84. | Iwak ... 127. | Yaksa ... 26. | Yati ... 13. | Yoga ... 13. | Yuda ... 24. | Yuyu ... 127. | Kadhal ... 127. | Kadang ... 34. | Kaga ... 127. | Kayu ... 144.

--- 183 ---

Kakang ... 34. | Kaki ... 35. | Kala ... 169. | Kali ... 164. | Kampuh ... 97. | Kanaka ... 64. | Kandhang ... 102. | Kandhut ... 60. | Kangkung ... 138. | Karang ... 138. | Karangulu ... 105. | Karêp ... 82. | Karna ... 46. | Kasatmripat ... 48. | Kasur ... 105. | Katara ... 48. | Kaca ... 98. | Kacang ... 138. | Kathok ... 98. | Katon|ton ... 48. | Katong ... 14 | Kawah ... 151. | Kawat ... 151. | Kawuk ... 127. | Kawul ... 144. | Kêbo ... 128. | Kêdasih ... 128. | Kêdhêle ... 138. | Kêdhèp ... 48. | Kêdhung ... 164. | Keyong ... 128.

| Kêlud ... 105. | Kêluh ... 108. | Kêmangi ... 139. | Kêmarung ... 144. | Kêmbang ... 144. | Kêmiri ... 139. | Kêmladheyan ... 139. | Kêmpit ... 64. | Kêmpul ... 118. | Kêndhang ... 118. | Kêndhi ... 105. | Kêndhil ... 105. | Kêndhit ... 98. | Kêna ... 30. | Kênthang ... 139. | Kêncana ... 151. | Kênthus ... 128. | Kênul ... 93. | Kêpala ... 43. | Kêplok ... 64. | Kêpuh ... 139. | Kere ... 39. | Kêris ... 113. | Kêthèk ... 129. | Kêtepang ... 139. | Kêthik ... 57. | Kêcap ... 87. | Kêcik ... 145. | Kêcoh ... 85. | Kêthu ... 98. | Kêthuk ... 118. | Kidang ... l29. | Kikir ... 114. | Kilat ... 156. | Kinang ... 93. | Kinjêng ... 129. | Kintêl ... 129. | Kirik ... 129. | Kisas ... 58. | Kisi ... 108. | Kitiran ... 108. | Kiwa ... 167. | Klabang ... 129. | Klambi ... 98. | Klasa ... 105. | Klêbus ... 164. | Kleyang ... 145. | Klênthing ... 106. | Kluban ... 93. | Koja ... 28. | Kojong ... 64. | Kodhok ... 129. | Kokoh ... 93. | Kosok ... 118. | Kocak ... 164. | Krênêng ... 106. | Krèsèk ... 87. | Kringêt ... 85. | Kripik ... 87. | Krisik ... 87. | Krosak ... 87. | Kudhi ... 109. | Kukila ... 129. | Kuku ... 64. | Kukus ... 159. | Kul ... 130. | Kulit ... 74. | Kumala ... 151. | Kumba ... 43. | Kuning ... 161. | Kuncung ... 76. | Kuping ... 47. | Kurêb ... 60. | Kursi ... 106. | Kutha ... 151. | Kucing ... 130. | Kutuk ... 130. | Kuwuk ... 130. | Lahang ... 145. | Layah ... 106. | Layon ... 178. | Layu ... 67. | Laksana ... 68. | Lalêr ... 130. | Lalis ... 178. | Lambe ... 55. | Lampah ... 68. | Lampit ... 106. | Lamur ... 48. | Lanang ... 31. | Landa ... 28. | Langit ... 156. | Langkah ... 68. | Lancur ... 77. | Lar ... 77. | Lara ... 176. | Laras ... 119. | Lare ... 31. | Lathi ... 55. | Lacak ... 69. | Lawang ... 102. | Lawung ... 114. | Lêbuh ... 151. | Lèk ... 49. | Lêmah ... 151. | Lêmbu ... 130. | Lêmbut ... 176. | Lêmpuyang ... 139. | Lêmud ... 130. | Lena ... 178. | Lèndhi ... 39. | Lênga ... 93. | Lêngên ... 64. | Lênggak ... 58. | Lêsung ... 109. | Lidhah ... 57. | Liling ... 49. | Liman ... 130. | Lingga ... 41. | Lintang ... 156. | Lincak ... 106. | Liring ... 49. | Lisah ... 93. | Lombok ... 139. | Longok ... 49. | Lor ... 167. | Luh ... 85 | Lukak ... 164. | Lulang ... 74. | Lumah ... 60. | Lumbu ... 139. | Lumbung ... 109. | Lumpang ... 109. | Lumpat ... 69. | Lumpuh ... 69. | Lunga ... 69. | Lungayan ... 58. | Lungguh ... 60. | Lurung ... 151. | Lusi ... 130. | Madu ... 93. | Mayang ... 74. | Mayit ... 178.

--- 184 ---

Maling ... 39. | Manah ... 82. | Mangsa ... 170. | Manuk ... 130. | Marga ... 151. | Maruta ... 167. | Mata ... 49. | Macan ... 131. | Mega ... 157. | Mêndhang ... 145. | Mèngèng ... 43. | Mêrak ... 131. | Mêrang ... 145. | Mêri ... 131. | Mimi ... 131. | Mimis ... 114. | Momong ... 28. | Mong ... 131. | Montok ... 60. | Mripat ... 50. | Mrica ... 139. | Muka ... 45. | Mumuk ... 50. | Mung ... 87. | Mungsuh ... 24. | Muntu ... 106. | Murang ... 69. | Murda ... 43. | Mustaka ... 43. | Naas ... 171. | Naga ... 131. | Nagara ... 152. | Naya ... 35. | Nalar ... 82. | Nangka ... 139. | Naas[18] ... 54. | Nara ... 28. | Narpa ... 14. | Nata ... 14. | Netra ... 50. | Nila ... 139. | Nini ... 35. | Nir ... 178. | Nraka ... 11. | Ngarsa ... 167. | Ngisor ... 167. | Nyawa ... 11. | Obong ... 159. | Obor ... 159. | Omah ... 102. | Omong ... 87. | Ongkang2 ... 69. | Orong2 ... 132. | Otot ... 79. | Pada ... 69. | Padal ... 70. | Padhang ... 50. | Padu ... 88. | Payung ... 106. | Palu ... 114. | Panah ... 114. | Panas ... 159. | Pandhan ... 139. | Pandêng ... 50. | Panjang ... 109. |

Panji ... 14. | Pangan ... 94. | Pangeran ... 15. | Pangulu ... 19. | Pangur ... 57. | Panti ... 102. | Pancal ... 70. | Pancing ... 109. | Papan ... 102. | Para ... 70. | Pari ... 139. | Parwata ... 152. | Pathak ... 43. | Pathêt ... 119. | Pati ... 179. | Pacêrèn ... 164. | Patra ... 145. | Pawon ... 102. | Pêdhang ... 115. | Pêjah ... 180. | Pèh ... 84. | Pêking ... 132. | Pelas ... 94. | Pêndhita ... 13. | Pêndhok ... 115. | Pênthung ... 115. | Pêrang ... 24. | Pêtak ... 88. | Pêthèl ... 109. | Pêtêng ... 50. | Pêcing ... 109. | Pêcruk ... 132. | Pêcut ... 109. | Pikir ... 82. | Pikul ... 64. | Pilis ... 176. | Pindhang ... 94. | Pipi ... 45. | Pitik ... 132. | Ponjèn ... 107. | Pondhok ... 102. | Prabangkara ... 157. | Prabu ... 15. | Praja ... 152. | Prajurit ... 24. | Praya ... 83. | Prana ... 83. | Prawan ... 31. | Prêkutut ... 132. | Prênjak ... 133. | Priya ... 31. | Pring ... 140. | Pudhak ... 140. | Puja ... 13. | Pujangga ... 19. | Puluk ... 94. | Pundhak ... 61. | Punggung ... 83. | Pupuh ... 25. | Pupuk ... 176. | Pura ... 103. | Purna ... 176. | Pusêr ... 61. | Putih ... 162. | Pucang ... 140. | Putra ... 35. | Putung ... 65. | Raja ... 15. | Rajah ... 115. | Raga ... 41. | Rai ... 45. | Ramban ... 146. | Rambut ... 77. | Rampadan ... 94. | Randha ... 31. | Rangga ... 20. | Ranggon ... 103. | Rara ... 32. | Rasêksa ... 27. | Rat ... 153. | Ratu ... 16. | Rêkta ... 162. | Rêm ... 51. | Rema ... 77. | Rêmbung ... 88. | Rêmbulan ... 157. | Rêmpêla ... 84. | Rêtna ... 154. | Ri ... 146. | Riris ... 164. | Rok ... 25. | Ron ... 146. | Ropoh ... 140. | Rujak ... 94. | Rungu ... 47. | Rupa ... 45. | Sabar ... 83. | Sabda ... 88. | Sabuk ... 98. | Sada ... 146. | Saji ... 94. | Sadulur ... 35. | Sagara ... 164. | Saka ... 103. | Saksi ... 39. | Salira ... 42. | Sambêl ... 94. | Sana ... 103. | Sanak ... 36. | Sandhang ... 98. | Sanjata ... 116.

--- 185 ---

Sandhung ... 71. | Sangga ... 65. | Sanggar ... 103. | Sangkal ... 110. | Sapi ... 133. | Saptarga ... 13. | Sapu ... 107. | Sara ... 115. | Sarah ... 146. | Sari ... 146. | sasi ... 171. | Sata ... 133. | Satru ... 25. | Satu ... 154. | Sawah ... 154. | Sawêt ... 110. | Sêbat|sêbut ... 88. | Sêga ... 95. | Sêkar ... 147. | Sêkul ... 95. | Sela ... 154. | Sêmangka ... 140. | Sêmbur ... 176. | Sêmprong ... 107. | Sêmut ... 133. | Sêndhang ... 165. | Sendhok ... 107. | Sêngkêr ... 110. | Sêpi ... 89. | Seta ... 167. | Setan ... 176. | Sidhat ... 133. | Siyung ... 57. | Sikara ... 71. | Sikatan ... 134. | Sikil ... 71. | Sikut ... 65. | Sila ... 65. | Silit ... 61. | Simbar ... 77. | Sinjang ... 98. | Singa ... 134. | Singgang ... 141. | Singgat ... 134. | Sinom ... 77. | Sirah ... 43. | Sirna ... 180. | Sisih ... 167. | Sisik-mêlik ... 134. | Siti ... 154. | Slaga ... 146. | Sona ... 134. | Soca ... 51. | Sotya ... 154. | Srêngenge ... 157. | Sudama ... 157. | Suduk ... 116. | Suka ... 83. | Sukma ... 11. | Suku ... 71. | Suling ... 119. | Suluh ... 159. | Sumbi ... 110. | Sumping ... 99. | Sumur ... 165. | Sunan ... 16. | Sunduk ... 110. | Sundhul ... 44. | Sungsum ... 79. | Sungsung ... 165. | Sunya ... 89. | Sura ... 10. | Surak ... 89. | Suru ... 141. | Suruh ... 141. | Suta ... 36. | Suwakan ... 165. | Suwarga ... 11. | Suwêng ... 99. | Swara ... 89. | Tubuh ... 119. | Taji ... 116. | Tajin ... 95. | Tai ... 85. | Talang ... 103. | Tali ... 110. | Talingan ... 47. | Taman ... 155. | Tamba ... 177. | Tamèng ... 116. | Tampah ... 111. | Tampar ... 111. | Tanah ... 155. | Tandhing ... 25. | Tangan ... 65. | Tani ... 40. | Tapa ... 13. | Tapak ... 72. | Tapêl ... 177. | Tapih ... 99. | Tarub ... 103. | Tatal ... 147. | Thathit ... 157.

| Tatu ... 177. | Taun ... 171. | Tawang ... 157. | Tawon ... 134. | Têbu ... 141. | Têkèk ... 134. | Têki ... 141. | Têlik ... 25. | Têmbung ... 89. | Têmpaling ... 111. | Têmu ... 141. | Têngа ... 51. | Têngah ... 167. | Têngên ... 167. | Têngkak ... 58. | Têngu ... 134. | Têsmak ... 99. | Tibra ... 83. | Tigan ... 134. | Tigas ... 59. | Tikus ... 134. | Tilas ... 72. | Timun ... 141. | Tindak ... 72. | Tinja ... 86. | Tingal ... 51. | Tinggi ... 134. | Tirta ... 165. | Togog ... 119. | Toya ... 165. | Tolèh ... 51. | Topi ... 99. | Thothok ... 44. | Trajang ... 72. | Trasi ... 95. | Tratag ... 103. | Tracak ... 72. | Trênggiling ... 134. | Truwèlu ... 134. | Tulup ... 111 | Tumbak ... 116. | Tumbuk ... 171. | Tumênggung ... 20. | Tumpal ... 147. | Tunjung ... 141. | Tunggak ... 147. | Tunggal ... 36. | Tunggul ... 162. | Tungkul ... 44. | Turangga ... 134. | Turas ... 86. | Turus ... 147. | Tut ... 73. | Tutur ... 90. | Cagak ... 103. | Cakra ... 116. | Candra ... 158. | Candu ... 95. | Cangkêm ... 56. | Cangklak ... 60. | Cancut ... 99. | Cantrik ... 13. | Canthuka ... 135. | Caping ... 99. | Carang ... 147. | Carma ... 74. | Cacing ... 135. | Catur ... 90. | Cawêt ... 42. | Cebol ... 42. | Cèkèh ... 73. | Cèkèl ... 14. | Cekoh ... 66. | Cekok ... 177. | Cèlèng ... 135. | Cêngkir ... 147.

--- 186 ---

Cêpaka ... 142. | Cêthak ... 56. | Cikal ... 142. | Cina ... 28. | Cindhe ... 99. | Cingkluk ... 66. | Cacing ... 99. | Cipta ... 83. | Clana ... 100. | Clarat ... 135. | Colok ... 160. | Colot ... 73. | Cocak ... 73. | Cocot ... 56. | Criwis ... 90. | Cukit ... 104. | Cundhuk ... 100. | Cungkup ... 104. | Cuplak ... 177. | Curiga ... 116. | ... | Udan ... 165. | Ujar ... 90. | Uyah ... 95. | Uyuh ... 86. | Ula ... 135. | Ulap ... 111. | Ulat ... 51. | Ulêr ... 135. | Ulu ... 44. | Umbêl ... 86. | Umpak ... 104. | Undhat ... 90. | Uni ... 90. | Undur ... 73. | Ungak ... 52. | Ungkal ... 111. | Oncêg ... 111. | Untu ... 57. | Upa ... 95. | Upaksi ... 52. | Urang ... 135. | Urub ... 159. | Usada ... 177. | Usus ... 84. | Uswa ... 54. | Utamangga ... 44. | Utêk ... 83. | Ucap ... 91. | Uwas ... 83. | Uwi ... 142. | ... | Wadana ... 46. | Wade ... 100. | Waja ... 57. | Wadon ... 32. | Wadhuk ... 85. | Wadya ... 25. | Wayang ... 119. | Wala ... 32. | Walang ... 135. | Wanara ... 136. | Wang ... 46. | Wangi ... 54. | Wangkong ... 61. | Wangon ... 104. | Wara ... 172. | Wardaya ... 83. | Warih ... 166. | Warna ... 162. | Warsa ... 172. | Waspa ... 86. | Wastra ... 100. | Wasu ... 10. | Watang ... 117. | Wacana ... 91. | Watu ... 155. | Wêdhon ... 177. | Wêdhung ... 111. | Wêdhus ... 136. | Wêktu ... 172. | Wêlut ... 136. | Wèni ... 78. | Wêruh ... 52. | Wêsi ... 155. | Wetan ... 167. | Wêtêng ... 61. | Wewe ... 177. | Wijah ... 84. | Wiji ... 147. | Wilis ... 162. | Windu ... 172. | Wingking ... 167. | Wirang ... 84. | Wit ... 148. | Wicara ... 91. | Woh ... 148. | Wong ... 28. | Wongwa ... 160. | Wringin ... 142. | Wuda ... 100. | Wudêl ... 61. | Wuku ... 173. | Wulu ... 78. | Wuta ... 52. | Wuwu ... 111. | Wuwung ... 104. | Wuwus ... 91.

1. Bs.
2. diucapake.
3. 4.
4. 5.

5. § Pêdhalangan"HimpunanBudhayaSurakarta"Th IV No 10.
6. § Cêngkirwungu = siwalan.
7. Sastranagara.
8. nênêlukake.
9. Wisanggêni.
10. pacêrèn.
11. 19, 30.
12. 4.
13. 9.
14. dwi.
15. Thongthongsot.
16. titi.
17. tamat.
18. Napas.